ЖЭНЭ КЪЫРЫМЫЗ



# ШАПСЫГЪЭХЬАБЛЭХЭР ЖЪЫ ХЪУХЭРЭП

ЖЭНЭ
КЪЫРЫМЫЗ

# ШАПСЫГЪЭХЬАБЛЭХЭР ЖЪЫ ХЪУХЭРЭП

*РАССКАЗХЭР,*
*ХЪУГЪЭ-ШІАГЪЭХЭР,*
*ГЪЭСЭПЭТХЫДЭХЭР*

Мыекъуапэ
Краснодарскэ тхылъ тедзапІэм
и Адыгэ отделение

1980

С (Ад.)
Ж 32

**Жанэ К. Х.**

Ж 32 Мои аульчане. Рассказы. На адыг. яз. Майкоп, отд. кн. изд. 1980, — 168 с., ил.

Поэтэу Жэнэ Къырымызэ ирассказхэр, хъугъэ-шIагъэхэр, гъэсэпэтхыдэхэр зыдэт тхылъэу «Шапсыгъэхьаблэ къыщыхъугъэхэр» зыфиIорэм мыри пыдзагъ, къуаджэм дэс нэжъ-Iужъхэу жъыгъор зымышIэхэрэм, ныбжьыкIэхэу нахьыжъхэм ягъогу рыкIохэрэм янасыпышIуагъэ, ахэмэ хъугъэ-шIэгъэ щхэнэу апылъхэр авторым къетхых, непэрэ къуаджэм ищыIэкIэ-псэукIэ зэрэхахъорэм, цIыфхэми язэфыщытыкIэхэр нахь дахэ зэрэхъурэм сэмэркъэу хэлъэу къатегущыIэ.

Ж $\frac{70303\text{-}14}{М\ 146(03)—80}$ 40—80 4702050000 С(Ад)

© Краснодарскэ тхылъ тедзапIэм и Адыгэ отделение, 1980

## Губгъом итхьамат

Индрысэ зымыгъэчъыегъэ узыр зыдишIэжьэу ощхы ужым нахь хэжъукIыгъ. Арарын фае ыгуи нахь къызкIэчэфыгъэр. «Коцым ихъугъом, фыгуцэм иидзэгъум, ощхы шIагъо къытфещхыгъ. Дэгъу дэдэу хъугъэ, гукIодыгъо щыIэп», — ыгукIэ зыфиIожьызэ ышъхьэ пIэм ригъэкIыгъэ къодыеу хэпэзагъ. Ащ лъыпытэу пкIыхьы IэшIуми хихьагъ: зигъо хъугъэ коц хьэсэ бэгъуагъэу, тыгъэ нэбзыйхэм янэкъокъужьэу дышъашъо зытеорэр, хышхом фэдэу, изытеплъэ укъигъэшхэкIэу зэлъэуалъэ. Ащ лъэныкъуиплIымкIи зиплъыхьэу узы цыкъи имыIэу, ылъи ыкIуачIи арызэу, изакъоу Индрысэ хэт. Коцышъхьэ пэпчъ ыбгъэ къыкIэо, ащыщэу зы зигъэушкъоикIэ ыIэбжыб имыфэу къыIэкIэтэкъу, цэ пэпчъи зы нэшъуи, зы нэди ахэмытэу дышъэм фэдэу онтэгъу. Зэфэдэу макъэхэр къеIух: «Къеблагъ, Индрыс, къеблагъ, гъэбэжъу гъомылэу тыхъущт». Коц хьэсэшхоу зигъо хъугъэм ыбгъукIэ шыку горэ речъэкIы. Ар ошIэ-дэмышIэу гъогум дэхышъ, коц хъугъэм щыщ ецIыцIы, еулъэгу. А шыкум ис кIалэм тегыяхьынэу Индрысэ лъежьэ ыкIи лъэшэу маджэ: «А зыкъом фэбэгъон! Зэ къэуцу мыдэ! Сэ о сыпфырикъун, псибл уиIэми хэсхын! УмышIэрэми сшIэрэп нахь, мы лъэжьыгъэу узэрыджэгурэр цIыфмэ алэжьыгъ. Къэуцу, сэIо!»

Индрысэ ежь икуо макъэ къыгъэущыгъэу, ыгуи пкIантIэр къытырикIагъэу пIэкIорыгум къитIысхьи хэщэтыкIыгъ. Чэщныкъо хъугъэ. «ПкIыхьэ Iолъ. ПкIыхьэр куожь аIуагъ».

Къэрэгъуланэр сымаджэу мэзэ заулэ хъугъэу зэрэщылъызэ, агрономэу е бригадирэу иIэгукIэ блэкIыхэрэмэ непэ зэ-тIо горэм ямыупчIэу къыхэкIырэп: «Сыдэу

хъура тыгъэлым щапхъыгъэ коцыр?», «Сыдым иIоф тета гъэрекIо бжыхьэ адипхъэгъэ коцы лъэпкъыкIэм?..» Иныоу Гощэнэфы Индрысэ иупчIэхэр зызэхихыкIэ, губж хэтэу къеIо: «О лIыжъыр уиуз нахьи чылэ Iофым нахь уегъэгумэкIы. Ухъужьымэ, а тызэбгъэгъалIэу афэмыухырэ Iофми укIэхьажьын. О уиупчIэхэмкIэ зымышIэрэм утхьэмэтэ ин дэд шIошIын!»

— Сытхьамат, сытхьэмэтэ дэд, ныу, сытхьамат! Ар джырэ нэсфэ пшIагъэба!?

— Сыда, лIыжъ, узитхьаматэр? Жьым уритхьамата?

— Колхоз губгъом сыритхьамат, ныу! ПшIагъэба джырэ нэс сызитхьаматэр?

— Джар шъыпкъэу къэпIуагъ, лIыжъ! Колхозыр зызэхэхьагъэмрэ джы къызнэсыгъэмрэ къазыфагу губгъом уритхьамат пIоми хъун. Чэщи мафи ащ нэмыкI гугъуи гупшыси уиIэп, умыпшъыжьэу, гъи кIи уимыIэу илъэс псаум чIыгум пIэ хэлъ...

КъызыIублыхьэгъэ ныор тIэкIу нахь зэпигъэуным пае Индрысэ врачмэ къыфыратхыкIыгъэ уцымэ ащыщ ешъуи ипIэ зыхиушъэфагъ. Ау гупшысэ зэпымыумэ абгынэрэп: «Лэжьыгъэ угъоижьыгъор къэсы пэт. Ар лэжьакIомкIэ мэфэкIышху. Мызыгъэгурэ хыныгъор къэмысызэ, мы тумы хъун узым тыкъыкIэзыжьынба?!»

Индрысэ ежь ахэмытэу коцым иIухыжьын рагъажьэмэ, хьамэм къытехьэрэ лэжьыгъэм апэу илэжьэкIуаIэкIэ хэIабэу, зэресагъэу хъохъу къымыIомэ, лэжьэкIо жъугъэр яIэшIагъэ зэрэщыгушхукIыхэрэр ымылъэгъумэ, лъэшэу ыгу къеощт. Къемыо хъуна, апэу къуаджэм къыдэхьэгъэ тракторым тетIысхьи чIы ныбыджыр къыритхъэу жъуагъэмэ, апэрэ комбайнэу МТС-м къафыгъагъэр зэрифэнэу цыхьэ фашIыгъэмэ... УмэкъумэщышIэ шъыпкъэу чIыгур шIу олъэгъумэ, лэжьэкIо хьалэлмэ ащыщэу Къэрэгъулэнэ лIыжъым ыгу ихъыкIырэр дэгъоу къыбгурыIощт.

Бжыхьасэр IуахыжьынкIэ тхьамафэ нахь къызэмынэжьыр ары мэкъумэщышIэ анахьыжъым игумэкI къызыхэхъуагъэр. Ылъэ пытаIоу теуцо хъоу, иуз ащ нэс нахь хэжъукIымэ, амал иIахэмэ, лэжьыгъэ Iухыжьыгъом иапэрэ мафэ губгъом зыригъахьын ихьисап. Ащ ныоми гу лъитагъ. ЛIыжъым делагъэ горэ ымышIэным пае гухэлъэу иIэр шъэф-шъэфэу къоджэ врачым лъигъэIэсыгъ. Арыти, врачыр къызэкIом Къэрэгъуланэм къыфигъэпытагъ: «Охъужьы пэт, уиуз зэкIакIоу ыуб-





лагъ. Ау джыри мазэ фэдизэ тIорэр бгъэцакIэу ущылъын фае».

Неущ фэдэм зигъо хъугъэ бжыхьасэм иIухыжьын рагъэжьэщтэу инэIосэ агрономыр Индрысэ дэжьы коц Iэрам ыIыгъэу къихьагъ. Индрысэ коц хъугъахэр зелъэгъум, сабый цIыкIум фэдэу гушIуагъэ. Коцы Iэрамым Iэ щифагъ, нэшIукIэ еплъыгъ, хьалыгъу пшIуигъэшIэу епэмыгъ, зышъхьэ ыгъэушкъоий, цэ зытIу зэтриути сыхьатышI пIонэу лъэшэу еплъыгъ.

— Коцы шIагъу, напIэ пэпчъ фыгукIэр зэрифэу илъ, машалахь, машалахь, — Индрысэ гушIозэ къыIуагъ ыкIи иныо еджи коцы Iэрамыр ригъэлъэгъугъ, лэжьы-

гъакIэм пыплъыхьэзэ гущыIэ дахэу риIолIагъэри бэ.

Агрономыр зежьэжьым, изакъоу етIани Индрысэ коц Iэрамым еплъ-еплъи Iэ щифэзэ къыIуагъ: «Оры мы дунаим анахь гъомылэ шъхьаIэу тетыр. О нахьыбэу утиIэ къэс тиIани нахь зэдгъэфэн тлъэкIыщт, нахьышIоуи тыщыIэщт».

Коцы Iэрамыр ыгъашIоу инэплъэгъу къыридзэ зэпытынэу, мычыжьэу ыпашъхьэ ыгъэIылъыгъ. Ащ ынэхэр тыримыхэу еплъызэ, бэ ыгу къэкIыжьыгъэр. Шъэожъыеу ятэжъ цуао дищэ зэхъум къыриIощтыгъэхэр ары анахьэу ышъхьэ ичэрэгъухьэщтыгъэхэр: «А, сихьатIыхъу, ори шIэхэу лIы ухъуни пхъэIэшакIэр уубытыщт. Ар нахь пытэу пIыгъырэм къэс, чIыгур нахь къыотэщт».

Индрысэ ятэжъи яти бэрэ пхъэIэшакIэр пытэу аIыгъыгъ, шъхьахынэх цIыфми арагъэIуагъэп, ау къалэжьыщтыгъэ щыIэп. Колхозхэр зызэхащэхэр ары мэкъумэщышIэмэ зызаужьыжьыгъэр, агу зылъыIэсрэм аIэхэр лъыIэсынхэ залъэкIыгъэр. МэкъумэщышIэ жъугъэу зычы-зыпчэгъоу пытэу зэготхэмрэ зэрэлэжьэрэ машинэ лъэпкъыкIэхэмрэ чIыгур къагъэгущыIагъ. «Нахьыпэрэ зэман къиным фэдэу псэр тихьафэу чIыгур Iэбжъэ-лъабжъэкIэ тыупIэстхъыжьырэп, — коц Iэрамым еплъызэ егупшысэщтыгъэ Индрысэ. — Джы чылапхъэм ишIу тимыIа, сэнэхьатыбэ зыхэлъ лэжьэкIо шIагъохэр тимыхъоя! АрыпакIопышъ, чIыгум тет машинабэр тшIомакIэу самолетэу огум итыхэри джы хьасэмэ яшIушIэх. Зи улэжьэшъуштмэ ухэтми урихьылIагъ. Ари тищыIэкIэ тхъагъо изынэшанышIу».

Комбайнэхэр пчэдыжьым хьасэм зыщыхэхьащтым дэжь Индрысэ ишъхьангъупчъэ IуиубгъукIыгъ. Иунэ къоджэ гъунэм Iутыти комбайнэхэри хьамэри дэгъоу инэплъэгъу къыридзэщтыгъэх. Коцы Iогъахэр автомашинэмэ хьамэм къызэрэтыращэрэр ары анахьэу ыгукIэ ыгъатхъэу зэплъыщтыгъэр. А хьамэм Индрысэ джыдэдэм тетэу лэжьыгъэ Iогъахэм ыIитIукIэ ыгу щизэу хэIэбагъэмэ, мы дунэе мылъкум ыпэу къыштэныгъи. АрышъхьакIэ, ар сыдэущтэу къыдэхъущт. Врачым къыфигъэпытэзэ, къыриIогъэ гущыIэхэр ышъхьэ икIыхэрэп, иныу пIонышъ, лIыжъыр зэримынэкIэу ынаIэ тетызэпыт.

IофшIэгъу ужым Индрысэ зэригъэлъэгъунэу бригадирыр имашинэкIэ къыIулъэдагъ. Сыхьат нахьыбэрэ тIуми лэжьыгъэ Iухыжьынэу рагъэжьагъэм игугъу ашIыгъ.



Ащ Индрысэ къыгъэблыгъап ыкIи цIыкIу-цIыкIоу бригадирым ытхьакIумэ иIушъэшъагъ: «Тиныо емыгъашIэу уимашинэкIэ хьамэм сыщи зэ сыкъытегъаплъ. Псапэ пшIэн...»

ИпсаунысъэкIэ ар къекIуштмэ-къемыкIуштмэ бригадирыр Индрысэ зэ-тIо къеупчIыгъ. «Мычыжьэ дэдэмэ, машинэкIэ тIэкIу узекIо хъущт врачым къысиIуагъ». А гущыIэхэр Индрысэ къызеIохэм, ытхьакIумэ пакIэхэр плъыжьыбзэ хъугъэ. Сымаджэм пцIы тIэкIу зэрэхиусыхьэрэм бригадирым гу лъитагъэми, зи къыIуагъэп: лэжьэкIо лIыжъым ыгу егъугъ.

Индрысэ иныо къеджи мыщ фэдэ уц къысфахь ыIуи унэм ригъэкIыгъ. Мыщ дэжьыр ары Индрысэ шIоигъор къыздэхъугъэр. Хьамэм зэрэнэсыгъэм лъыпытэу самэу зэтелъ коцы IогъакIэм хэIаби зы Iэбжыб къыхихи ихъохъу къыIуагъ:

— ТицIыфмэ мамыр гъомылэу, фашIэ иIэу уафэхъунэу есэIуалIэ. Мыр зылэжьыгъэ цIыфхэу чIыгур шIу зылъэгъухэрэмэ псаунысъэ пытэ яIэу, къалэжьырэм гу щафэу, къахигъахъоу, апэ рагъэхъоу, яхэгъэгу агъэразэу, тыдэ загъазэми яморад къадэхъунэу есэIуалIэ!..

Индрысэ фэсакъызэ коц Iэбжыбыр иджыбэ ритэкъуагъ. Ар дышъэм нахь лъапIэу къыщыхьоу IофшIэным лыргъужъ ышIыгъэ Iэ пхъашэхэмкIэ иджыбачIэ щызэIишIэщтыгъэ. «Ари хъяр», — щхыр ыIупшIэ темыкIэу, зэхэпхэу заулэрэ къыIуагъ.

Индрысэ бэрэ пэмытэу, зыфаIуагъэм фэдизрэ щымылъэу, тэджыжьыгъэ. «Уцымэ анахьи Iоныгъом Индрысэ нахь ишIуагъэ къекIыгъ, коц самэм ымэ уцы пстэоу зэшъуагъэмэ анахь лъэшэу къычIэкIыгъ», — бэмэ аIоу зэхэпхыщтыгъэ.

## Нахьыбэмэ зыдырагъэштагъэр

Пчыхьэ зыхъукIэ, тичылэ лIыжъхэр зэрэугъоихэшъ, яззщ тырагъэуным пае яныбджэгъу горэм иунэ щызэхэсых. А лъэхъаным ахэр къэбаркIэ зынэмысыхэрэ щыIэп. ИжъыкIэ узэкIэIэбэжьымэ цукукIэ мэфи 3 — 4-кIэ зэпачыщтыгъэ гъогур джы сыхьаткIэ машинэмэ зэракIурэми, ошъо къатиблыр къызэранэкIызэ, советскэ цIыфхэр космос чыжьэм зэрэхэсыхьэхэрэми, цIыфыIэ хэ-

мыIэу лэжьыгъэ лъэпкъ Iаджи алэжьы зэрэхъугъэми, цIыф гъэсэгъабэ къуаджэ пэпчъ зэрэдэсыми арэгущыIэх.

Ау зы пчыхьэ лIыжъхэр зызэIокIэхэм, зэрыгущыIэщтыгъэхэ къэбархэм джыри зы къахэхъонэу хъугъэ. Ар зыпкъ къикIыгъэр къуаджэм дэсымэ анахьыжъэу Шъэофыжьыкъо Чылэгъот. Илъэс пчъагъэм ащ ыкъоу Отечественнэ зэошхом хэкIодагъэр зыщыфэхыгъэ чIыпIэр ымышIэу, ыгъапэу лъыхъуштыгъэ. ЧIыпIэу зыдимыгъэтхагъэхэ щыIэп. Москва шъыпкъэми нэсыгъэх. Ренэу а зыр къыфатхыжьыщтыгъ: «Пкъо лIыгъэ хэлъэу пыим езаозэ фэхыгъэ, ау зыщагъэтIылъыгъэ чIыпIэр мыры тIонэу тшIэрэп. ТшIэрэ закъор Украинэм ит къалэу Луганскэ иIэгъо-блэгъу зэрэщыфэхыгъэр ары».

Бэ мышIэу Чылэгъот къалэу Луганскэ дэт школ горэм ипионерхэм мыщ фэдэ письмэ къыфагъахьыгъ: «Мы письмэр къэзытхырэр пионер лъэужзефэхэу заом хэкIодагъэхэр зычIэлъ чIыпIэхэр къэзыгъотыхэрэр ары. Тисоветскэ зэолIхэр зычIэлъ зэкъош бэн къэдгъотыгъ. Ащ чIэлъыхэр зыщыщхэр нэжъ-Iужъхэм тяупчIымэ, тхылъ зэфэшъхьафхэм тахаплъэзэ, зэдгъэшIагъэ. А зэкъош бэным Шъэофыжьыкъо Билъэустэн чIэлъ. Ащ иIахьыл горэ щыIэмэ, тэ къетэгъэблагъэ, ар хьакIэу къытфакIомэ тшIоигъу».

А письмэу Украинэм ит къалэм къикIыгъэм Шъэофыжьыкъо Чылэгъот имызакъоу, зэрэчылэу ыгъэгушIуагъэх. Чылэгъот ынэпсхэр зыми римыгъэлъэгъоу рилъэкIэхыгъэх, ыгукIи зыфиIожьыгъэ: «КIо, сикIэлэ закъо зыдэщылъ чIыпIэр сшIагъэмэ, ар мылIэгъахэ фэдэуи сэлъытэ».

Чылэгъот письмэр къызэрэIукIагъэм тетэу, бэ тыримыгъашIэу, гъусэхэр иIэу ыкъо зыщагъэтIылъыгъэ чIыпIэм кIуагъэ. Чылэгъоти игъусэхэми зыдэкIуагъэхэр лъэшэу къафэчэфхэу къапэгъокIыгъэх. Анахьэу лIыжъым ыгъэшIэгъуагъэр, лъэшэуи игопагъэр заом щыфэхыгъэ ыкъо зычIэлъ зэкъошмэ якъэ дахэу цIыфмэ зэраIыгъыр, ащ къэгъагъэхэр, чъыг дахэхэр къызэрегъэтIысэкIыгъэхэр ары. Зэкъош къэунэм гъучI хъагъи къешIэкIыгъ, уцышъокIэ гъэлагъэу пхъэнтIэкIу дэт. Ащ гъогоу екIуалIэрэри мыжъокIэ пкIагъэ.

А зэпстэоу Украинэм зэкIом къыщилъэгъугъэр Шъэофыжьыкъо Чылэгъоты къоджэ лIыжъхэу нычхьапэ къэзэрэугъоигъэхэм къафиIотэжьыгъ. ЗэкIэхэри Чылэгъот къыIуагъэм тынчэу едэIугъэх. Ащ нэужым Чылэгъот ыкъоу зэуапIэм щыфэхыгъэм фэшъыгъохэу заулэрэ щысыгъэх. Такъикъ зыбгъупшI блэкIыгъэнба зыщыпIоным апшъэкIэ щыс лIыжъ цIыкIоу Гъэжъуанэкъо Орзэмэс псалъэ къышIыгъ:

— Шъыпкъэр пIопэн хъумэ, джащ фэдэу цIыфмэ гъунэ къыплъафэу, пкъо ыкIи пхъу зычIэлъыр агъэдэхэныр зымыуасэ щыIэп. Тишъхьафитныгъэ фэбанэхэзэ заом щыфэхыгъэхэм джащ фэдэу чIыпIабэхэм мыжъосынхэр зэращыфагъэуцухэрэр лъэшэу гуапэ тщэхъу. Ар тэ къуаджэхэмкIи щысэ тфэхъун фае. ТекIоныгъэм пае заом щыфэхыгъэхэр зычIэлъ чIыпIэхэм тызэдеIэжьызэ мыжъосынхэр, къэунэ дахэхэр атедгъэуцонхэр къыттефэ. Тэ тикъуаджэ щыщхэу зэуапIэмэ ащыфэхыгъэхэу къэзымыгъэзэжьыгъэхэм апае памятник дэгъу афэдгъэуцумэ тэрэз. АщкIэ тигъунэгъу къуаджэм дэсымэ щысэшIу къагъэлъагъо. Ау сэ сызэгупшысагъэр шъосIон. НэмыкIырэ цIыф лъэпкъымэ афэдэу адыгэ къэхалъэхэр тэрэзэу зэрэтымыIыгъыхэрэр ыкIи тынаIэ зэратетымыгъэтырэр ары. ЕтIани ащ адэлъхэр тэ къытпэблэгъэ шъыпкъэхэу тлъы щыщхэр, тфэлэжьагъэхэр арых. Зыр егъашIэм гъукIагъэ, адрэр къыгъэшIагъэм чIыгум зыIэбжъэ-лъабжъэ хэлъыгъэ цIыф, ящэнэрэр кIэлэ зыбгъупшI къэралыгъом фэзыпIугъэ бзылъфыгъ. Ау щыт пэтызэ, тикъэхалъэхэр дахэу, дэгъоу къэтшIыхьэхэрэп, къэгъагъэхэр ащыдгъэтIысхьанхэр къедгъэкIурэп.

— ЗыфапIорэр тэрэз, Орзэмэс, — къыхидзагъ щысымэ ащыщ горэм, ау тэ адыгэхэм ащ тесагъэу щытэп, тихабзэп. КъэнэтIэхэситIу къыпфашIыни Iофыр ащ щаухыгъ. Джары ыпи ыужи.

А гущыIэхэм Гъэжъуанэкъо Орзэмэс хэпшIыкIэу ыгу къагъэплъыгъ.

— Тесагъэу щытэп, тихабзэп! — игущыIэмэ къапидзэжьыгъ Орзэмэс. — Сыд пае темысэщта ыкIи тимыхэбзэщта! Адэ урысхэми, грузинхэми, ермэлхэми, нэмыкI цIыф лъэпкъыбэхэми якъэхалъэхэр дахэу аIыгъыхи! Ахэмэ якъэхалъэхэр къэгущыIэнхэм фэдэу зэIыхыгъэх, гъэкIэрэкIагъэх, къабзэх, псынэхэри адэтых. Тэри тлъэпкъыкIэ джыри нахьышIу тызэрэхъунэу, нахь хэбзэ дэгъубэ кIэу къызэрэтхэхьанэу зыгорэм тенэкъокъун фаеба! Тэри адыгэ лэжьакIохэм, нэмыкIырэ цIыфмэ афэдэу, хэбзэ дэхабэ хэти къекIунэу, тхэлъыгъ ыкIи тхэлъ. ХьакIэм икъыдекIокIынкIи зи къытэнэкъокъун

ылъэкIыщтыгъэп, тигъомлэпхъэ шIыгъи бэмэ щысэ афэхъу. ЦIыфым къин къекIумэ тызэрэIэпыIэрэр дахэ. А дэгъоу, дахэу тхэлъымэ афэдэу тикъэхалъэхэми тынаIэ атедгъэтынырр зэу джыри кIэу къахэрэхь. Къэхъугъэу мылIэжьын щыIэп. Хэти игъашIэ ыухэу ыгу къызыуцукIэ, егъашIэм ирэхьатыпIэнэу чIыпIэ дахэр фэбгъэшъошэн фае. Ар зыIэ илъыр тэры, псаухэр ары.

— Ашъыу, — къыIуагъ ауж дэдэкIэ щысыгъэ Пэзадэ, — сылIэмэ, хьэмэ сарэшхыжь ебли...

Ащи Орзэмэс филъыгъ:

— Джащ фэдэ гущыIэ мышъо-мылхэр шъушIыхэзэ, зигъашIэ зыухыгъэхэр зычIэлъ къэхалъэм цIыфхэм уасэ фяжъугъэшIырэп. Мыжъосын дахэхэр, гъучI хъэгъэ шIыхьагъэхэр къэ пэпчъ, къэунэ пэпчъ атешIыхьэгъэн фае. Ащ шъхьаджи нахь къыгъэлъэпIэщт, цIыфыгъэрэ гукIэгъурэ нахь къыхилъхьащт. ЩымыIэжьым о узэрэпэгъокIэу, ори уигъашIэ уухымэ къыппэгъокIыжьыщтых. Лъытэхи, ори уалъытэжьыщт, гъашIохи ори уагъэшIожьыщт. Мыжъосынхэр зыфашIыхэрэр лIагъэхэм язакъоп, псаоу щыIэхэри ары нахь.

— Орзэмэс къыIорэм демыгъэштэн плъэкIырэп, — псалъэ къышIыгъ анахь лIы хэкIотагъэу щысыгъэмэ ащыщ, — сэ гущыIэм пае, сятэ лIи загъэIылъыгъэмрэ непэ къызнэсыгъэмрэ къазыфагу зэ къэхалъэм сыкIоу сыдэхьагъэп. Ибэни зыдэщыIэр сшIэжьырэп. Сэщ фэдэ Iаджыми сарехьылIэ. Зы мыжъосын горэ е къэунэ гъучIым хэшIыкIыгъэу ащ тетыгъэмэ, ахэзгъэкIуакIэщтыгъэп. Арышъ, тэрэзыр—тэрэз, а мыхъун шэнэу тхэлъыр зыхэдгъэзыжьын фае. Ащ тлъэпкъ зыкIи къыгъэдахэрэп, кьегъэпыуты нахь. А Iофым тегупшысэным игъо хъугъэ.

Джахэр аIозэ чэщ кIахэ нэс купыр зэнэкъокъугъэ. Нахьыбэмэ Гъэжъуанэкъо Орзэмэс къыIуагъэм дырагъэштагъ.

## Зузарэ зэрэзекIуагъэр

ЗэIукIэр зыщаухыным дэжь, ащ хэлэжьагъэхэр джыри зы Iофыгъо тегущыIэжьыгъэх. Ар зэхьылIэгъагъэр курортым агъэкIонэу зытыраубытэщтыр ары. Нахьыбэмэ игъоу алъэгъуи зыщIэ къыраIуагъэр Бэщыкъо Зузар.



«Сыда сэ цIыфмэ ялыягъэу ащ фэдизэу гъэхъагъэу сиIэр? Сэ ар къысамыпэсыми, бэу сэщ нахь тефэу а къоджэшхом лэжьэкIо дэгъу дэс», — Зузарэ зэIукIэм къикIыжьызэ, ежь-ежьырэу ышъхьэ фиIожьыщтыгъэ.

Зузарэ унэм къихьажьи тIысыгъо имыфэзэ, ягъунэгъу шъузэу Сэламэт къэси, пчъэшъхьаIум къызэребэкъуагъэм лъыпытэу, ыгу къыдеIэу къыIуагъ:

— СыпфэгушIо, Зузар! Курортым уагъэкIонэу къоджэ зэIукIэм зэрэщырахъухьагъэм икъэбар мо джыдэдэм зэхэсхыгъэ. Ащ фэдэ хьяр тикъуаджэ дэс бзылъфыгъэ бэ дэдэмэ къадэхъурэп...

— Сэ егъашIэми курорты сыкIуагъэп, ащ кIонхэкIэ нахь къызэкIоу сэ сшIошIхэрэр хъулъфыгъэхэр ары. Мэзэ псао таущтмэ сиунэжъи сиIэгуи къызэсынэкIынха? Семысыфэ хэт тилIы къыдекIокIын, сэ сымыупщэрыхьэрэ гъомлапхъэр хъатэу ащ икIасэп...

— А Зузар, укъэтыфэ угу гъэпсэфы. Цыхьэ къытфэошIымэ, курортым укъэтыфэ тэ гъунэгъу шъузхэм уилI мэлакIэ дгъэлIэнэп. Ежь пхъэшIэ бригадэу ар зыхэтым мафэрэ дэгъоу къыщагъашхэ, ышыпхъуи чыжьэ дэдэп. Рэхьат зышIыри, курортэу уздакIорэм дэгъоу зыкъыщыгъэпсэф. Пшъо афытепхыжьыгъэкIи а хъулъфыгъэу сэ сшIэхэрэр бгъэрэзэнхэ плъэкIыщтэп. УилIы тIэкIурэ укIэрымысыкIэ зи ащ къехъулIэщтэп, удэмыс хъумэ уишIуагъи уиIэшIугъи зыфэдэхэр нахь ышIэщтых, нахь уасэ къыпфишIы хъущт. Уиуни уиIэгуи уакъыфэмыгумэкI. Ахэри зыгорэу хъун, ахэмыхъуагъэмэ ахэмыкIыгъэу укъэсыжьын.

БзылъфыгъитIур гущыIэным хэзэрэгъэблыхьагъэхэу Зузарэ илIэу Сулэ къихьажьыгъ. Ари зэIукIэм хэлэжьагъэмэ ащыщыгъ, ау зы Iоф горэм пае къэгужъуи шъузым ыужы къинэн фаеу хъугъэ.

Сэламэти икIыжьыгъ.

— Сыда тигъунэгъу шъузым илъэгъуныгъэр, зыгорэм егъэгумэкIа? — къэупчIагъ Сулэ.

— ЗыгъэгумэкIырэ шIагъуи щыIэп, курортым сызэрагъакIорэм пае къысфэгушIонэу къэкIогъагъ.

— Адэ дэгъуба къыпфэгушIуагъэмэ, сэри путевкэ къызэрэуатыгъэр сигуапэ. TIэкIуи зыкъэбгъэпсэфын, уни жъы къыкIэун. Илъэс пчъагъэ мэхъуи тIыси гъэпсэфи уиIэп...

— Ары шъхьакIэм сыдэущтэу уизакъоу унэм укъисынэни сыдэкIын?! Ори сыдэу ухъун, къысфэгъэзэгъэ

чэмхэри хэты тэрэз-тэрэзэу къыщцыных? Сэ чэм пэпчъи сесагъ ыкIи къысэсагъ, ишIуи идагъуи сэшIэ. Сичэмхэр нэмыкI къыщцынэу агъэнафэмэ, щэу къакIэкIыщтым къыщыкIэщт, — Зузарэ лIым ыпашъхьэ къыщытхьаусыхагъ.

— О чэмыщмэ тхьамэфищэ уахэмытмэ, а былымэхъо фермэр ечъэхыщтэп, тэри зыгорэу тыхъун. Уиунэжъи уиIэгуи зэрэщытыгъэхэу, зи ащымышIыгъахэу укъэзгъэсыжьынэу усэгъэгугъэ. Сэ укъысэдэIущтмэ, зи темыIуахьэу кIо.

Зузарэ ежьэным къыпэу илIы зэблихъущт щыгъынхэр къыфигъэхьазырыгъэх, мэфэ зытIущэ фикъунэу гъомлапхъи къыфыщинагъ. Къое ихыгъэ ныкъогъухэр зыдэщылъхэри лIым ригъэлъэгъугъэх.

Курортэу зыдакIорэм зыдищэщт щыгъын пчъагъэхэр ымышIэу Зузарэ егупшысагъ, ичемодан зытIо-зыщэ ыушъи ыунэкIыжьыгъ, етIани зыгорэхэр дилъхьажьыгъэх. Къэралыгъо тынэу къыфагъэшъошэгъэ орденри къэмланым зэрэдэлъэу чемоданым ычIэ ригъэкIугъ: пшIэна, мэфэкIыр къэблэгъагъэшъ, зыхилъхьанкIи мэхъу. «Мы сыздэкIощтым зи сиIоф щыIэн фаеп. Ар хъун, узы горэ сигъэгумэкIэу сиIэмэ; сыд пае путевкэр къаIысхи сэр-сэрэу Iоф къызфэсхьыжьыгъа? — зыщежьэн дэдэм зытегыяхьыжьыгъэ Зузарэ. — ЕгъашIэми тлъэпкъ щыщ курорт кIуагъэу къэсшIэжьырэп, ащ пае илъэсишъэ Iэпэ-цыпэ сяни сяти агъэшIэн къэнагъэп».

...Зузарэ зызыщигъэпсэфыщт чIыпIэм къызэсым, пчыхьэшъхьэпэ дэхагъ. Курортэу унэ фыжьыбзэхэр зыдэтым идэхьапIи иIэгуи къэгъэгъэ закI. Iэгу гупчэ дэдэм жьыр къэзыгъэучъыIэтэрэ ыкIи нахь къэзыгъэIэшIурэ фонтаным псыр чIыпIиблэу ытхэмэ дифыезэ, уигъатхъэу мэкъэ шъабэ къыпэIукIы. Ащ тыгъэу къохьажьырэм инэбзыихэр къылъэIэсхэшъ, лэгъупэкъопс цIыкIу тырешIыхьэ.

Мары унэ зэтетышхом рацы зэрысыщтыр къырагъэлъэгъугъ. Ащ ос фыжьыр угу къагъэкIэу пIэтехъо кIэпсхэр атехъуагъэу пIэкIоритIу ит. Ахэмэ афэшI шIыгъэхэу, къякIоу къазыц шъхьэнтэ гъэбжьыгъэ тIурытIу ащызэтес. ХэдыкIхэр зиIэ техъохэу шъхьантэмэ къатещрэмэ уяплъызэпытыгъэкIи уязэщырэп. Арэу хъэрэ-пкIарэх, дахэх. Хэтми ахэр къызыIэкIэкIыгъэхэр хэдыкIым фэIаз. Шъхьангъупчъэм дэжьы щыт стол



хъураем къэгъэгъэ Iэрам шIагъо нэр пIэпихэу тет. Ащ унэм нахь теплъэ къырeты.

— Мы пIэкIорэу шъхьангъупчъэм нахь пэблагъэр о къыпфэгъэзагъ, мыдрэр ощ фэдэу зызгъэпсэфынэу къэкIогъэ бзылъфыгъэм пай. Ар Темыр чыжьэм къекIы, — къыIуагъ халат фыжьыбзэ зыщыгъ бзылъфыгъэ гушIубзыоу мыщ къакIохэрэмэ апэгъокIырэм. — ТIэкIурэ зыбгъэпсэфыхэмэ, шхапIэри озгъэлъэгъущт. Неущы сыуигъусэу врачхэр къыоплъыщтых ыкIи къызэрэоIэзэщтхэр зыфэдэхэм уащагъэгъозэщт.

Чэщыр рэхьатыджэу Зузарэ рихыгъ. Нэфшъагъо зыщыхъуным дэжь ынапIэ зэтрилъхьэгъэ къодыеу ошIэдэмышIэу гумэкIэу къызщылъэти пIэкIорыгум псынкIэу къытIысхьагъ. «Сыгужъогъэн фае», — цIыкIу-цIыкIоу зыфиIожьыгъэ. Мы уахътэм сыдигъокIи чэмхэр къыщцынхэу фермэм кIоу ихэбзагъ, бэшIагъэу ар шэнэу фэхъугъ. Яунэ имысэу курортым зэрэщыIэр зыздешIэжьым, ыгукIэ зыдэхьащхыжьи, джыри тIэкIурэ чъыеми ихьау имыIэу пIэм зыхиушъэфэжьыгъ. Мыщ дэжьым къэущыжьыгъэу пIэм хэлъ бзылъфыгъэм Зузарэ ылъэныкъокIэ къаплъи, къыIуагъ:

— Сэри апэрэ чэщ зытIум гумэкIым сыхэтыгъ, сичъые имыкъоу сытэджыжьыщтыгъэ. Нэужым сырэхьатыжьыгъ, курорт Iофым сызыхэужъынахьыжьым нахьышIоу сычъыеуи, мафэхэр нахь чэфэу кIохэуи ыублагъ. Ори ар уапэкIэ къэт.

Тхьамафэ тешIагъ, ау Зузарэ зыкIи къызыдэкIуагъэм есэн ылъэкIырэп. Шъыпкъэр пIощтмэ, шIоуи агъашхэ, врачхэри дэгъоу къыдекIокIых. Зыр ыгу къедэIу, адырэр ынэмэ къяплъы, ящэнэрэм хъун-шхынэу нахь къекIущтыхэр зыфэдэхэр къыреIох... Хъулъфыгъэ врачхэр къеплъыхэ хъумэ, ынэгу лъыр къечъэшъ, щыбжьыим фэдэу плъыжьыбзэ мэхъу, бзылъфыгъэ врачхэм чэзыур занэсыкIэ, ыгу нахь мэпсэфы. Врачмэ сыд къыраIуагъэми, хъатэу ытхьакIумэ къимыхьэу Зузарэ ыгу якъуаджэ щыIэзэпыт, иуни ишъхьагъуси афэзэщы, ичэмхэр пIонышъ, ахэр пкIыхьэ ымылъэгъоу зы чэщи къыхэкIырэп. Адэ сэмэркъэоп ныIа, лIэшIэгъу плIанэ хъугъэу узыпылъ Iофыр, шIу плъэгъугъэ сэнэхьатыр ошIэ-дэмышIэу бгъэIылъэу, зи умышIэу, зыми уимыгъэгумэкIэу, пIэ зэтедзагъэу ущысыныр?! Сэмэркъэоп ыкIи IэшIэхэп.

Апэрэ тхьамафэр блэкIи ятIонэрэ тхьамафэр зыщы-

ригъэжьэным Зузарэ Iаджхэми джы нахь гу алъитэу ыублагъ. Iанэм къыдыIус Iаджхэми щатэу къафахьырэм ыныкъо къыранэжьы. Ари дэхэ-дахэу IуагъэкIотыжьымэ Iофа, щэепсэу къялыжьыгъэр хакIэшъ, агъэкIоды. Аущтэу зекIохэрэмэ Зузарэ ыгукIэ лъэшэу афэгубжы: «Шъо шъуащыщ гори былымхэм яIыгъын зэрэкъиным хъатэу щыгъозэн фаеп. Шъуичъые къыщыкIэу нэфшъагъом шъукъэтэджэу чэмыщэ шъукIощтыгъэемэ е шъуIэхъуагъэмэ, а щэтэ хъазынэм ащ фэдэу шъуепэкIаощтыгъэп. Шъуфэшхыщтым фэдиз хэшъухыри, адырэр лъыжъугъэкIуати жъугъэуцужь. Щатэ шъощ нахь зищыкIэгъэ Iаджи щыI».

Зузарэ Iанэм зыпэтIысхьэкIэ, хъун-шхынэу къыфахьырэр шкъой цIыкIумэ анэсыжьэу кIеугъуае. ЫмышIахэу такъыр цIыкIу горэ Iэпызыми укIытэм ишIуагъэкIэ плъыжьыбзэ мэхъу. Зымафэ унэм къыдис бзылъфыгъэм Зузарэ зыкъыфигъази къыриIуагъ:

— О бзылъфыгъэр, сыоплъы шъхьае Iанэм шхынэу къытехьэрэмэ илыегъащэу уафэсакъэу ыкIи уяIэсэкIэу сшIошIы. Шхынэу къыпфахьырэм ушъхьамыс, зыгорэ къиунэжьми пIэпызыми, ащ пае хэгъэгур нахь тхьамыкIэ хъущтэп...

— Сэ мэкъумэщышIэ унагъо сыкъыхэкIыгъ, — ащ иджэуапэу къыIуагъ Зузарэ, — бэшIагъэу чэмыщэу Iоф сэшIэ. Гъомлапхъэм иIэшIугъэ ошIэ закъокIэ икъущтэп, ар къызыдикIырэм ущымыгъуазэу. Ар хъоеу Iанэм къытехьаным пае бэу бэ къарыоуи уахътэуи ищыкIагъэр. Мафэ къэс щэм хэшIыкIыгъэ хъун-шхынхэр тиIанэ къытырагъэуцорэм къэс, сэ сичэмыщ гъусэхэр сыгу къэкIых... Гъэмэфэ фэбаем, тыгъэнэстырым кIымафэм былымымэ афэхъущт Iусым игъэхьазырыны ахэр чанэу хэлажьэх; ощх къещхыгъэми ос къесыгъэми мэфэ ханэ ямыIэу былымымэ анаIэ атет, ал афэузы. Щэ, тхъу, къуае зыфэпIощтыхэр лыри зэрахэтэу нахьыбэу щыIэхэ хъунхэм фэшI былымахъохэмэ къызтырагъанэрэ щыIэп...

А гущыIэхэу Зузарэ бзылъфыгъэм риIуагъэм енэгуягъо яшIуагъэ къэкIогъэнкIэ. Гъомлапхъэу Iанэм къытырагъэуцохэрэр ыпэрэмэ афэмыдэу нахь кIиугъуаехэ хъугъэ. Ащ Зузарэ гу лъитагъ ыкIи ыгукIэ гушIуагъэ: «Къышъозыкон паекIэ къанэ нахь, шъо слъэгъухэрэм тэрэзэу къышъуаIохэрэр къышъухэмызэгъэнэуи, ащ акъыл ахэшъумыхынэуи щытэп».



ТхьамэфитIу нахь блэмыкIыгъэу Зузарэ кIожьын гугъу хъугъэ. А тхьамэфитIур ежь ышъхьэкIэ мэзитIу къыщыхъугъ. Ышхырэри ыцагэ дэмыхьажьэу, врачмэ къырашIэфхэрэми ыгу атемыфэжьэу ыублагъ. Чэщырэ гъолъыжьэу, ынапIэ зэрэзэтырилъхьэу, якъуаджэ пкIыхьэу елъэгъу.

ПэшIорыгъэшъэу Зузарэ кIожьын зэрихьисапыр унэм къыдис бзылъфыгъэм риIуагъ. Ащ ипэгъокIэу урыс бзылъфыгъэр Зузарэ акъылэгъу къыфэхъумэ шIоигъоу къеапсэлъагъ: «УгукIэ къин охъуIоми курортым укъызагъэкIогъахэкIэ уикIожьыгъо къэсыфэ щыIи нахьышIу. А зымкIэ къысэдэIу. Мыщ фэе пстэури къагъашIу. КIорэп. Пасэу укIожьымэ къыбдэхьащхыных. Iофыр ныбжь егъашIэми цIыф ыухыгъэп, ащ сыдигъуи укIэхьажьыщт. Ащ фэдизэу чэмыхэр къэпщын фалIэмэ, мы курортэу тыздэщыIэм пэмычыжьэу былымэхъо фермэ щыт. Сэ ащ Iоф щызышIэрэ чэмыщхэм нэIуасэ уамэ щыт. Сэ ащ Iоф щызышIэрэ чэмыщхэм нэIуасэ уафэсшIынэу гущыIэ осэты. Ащ чэмхэри къыщыуагъэщын...»

Тхьаумэфэ мафэу Зузарэ имынэIосэ былымэхъо фермэм зэкIом, ыгу зыгорэу къэхъугъ, гушIуащи ынэпсхэри къышIокIуагъ. Ежь фэдэ чэмыщхэм пытэу аIапэ ыубытыгъ ыкIи ыгу щизэу адэгущыIагъ...

Былымэхъо фермэу зыдэкIогъагъэм къикIыжьи курорт Iэгум къызыдэхьажьым унэм къыдис бзылъфыгъэр гушIозэ къыпэгъокIыгъ:

— Сыд, угу нахь рэхьатыгъэба?

Зы гущыIи Зузарэ къымыIоу «хьаур» къыригъэкIэу ышъхьэ ыгъэсысыгъ: «НахьышIу къысфэошIэ пIозэ, нахьыем сыхэудзагъ. Былымэхъо фермэми чэмыщхэми сыгу нахь къагъэIэлыгъ. Мыщ ащ нахьыбэрэ сыщыIэжьын слъэкIыщтэп».

Гупшысэхэм зэлъаштагъэу чэщыгу блэкIыгъэу Зузарэ гъолъыжьыгъэ. Зэрэхэчъыягъэм лъыпытэу пкIыхьэ хьылъэ ылъэгъугъ: чэм къолэныр гумэкIэу лъфэн ымылъэкIэу быущтыгъэ...

Зузарэ къызэущыжьым нэфылъ къыкIичынэу ригъэжьэгъэ къодыягъ ныIэп. ЦIыкIу-цIыкIоу ищыгъынхэр чемоданым ригъэкIужьыхи, лъэпэпцIый зишIызэ, къыдис бзылъфыгъэр къымыгъэущымэ шIоигъоу унэм къикIыжьи, игъогу къытехьажьыгъ...

Курортэу зыдагъэкIуагъэм икъун фэдизэу къэмытэу, пасэу Зузарэ къызэрэкIожьыгъэм икъэбар а сыхьатыпэм

къуаджэм хизы хъугъэ. Зы купымэ чэмыщыр зэрэзекIуагъэр агъэшIэгъуагъ, мыскъарэ зышIынхэри къэхъугъэх. «Тэрэзэу зызгъэпсэфэу емысагъэр егъашIэми ебгъэсэжьын плъэкIыщтэп», — зы купымэ аIуагъ. Адырэ купымэ Зузарэ ышIагъэр ашIотэрэзыгъ: «Шъхьаджи ежь тхьагъо зыхигъуатэрэр шъхьафы, насыпыгъэу ылъытэрэри нэмыкI», — аIуагъ. Ежь Зузарэ пасэу къызэрэкIожьыгъэм кIэгушIоу яIэгу къызыдэхьажьым, «ох-ох, зэ тикъуаджэ ижь къысIухьажьыгъэмэ ары», — ыIуагъ.

## ЛIы насыпышIу

Иныбджэгъухэмрэ иIофышIэгъухэмрэ ялъытыгъэмэ БэгъэшIэкъо Чыназэ бэкIэ анахь шъуашIу, ищыгъынхэри мо джыдэдэм агыкIыгъакIэхэм фэдэ зэпыт, арэу къабзэх. Ежьыри, зэрихабзэу, гукъанэ иIэми къызхимыгъэщэу чэфызэпыт, сэмэркъэу ышIыныр икIас. Купэу зыхэтыр зэригъэгушхощтымрэ зэригъэщхыщтымрэ зы сыхьатыпи щыгъупшэрэп. «ЦIыфым нахьыбэрэ сэмэркъэу зэхебгъэхырэм къэс, уахътэри гулъимытэу нахь псынкIэу кIощт», — бэрэ ыIоу зэхэпхыщт. Чыназэ шIуагъэу хэлъымэ ащыщыр, пстэуми апэу IофышIэ къызэрэкIорэр, анахь пасэуи ипшъэрылъхэм ягъэцэкIэн зэрэфежьэрэр ары. Iэдэбэу хэлъымрэ зэрэшэнышIомрэ апае нэбгырабэхэри ехъуапсэх.

ПхъэшIэ бригадэу зыхэтым щыщ Асхьадэ зымафэ пстэуми зэхахэу Чыназэ къеупчIыгъ:

— О лIыр, сыоплъы шъхьае учэфзэпыт, орэд кIэпIукIызэ Iофи ошIэ, угукIэ лъэшэу отхъашъо птесэштэ. Сыда ар къызхэкIырэр?

Ащ иджэуапэу Чыназэ гохьэу щхыпцIыгъэ нахь, зы гущыIи къыIуагъэп. Чыназэ ычIыпIэ игъунэгъулIэу Шъэотыкъ джэуап къытыжьыгъ:

— Чыназэ зыфэчэфызэпытырэр арэу пшIэ пшIоигъомэ, ащ ышъхьэшыгу къыпфисхын. ИнасыпкIэ ежь фэдэу IэпкIэ-лъапкIэу, жьы кIэтэу бзылъфыгъэ хъазынэ псэогъу фэхъугъ. Ибысымгуащэ лIым ифэIо-фашIэхэмкIэ уцуи тIыси иIэп: ичэзыум хъун-шхынэу икIасэхэр фешIы, ищыгъынхэр пIонышъ, къэбзэ зэпыт. Сэ сырягъунэгъу дэдэшъ, шъузыр ымакъэ Iэтыгъэу зэ лIым дэгущыIэу зэхэсхыгъэп. О къыпфэдэгъум уфэдэгъужьынба!? Ежь Чыназ пIонышъ, ипсэогъу бзылъфыгъэм дахэу пэгъокIы, ыгу зэрэхимыгъэкIыщтым ынаIэ тетызэпыт. НэбгыритIури мафэ къэс зэфэчэфхэу зэрэлъэгъужьыгъакIэхэм фэдэх. Ежь ащымыщ горэ къакIоу къахэхьагъэми, ащ пае зы сыхьатыпи нэо-паохэу плъэгъущтэп, ренэу нэгуихыгъэх, гушIубзыух...

Щэджэгъоошхэгъу хъуи Iанэм зыпэтIысхьэхэм, Чыназэ иIэмэ-псымэхэр зэрылъ Iалъмэкъым иIаби чэсэй фыжьыбзэ зэкIоцIыщыхьэгъэ ин хьазыр горэ къырихыгъ. Ащ къыкIоцIыкIыгъэ дэгъэрыжъэ хьалыжъохэу мэIэшIу зыпихыхэрэр игъусэ пэпчъ ыпашъхьэ ыгъэIылъыгъ. Мыщ дэжьым Чыназэ ибысымгуащэ фэгъэхьыгъэу купмэ ащыщ гущыIэ фабэхэр къыIуагъэх. Ащ пстэуми дырагъэштагъ. Джащ фэдэу Чыназэ иIалъмэкъы ипхъэшIэ гъусэмэ агу рихьынэу хъун-шхын IэшIухэр бэрэ къекIых. Ары къэсми «ащ фэдэ бзылъфыгъэ уишъхьагъусэмэ гукIодыгъо щыIэп» зыфэпIоным фэдэ гущыIэхэр купмэ ащыщ къеIох. Ахэр Чыназэ зэхихыхэмэ ыгукIэ матхъэ, гъомлапхъэм раIолIагъэхэри ишъхьагъусэ лъегъэIэсыжьых...

Мафэмэ ащыщ пхъашIэмэ яIофшIэн зыщаухыным дэжь къекIокIырэ тучанжъыеу сельпом епхыгъэр къэси къыIухьагъ. Ащ унэгъо хьап-щыпэуи щыгъын зэмлIэужыгъоуи къыщагъэр бэ. Апэрэмэ ащыщэу Чыназэ сатыушIэ кIалэм екIуалIи шъхьатехъомэ анахь шъабэр къыщищэфыгъ.

— Мыр хэты пае пщэфыра, Чыназ? — ыIуи игъусэмэ ащыщ къеупчIыгъ.

— Гъэнэфагъэба зыфэсщэфрэр! — щхызэ Чыназэ джэуап къытыжьыгъ, шъхьатехъор дахэу къаригъэщыхьи, фэсакъэу иIалъмэкъ рилъхьагъ. Ар ишъузы зэрэритыщтыр ыкIи зэригъэгушIощтыр Чыназэ ыгу IэшIуIэшIоу хэлъыгъ.

IофшIэныр аухи пхъашIэхэр къызежьэжьыхэм Чыназэ гущыIэгъу сшIынэу исхъухьагъ.

— Сэ орыкIэ сызэрэмыцIыф хымэр ошIэ. МыемыкIумэ, ныбжь хьазыр уиIэ нахь мышIэми, мыщ фэдизэу узкIэчэфылэр къысапIомэ сигопэщт.

— ЗыфапIорэр шъыпкъэ, — джэуап къытыжьыгъ Чыназэ, — цIыф гукIодыпхэм нахьыбэмкIэ иIоф кIэкIырэп, ащ фэдэр зигъусэхэми якIэсэ хъатэп. Сычэфын сIомэ, сэ сыгу рихьрэ сэнэхьатым Iоф рысэшIэ. Iофэу

сшIэрэм гушIуагъо хэсэгъуатэ. ТипхъашIэмэ сырягъусэу тикIалэхэм апае еджэпIэ нэфынэшхо тшIыгъэ...

БэгъэшIэкъо Чыназэ сиупчIэ иджэуапэу къыIохэрэмэ сядэIу-сядэIуи, пытэу ыIапэ сыубыти «улIы насыпышIу» есIуагъ.

## Алрэгъу уз

«Алрэгъу узыр тэ къикIыгъ пIуагъа?» СшIэрэп къыздикIыгъэри, ау зэрэщыIэр сэшIапэ...

Былаурэ Пщымафэрэ зэгъунэгъу дэдэх: зы чэу ныIэп азыфагур. Илъэс зытIукIэ узэкIэIэбэжьымэ унакIэ зэтегъэпсыхьагъэхэр ашIыхи яунэжъхэр къабгынагъэх. Бэ темышIэу унакIэм диштэнэу пхъэ лъэпкъ дэгъу хэшIыкIыгъэ пIэкIор къежьэгъакIэм фэдэ зым ыщэфыгъ. Адрэми а дэдэр ышIагъ — о къэплъэгъугъэмэ анахь пхъэ пIэкIор зэпэлыдыжьэу къыгъэсыгъ. Былау гъунджэшхо дэпкъыр ыгъэбылъэу къызещэфым, ащ нахьи нахь иныжьэу Пщымафэ гъунджэ зэримыгъэгъотэу уцугъэп.

Былау ягуащэу Щылэхъан Пщымафэ къыщэфыгъэ гъунджэшхо ямышIыкIэу унэм ызыщанэ зыубытрэр зелъэгъум ыгу плъыгъэ: «Сыдэу мы тигъунэгъухэр нэкъокъолэшхоу къытфыкъокIыгъэх сэIо! Тэ тиIэм нахьышIу ямыIэмэ мыхъунэу уцугъэх. Ащыгъум, сиблагъэхэр, зэ мыдэ шъукъеплъ, ныбжьи шъутемыплъагъэу, пкIыхьэуи шъумылъэгъугъэу зы пкъыгъо лъапIэ горэ зытымыщэфыкIэ!»

Тхьэумафэу бэдзэрышхо зыщыхъурэм зытыригъафэу Былау нэфшъагъом ежьи къалэм кIуагъэ. Сышхэни сешъони ымыIоу ащ къэлэ бэдзэрыр зэпэкIигъэкIэу мэфэ реным къыкIухьагъ ыкIи пкъыгъо ялые къыщэфыгъ. Ар сыд фэда зыпIокIэ, шъыхьыбжъэм хэшIыкIыгъэ щыгъын пылъапI. Уеплъы къэс нахь узIэпещэ, нэр пIэпихэу дахэ. Шъыхьыбжъэм хэшIыкIыгъэ пылъэпIэ гъэшIэгъонэу Былау къыщэфыгъэм икъэбар хьаблэр къыбыбыхьагъ. Пщымафэ ягуащэу Гощэмыдэ лъэгъун горэ иIэм фэдэу къыриупхъукIи, жьы дэдэу Былау адэжь нэсыгъ. Унэм ылъапэ зэрэрищэягъэм лъыпытэу шъыхьыбжъэ пылъэпIэ пшъхьапэр ынэ къыкIидзагъ. КъыкIимыдзэ хъуна шъыхьыбжъэм ыцыпэмэ тыжьын хъурджанхэу апылъхэр зэпэлыдыжьых. Былау ишъхьагъусэу Щылэхъанэ пылъэпIэ ямышIыкIэу яунэ дэпкъ къыхэжъыукIырэр ягъунэгъу шъузэу къихьагъэм ымылъэгъукъорэмэ ыIуи, ишъхьатехъо къолэн къышти, кIыхьэлыхьэ зыригъэшIызэ, тэрэзэу пилъагъ. Гощэмыдэ машIор къыкIэнагъэу яунэ къилъэдэжьи, лIым тегыяхьыгъ: «УгущыIэмэ сылI оIо! Былау ары вот лIымэ — лIыр! Джащ щэфакIэ ешIа пIомэ ешIэ! О къэпщэфыхэрэр сыдкIэ былым, мышъомыл закIэх. Былау къыщэфыгъэ щыгъын пылъапIэр зэрэпшъхьапэр!»

Пщымафэ Iоф хэфагъ: тхьаумафэ къэс къэлэ бэдзэрым макIо, ау IэнэкIэу къыдэхьажьы. Ащ пэпчъ шъузым мыхъэр егъахъэ, улIэпи, чапыч нэшъу уриуасэпи, о къыпкIыгъуми тхьар еуагъи зи римыIожьырэ щыIэп.

— А тумы хъун пылъапIэу шъыхьыбжъэм хэшIыкIыгъэм фэдэу зи сапэ къифэрэп. Былау къыщэфыгъэр ежь щэкIо лIыжъ горэм зэ ышIыгъагъэу ары къызэрэсаIуагъэр, — лIым Гощэмыдэ мызэу-мытIоу риIуагъ, ау къедэIунэу фаеп: «Къэгъот и все!» — ыIуи уцугъэ. Мыхъухэ зэхъум Пщымафэ морад ышIыгъ. Ар зыфэдэри ишъузы риIуагъ:

— А Гощэмыд, мы пылъапIэу тымыгъотырэм зэ ыуж тигъэкIыжьи зы фэсшIэн — ныбжьи тигъунэгъумэ амылъэгъугъэу алрэгъу ялые, уеплъымэ шъхьэр ыгъэуназэу, къыпфэсщэфын!

Гощэмыдэ егупшыс-къегупшысэжьи ыгукIэ нахь чэф зэрэхъугъэр къэпшIэнэу илIы къыIуагъэм къыпигъодзыжьыгъ:

— Сыкъезэгъы, ау къэпщэфыщтым алрэгъу ыцIэ къодыекIэ зэрэмыхъуштыр осэIо. Нэр тедыкъэу, зэрэчылэу къехъуапсэу щытын фае!

Шъыхьыбжъэ пылъапIэм иIоф зэрэхэкIыгъэм къыгъэчэфыгъэу, Пщымафэ къэлэ бэдзэрым мыщ ыпэкIэ рилъэгъогъэхэ алрэгъу шIагъохэр зыщэщтыгъэм дэжь зыригъахьыгъ. Ащ иунэ зыдэщыIэр къаригъэIуагъэу щытыти, бэрэ лъыхъужьыгъэп. Чэщ хъужьыгъэу зэкIоцIыщыхьэгъэ ин горэ зэрэфэIэтэу ыIыгъэу Пщымафэ къэсыжьыгъ. Алрэгъур зызэкIоцIахым унэм исхэм ажэхэр къыIузи, къыгъэх! Тхыпхъэу къыхэщхэрэр гуахьых, уашъор, псыхъор, мэзхэр, бзыухэр олъэгъух.

— Мыр къысэзыщагъэм IэкIыб къэрал къырищыгъ. Алрэгъу шIыным фэIэзэ дэдэ цIыфхэм аIэкIэ ашъагъ,

хадыкIыгъ. Мы алрэгъум ышъо чэщырэ зэрэплъэгъущтыр шъхьафы, мафэрэ нэмыкIышъо зытырещэ. Аущтэу къэзышIырэр дэнэ ыкIи цы Iудэнэ зэфэшъхьафэу уцы егъэшъуагъэу хэхъагъэхэр арых, — Пщымафэ ишъхьагъусэ ахэр ишъыпкъэу риIохэзэ, алрэгъур унэжъыем идэпкъы риIулIынэу дихьыягъ, ау дэпкъыр цIыкIущагъэ.

— Унэшхом идэпкъ инышъ, ащ етэгъэIулI, — къыIуагъ Гощэмыдэ, — къихьэхэрэми нахь алъэгъун...

ЛIымрэ шъузымрэ зэзэгъыхи, унэшхом алрэгъур раIулIыгъ. Дэпкъышхор имыкъоу, ащ ыцыпэ етIани нахь дэпкъы цIыкIум щыщ ыубытыгъ. Чэщыгу нэсы быныр алрэгъум езэрэгъэплъэу щытыгъ. Гощэмыдэ алрэгъум къыкIэрыкIымэ кIэрыхьажьызэ, гъолъыжьын ымыдэу анахьыбэрэ щысыгъ. Остыгъэр зыщигъэкIосэжьыным алрэгъушхом гъэшIуагъэ хэлъэу Iэ щифэзэ, къыIуагъ: «Былау-жъобылаумэ татекIуагъэкIэ сэнэгуе, арэщэф джы ахэр лIыхэмэ ащ фэдэ алрэгъу!»

Гъунэгъумэ яалрэгъукIэ икъэбар зэрэзэхахыгъэм лъыпытэу Былаурэ Щылэхъанрэ псынкIэу плъакIо къэкIуагъэх. Ахэр алрэгъу хъэрэ-пкIарэм зеплъыхэм, ахэпшIыкIэу ашъо пычъыгъ, «сымаджэ хъугъэхэу» ядэжь кIожьыгъэх. Былаурэ Щылэхъанрэ тIысыхи лъэшэу егупшысагъэх, унэшъо пыти ашIыгъ: «Пщымафэ иунагъо алрэгъу IофымкIэ тытемыкIомэ, ащ нахьышIу тыщымыIэжьымэ. Е тылIэн е тылIын! Теплъын тязэу текIорэм. Шъо шъуиалрэгъу ащигъэгъупшэнэу алрэгъу пчъагъэ зэфэшъхьафэу къэдгъотынэу ыкIи тиунэхэр алрэгъу закIэкIэ тпкIэнхэу гущыIэ шъотэты! Шъунэкъокъощтмэ тэ шъодгъэлъэгъун!»

Былаурэ Щылэхъанрэ илъэс зэкIэлъыкIуищым помидорым ахъщэу кIахыгъэм шъхьамысхэу алрэгъу лъапIэхэр, къежьэгъакIэхэри зэрахэтэу, ащэфхэу ыублагъ. Зыр къэлэ бэдзэрым макIошъ хэплъыхьэзэ, ыосиблыкIэ алрэгъу гъэшIэгъон къещэфы, адырэм складхэм яIэшъхьэтетхэм ащыщхэр нэIуасэ ышIын ылъэкIыгъэшъ, алрэгъу гъотыгъуаехэр зыр зым нахь дахэу къегъэсы. Яунэ зэхэтхэм ядэпкъыхэр умылъэгъужьэу алрэгъухэр араIулIыгъэх, яджэхашъохэми зэфэдэу арадзагъэх. Былаурэ ащ ягуащэрэ ныбжьи цIыф ымышIагъэр тшIэщт аIуи, ежьхэр зэрысырэ унэ кIашъом алрэгъу къежьэгъэкIэ лъэпкъэу палас зыфаIорэм фэдэ кIара-



гъэIулIагъ. Хъущтыр гъэшIэгъоны. Пчэдыжь горэм Былаудхэм адэжь письмэзехьэр къыIухьагъ. Чэупчъэм теуагъ, джагъэ, ау зи къэхъыягъэп. Нэужым хъунэп мыр, мэчъыехэмэ къэзгъэущыных ыIуи письмэзехьэр щагум дахьи уналчъэми шъхьангъупчъэми зэ-тIо атеуагъ, ау зыми ымакъэ къэIугъэп. Къежьэжьын ыгу хэлъэу зэдаIом пчъэм ылъэныкъокIэ гырз макъэ къэIоу зэхихыгъэ. Пчъэр къыкъудыигъ шъхьае фыIухыгъэп. Письмэзехьэр цIыфэу блэкIырэмэ къяджи къыздыригъаIэхи, ерэгъэпсэрагъэу пчъэр Iуатхъи ихьагъэх. Заплъыхьэмэ, алъэгъурэр гугъэуз — Былау къэтэджыжьын ымылъэкIэу ерагъэу жьы къыщэу, гырзэу пчъэм дэжь щылъ. Щылэхъан зыпIокIэ, ижь хэтыжь къодыеу мэхыгъэу пIэм хэлъ. Елбэтэу врачыр къагъэсыгъ. ТIэкIу тешIагъэу цIыфэу щытыгъэхэм врачым унашъо афишIыгъ:

— ПсынкIэу шъхьангъупчъэхэр Iушъухи жьы къабзэ унэм къижъугъахь, сэ мыхэм яуз, ялажьэ сэшIэшъ мастэкIэ уц ахэскIэщт...

Сыхьат зытIу тешIагъэу Былаурэ Щылэхъанрэ укол ашIыхи жьы къабзэ заIохьажьым къэнэхъэжьхи, апкъы къитIысхьажьыгъэх.

— Былаурэ Щылэхъанрэ цIыфы псау-тау фэдагъэх шъыу, сыд шъуIуа къяхъулIэгъэщтыр? Сыда мыхэмэ ялажьэр? Сыд узы гуща къяузыгъэр? — ЦIыфэу къырихьылIагъэхэр врачым езэрэгъэупчIыгъэх.

Врачыр макIэу IущхыпцIыкIи упчIэхэр къытезытэкъуагъэмэ зафигъази джэуап аритыжьыгъ:

— Мы шъулъэгъухэрэмэ къяузырэр узы къежьэгъакI, ащ зэреджэхэрэр алрэгъу уз! Ар узы щынагъу, ау пкIуачIэ епхьылIэмэ бгъэхъужьын плъэкIыщт...

Хъугъэм купышхо, врачри зэрахэтэу, бэрэ рыгущыIагъэх. Дэпкъхэм къащымыуцухэу джэхашъохэми унэ кIашъохэми алрэгъухэр пчъагъэ хъухэу атезыIулIагъэхэм арыгущыIагъэх.

— АлрэгъукIэ пкIэгъэ дэпкъымэ тэрэзэу жьы къапхырыкIырэп, дэпкъым цIыфым фэдэу жьы къыщэн фае, — врачым къыIуагъ. — Жьы тэрэз, жьы къабзэ цIыфым ымыгъотымэ тэрэзэу щыIэн ылъэкIыщтэп, жъэгъэуз хъуни игъонэмыс хъущт... Тэгъоты, алрэгъубэ тщэфын тэлъэкIы зыIохэрэр ежь-ежьырэу япсауныгъэ егоожьых, зэтыгъожьых. Алрэгъу жъугъэм шIу пыпхынэу щытэп. Ар хъун зыгорэ е тIугорэ уиIэмэ...

Былаурэ ащ ягуащэу Щылэхъанрэ къяхъулIагъэр къяхъулIагъэу, аIуагъэр зэхахыгъэ пэтзэ, акъыл къагъотыгъэп. АлрэгъукIэ ныбжьи фэдэ амылъэгъугъэу апкIэгъэ унэхэм къарыкIыхи яунэжъэу Iэгум дэтым ихьажьыгъэхэу исых. «Унэжъэу жьыр зэрызмэ тарысыщт, унакIэу алрэгъукIэ пкIагъэр лъэгъупхъ, терэI» — аIо. Ары, сэIо, алрэгъу узыр боу узышху!

## Кушъэ

Пчыхьэм риублэгъугъэу Рэмэзанэ чэфынчъэу яунэ къихьажьыгъ. Апэу ащ гу лъызытагъэр ишъхьагъусэу Таус ары. Гу лъимытэ хъуна, Рэмэзанэ зыкIыгъур лIэшIэгъу плIанэм къехъугъэмэ! Ипчъэ IухыкIэрэ илъэмакъэрэкIэ Таусэ илI ыгу шIуми мышIуми зэкIэм къешIэ.

— О лIыр, къыохъулIагъэр сшIэрэп нахь, непэ гушIопс налъи унэгу кIэслъагъорэп. Сыоплъымэ унапцэхэри къетIупщэхыгъэх, ппакIи лъэшэу къелэлэхы. Сыда, зыгорэм угу хигъэкIыгъа?

Таус иупчIэ джэуап римытыжьэу Рэмэзанэ бэщэу ыIыгъыр ыпэкIэ зэришIыщтыгъэм фэмыдэу ыгъэжьажьи пчъэкъуахэм къуидзагъ.

— О лIыр, осIуагъэр зэхэпхыгъэба сэIо? Хьауми убзэ ыубытыгъа? Сыда унэхэр зыкIэшIоркъыхэр?

Иныо игущыIэхэм ауж Рэмэзанэ зэхэпхы къодыеу, мэкIэ дэдэу къыIуагъ:

— Сычэфынчъэн сIомэ, сэры ащ фитыр... Сычэфын сIопагъэкIи, ар къыздэхъунэу сыгу къысиIорэп, сыгукIэ сызэрымыразэхэр щыIэх...

— Сыда о узымыгъэчэфыщтыр, сыда о узыкIэрэзаджэри, лIыжъ? Сеплъымэ улэжьэкIо анахьыжъ аIуи курортым бэмышIэу уагъэкIуагъ, упхъэшIэ IэпэIас аIуи медали къыпфагъэшъошагъ, унэ чIэхьажьи тшIыгъакIэ, тхьамкIэ шыкур, гъомлапхъи щыгъыни тихъоих, пкъо узфаем фэдэу IофышIэ дэгъу хъугъэу игугъу ашIы, тинысэ пIонышъ, зыкIэ дахэ, зыкIэ хъупхъэ, зигъусэмэ ауж зыкъыригъэнахэрэп, адырэмкIэ зыгъэгусэгъу уимыфэу уиныо узыфаер къыпфеупщэрыхьэ. Сыда пфэмыгъотырэр?

Джэуап къытыжьыным дэмыгузажъоу Рэмэзанэ итуныбжъэ хигъани, макIэу хэгурымыкIи, къыIорэр зэхэпшIыкI къодыеу гъумытIымыгъэ:

— Сыда пфэмыгъотырэр! Сыда пфэмыгъотырэр! Джыри Шэфрыкъомэ шъао къафэхъугъ. Ядэжь сисэу ялIыжъэу МутIалибэ унэм ращи, а къэбар гушIуагъор къыраIуагъ. МутIалибэ ипаIо щымыфэжьэу орэд кIеIукIы, анахь тхьачэт гъэшхагъэр сабый къэхъугъакIэм ыцIэкIэ шIуибзыгъ...

— Адэ дэгъуба Шэфрыкъомэ шъао къафэхъугъэмэ. Ар бэу хъяр, насыпыгъ. Сэри сыкIони ГощэфыжIы сыфэгушIощт, — къыIуагъ Таусэ, — Шэфрыкъомэ шъао къафэхъугъэмэ, о сыд пае учэфынчъэн фая, ы?

— Е, ныу, ныу, сыдэу адэ зи къыбгурымыIуахэра сэIо! Сэри МутIалибэ фэдэу хъяр къысэхъулIэмэ сшIоигъу, тэтэжъ сыхъуным бэшIагъэу сыкIэхъопсы. О нэнэжъ ухъуным уфаеба?

— Сыфэе дэд, тыпсаумэ тэри нэнэжъ тыхъун, — джэуап къытыжьыгъ Таусэ.

— Илъэс заулэ тешIагъ сэ тэтэжъ сызыхъун фэягъэм. МутIалибэ шъэуитIу иIэ пэтзэ, джыри къыфэхъугъ. Сыкъежьэжьын зэхъум ащ къысиIуагъэр ошIа? «О сыолъытыгъэмэ сэ щэунае сытэтэжъ, о адэ сыдигъо тэтэжъы ухъущта? Тичэтми атакъэ хъун фэшъхьаф къыращырэп, тинысищ шъао нэмыкI къыфэхъурэп», — къысиIуагъ. Джары сызкIэчэфынчъэр, ныу! Сыдигъо сэ тэтэжъы, о нэнэжъы тыхъущта?

— О лIыжъыр, пшъо уимыкI! Тэтэжъ ухъущтышъ, ар нафэ. А гушIуагъори уапэ къэт...

— Ары шъхьакIэ, илъэсхэр макIох! Ткъо къызищагъэр илъэсиплIы хъугъэ, джырэ нэсыфэкIэ сабыитIу тиIэн фэягъэ, мысабыитIуми зы сабый дгъэджэгоу тиунэ исыным игъо къызысыгъэр бэшIагъэ! Ары сэIо, бэшIагъэ, бэшIагъэ!

— Ар пIоу цIыф зэхемыгъэх, лIыжъ! Нысэ цIыкIум, а узфэгубжыгъэр ерэшIи ыгу къеон, пкъуи игопэнэп.

— Мыщ ыпэми Шэфрыкъомэ апэу шъао къызафэхъум, о ныор, осIогъагъэ сэ тэтэжъ сыхъумэ зэрэсшIоигъор. Джыри а дэдэр осэIо. Сыда сэ Шэфрыкъомэ сызэранахь дэир! Тэтэжъ сыхъумэ зэрэсшIоигъор цIыкIуцIыкIоу зыкIэкIэгъэIукIи, а къэбарыр тинысэ лъыгъэIэсыжь. Ащ шъо бзылъфыгъэхэм шъуфэIаз. Тэтэжъ сыхъумэ зэрэсшIоигъор амал зэриIэмкIэ синыси скъуи зыгорэущтэу арягъэIокI.



ЯтIонэрэ мафэм Рэмэзанэ хэшъэе пхъэ зэкIоцIыпхагъэу, бэшIагъэу ыгъашIоу кIашъом телъыгъэр къытырихи, зэпиплъыхьагъэ ыкIи ащыщхэр пхъэпсымкIэ дахэу ыупсэу ыублагъ. Иныо лIыжъым ышIэрэр зелъэгъум фэмыщыIэу еупчIыгъ:

— ПхъэнтIэкIужъыеу сызыфаер пшIыгъахэ, сыда, лIыжъ, джыри пшIынэу узфежьагъэр?

— Кушъэ...

— Сыд пае, хэт ищыкIагъ? — ынэхэр ины хъугъэхэу Таусэ къэупчIагъ.

— Сишъаоу къэхъущтым пае!

— ПшIэрэр алъэгъумэ, о лIыжъыр, чылэр къыбдэхьащхын, къэмыхъугъэм пае Рэмэзанэ кушъэ ешIы, иакъыл къыщыкIэгъэн фае аIон.

— АIо шIоигъор арэIу. АIорэм сэ сыпылъэп...

Рэмэзанэ мэфэ заулэкIэ зэрэпхъэшIэ Iазэр къыгъэлъагъоу, лъэгъупхъэу кушъэ хъэрэ-пкIарэ ыгъэчъыгъ.



Мафэ горэм нысэмрэ гуащэмрэ зэдэгущыIэхэзэ кушъэм икъэбар нэсыгъэх.

— Хэта мы кушъэр типщы зыфишIыгъэр? — къеупчIыгъ нысэр.

— Хэтына, о шъаоу къыпфэхъущтым пае нахь, — бэримыгъэкъудыеу гуащэм джэуап къытыжьыгъ.

А гущыIэхэм ауж нысэр псынкIэу къызщылъэти, адырэ унэм чIэлъэдэжьыгъ.

Таусэрэ нысэмрэ зэраIуагъэр ымышIэу Рэмэзанэ бэрэ хэтыгъ.

Мафэ горэм, пчыхьэшъхьапэ хъугъэу, Рэмэзанэ икушъэ шIыгъэ унэм къырихыгъэу, чъыг чIэгъым чIэсэу кIэнкIэпс зыхэт уц зэхэшIыхьагъэр щефэ. Нысэр къыздэхьажьым Рэмэзанэ кушъэм зэрепIэжъэжъырэр дэгъоу ылъэгъугъ, ау гу лъимытэгъахэ фэдэу унэм ихьажьыгъ.

Рэмэзанэ кушъэр зэришIыгъэм икъэбар бэрэ пэмытэу хьабли чыли зэлъашIагъэ. Анахьыбэрэ ащ рыгущыIэщтыгъэхэр Рэмэзанэ инысэ Iоф зыщишIэрэ къулыкъушIапIэм цIыфэу Iутхэр арых. Зым кушъэр пщым ыIэшъхьитIукIэ зэришIыгъэр нысэм ымыдэу ыIощтыгъэ, адрэр нысэр шъао фае шъхьакIэ, ипсаунысгъэ къыхьын ымылъэкIынэу ышIапэрэм фэдэу рыгущыIэщтыгъэ. Ящэнэрэм ыIуагъэр шъхьаф шъыпкъ: нысэр ежь шъао фаемэ ыгъотын ылъэкIынэу зэ-тIо чIапIэ ифагъ. Ау зы лъэшэу къегъащтэ: лъэрымыхьы хъоу, шъао ыгъотымэ, джы зэрэдахэм фэдэу мыдэхэжьынэу, ыпкъи ипсыгъуагъи шIокIодынхэу къыщэхъу. «Салъэгъумэ сыкъамышIэжьэу, спкъы сыфимытэу сыхъунэу сыфаеп», — еIо. Ащ имызакъоу сабый цIыкIу зиIэ ныхэр загъорэ тхьаусыхэхэу зызэхихырэм, ахэм агъэщынэ.

МэфэкI мафэмэ ащыщ горэм нысэм ышыпхъу нахьыжъ къызэкIом илъэсищ зыныбжь шъэожъые цIыкIу кIыгъугъ. Шъэожъыер Рэмэзанэ блэгъэшхо ышIи, ыкокI исэу ыгъэджэгузэ, бэрэ ащ орэд къыфиIуагъ:

...ХьакIыба, кIыбыхъуа,
Шъэо бланэу укъэхъуа,
УлэжьакIоу цIыфышIоу,
Гъогумафэ утехьа,
Щытхъу дахи къэохьа..·

ЛIыжъым шъэожъые хьакIэм орэд къызэрэфиIорэр ныом зешIэм, нысэм зэхыригъэхэу къыIуагъ:

— ТилIыжъ сабый фалIэ малIэ. ТигъунэгъухэукIэ-

лабэ зиIэхэм яхъуапсэ. Тэри тинасып къыхьэу сабый горэ тиунэ къихъогъагъэмэ тыгушIощтыгъэ...

Нысэм ышыпхъу ежьэжьыным къыпэу унагъом исхэм анахьыбэхэм зэхахымэ шIоигъоу Рэмэзанэ адырэ унэм чIэсэу иныо зыфигъэзагъэу, ымакъэ нахь ыгъэлъэшыгъэу епсалъэщтыгъэ:

— Сабый зэрыс унагъом сыдигъокIи бэрчэтыгъэ илъ, гушIуагъори из. Сабыим егъашIэми хъяр пылъ, насыпыр къыдакIоу aIo. Сэ сятэ къуитф иIагъ. Ахэр зэрэгъэчэфыхэу, зэдэIужьхэу, зым Iэпызырэр зым къыштэжьэу, зым адрэр IэпыIэжьызэ къэхъугъэх. Адыгэмэ гущыIэжъкIэ ахэлъ: «УтIумэ уз, узымэ ущымыIэ пIалъ». ПфэлъэкIыщтмэ уунагъоу сабый уимыIэныр сэ сшъхьэкIэ сшIоемыкIу. Шъыпкъэ, сабый ппIунри мыжъом уецэгъузэ хэбгъэкIыныри зэфэдэ, ау сабый ппIумэ укIэгушIужьыщт.

...Мээ заулэ блэкIыгъэу зы мафэ нысэр IофышIэкIоным къыпэу пщым ышIыгъэ кушъэм кIэрыхьи, еплъеплъи, гъэшIуагъэ хэлъэу зэ-тIо Iэ щифагъ.

## Лахъо зэрэгугъагъэр нэмыкI

Колхозым имеханизатор анахьыжъэу Iэпшъэмэфэ Лахъо бэрэ ыIоу иIофшIэгъухэм зэхахыщтыгъэ:

— Пенсием сызыкIокIэ, ахъщэу къысатырэр сыгу емыгъоу пхъэшъхьэ-мышъхьэ лэжьыным пэIузгъэхьащт, скъохэмрэ спхъухэмрэ модрэр, мыдрэр сищыкIагъ сIозэ, къызэзгъэгугъущтых, зэкIэ сыгу рихьырэр къязгъэщэфыщт, хьау aIомэ, мазэ къэсми ахъщэу къаратырэм щыщэу агу пыкIырэм фэдиз къысфарэгъахь.

Лахъо пенсием амыгъэкIотэжьызэ, ыкъохэмрэ ыпхъухэмрэ къызыкIохэкIэ, ежь ыгукIэ зыфаеу, къыдэхъумэ шIоигъор цIыкIу-цIыкIоу афыхигъэпсыщтыгъэ.

ИпIалъэ къэси зэрэчылэу фэгушIохэзэ, Iэпшъэмэфэ Лахъо пенсием агъэкIотэжьыгъ. Телевизор къежьэгъэкIэ дэгъуи, щыгъын лъапIэхэри, дышъэ сыхьати, нэмыкI пкъыгъохэри, бэ шIухьафтынэу къыфагъэшъошагъэр.

Пенсием зыкIогъэ апэрэ мафэм къыщыублагъэу Лахъо ыгукIэ зыфаеу, морадэу рихъухьагъэр ыгъэцэкIэнэу фежьагъ. Чъыг лъэкурэ цIыкIухэу илъэс нахь амыныбжьэу, ау псынкIэу къызыпыкIэрэ лъэпкъхэу заулэ къыщэфи, ищагу сад хигъэтIысхьагъэх, чъыгыжъэу дэтыми яшIушIагъ.

Мафэрэ садым дахьэшъ зыгорэхэр щешIэ, щэупхъо, ащ езэщмэ, шыкIэпщынэр къештэшъ орэдхэр къырегъаIо.

Зымафэ Лахъо щэджэгъуашхэ зешIыхэм сад чIэгъым пхъэнтIэкIоу чIэтым тетIысхьи, итутыныбжъэ хигъэнагъ. Ар зэ-тIо нахь ымыкъудыигъэу письмэзехьэр ящагу къыфиузэнкIыгъэу къакIоу ылъэгъугъ. Ащ лъыпытэу, Лахъо гупшысэ IэшIум зэлъиштагъэ: мэфэкIэу къэблэгъагъэм ехъулIэу ыкъомэ е ыпхъумэ ащыщ ятэ ахъщэ е посылкэ къыфигъахьынэу ыгу къэкIыгъэн фае.

Зи ащыщ горэм ащ фэди ыгу къэкIыкIэ фэIуагъэ щыIэп. Ыкъохэмрэыпхъухэмрэмыпшъыжьэу ыпIугъэх. ЫлъэкI къымыгъанэу сэнэхьат агъотыфэ адэIэпыIагъ. Джы ыкъохэмрэ ыпхъухэмрэ тыми ными бэ къафашIэнэу атефэ.

Ыпхъу нахьыкIэу къоджэ чыжьэ дэсым письмэ къыгъахьыгъэу къычIэкIыгъ. Ащ мары итхэгъагъэр: «Шъуслъэгъу сшIоигъоу ори, нан, ори, тат, сышъуфэзэщыгъ, ау джыдэдэм сыкъэкIон слъэкIыщтгоп, тыкъэзгъанэхэрэр щыIэх. ШIэхэу унэчIэхьажь тшIын тыгу хэлъэу, ащ ыуж тит. Тат, пенсием узыкIогъэ уж сыд уищыIакIэ, Iофым уфэзэщрэба? Ори тяни бэрэ шъупсаоу шъутиIэ тшIоигъу. Уз къышъомыузынэу бэрэ сышъуфэлъаIо. Тат, емыкIоу умылъытэщтымэ, зыгорэкIэ сыолъэIу сшIоигъу. УнакIэу тшIыгъэм идгъэуцонэу телевизор къежьэгъакIэу пенсием узэкIом къыуатыгъэр къытфябгъэщагъэмэ дэгъугъэ. Сэ ащ ычIыпIэ, тIэкIу тIурыс умыIощтмэ, тителевизор дэгъу къыостыщт. Орырэ нанэрэ ащ шъузэплъын икъун къыгъэлъэгъощт...»

— Ыхьы, къежьагъэх джы... телевизор зэхъожь тыригъэшIэщт! — письмэм итым нэIуасэ зызфешIыхэ нэуж Лахъо цIэцIэнэу къыригъэжьагъ.

Ау иныо псынкIэу къыIэпыуагъ:

— Адэ тэрэзба тпхъу нахьыкIэ ыIорэр? СыдкIэ тищыкIагъа тэ нэбгыритIум мощ фэдиз зиинэгъэ телевизорыр? Радиом къыIорэ заулэм тедэIуми тэрыкIэ икъугъ, ащ тхьэмафэм зыщэ-зыплIэ концерт дахэхэр къетых. Телевизор уимыIэу ущыIэн умылъэкIыщтымэ, ащ иблэкI къыуитынэу eIo. Ар зыдакIоми ащ фэдизэу фэтшIэгъэ хъати щыIэп, унакIэми чIэхьажьыщт...

Зыгорэхэр Лахъо кьыIохэмэ шIоигъуагъ, ау иныо ынэгу зыкIаплъэм, телевизорыкIэм ущыгугъыжьынэу зэрэщымытыр псынкIэу къыгурыIагъ.

— КIо, тумы тхьам ешI, ащ фэдизэу сэ ситслевизор ыгу хэпкIагъэмэ есэты, — ынэпцэшхохэр ыгъэуджыхэзэ, Лахъо къыIуи садым дэхьагъ.

Тхьаумэфэ мафэхэм ащыщ Лахъо ыкъомэ анахьыкIэ дэдэр къалэм къикIи къэкIуагъ. Унэшхом зехьэм, илъэсыбэкIэ узэкIэIэбэжьмэ къыдагъэкIыгъэгъэ телевизор цIыкIу столым тетэу ылъэгъугъ. Ащ нэужым телевизорыщхор зыдэхъугъэмкIэ цIыкIу-цIыкIоу янэ еупчIыгъ:

— А, нынэ, телевизорыкIэр Нэфсэт къызытэлъэIум, ежь иемкIэ етхъожьыгъ. УнакIэм ибын-унагъо чIэхьажьыщтыти, тэри «IыI» тфеIошъугъэп.

Акъо нахьыкIэу къэкIуагъэр ным джэуапэу къыритыжьыгъэм ыуж егупшысагъ: «Адэ ныомрэ лIыжъымрэ телевизорыкIэ сыдкIэ ящыкIэгъэн, ныбжьыкIэмэ яунэ итыныр нахь атефэ. Зэхъожьыгъэхэмэ дэгъуба! Сэри тятэ сисыхьат естыни, дышъэ сыхьатэу къыратыгъэр къыIысхыщт, тызэхъожьыщт. Сыд лIыжъым дышъэ сыхьат зэрищыкIагъэр? Уахътэр зыфэдизыр зэригъашIэ шIоигъомэ, сэ сисыхьат нахь ин ыкIи нахь зэхэугуфыкIыгъэу уахътэр къегъэлъагъо.

Янэрэ ыкъорэ Лахъо къырагъэзэгъын зэралъэкIыгъэр о къашIэ, къытрагъани, дышъэ сыхьатыр Iахыгъ. Ащ ычIыпIэкIэ ежь исыхьат ыкъо къыщинэн ыIуи шъхьаем, Лахъо ыдагъэп. «Ари о къызфэгъэнэжь, сихьатIэхъу, зыгорэ ишIуагъэ къыокIын, сэ ащ есшIэн щыIэп», — джары зэкIэмкIи къыIуагъэр.

Лахъо иныо лIыжъым щытхъоу, илъфыгъэхэм зи афимышIэн щымыIэу ыIуи, гъунэгъу шъузхэм хъугъэр ариIуагъ. Бэ темышIэу зэрэчылэу Лахъо шIухьафтынэу фагъэшъошагъэхэр ыкъохэмрэ ыпхъухэмрэ афигощыжьхэу чылэм къэбар хизы хъугъэ.

Лахъо иныбджэгъужъ Мэдинэ къэбарэу къуаджэм дэлъыр зызэхехым, фэмыщыIэу къэси къыригъэжьагъ:

— Арэп, о лIыжъыр, узэкIокIыгъа сэIо! Чылэмэ кьыпфагъэшъошэгъэ тын лъапIэхэр пкъохэмрэ ппхъухэмрэ афэогощыжьых аIуагъ. Ащ фэдэ цIыф ешIа?

— Ар тыфаеу тэшIа, тыфэмыеу тэшIа? Сыд пае ащ укъыкIэмыупчIэрэ адэ? — щхызэ, къыублагъ Лахъо. — Ащ блэмыкIымэ уезэгъын, сиблагъэ. Скъо нахьыжъ легковой машинэ сщэфынэу щытышъ, чэзыур къысэнэсыгъ ыIуи, илъэсныкъом къысатыгъэ пенсиеу сыугъоигъэр сIихыгъ. Ныом тшхыни тщыгъыни икъун тиI, ет адэ, сыд ахъщэм епшIэщт зеIом, сэри сезэгъыгъ, сыкъытыригъэнагъ.

— Шъыпкъэ, Лахъу, зыфапIорэр, о къэплъфыгъэхэр унагъохэу, пэкIэ-жакIэу хъужьыгъэх нахь мышIэми, «къахь» аIо зэпытыщт нахь, «махь» щыIэп. Сыкъызэхъуи джырэ ныбжьыкIэхэм афэдэу имыкъухэхэу слъэгъугъэп. Тэ тызэкIалэм, зы цокъэ дэгъурэ зы щыгъын зэщылъэгъурэ тиIэмэ тыгушIощтыгъэ. Ар зафыхэдгъэпсыкIэ, щыIэныгъэм чыжьэу тыкъыщинагъэу аIошъ къытфадэрэп.

Лахъо иныбджэгъужъ къыIорэмэ ядэIу-ядэIуи, ежьыри щхэнхэр къыIуагъэх:

— «Пхъур ытыщ къакIомэ, мыжъо хъураем зегъэбылъыжьы» аIоу зэхэпхыгъэба? Садэу сылэжьыгъэр зэрэбэгъуагъэр спхъу нахьыжъ зэхихыгъэ. Арыти ащи бэмышIэу макъэ къыгъэIугъ: «Тятэ исад бэгъуагъэ, сыкIони дэсыугъоижьыщт ыкIи шифоньер уасэ горэ къыхэзгъэкIыщт...» Ары, сэ сызэрэгугъагъэмрэ Iофыр зэрэхъугъэмрэ зэфэшъхьаф шъыпкъ. Зи Iоф сиIэкIэ пенсием сыкIуагъэп. Ащ блэкIымэ, мы ткъохэмрэ тпхъухэмрэ тыратIэкIыхьэпэщт. Фэдэу бэ дэдэ ящыкIагъэу слъэгъугъэп. Зэ мы «даваим» гъунэ фэхъущтба шъыу! Сенэгуе пенсие къаIыхыным сыхэкIыжьыни IофшIэн горэм сыIухьажьынкIэ.

## Зы куп къяхъулIагъэр

Ерэджыб, Ахьмэд, Даут аIохэу мафэ горэм кIохи яшъэогъу Чэрымэ иунэ ихьагъэх. ГущыIагъэх, латыу ешIагъэх, удрэр-мыдрэр аIуагъ, бысымыр исэпти, ар къэкIожьымэ аIоу бэкIаерэ ежэхэу щысыгъэх. Аузэ пчыхьэ хьазыр хъугъэу, бысымым емыжэхэу ешъонхэу купмэ агу къэкIыгъ. Бэшэрэб гори купымэ ащыщ горэм ипальто джыбэ иIэбэжьи къырихыгъ, Iанэм къытригъэуцуагъ. Ау ар зэуи ащымыхъоу ракIыхыгъ, рашъугъэм къызэкIигъэблахьыхи, етIани джыри зы ныкъо дгъотыжьыгъэмэ дэгъу дэдагъ аIуагъ. Ау тучаныр рагъэ-



тыжьыгъагъ. Мыщ дэжьым зыпакIэ къикIыжьи, бысымыр унэм къихьажьыгъ.

— Арэп зи узэшъон фэдэ мы унэм итыба? — аIуи лIэу яунэ къихьажьыгъэм езэрэгъэупчIыгъэх.

— Иты дэд, имыты хъуна, сишъэогъу къалэм къикIи къызэкIом къысфихьыгъэу, спирт бэшэрэб зэхэшIыхьэгъахэу шифоньер къогъум къот, — джар къыIуи бысымэу къихьажьыгъэр тIысыгъэ. Щысымэ ащыщэу Ерэджыбэ шифоньер къогъум къоIаби бэшэрэб къыкъуихыгъ. Бысымым къыфырагъахъуи ежьыри зыфырагъэхъожьыгъ. Ехъохъугъэх, бэ бжъэм раIолIагъэр.

— Шъо ыпэ рапшIэу шъукъудыих, — сэ гъогу сыкъытекIыжьыгъ, тIэкIу сыхэIэни етIанэ сешъощт, — бысымым къыIуагъ.

КъызэкIэплъыхьагъэхэ Ерэджыби, Ахьмэди ыкIи Даути зи рамыгъаIоу ябжъэхэр къаунэкIыгъ, ау мыстхъумылI зышхыгъэм фэдэхэу, анэгухэр уагъэщтэнэу Iаеу зэIагъэхьагъэх. Жьы къыфэмыщэжьэу Ахьмэды ерагъэу IупшIыкI къодыеу къыIуагъ:

— Мы тызэшъуагъэр спирт тэрэзэп.

— Ар спирт шъыпкъ, сэ сIэшъхьитIукIэ зэхэсшIыхьи шифоньер къогъум схьи къозгъэуцуагъ, — ишъыпкъэу къыIожьыгъ бысымым, — ар тIэкIу бгъэутэрэлъэни уешъон фае.

Бысымым бжъэу фырагъэхъуагъэр тIэкIу ыгъэутэралъи рикIыхыгъ. Мыщ дэжьым ынэхэр къикIынхэм фэдэу къэхъугъ, адрэ нэбгырищымэ анывачIэ чIитхъэу жэкъухэу аублагъ.

Бысымым ипшъэшъэ анахьыжъэу медсестрау Iоф зышIэрэр унэм къихьи, Iанэр нахь къызэригъэфэн зеIом, ылъэгъурэр гъэшIэгъоны: бжыдзэхэмрэ хъунэхэмрэ зэрагъэлIэрэ уцыпс зэхэшIыхьагъэр зэрытыгъэ бэшэрэбыр унэкIыгъэу, зи имытыжьэу столым тет.

— Ал, тхьэ къысао гущи, сыда шъузэшъуагъэр?!

— Спиртыба, спирт, — ерагъэу къыIупшIыкIэу ащыщ горэм къыIуагъ.

— Хьау гущ, шъузэшъуагъэр бжыдзэгъалIэ, хлорофос. Адрэ апчэу спиртыр зэрытэу шифоньер къогъум къотым ар къыбгъодэтыгъ, — ыгу еIэжьыгъэу пшъашъэм къыIуагъ.

Ащ нэсы яакъыл ямыежьэу, щэIухэу, анывэхэр аIыгъхэу купри бысымри къызэхэфагъэх. ПсынкIэу врачыр къагъэсыгъ. Быныр гоIэжьыгъэ, Iофыр куо-хьау хъугъэ, гъунэгъухэри къэсыгъэх.

— Псаоу къэнэжьыгъэха? Олъэгъуа мы ешъоным цIыфмэ лажьэу къафихьырэр, зыгорэ зэхэдз яIэп! ЕшъуакIом зыгъэлIэн решъу зыфаIорэм фэдэх, — цIыфхэр рыгущыIэщтыгъэх.

Больницэм ащэхи, зы тхьамафэ чIагъэлъыгъэх. ХьашъокIэ анывэхэр къатхьакIыгъэх, уц зэфэшъхьафхэм арагъэшъуагъэх, уколы ашIыгъэх. Сыдыми ерэгъэ-псэрагъэу псаоу къагъэнэжьыгъэх, бжыдзэгъалIэм апсэ Iуихы пэтыгъ. Тхьэмафэм къыкIоцI щэепсы къодые нэмыкI аIуамыгъафэу сымэджэщым зэрэщаIыгъыгъэхэм пае алъакъохэр зэрынэхэу, ахъынэфэс зыфаIорэм фэдэу оды хъугъэх, ашъхьэхэр мэчэрэгъух.

Врачхэр джыри зэ къяплъыжьыхи, сымэджэщым къычIатхыкIыжьыхи, къызежьэжьхэм анахьыжъэу Ерэджыбэ къыIуагъ:

— Синаныухэр, хлорофосым псаоу тыкъелыжьыгъэмэ, сэ шъон лъэпкъ, щаерэ псыIэшIурэ анэмыкI, стыкъын езгъэхыжьыгъэу шъулъэгъунэп...

— Сэри псаоу сыкъызэрэнэжьыгъэм пае ныбжьи

семышъожьынэу Iуагъэ шъосэты, — къыхидзагъ Ахьмэд.

— Сэ сыкъызэлыжьыгъэм сыкъелыжьыгъэу «Лабэ дизэу аркъ дэт, ар пкIэнчъэу къыуаты» аIуагъэкIи псы емылыч лъэпкъ сымыIэтыжьынэу гущыIэ шъосэты.

Мыщ дэжьым бысымэу зиунэ щешъогъагъэхэ Мэдинэ къэгущыIи къыIуагъ:

— Псаоу тыкъызэрэнэжьыгъэм пае бжъэ цIыкIу зырыз зэдэтэрэIэтымэ сшIэрэп. Сыдэу шъо шъуIорэ ы-ы?

Купыр нэбэ-набэу ащ езэрэгъэплъыгъ.

## Бэрэщыс мэусэпы

Пчыхьэм къоджэ клубым чIэзэрэмыгъафэу цIыфыр чIизыгъ. Къуаджэм щыщхэу ащ ыпэкIэ клубым къэмыкIощтыгъэ Iаджхэри чIэолъагъох.

А зэпстэури зыфызэIукIагъэр зы нэбгырэ. Ар президиумым хадзыгъэхэм азыфагу ис. Ящыпэлъэгъу фэдэу цIыкIуи ини клубым къыщызэрэугъоигъэхэр а лIым езэрэгъэплъыгъэх. Ар къыгъэшIагъэм ыныкъо нахьыбэ колхоз къуаджэм гъукIэу Iоф щызышIагъэу ГъукIэлI ГъучIыпс ары.

Ныпчыхьэ а лIым ынаIэ тыридзагъэу еплъырэ нэбгырэ пэпчъ ышъхьэкIэ ГъучIыпсэ шIу фимышIагъэу ахэтэп. Зым шIуанэ фишIыгъ, адрэм иощ е ищэмэдж фызэтригъэпсыхьагъ, ящэнэрэм икъэлапчъэ гъучIхэр фыхилъхьагъэх. Ау пстэуми анахь шIогъэ инэу гъукIэм хэлъыр ащ илъэсипшI пчъагъэу гъукIэу Iоф зишIагъэм къыкIоцI колхозым гъэ къэс лъашъоми, пхъэIашэми, нэмыкIэу зэрылэжьэхэрэ машинэхэми пчъэгъабэ зэрафигъэцэкIэжьыгъэр ары.

Ежь пае мощ фэдиз цIыф къызэрэзэIукIагъэм ыгукIэ зэригъатхъэрэр къыхэщэу ГъучIыпсэ нэгушIоу купым къыхэплъэ, загъорэ ыпэкIэ къэгъэщыгъэхэр дырещэкIых.

— Ныпчыхьэ тыкъызыфызэрэугъоигъэр, — къыригъэжьагъ колхоз тхьаматэм, — ГъукIэлI ГъучIыпсэ ихьатыр. ТикъуаджэкIэ илэжьакIохэр апэу колхозэу зызэхэхьагъэхэм къыщыублагъэу джы къызнэсыгъэм исыдж лъэшэу къыгъаджэу ГъучIыпсэ хьалэлэу лэжьагъэ. А илъэс пчъагъэм къыкIоцI IофшIэнэу зэшIуихыгъэм ибагъэ къэпчъыжьыгъуай.

— Зыми ащ Iоф ышIагъэп ыIон ылъэкIынэп, — къахэIукIыгъ клубым чIэсхэм тхьаматэм игущыIэ зыщызэпигъэугъэм тефэу.

— Джы непэ, — къыригъэжьэжьыгъ тхьаматэм игущыIэ, — ГъучIыпсэ пенсием тэгъэкIотэжьы ыкIи илъэс пчъагъэм ыгу етыгъэу Iоф зэришIагъэм пае къуаджэм цIыфэу дэсхэм ацIэкIэ опсэу етэIо. Мы дышъэ сыхьатри фэтэгъэшъуашэ!

Ар зэрягуапэр пшIэнэу клубым цIыфэу чIэсхэр зэдырагъаштэу Iэгу тезэрэгъэуагъэх. Мыщ дэжьым ГъучIыпси нахь чэф къэхъугъ, ыгуи нахь лъэшэу къытеоу ыублагъ. А пчыхьэм ГъукIэлI ГъучIыпсэ пае клубым джэгушхо щыIагъ.

ГъучIыпсэ яIэгу къызыдэхьажьым, чэщым хьазырэу хэкIотэгъагъ. Ишъхьагъусэу Чабэ остыгъэр зэкIэгъэнагъэу къежэу щысыгъ. ЛIыжъыр унэм къызехьажьым, ныор чэфэу лъэшэу къыпэгъокIыгъ:

— Бэрэ укъаIыгъыгъ, ащ фэдизым къэпшIагъэр сшIэрэп нахь...

ГъучIыпсэ IущхыпцIыкIи, къыригъэжьагъ:

— Бэу дэхабэ къысаIуагъ. Джэгу сфашIи, сэри сыкъагъэшъуагъ.

— Ы, ыIорэр сшIэрэп сэ! О лIыжъышхом зэгорэм укъэшъокIуагъэкIэ, пкъохэм акъожьмэ къащэжьыгъэу, бгъэшIэщтыри бгъэшIэгъахэу умыукIытэу утехьи укъэшъуагъа? Къыздэбгъэхьащхыгъэхэщтын...

— Анахь пшъэшъэ дахэр къызытыращэм сфэщыIагъэп, слъакъохэм ежь-ежьырэу пчэгум сытырахьагъ. Сыплъэгъугъот, а пшъэшъэ дахэм сыкъыдашъо зэхъум...

— Шъо хъулъфыгъэхэм жъы шъухъугъэми, дахэ аIомэ зышъушIэжьырэп. Мыдэ тIысыри тIэкIу хаI.

Ныом Iанэр къешIыфэ лIыжьым дышъэ сыхьатэу къыратыгъэр иджыбэ къырихи столым къытырилъхьагъ. Ащ Чабэ гу лъитагъ.

— Сыд сыхьата мыр?

— Ар нычхьапэ тичылэмэ шIухьафтынэу къысфагъэшъошагъ, — зэрэрыгушхорэр къыхэщэу ГъучIыпсэ чэфэу джэуап къытыжьыгъ, ныом зэхыригъэхэу сыхьат кIыбым тетхагъэми къеджагъ: «ГъукIэ Iазэу ГъукIэлI ГъучIыпсэ тыфэразэу етэты!»



2 Заказ 041

— Олахьэ сыхьат дахэм, лIыжъ, мы къыуатыгъэр! — зэпыригъазэмэ-къызэпыригъэзэжьэу Чабэ бэрэ сыхьатыр ыIыгъыгъ. — Мафэ пфэхъу!

— А дышъэ сыхьатым о уиIахьи хэлъ, ныу, оры мыхъугъэмэ, сэ ащ фэдиз илъэс пчъагъэм машIом сыпэтэу, кIыщым сычIэтэу Iоф сшIэн слъэкIыщтыгъэп. Уишхын шIыгъэ кIуачIэ къыситыгъ, куцI сигъэшIыгъэ...

Нэфшъагъо охъуфэ, ГъукIэлI ГъучIыпсэ ынапIэ зэтырилъхьагъэп, зызэпыригъазэмэ-зыкъызэпыригъэзэжьэу пIэм хэлъыгъ: бэ зэгупшысагъэр, бэ ыгу къэкIыжьыгъэр. ЦIыкIу дэдэу ятэжъэу гъукIэ Iазэщтыгъэм къыриIогъагъэхэр гупшысэ пстэуми апшъэ къэхъужьыщтыгъэ: «А сихьатIэхъу, тэ тлъэпкъыкIэ тыгъукIэ Iэпэщтыгъэ: «А сихьатIэхъу, тэ тлъэпкъыкIэ тыгъукIэ Iэпэ-Iасэзэ къэтэхьы. А Лъэпшъ зыфаIощтыгъэ гъукIэ Iэзэ дэдэу ынитIу алъэгъурэр зыIэхэмкIэ зыгъэчъыщтыгъэм ылъ щыщ тэ тлъэпкъы къыхэхьагъэу ары зэраIорэр. Ори, сикIал, гъукIэ Iазэ ухъумэ, сигопэщт. ГъукIэ сэнэхьатыр хэпхымэ, укIэгъожьыщтэп, цIыфмэ уишIуагъэ ябгъэкIын плъэкIыщт, ар уинасыпы илъэмыджэу хъущт».

Гупшысэм хэтэу нэф зыщцышъыным хэчъыягъ ыкIи пкIыхьэ дахи ылъэгъугъ. ЛIэшIэгъуныкъо хьазырым къыкIоцI лэжьэкIо Iэмэ-псымэу IэкIэкIыгъэр зэкIэ дышъэ самэ хъугъэу зэтелъых. Къуаджэм цIыфэу дэсхэм, ини цIыкIуи ыIапэ къаубытызэ, шъхьадж дышъэ сыхьат къыфещэи.

...Тыгъэр къыкъокIыгъэ къодыеу ГъучIыпсэ къэущыжьыгъ. Бащэрэ зэрэщылъыгъэм рыкIэгъожьэу псынкIэу къызщылъэтыгъ. ТIэкIу ышхи псынкIэу унэм икIыгъ. Ау бэрэ къэмытэу къыгъэзэжьыгъ.

— ГуIэн IофкIэ тыда пчэдыжь нэфмышъэу уздэчъагъэр? — къеупчIыгъ Чабэ, ГъучIыпсэ унэм къызехьажьым.

— Ашъыу, Iоф зэрэсымышIэжьырэр сщыгъупшэжьи, сызэресагъэу кIыщым сыкIогъагъ.

— Икъугъэба Iофэу пшIагъэр, зыгъэпсэф, — къегыигъ ныор.

— Хъун, дэгъу — дыригъэштагъ ГъучIыпси Чабэ.

Ау ятIонэрэ пчэдыжьыми жьэу къэтэджыгъ, тIэкIу зешхыхэм, унэм имызагъэу иIофшIапIэщтыгъэм екIугъ. Iоф имыIахэми, кIэлакIэу ычIыпIэ ихьагъэм дэIэпыIэу, гъукIэным ишъэфхэр риIуатэхэу щэджагъо нэс кIыщым



къычIэтыгъ. Ящэнэрэ, яплIэнэрэ мафэми... аущтэу ышIыгъ.

— А лIыжъ, сыдэу угумыпсэфа, уиIоф щымыIахэу мафэ къэс кIыщым окIо, чылэр къыбрыгущыIэ хъужьыгъэ, — мэцIацIэ Чабэ. — Ащ нахьи нахьышIу о уиунэгъо Iофхэм апылъыри.

— Сыда сэIо сэбгъэшIэщтыр?

— ПшIэн макIа? Тичэу ныкъо-тыкъу, тикъэлапчъи зэхэсысыхьэ...

Иныо ыжэ ымыгъэIылъыхэ зэхъум ГъучIыпсэ кIыщ кIоныр хинэжьыгъ. Къэлапчъэми чэуми яупхъугъ, нэмыкI унэгъо IофшIэнхэри ыгъэцэкIагъэх, хьаблэм дэсхэми IэпыIэгъу афэхъугъ, зым обзэгъукIэ, адрэм кохъуакIэ фишIыгъ. Ау а пстэуми агъэразэрэп ГъучIыпсэ. ЧIэнэгъэшхо горэ зиIэм фэдэу, тыдэ кIуагъэми щымыгъупшэу ыгукIэ мэгумэкIы. Ар Iофыжьа, ыпэкIэ хэмылъыгъэу Чаби нахьыбэрэ щыхьэгъу къышIэу къыублагъ.

— А лIыжъ, чэщи мафи слъапсэ уимысымэ мыхъунэу урапхыхьагъа? «Бэрэщыс мэусэпы» аIуагъ, икIыри зыгорэм еупхъуба е цIыфмэ ахахьэри унэ жьы тIэкIу кIэгъэуба, — Iудымыдыщтыгъэ Чабэ, ГъучIыпсэ унэм имыкIэу бэрэ ис зыхъукIэ. Ау Iэгум дэхьагъэкIи, ащ ышIэн хъатэ дигъуатэщтыгъэп.

— Хъунэп ари, сыкIон правлением, IофшIэн горэ къыситынэу тхьаматэм селъэIун, — зэриIожьи пчэдыжьым ГъучIыпсэ ищагу къыдэкIыгъ.

— «Бэрэщыс мэусэпы» аIуагъ, ащ нахьыбэрэ зыми сыфэмыгъэзагъэу сыщысын слъэкIыщтэп, IофшIэн горэ къысэт, — риIуагъ тхьаматэм. ЕтIанэ тIэкIу тыригъашIи пигъэхъожьыгъ: — КъысиIогъагъэп умыIожь, къэрэгъулэу сыогъакIокIэ сезэгъыщтэп.

— Олахьэ, ГъучIыпс, игъо шъыпкъэм укъэкIуагъэм! — зэригуапэр къыхэщыгъ колхоз тхьаматэм. — Тыгъопчыхьэ правлением тыщырыгущыIагъ, нэжъ-Iужъхэм шъутыугъоинышъ, тышъолъэIун гухэлъ тэри тиIагъ. Мыгъэ натрыфэу тылэжьын фаер бэ. Механизаторхэм шъуадэIэпыIэмэ, натрыфыр гъэбэгъогъэнымкIэ шъуишIогъэшхо къэжъугъэкIон шъулъэкIыщт. Тызэрэпщыгугърэр, ГъучIыпс, а нэжъ-Iужъхэм пащэ уафэхъунэу ары.

Тхьаматэм къыриIуагъэр гопэшхо щыхъугъэу ГъучIыпсэ чэфым зэрихьэу унэм къэкIожьыгъ.

— А ныу, моу тIэкIу сэгъэшхы. ПсынкIаIо, ныу! —

ымакъэ Iэтыгъэу, икIэлэгъу къыгъэзэжьыгъэу къыщыхъоу, Чабэ тепхъэшыхьэщтыгъ.

— Сыда лIыжъ къэхъугъэр, арэу узгъэгуIэрэр?! — мы аужырэ лъэхъаным хэмылъыжьыгъэ шэнэу къыхэфагъэр егъэшIагъо Чабэ.

— УмышIэмэ сшIэрэп нахь къэбар къыпфэсIотэнэу сэ уахътэ сиIэп, — ГъучIыпсэ зышIомыдэеу къэгущыIэ. — Пшъэрылъ ин къысфашIыгъ.

— Сыд Iофа сэIо узфагъэзагъэр?

— Натрыфлэжьхэм пащэу сыряIэщт.

— Дэгъу, мыхъуми танэIу уикIын, уицIэцIэ макъи нахь макIэрэ зэхэтхын.

— Хьау, ащ ущымыгугъ. Ори апэ узэритэу тыкIощт пкIэнакIо.

Къуаджэм хахьи ГъучIыпсэ нэжъ-Iужъхэм адэгущыIагъ.

— «Бэрэщыс мэусэпы» аIуагъ. ТIэ зэтедзагъэу тыщышъумыгъэс, натрыфышъхьэ кухьэ зыбгъупшI къэтхьыжьыми, ари тикъэралыгъо ифед, — ареIо нэжъIужъхэм. — Тиколхоз IэпыIэгъу тыфэжъугъэхъу.

ЗыдэгущыIагъэхэм янахьыбэмэ игъокIэ къыдаштагъ. Ащ тетэу нэбгырипшIым ехъу зыхэт нэжъ-Iужъ звенэр ГъучIыпсэ зэхищагъэ.

...Джы мары а звенэм инатрыф хьасэ зылъэгъурэ пстэуми лъэшэу агу рехьы.

«ГъукIэлI ГъучIыпсэ извенэ инатрыф хьас!» — аIо ащ ебгъукIорэ пстэуми. Ар ежьыри гуапэ щэхъу. Нахь ныбжьыкIэ хъужьыгъэуи уеплъы.

## КъэгущыIэрэ чъыгхэр

Тикъуаджэхэр зэхэтIысхьэхэу зыгорэм рыгущыIэхэ хъумэ бэрэ Дамыр лIыжъым икъэбаркIэ аухыжьы. Ащ дахэ нэмыкI зи Iае фаIорэп. ФаIона ежь илэгъухэм гъакъ рагъаIоу щэсыфэхэ, цIыфмэ лъытэныгъэ зэрэфашIын лIыгъи зэрихьагъэмэ, щысэшIуи къыгъэлъэгъуагъэмэ!

Дамыр зэшIуихыгъэ Iофым фежьэныр ыгу къызыкIыгъэр илъэситфыкIэ узэкIэIэбэжьымэ къалэм къызекIыжьыр ары. Зэошхоу блэкIыгъэм щыфэхыгъэхэм апае егъашIэм мыкIосэщт машIоу къэлэ гупчэм щызэхагъэнагъэр ащ къыщилъэгъугъ. Дамыр ащ бэрэ еплъэу щытыгъ ыкIи егупшысагъ: «Тишъхьафитныгъэ фэбанэхэзэ, зыпсэ тфэзытыгъэхэр цIыфмэ ащымыгъупшэу, агу илъызэпытынымкIэ мыщ фэдэу машIор чэщи мафи къэблэнэу зэрэзэкIагъэнагъэр дэгъу, ар зыгу къэкIыгъэм опсэу епIоныр, пытэу ыIапэ уубытыныр тефэ... А машIор зыфагъэблэхэрэр тикъуаджэ щыщхэу лIыгъэ зыхэлъэу заом хэкIодагъэхэр арынкIи мэхъу, ахэмэ сэ скъо закъоу къэзымыгъэзэжьыгъэри ахэтыгъ. Адэ сыда тилIыхъужъхэу тэ тимафэхэр мыушIункIыным пае зищыIэныгъэ зытыгъэхэм ясаугъэт гъэIэгъэнымкIэ сэ сшъхьэкIэ сишIуагъэу къэзгъэкIуагъэр ыкIи сшIэн слъэкIыщтыр? ЕгъашIэм мыкIосэрэ машIо тикъуаджэ тэри щызэкIэдгъэнэгъагъэмэ дэгъугъэ...»

Джащ фэдэ гупшысэхэм Дамыр зэлъаштагъэу мэфэ заулэрэ хэтыгъ. Бэрэ зегупшысэхэ нэуж ащ IофышIу ыгу къэкIыгъ. Арары къэтIотэнэу тызыфаери. ТIыси якъуаджэ щыщ нэбгырэ пчъагъэу заом кIуи къэзымыгъэзэжьыгъэхэу, фэхыгъэхэкIэ зитхылъхэр къэкIожьыгъэхэр къылъытагъэх. Хэмыукъоным ыкIи ащыщ горэ къымыгъэнэным пае къоджэ Советым спискэу чIэлъыми нэIуасэ зыфишIыгъ. Спискэм еплъызэ, къоджэ музеим заом хэкIодагъэмэ ясурэтэу чIэтхэри зэпэкIигъэкIызэ, къыплъыхьагъэх. Къуаджэм щыщхэу къэзымыгъэзэжьыгъэхэм япчъагъэ 89-м нигъэсыгъ.

А нэбгырэ 89-рэр Дамыры, къанэрэ щымыIэу, анэгукIэ ышIэщтыгъэх. Ахэмэ ацIэхэмрэ алъэкъуацIэхэмрэ ягугъузэ тхылъыпIэ тхьэпэ къабзэм тыритхэхи иджыбэ рилъхьагъ.

— Сыда а зыуж уиты цIыфхэу плъытэу-къэплъытэжьыхэрэмэ афыуихьисапыр? — ыIуи игъунэгъу лIыжъымэ ащыщ зэ-тIо Дамыры къеупчIыгъ. А упчIэм сыдигъокIи Дамыры джэуапэу ритыжьыщтыгъэр, а зыр ары: «Джыдэдэм сэ зи къыосIон слъэкIыщтэп, бэрэ пэмытэу ащ фысихьисапыр нафэ къыпфэхъущт...»

Къуаджэм ипащэхэм Дамыр заIуигъакIи игухэлъ зыфэдэр ариIуагъ:

— Тикъуаджэ пэмычыжьэу, псыхъом пэблэгъэкIаеу ТыгъэлыкIэ еджэхэу чIыпIэ горэ иI. Ар зэрэпэналъэр шъори дэгъоу шIошIэ, хъупIэкIи къыпшъхьапэрэп, аужым ащ псэолъапхъэ хъуни къыхэкIрэп. Изын къысэшъутымэ, а пэналъэр цIыкIу-цIыкIоу сыукъэбзыни чъыгхэр щызгъэтIысыщт.

Къуаджэм ипащэхэм Дамыр ариIуагъэр ишъыпкъэмэ хьауми исэмэркъэумэ амышIэу бэрэ къеплъыгъэх. Ау къуаджэм ипащэхэм ишъыпкъэу зажэхахьэм, «дэгъу, хъун, мурадышIу зыфэпшIыжьыгъэр, ар къыбдэхъумэ, тэри гуапэ тщыхъущт», — къыраIуагъ.

Дамыр пенсием кIоным ыпэкIэ зэришIыщтыгъэм фэдэу, жьэу къэтэджымэ, Тыгъэлым ылъэныкъокIэ мафэ къэс зыригъахьэу ыублагъ. Бжыхьэм, чъыг гъэтIысхьагъу лъэхъаныр къэсыфэ пэналъэм щыщэу чIыпIэ ин хьазыр шъолъыр кIыхьэу ыукъэбзыгъ. Бжыхьэ зэхъум, ежь ынаIэ зытридзэгъэ чъыгы лые цIыкIухэу иIэгу дэтхэм ащыщхэри, нэмыкIрэ Iэгу зытIу къэщилъэIуфагъэхэри Тыгъэлым ыхьыхи щигъэтIысыгъэх.

Чъыгэу ыгъэтIысхьагъэмэ зи ахэмыфыкъукIыным пае амал Iаджхэри зэрихьагъ. Чъыгы цIыкIу пэпчъ апкъыхэр мыуфэнхэм, жьыбгъэм римыкIыкIынхэм пае пкъэужъыеу чIитIагъэмэ шъодэнкIэ арипхыгъ, егугъузи къышIыхьагъ. Чъыгэу ыгъэтIысхьагъэмэ апэмычыжьэу пэнэ куандэхэу риупкIыгъэхэм ахишIыкIи чыл цIыкIуи ыгъэуцугъ. Къэрэгъулэ шыоу губгъор къэзыкIухьэрэм ащ лъыплъэзэ ышIынэу елъэIугъ.

ЯIэгу сад фимыкъоу Дамыр лIыжьым абгынэжьыгъэ пэналъэу ТыгъэлкIэ заджэхэрэм чъыгхэр зэрэщигъэтIысхьагъэм икъэбар чылэм хиз хъугъэ. Зым Дамыр ышъхьэ тIэкIу къыщыкIэгъэн фае ыIуагъ, адырэм зэщтегъэу фэшIэу пэналъэр пщыпIэу хихыгъэу ары къызэрэщыхъугъэр. Ишъхьэгъусэу Сасури заулэрэ илIыжъы Iаджхэри риIуагъэх, чылэр къызыдэогъэхьащхи сыди къымыгъанэу ецIэцIагъ. Ау Дамыр ныори зэрахэтэу хэт сыд ыIуагъи ытхьакIум ригъэхьагъэп.

Бжыхьэм ыгъэтIысхьэгъэ чъыгхэм алъапсэ пытэу зэриубытыгъэр ыкIи апкъыхэр зэрэуцугъэхэр Дамыры зелъэгъухэм, сабыим фэдэу гушIуагъэ. ТIэкIу шIагъэу унашъхьэм тыралъхьэрэ гъучI фыгъэ фыжь пIуакIэу мыулъыйрэм фэдэу зы тхьапэ зэригъэгъотыгъэ. Ар плIэмые-плIэмыеу якIыхьагъэкIи яшъомбгъуагъэкIи зэфэдизхэу пчъагъэ хъухэу зэхибзыкIыгъэ. ЕтIанэ гъунэгъу еджэкIо цIыкIухэр иIэпыIэгъоу заулэмэ алъэкъуацIэхэр фэкъулаеу ахиуIупкIагъэх.

— Мы лъэкъуацIэхэу гъучI фыгъэ фыжь бзыхьафхэм атетхэм афэдэ зылъэкъуацIэхэр тэри тхэтых. Сыда мыхэмэ афыуихьисапыр, тэтэжь? — шъэожъыемэ ащыщхэр Дамыры къезэрэгъэупчIыгъэх.



Джэуапым икъэтыжьын Дамыр дэмыгузажъоу лъэкъуацIэхэр зытетхэгъэ гъучI пIокIэ бзыхьафхэр ыплъыхьагъэх. Ежь ишъэогъужъэу ыкIи ыкъо закъоу заом щыфэхыгъэхэм ацIэхэр къызытещыхэрэр къыштэхи, илэжьэкIо Iэ пхъашэхэмкIэ афэсакъыпэу анэси, мыгумэкIыхэу къыригъэжьагъ:

— Мыхэмэ хьисапэу афысиIэм шъуегъэгумэкIы Iолъ. СихьатIэхъухэр, мы зылъэкъуацIэхэр тетхагъэу шъулъэгъухэрэр зэошхоу блэкIыгъэм щыфэхыгъэхэр ары. ЗэкIэри тикъуаджэ щыщ закIэх. Ащ яспискэу сIыгъыр къоджэ Советми военкоматми ащауплъэкIугъэх. Тикъуаджэ ицIыфы пIугъэхэу, непэрэ тидунэе дахэ, тинасып апае зищыIэныгъэ зытыгъэхэм алъэкъуацIэхэр зытетхэгъэ гъучI фыгъэ тхьапэхэр чъыг цIыкIухэу Тыгъэлым щызгъэтIысыгъэмэ зырызэу апысшIэщт. О уятэжъи, мыдрэм ятэжъи, сэ синыбджэгъу гупсэу Хъусени, скъоу Юныси, ахэмэ анэмыкIыбэхэри псаухэу къытхэтхэм фэдэу, а чъыгхэм ягъусэщтых, адыщыIэщтых...

Гъэтхэ ыкIи бжыхьэ лъэхъанхэр къызыфигъэфедэхэзэ, Дамыр емызэщыжьэу Тыгъэлым щыриупкIыгъэ панэхэм ачIыпIэкIэ илъэс къэс чъыгхэр щигъэтIысхьэзэ, пчъагъэр 89-м нигъэсыгъ. Ар якъуаджэ щыщхэу Отечественнэ зэошхом зыпсэ хэзылъхьагъэу къыфалъытагъэм фэдиз.

Дамыр лIыжъым ыпкъы къикIыкIэ Тыгъэлым чъыгхэу зыкъыщызыIэтыгъэмэ зэрэчылэу арэпагэ, ащэгушIукIы. Джы а чъыгхэм цIыкIуи ини къуаджэм дэсхэр ЛIыхъужъхэм ячъыгкIэ яджэх. Ар цIыфыбэмэ якIуапIэ хъугъэ. Май мэфэкI хъуми, ТекIоныгъэм и Мафи ЛIыхъужъхэм ячъыгхэм адэжь къоджэдэсхэм зэIукIэхэр щашIых.

Зэпстэуми нахь гушIуагъор Дамыр лIыжъым ищысэ кIырыплъыхэзэ, Адыгэ шъолъырым лIыхъужъмэ ацIэкIэ чъыгыбэхэр, сад псаухэр ащагъэтIысхьэхэу зэраублагъэр ары.

Ежь къоджэдэсхэм ямызакъоу хьакIэ горэ зыпакIэ къикIэу къэкIуагъэми, ЛIыхъужъмэ ячъыгэу Дамыр ыIэшъхьитIукIэ къыгъэкIыгъэхэм адэжь макIохэшъ ашIогъэшIэгъонэу къяплъых. Чъыгыхэу зызыIэтыхи, зикъутамэхэр зыушхугъэхэм уяплъымэ умыгушхон плъэкIырэп. Ахэмэ япкIашъэхэр гъэмэфэ лъэхъанэрэ псэ апытым фэдэу зэIушъашъэх: «Тэ, лIыхъужъхэр,

бэшIагъэ зэо мэхъаджэм тызыщыфэхыгъэр, ау мы чъыгыхэм яхьатыркIэ тэри шъо, псаоу щыIэхэкIэ, гъусэу тышъуиIэ фэд...»

Дамыр ышIагъэмкIэ ыгукIэ рэзэ дэд: игухэлъ къызэрэдэхъугъэм нахь ныбжьыкIэ зэришIыгъэр изекIокIэшIыкIэхэмкIэ хэти къешIэ.

## Хьанашхъо игумэкI

Президиумым хэсхэм акIыбкIэ ерагъэу плъэгъоу механизатор IэпэIасэу Мышъэост щысыгъ.

Лэжьыгъэ угъоижьыным кIэухэу фэхъугъэхэм яхьылIагъэу колхозым иIэшъхьэтетэу къэгущыIэрэм мызэумытIоу Мышъэост ыцIэ дахэкIэ къыхигъэфагъ.

— Мышъэост фэдэхэр ары тичIыгу гъэбэжъулъэ зышIыгъэхэр, — къыIуагъ докладчикым. — Ащ комбайнэм зэхъокIыныгъэу фишIыгъэм ишIуагъэкIэ, тикоц бэгъуагъэ чIэнагъэ фэмыхъоу Iутхыжьын тлъэкIыгъэ. Чылэм ыцIэкIэ, зэкIэ мыщ цIыфэу къекIолIагъэмэ ацIэкIэ, Мышъэост, аферэм етэIо!..

Мыщ дэжьым пшъэшъэжъыемэ ащыщ горэм къэгъагъ Iэрамышхо ыхьи, Мышъэост ритыгъ. ЕтIанэ Iэгутео макъэм кIэрыкIэу залым зыкъыщиIэтыжьыгъ.

ЗэIукIэм къекIолIагъэхэм Мышъэост игъунэгъу Хьанашхъуи ахэсыгъ. Ар чыжьэу-чыжьэу къогъум, аужэ дэдэкIэ щысыгъ. КIалэхэзэ зэдрагъэжьи, Мышъэострэ ежьырырэ прицепщикхэу загъэсагъ, трактор курсри къызэдаухи, машинэхэм хэшIыкI афызиIэ механизатор дэгъу хъугъэх. Ау мары илъэсипшI хьазыр хъугъэ Хьанашхъо чылэм зыщымылэжьэжьырэр. Унэ дэгъуи ышIи, легковой машинэ зещэфым, тIэкIу-тIэкIузэ щыIакIэ зыщигъотыгъэ колхозым ыкIыб фигъэзэжьыгъ. Iоф хьылъэ ышIэ мыхъунэу зэ бэшIагъэу врачмэ тхылъ горэу къыратыгъагъэр ары ренэу Iэубытыпlэ ышIырэр. Ау машIор къырыгъэкIэу ихатэ дэлажьэ, нэфшъагъом къэтэджы, чэщныкъом мэгъолъыжьы, «Iоф хьылъэ сшIэ хъуштэп» зыIорэм пудищ зионтэгъогъэ мотор цIыкIоу хъуштэп зыIорэм ... хатэм псыр зэрэкIигъахъорэр зэуи щымыхъоу къырехьакIы. Ихатэ къыдигъэкIырэ помидорымрэ нэшэбэгумрэ чыжьэу Iуищыхэу ыосиблкIэ зищахэкIэ, ащ кIихыгъэр шIомакIэу етIани щэфын-щэжьыным хэхьажьы.



Ренэу ышъхьэ имыкIырэр ахъщ, ахъщ. Гъолъыжьыми ар ипкIыхьэлъэгу.

Ау нычхьапэ игъунэгъу Мышъэост президиумым хэсэу, цIыфхэр Iэгу фытеохэу, къэгъагъэ Iэрамхэр фащэихэ зэхъум, Хьанашхъо ащ емыхъопсэн ылъэкIыгъэп. «Сэри сэлажьэ, Мышъэости мэлажьэ, сэри сыщыI, Мышъэости щыI. Мышъэост чылэр гушIоу пэгъокIы, сэ нахьыбэр нэжъкIэ къысэплъы...»

Хьанашхъо илегковой машинэ игъэкIагъэу зыфэе лъэныкъом зыригъэхьын зэрилъэкIырэм рыпагэщтыгъэ. Ау икIэлэгъу блэкIи нахь лIы хэкIотагъэ зэрэхъугъэр арымэ сшIэрэп, ищыIэкIэ-псэукIэ мафэ къэсми нахь къыIэкIэуIаеу хъугъэ. Ыгу зыгъэкIодыгъапэр ипшъэшъэ нахьыжъэу институтым щеджэрэм гущыIэу къыриIуагъэхэр ары. «А пап, сыд пае тыгъукIэ ущыIа?»

«Сыд пае тыгъукIэ ущыIа?» А гущыIэхэр Хьанашхъо гъурзэу ыгу телъыгъэх.

Мэфэ заулэ тешIагъэу Хьанашхъо фэмыщыIэу ыпхъу еупчIыгъ:

— Хэта тыгъукIэ сыщыIэу къыозыIуагъэр?
— Чылэм дэсмэ афэдэ ухъу сшIоигъу!
— Сыда, сылэжьэкIо дэя сэ?
— Улэжьэными лэжьакIэ иI, пап. О пшъхьэ закъо уфэлажьэ къодыекIэ икъурэп, ощ фэдэу зэкIэмэ яхатэ нэмыкI ашIомыIофэу, колхоз губгъом IофышIэ зи мыкIожьы хъумэ, институтэу сызчIэсым щеджэрэ студент заулэмэ ашхыщтыр тыдэ къикIыщта? ЗэкIэри ощ фэдэу хатэм нахь чыжьэу мыплъэу щысыгъэхэмэ, хэта тирабочхэми, тикIалэхэу дзэм хэтхэми, больницэмэ ачIэлъ сымаджэхэми ашхыщт гъомлапхъэхэр къэзылэжьыщтыгъэр?

— Ахъщэ лые къысIэкIахьэмэ, шъоры зытекIуадэрэр...

Анахьэу пхъум Iэубытыпlэ ышIыгъэр Хьанашхъо спекулянт шъыпкъэ зэрэхъугъэр, ащ ехьылIагъэу къуаджэм къэбар дэеу щызекIохэрэр ары.

МэфэкI мафэ горэм къуаджэм илэжьакIохэр демонстрацием щыIагъэхэу къэкIожьхэзэ, Хьанашхъо тIэкIуи ешъуагъэу Мышъэост бгъодахьи риIуагъ: «Гъунэгъур, зэкIэри сиI, сызыфэныкъо зи щыIэп, ау цIыфхэр нэбгъунджыкIэ къысэплъых. Сыда сэ мыхъунэу сшIагъэр?»

Хьанашхъо иупчIэхэр зэхэзыхыгъэ лэжьэкIо анахьы-

жъэу джыдэдэм пенсием щыӀэ Шъэокъарэ къыщыуӀи щхыгъэ:

— Уилажьэр пшӀэрэба, Хьанашхъу, ор-орэу узэтыгъожьы, етӀани птыгъужьырэр о уицӀыфыгъ. Ар сэӀо шъхьакӀэ, цӀыфыгъэу о къыпхэнагъэ щыӀэп. Дунаим утет къодый...

Чэщ реным чъыен ылъэкӀыгъэп Хьанашхъо. Нэф къызэрэшъэу Шъэокъарэ дэжь кӀуи, ыпашъхьэ итӀысхьагъ:

— Зы упчӀэ пфысиӀ, Шъэокъар.

— КъаӀо, сшӀэмэ къыосӀон, — ыӀуагъ лӀыжъым.

— Сшхыни сщыгъыни сызыфаем фэдиз зэсэгъотылӀэжьы, — ишъыпкъэу къыӀуагъ Хьанашхъо, — ау сыгукӀэ сытхъэрэп. ЦӀыфмэ нэмыплъ къысаты. Сыдэущтэу цӀыфхэр нэшӀукӀэ къысэплъыхэу сшӀын слъэкӀыщта?

— Ащ уегъэгумэкӀымэ, джыри цӀыфыгъэр чӀэунэгъапэп, Хьанашхъу. Ау о цӀыфмэ уасэ къыпфашӀэу, шъхьэкӀэфагъэ къыпфыряӀэ пшӀоигъомэ, пшӀэщтыр зы. О пшъхьэ узэригъэгумэкӀырэм фэдэу цӀыфми яӀоф, чылэм иӀоф, къэралыгъом иӀоф зягъэгъэгумэкӀ. Джар зыбгъэцакӀэрэм, хъурэр плъэгъун.

## Тэчыкъомэ яныо зэрымыразэр

Тэчыкъомэ яджэгу фэдэ мы аужырэ илъэс зытӀум цӀыфмэ амылъэгъугъэу ары къызэраӀуатэрэр. Аукъодыеу ащ Ӏофы зырагъэшӀыгъэу рыгущыӀэхэрэп: хэкум анахь пщынэо Ӏазэу исхэм зэлъашӀэрэ хьатыякӀохэр ягъусэхэу джэгур зэрифэшъуашэу зэрагъэкӀуагъэ. Пшъэшъэ зидэкӀогъу дахэхэр, кӀэлэ къэшъокӀо Ӏазэхэр мымакӀэу къекӀолӀэгъагъэх. Джэгур зиджэгухэри, ащ цӀыфэу къекӀолӀагъэхэри зэфэразэхэу зэбгырыкӀыжьыгъэх.

Джэгур заухыгъэр хьазыр шӀагъэ нахь мышӀэми, Тэчыкъомэ нысэу къафащагъэм идэхагъэ джы къызнэсыгъэм рыгущыӀэрэр макӀэп. ИзекӀокӀэ-шӀыкӀи, ымакъэ ишъэбагъи, ышъхьац икӀыхьагъи бэмэ агу рихыгъэх, ащымыгъупшэжьэу анэгу кӀэт. КӀэлэ зикъэмыщабэу джэгум къекӀолӀэгъагъэхэм ащыщхэм ащ фэдэ шъхьэгъусэ бзылъфыгъэ къабзэ агъотынкӀэ ашӀэмэ зыпэ къамыштэн щымыӀэу зыӀонхэри къахэкӀыгъэх.

Тэчыкъомэ яныоу Сурай ары нысэм анахь щыгушӀукӀыгъэр. «Ар зидэхагъэм кӀэлэ дахэхэри къыфэхъун шъыпкъэх, — ыгукӀэ зыфиӀожьыщтыгъэ, — зи шъузкӀэ сишъао тыригъэфагъэп зыми ыӀонэп, тигъэунэжьыгъ. Сыхьатмэфиблэ тежьагъ...»

Сурай инысэ ыӀэ шъэбэ фыжьхэмрэ ыбгы ипсыгъуагъэрэ зяплъыкӀэ, игъунэгъу ныохэр къызфэгушӀохэм къыраӀогъагъэхэр кӀэрыкӀэу ыгу къэкӀыжьых: «Уинысэ къыпфалъэгъункӀэ зи зымыуасэ щыӀэп, мэлаӀичым фэд, къырямыгъэфэкӀыщэу унаӀэ тегъэт, уинысэ идэхагъэ къыщыкӀэмэ ори зэрэунагъоуи шъуидахэ аӀонэп».

Тэчыкъомэ янысэ хьакъу-шыкъухэр ытхьакӀы хъумэ ыӀэхэр бэрэ псы чъыӀэм химыгъэлъынэу зэ-тӀо игуащэ къыриӀуагъэх. Ар нысэм гуапэ щыхъугъ. Сурай ыкъуи къызхимыгъэщ нахь мышӀэми, янэ нысэм ыӀэмэ афэсакъынэу зэриӀорэр ыгу рихьыщтыгъэ. «ПӀэхэр псы чъыӀэм бэрэ хэмыгъэлъ, синыс», — гуащэм зиӀокӀэ, «УмыгумэкӀ, нангуащ, сэ сӀэхэмэ хьэшъо фыжь Ӏэбыцохэр апылъыхэу хьакъу-шыкъухэр сэтхьакӀы», — нысэм къыӀожьыщтыгъэ.

Хьакъу-шыкъухэм ямызакъоу картошкэ ыупсыми, хьалыгъу ыбзыми, нысэм хьэшъо Ӏэбыцохэр ыӀэмэ зэрапылъ зэпытырэм гуащэм гу лъитагъ. Ащ пае Сурай шъэф цӀыкӀоу ышъхьэ фиӀожьыщтыгъэ: «А слъэгъурэр зэрэзыфэсакъыжьырэмкӀэ, ныбжьи ыӀэхэр стхъэнхэп ыкӀи пхъашэ хъунхэп. А сибо, джырэ нысэхэм ядэхагъэ къыщамыгъэкӀэным пае агу къэмыкӀын щыӀэп. Сыхьатмэфэ шъыпкъэ джырэ нысэхэр ежьагъэх».

Нысэм ишхэни ичъыени зи къыщимыгъакӀэу зэрэзэгугъужьырэм гуащэм ыгу рэхьаты ышӀыгъ: «Тинысэ идэхагъэ къыщыкӀэщтэп».

Ау Тэчыкъомэ яныо шӀогъэшӀэгъон дэдэу инысэ зыгорэ рилъэгъулӀагъ. Ар зи зыфигъэзэни зыфихьыни ышӀагъэп. Нысэр гъолъыжьынэм къыпэу щэм техъогъэ щатэр къытырихи, ащкӀэ ынэгу зэфэдэу ыцӀал-ыцӀали, чэсэй фыжьыкӀэ ыпхыгъ. Ныом ар зелъэгъум, ыгукӀэ щхыгъэ: «Сэ щатэу щэм техъорэр зыдэхъурэр сымышӀэу чэтыужъым теслъхьэщтыгъэ. Тичэтыужъы пкӀэнчъэу сыгу ебгъэщтыгъэ, пчъагъэри имылажьэу Ӏэгу чъыӀэм исфыгъ».

Сурай ылъэгъугъэр илӀыжъ риӀотэфэ ышӀуабэ шӀэу,

ар ягъунэгъумэ адэжь къикIыжьыфэ ежэу тIысыгъэ. Чэщныкъо ужыр ары Сурай илIыжь къызыхэкIыжьыгъэр. ПчъэIум лIыжъыр къызэребэкъуагъэм лъыпытэу, Сурай щатэм икъэбар шъэфышхо зыригъэшIэу ащ фиIотагъ. ЛIыжъым ащ къыриIолIагъэр мэкIэ дэд: «А ныу, ущыIэмэ ащ нахь шIагъуи плъэгъун».

Сурай инысэ ынэгу щатэ зыкIыщифэрэр зэригъашIэмэ шIоигъоу ягъунэгъу пшъэшъэ зидэкIогъум зыIуигъакIи, IуупчIыхь-къыIуупчIыхьажьэу ыублагъ. «Щатэр бзылъфыгъэмэ зызыкIыщафэрэр, нэнэжъ, — къыриIуагъ ягъунэгъу пшъашъэм, — анэгу зэмылъэным, анэгушъо зэрэдахэм нахьи нахь ехъуным, гъунджэм фэдэу укъищы хъуным пае».

Тэчыкъомэ яныо къыраIохэрэмрэ ылъэгъухэрэмрэ шIохьалэмэтхэу хэтызэ, игъо къэси янысэ шъао къыфэхъугъ. Тэчыкъомэ яунагъо цIыкIуи ини исыр ащ ыгъэгушIуагъ. Дунаир зыфэмыхъужьыгъэр къыгъэшIагъэм апэрэу нэнэжъ хъугъэ Сурай ары. Тэтэжъ хъугъэми нэнэжъым нахь мымакIэу игушIогъошхуагъ, ау къызыхигъэщыгъэп.

Сабыир къызыхъугъэм мэзищ нахь темышIагъэу, янэ ар нахьыбэрэ хьашъобыдзкIэ щэ ригъашъоу ыублагъ. Ар нэнэжъым зыкIи ыгу рихьыгъахэп: «Сыда шъуIуа мы тинысэ ихьисапыр? Сеплъымэ, щэу иIэр икъуни къелыжьыщт пэтзэ, сабыим жъалымэу дэзекIо... ПсынкIэу хэзыгъэхъощт ыкIи кIуачIэ къезытыщт ным ибыдзыщэ ычIыпIэкIэ чэмымэ къакIахрэ щэ зэхэгъэхъуагъэр хьэшъо чъыIэжъым къичъызэ регъашъо».

Гуащэм игукъао зыфэдэр нысэм зэ-тIо раригъэIокIыгъ, ау ащ зи ишIуагъэ къэкIуагъэп.

— Сэ сабыир хьашъобыдзымкIэ зыфезгъашъорэр,— нысэм игуащэ раригъэIожьыщтыгъэ, — сидэхагъэ къыщымыкIэным пае. Сабыир ным ибыдзыщэ пасэу кIэбгъэгъукIыжьмэ ным ипсауныгъэкIэ нахь фед. Джы сабыйхэр нахьыбэмкIэ хьашъобыдзкIэ апIух. Ащ пае, ахэмэ щыкIагъэ афэхъурэп, нахьышIухэуи къэхъух.

Ау Тэчыкъомэ яныо нысэр зэрэзекIорэр ымыдэу нахьи нахь рипхъэу фежьагъ: «Ащ фэдэ цIыф еIуа? Сабый цIыкIум ынэгъу изы охъуфэ ны быдзыщэ ебгъэшъоны фае. Арары егъашIэм нымэ зэрашIы хабзэр. Быдзыщэ икъоу рамыгъэшъорэ сабыир сыдигъокIи хъыбыеуи узгъэлэуи мэхъу. Ным ибыдзыщэ зи зэрэзэблэпхъу хъун щэ щыIэп ыкIи къэхъущтэп. Тинысэ быдзыщэ тисабый римыгъашъоу фэсыдэн ыIоу орэмыгугъэ. Ным ибыдзыщэ пэчыжьэ сабыйри ным ыгукIэ фэчъыIэу мэхъу».

Ау нысэмрэ гуащэмрэ сыд заIуи зашIи бзэ къызэфагъотыгъэп. Сурай илIыжь Хьабракъ Iофым хэхьан фаеу хъугъэ. Ар нысэм гъусэу фэхъуи иныо тегыяхьыгъ: «О уизэманыгъом фэдэп джы сабыйхэр зэрапIухэрэр, ныу! УмышIэрэми сшIэрэп нахь, джы сабыйхэр къызыхъухэкIэ нахьыбэмкIэ хьашъобыдзкIэ щэ рагъашъо. Сабыир чэщныкъом е нэфшъагъом быдзыщэ фаеу гъы зыхъукIэ, ащ хьашъобыдзыр зэкIэм Iуалъхьэщъ, щырагъэгъэты. Нысэми ичъые къыщыкIэрэп, сабыими рэхьатэу зеушъэфыжьы».

Джащ фэдэзэ лIыжъым Сурай ыгъэтIыси риIуагъэр бэ. Ау Тэчыкъомэ яныо ащ разэ ышIыгъэп ыкIи ежь ыIорэр нахь тэрэзэу непэ къызнэсыгъэм елъытэ.

КIо, джы шъо шIэгъэн фаер къашъуIо.

## Мэрзанэ итхылъ

Мэрзанэ къыгъэшIагъэм къинэу кIэхэкIыгъэри гушIуагъоу ылъэгъугъэри бэ. Къинэу ыпэ къифагъэр нахьыбэми нахь псынкIэу щыгъупшэжьыгъ, нахьыбэмкIэ ыгу къэкIыжьхэрэр гушIуагъоу, тхъагъоу къехъулIагъэхэр ары. СыдигъокIи цIыфым къиным нахьи хъярэу къехъулIагъэр, бэ тешIагъэми, нахь ыгу къэкIыжьзэпыт.

Тикъуаджэ зыбын-унэгъошхом фэдэу зэдэпсэунэу, зэдэлэжьэнэу колхозэу зэхахьэ зэхъум апэрэмэ ащыщэу ащ зыхязгъэтхагъэр Мэрзан; апэрэ тракторыр колхоз къуаджэм къыздахьэм, урысылI трактористыр иIэпыIэгъоу ар зэрифэнэу апэу зэзыгъэшIагъэр Мэрзан; еджакIэрэ тхакIэрэ зымышIэхэрэмэ апае пчыхьэ еджапIэу ликбез зыфаIорэр къуаджэм къызыщызэIуахым апэ дэдэ ащ кIуагъэр Мэрзан; Отечественнэ зэошхор къызежьэм, Ленинград къыухъумагъ. Ащ пае мызэу-мытIоу наградэхэр къыфагъэшъошагъ. Зэошхоу блэкIыгъэм чанэу хэлэжьэгъэ лIыжъым нэIуасэ тызыфэхъугъэхэ нэуж, ащ зэхигъэуцогъэ тхылъым ыкIи ар зыфигъэхьыгъэм игугъу къэтшIын.

КIэлэегъэджэ куп яIэпыIэгъоу къуаджэм иныбжьыкIэхэм письмэ хьалэмэт зэрэзэдатхырэм икъэбар чылэм

хизы хъугъэ. Ахэмэ Мэрзанэ ипхъорэлъфхэри ахэтыгъ. Ащ фэдэ письмэ джырэ нэс цIыф ытхыгъэу Мэрзанэ зэхихыгъэп. Ленинным ыцIэ зезыхьэрэ комсомолыр зызэхащагъэр илъэсишъэ зыщыхъурэ мафэр зыгъэмэфэкIыщт ныбжьыкIэхэу, 2018-рэ илъэсым щыIэщтхэм, а письмэр афэгъэхьыгъагъ. Письмэр зыцIэкIэ атхыгъэ ныбжьыкIэхэм афэгъэхьыгъэу гущыIэ фабэхэу, акъыл пфэхъунхэу итхэгъагъэхэр бэ.

Письмэ лъапIэр зытхыгъэмэ, фэсакъыпэхэзэ, бэрэ зэрэщылъынэу, пси сыди хэмыхьанэу пытэу пцэшIо тхылъыпIэкIэ ар ащахьыгъ. Нэужым цэф фыжьыбзэ аухъурэишъ, ащ ыкIоцI ралъхьи, ыбгъуитIукIэ ашъхьэхэр пытэу ащхэжьыгъ. Тхьаумэфэ пчыхьэр къызысыкIэ къуаджэм культурэм и Дворецэу щашIыгъакIэм идэпкъы чIыпIэу къыфагъэнагъэм хаяхьынэу рахъухьагъ.

Письмэ лъапIэу зэхагъэуцуагъэм икъэбар зызэхихыгъэ апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу Мэрзанэ ирэхьат ыухыгъ. «НыбжьыкIэхэу 2018-рэ илъэсым щыIэщтхэм афатхыгъэ письмэ лъапIэм сэри, Отечественнэ зэошхом хэлэжьагъэмэ ацIэкIэ ыIоу письмэ гуадзэ фэсшIымэ сыд фэIуагъ сэIо», — ыгукIэ егупшысагъ ыкIи ащкIэ ежь ицыхьэшIэгъумэ ащыщэу нэбгырэ зытIу яупчIыжьыгъ. Угу къэкIыгъэр емыкIу зыми къыриIуагъэп, пстэуми тырагъэгушIухьагъ.

ЫпэрапшIэу Мэрзанэ ыгукIэ письмэр зэхигъэуцуагъ, етIанэ тIыси егугъузэ иакъыл къызэрихьэу ытхыгъ:

«НыбжьыкIэ насыпышIохэр! ШъуимэфэкIышхокIэ сышъуфэгушIо! ТапэкIи псаунигъэ пытэ шъуиIэу, Ленинным иIоф шъуфэшъыпкъэу, шъуихэгъэгу жъугъэразэу, гъэхъэгъэ ипхэр шъушIынхэу сышъуфэхъохъу. Непэ сышъухэтэу, сышъуигъусэу шъуихъяр сыхаплъэ сшIоигъуагъ. Ау къыздэхъугъэп: цIыфым гъэшIитIоп иIэр, зы нахь... Зэошхоу блэкIыгъэм хэлэжьагъэхэу джырэ шъуимафэхэр къэзымылъэгъужьыгъэхэм ацIэкIэ сэлам фабэ шъосхызэ къышъосIонхэр щыIэх.

ЗэкIэри мэкIодыжьы, мыкIодыжьыщтыр лIыхъужъынигъэр ары. Шъуихэгъэгу пае лIыгъэ зешъухьаным шъуфэхьазыр зэпыт. Сэри сэщ фэдэ шъуятэжъхэми хэгъэгум пае, ищыкIагъэ зэхъум, тшъхьэрэ тпсэрэ тяблэжьыгъэп. 1941—1945-рэ илъэсхэм зэошхоу щыIагъэм сэри сыхэлэжьэнэу хъугъэ. ЦIыфыбэмэ сырягъусэу Ленинград къэсыухъумагъ. Зышъэ икIыгъэ фашист техакIохэм тязао зэхъум бэ къинэу тпэкIэкIыгъэри хьазабэу тлъэгъугъэри. Пыим ошъум фэдэу щэу къыттырипхъакIэрэм чэщ зымафэ тшъхьэ къытимыгъэIэтэу къыхэкIыгъ, ау тыкъызэкIэкIуагъэп. Чэщ-мэфэ заулэ фыгукIэ тIумыфэу окопы цIынэмэ тадэлъэу хъугъэ, ау тыгу дгъэкIодыгъэп. Зы сыгу къэкIыжьы. ЗэолIхэм хьалыгъу шIуцIэ такъыр цIыкIу зырыз къытфагощыгъэу, ар зэрэтшхыщтым тыкIэгушIоу тыщысызэ, гъаблэм ригъэзыгъэу кIэлэцIыкIу куп тпэмычыжьэу чIыунэмэ ащыщ зэрэчIэсымкIэ макъэ къытагъэIугъ. ЗэолIхэм тэ лъэшэу тэмэлэкIалIэхэми бэрэ тызэжэгъэ тихьалыгъу Iахьхэр тахэмыIэу кIэлэцIыкIумэ афядгъахьыгъ... Тихэгъэгу гъунэнчъэу шIу зэрэтлъэгъурэм, тишъхьафитныгъэ лъапIэ къызэрэтыухъумэрэм лIыгъэ къытхалъхьагъ, къарыу лые къытатыгъ.

Зынахь IэшIэх щымыIэр — умыцIыфыныр ары, зынахь къин щымыIэр — уцIыфыныр, цIыфыгъэр улэжьыныр ары. Сыдигъуи, сыд фэдэ чIыпIэ шъуащыщ ифагъэми цIыфыгъэ дахэр зэрэзэрихьащтым ынаIэ тырерэгъэт. Шъоц нахьыжъым шъхьакIафэ фэшъушIыныр зыщышъумыгъэгъупш. Нэжъ-Iужъ пэпчъ зэ ныбжьыкIагъэ, ныбжьыкIэ пэпчъ бэ шIэн, макIэ шIэн зэ жъы хъущт. «ПцIыр мазэм нэбгъэсыгъэми къэсыжьыщт» аIо. Ащ бэ имэхьан. СыдигъокIи шъыпкъэныгъэ зыхэжъугъэлъ, сыд хъункIи пцIы шъумыусы ыкIи ар зыусырэм фэшъумыд. ПцIыусыныр зикIасэр цIыфныкъо ыкIи зэ шъыпкъэ ыIоми, ар цIыфмэ ашIошъы хъущтэп. ПцIыусымэ янэ-ятэхэр Iофы хадзэх. Арары «пцIыусым янэ гугъу щигъакIэрэп» зыкIаIуагъэр.

ЦIыфыр зыгъэпыутырэмэ шъхьащытхъужьыныр ащыщ. Гъэхъагъэ уиIэмэ, уиныбджэгъумэ анахьи нахь текIоныгъэ пшIын плъэкIыгъэмэ, ащ урымыкъэй, ппэ умыIэты. ШIушIагъэ уиIэмэ, ар цIыфмэ къалъэгъущт ыкIи уасэ къыпфашIыщт. Уифэшъошэ щытхъуи пфаIощт. «О пшъхьэ ущытхъужьынри псынжъ зэуутхыжьынри зэфэдэ» зыфаIуагъэм зыгорэ хэмылъэу щытэп».

## ЗэшитIумэ яшъузхэр

НэмыкI чIыпIэ къикIыгъэу лIы горэ Шапсыгъэхьаблэ къыдэхьагъ. ИлъэкъоцIэгъу горэ къуаджэм дэсымэ ыIуи зыкIэупчIэм, унэгъуитIу дэсэу къычIэкIыгъ.

А унэгъуитIур зэшымэ яягъэх, зыр нахьыкIагъ, зыр нахьыжъыгъ. ЛIы хьакIэр унэгъуитIуми чэщ зырызэ арысыгъ. Ыпэ рапшIэу нахьыжъыр бысым ышIыгъ, ащ нэужым нахьыкIэм екIолIагъ.

Ау лIы хьакIэм зы лъэшэу ыгъэшIэгъуагъ. ЗэшитIумэ анахьыжъ зыфаIуи бысым ышIыгъэр нахьыкIэм нахьи бэкIэ нахь шъошIуагъ, нахь нэгушIуагъ, ышъхьаци зы фыжь хидзагъэп. НахьыкIэм итеплъэкIи ынэгукIи нахьыжъышъо теощтыгъ, ащ ынэгуи нахь зэлъэгъагъ, ышъхьаци шIуцIэу хэтым нахьи, фыжьэу хэтыр нахьыбагъ.

ХьакIэр къызежьэжьым, илъэкъоцIэгъу зэшитIумэ ящыIэкIэ-псэукIэ кIэупчIагъ. Анахьэу ащ зэригъашIэмэ шIоигъуагъэр ышнахьыжъ зыфаIорэр итеплъэкIэ зыфэныбжьыкIэр ыкIи зыфэнахь нэгушIор, ышнахьыкIэ нахьыжъышъо зыфытеорэр арыгъэ.

Джэуапэу мары хьакIэм къыратыжьыгъэр: нахьыжъым ишъуз лIыкIэ шIу, ыгу хигъэкIэу, хэуIоу зэзакъуи лIым дэгущыIагъэп, данэкIэ атхьалагъ зыфаIорэм фэд, ишъхьэгъусэ анахь икIэсэ шхыныр феупщэрыхьэ, ифэIо-фашIэхэр фегъэцакIэх. ЛIыми ишъхьэгъусэ бзылъфыгъэм зэ ыгу хигъэкIыгъэп, фэдэгъу.

НахьыкIэм ишъуз зыпIокIэ, ащ илIы ыпэ жьы къыригъэкIырэп. Непэ сыдым къыригъэкIыми зытIо-зыщэ лIым щэхьэшъ тэ сыкIон регъаIо. Шъузыр ежь ыгу рихьыщт шхынхэр ары ныIэп зэгугъурэр, лIым сыд ыщхыщт, сыд фэсыупщэрыхьэмэ нахьышIу ыIоу илъэсым зэ еупчIырэп. НахьыкIэр шъузым емыупчIыжьэу зы лъэбэкъуи ыдзынэу изын иIэп.

ХьакIэр тIэкIурэ егупшыс-егупшыси къыIуагъ:

— Джы къызгурыIуагъ силъэкъоцIэгъу зэшитIумэ язэу нахьыжъыр ышнахьыкIэ нахьи, итеплъэкIэ нахь зыфэныбжьыкIэр. Ар ыгукIэ матхъэ, нахь шъхьагъусэ дэгъу иI.

## Хьаджфатымэ зыкIэгубжыгъэр

А мафэр быным игушIогъошхуагъ: Хьаджфатымэ ыкъо ипшъэшъэ анахьыжъэу Дэхэнэф зыфаIорэм институтыр къызэриухыгъэм пае, ащ пстэуми пытэу ыIапэ



аубытыщтыгъ. Унагъом зэкIэ цIыфэу исым пэпчъ зы Iэпэщысэ горэ а мафэм ащ фищэигъ. Зым сыхьат дахэ, адрэм дышъэ Iэлъын, ящэнэрэм цокъэ лъэдэкъэ лъэгэ кIэкъэпс фигъэшъошагъ. Унагъом исымэ ауж зыкъизгъэнэнэп ыIуи, Хьаджфатыми ыкъо ипшъэшъэ нахьыжъэу Дэхэнэфы анахь лъапIэмэ ащыщэу дэнэ джэнапхъэ къыфищэфыгъ ыкIи ритызэ риIуагъ:

— Мафэ пфэхъу, хъяркIэ олажь, нахьышIукIэ зыщыохыжь!

Дэхэнэф нэшIукIэ Хьаджфатымэ къеплъ-къеплъи къыIуагъ:

— А нэнай, нэнай, сыбгъэунэжьыгъ, джэнэпхъэ дэхэ дэдэ къысфэпщэфыгъ. Ар зязгъэдыкIэ я 12-рэ джанэр сиIэ хъущт!

Хьаджфатымэ мыщ дэжьым Дэхэнэфы едэхашIэзэ, ышъхьашъо Iэ щифи, зи къымыIоу егупшысагъ: «Джэнэ пшIыкIутIу, джэнэ пшIыкIутIу. А сипшъэшъэжъые сэ сызфэдэм, зы джэнэ закъу сиIагъэр, ежь джэнэ пшIыкIутIу. Ары, джы щыIакIэр бэкIэ нахьышIу хъугъэ, ныбжьыкIэхэми джы данэр лъапэкIэ афы...»

— А нэнай, нэнай, — къыIуагъ ымакъэ Iэтыгъэу Дэхэнэфы янэжъ игупшысэхэр зэпигъэузэ, — джэнапхъэмкIэ тхьауегъэпсэу, ау сэ зы лъэIу пфысиI... Джанэр язгъэдымэ теслъхьанэу уитыжьын бгырыпх къысэт, о жъы ухъугъ, сыдкIэ ар уищыкIэгъэжь...

«О жъы ухъугъ, сыдкIэ уищыкIэгъэжь» зыфиIорэ гущыIэхэр Хьаджфатымэ мастэу ыгу къыхэуагъэх. А гущыIэхэр шъыпкъагъэх, ау пшъашъэм илъэIуакIэ ыгу еIугъэп.

— Ащ фэдизэу угу еIугъэмэ, сисас, уфаемэ ыкIи уикIасэмэ, ситыжьын бгырыпх осэты, — макIэу хэгурымыкIызэ къыIожьыгъ Хьаджфатымэ, — шъо дахэу шъуфэпагъэмэ, щыгъын зэкIужь дэгъухэр, шъошэшIухэр шъуущыгъымэ, тэ жъы хъугъэхэм бэу тигуапэ.

...Мафэ горэм Хьаджфатымэ ыпхъу нахьыжъэу гъунэгъу къуаджэм дэсыр къакIуи унэм къихьагъ. Хьаджфатымэ ыпхъу фэчэфэу пэгъокIыгъ. ТIэкIурэ щысыгъэу ыпхъу къыригъэжьагъ:

— Нан, сыхэмыукъорэмэ, тыжьын бгырыпх дэгъу горэ лъэшэу бгъашIоу уиIагъ, ар о уищыкIэгъэжьын фаеп. Сэ а бгырыпхыр къысэптыжьымэ, сипшъэшъэжъые мэфэкI мафэрэ ыбг резгъалъхьэзэ сшIынэу сэIо.

Ыпхъу къыIорэм едэIу-едэIуи Хьаджфатымэ джэуап къытыжьыгъ:

— Зи пысымыIуахьэу ситыжьын бгырыпх къыостыпэни, ау о укъэмыкIозэ бгырыпхыр нэмыкI естыгъах.

— Ащыгъум, тян, щыуахь шхъуантIэ горэ пIокIэ дэдэу ямыгъэдыгъэу уиIэу сэшIэшъ, ар къысэптыгъэмэ сигопэщтыгъэ. О уныбжь зынэсыгъэм ащ фэдэ щыуахь дэгъум хэшIыкIыгъэ джанэ пщымыгъыми хъущт, о жъы ухъугъ, сэ ар нахь къысэкIущт, — етIани Хьаджфатымэ ыпхъоу нэмыкI къуаджэм къикIыгъэм къыIуагъ.

Хьаджфатымэ зи къымыIоу бэрэ егупшысагъ: «Ярэби, мы тиныбжьыкIэхэр гъэшIэгъонэу гъэпсыгъэх, жъы хъугъэхэм хьажъ-быжъхэр ащыгъыми хъунэу еплъых, ежьхэр дэхэ дэдэу фэпэгъэнхэ фаеу алъытэ. Тэри дахэу тыкъалъэгъумэ тыгу хэкIыщтэп. Ар сыд пае ныбжьыкIэхэм ащыщхэм зыщагъэгъупшэра? Мыщ ыпэм «уидэнэ шъхьатехъо къыокIужьырэп» ыIуи, спхъу нахьыкIэ сIихыжьыгъ. Джы спхъу нахьыжъ къэкIуагъэшъ, «уищыуахь пIокIэ шхъуантIэ къысэт» еIо, ар сэ язгъэдымэ къысэмыкIунэу ипхъэшъо тхылъы къырегъэкIы. Зи цIыфмэ дэгъоу аIуагъ: «Пхъур къакIомэ мыжъо хъураем зегъэбылъыжьы». Мы спхъухэм тIэкIу зягъэшIэжьыгъэн фае нахь, цокъэ лъэбыIум титэу тыкъагъэнэщт. Хъущтэп ахэмэ къырагъэжьагъэр!»

Хьаджфатымэ ынэгу лъыр къечъагъэу щытыгъ ыкIи ынэхэр тыримыхэу ыпхъу нахьыжъ еплъыщтыгъ.

— Щыуахь пIокIэ дахэу ясымыгъэдыгъэу сиIэм уфай арыба! — къыригъэжьагъ Хьаджфатымэ ымакъэ Iэтыгъэу, — ау сэ ар язгъэдыни зыщыслъэнэу морад сшIыгъэ. Зэ шъууцужь, жъы хъугъэхэми дахэу зафэпэн фае. Ар къызгурыжъугъаIу!

## Къарбэчрэ Джексонрэ язэнэкъокъу

Пчэдыжьыгъэ. Москва игупчэ ит кассэу самолет билетхэр зыщащэрэм дэжь нэбгырабэ Iутыгъ. Москва зыщиплъыхьанэу къэкIогъэ Щапсыгъэхьэблэ гурыт школым икIэлэегъаджэу Хъурым Къарбэчи ахэуцуагъ. Кассэм ишъхьангъупчъэ цIыкIу къыIуахи, лъэныкъо зэфэшъхьафхэм быбыщт самолетхэм ябилетхэр ащэхэу аублагъ.



Къарбэч ичэзыу къызнэсым, кассирым риIуагъ:

— Сэ Мыекъуапэ нэс зы билет къысэт.

ПхъэнтIэкIу хъагъэм исэу, шъо чемоданхэр зыпашъхьэ итыхэу щысыгъэ кIэлэ къуапцIэм а гущыIэхэм зыкъырагъэпхъотагъ ыкIи Мыекъуапэ быбырэ самолетым пае билет къэзыщэфыгъэ лIым дэжь къыIухьи къызэшIуанэзэ къеупчIыгъ:

— Мыекъуапэ обыбы, арыба?

— Сэбыбы, Мыекъуапэ сэбыбымэ о сыд фапшIэра? — Къарбэч ыгъэшIагъоу кIэлэ къуапцIэм еплъыгъ.

— Кассэм самолет билет пщэфынэу узыIохьэм, Мыекъуапэ нэс зэрэпIуагъэр зэхэсхыгъэ. О уадыгэн фае.

— Сыадыг. Сыда сыадыгэмэ, Москва адыгэ зэрэщыплъэгъугъэр огъэшIагъошъ ара?

— СэгъэшIэгъонкIи мэхъу, ау арарэп Iофыр зыдэщыIэр. Сэри Мыекъуапэ сэбыбы. Гъогогъоу узэрэзгъотыгъэмкIэ сэгушIо, — етIани лъэшэу къин къыщыхъоу урысыбзэкIэ кIэлэ къуапцIэм къыIуагъ.

— «ГъогурыкIо гъогу тенэрэп» аIуагъ. Сэ гъогогъу сыкъыпфэмыхъуми, нэмыкI гъусэ бэу бгъотыни. Москва икIырэ самолетэу Мыекъуапэ быбырэм макIэп адыгэу узщыIукIэщтыр. Зыгъогу тызэдытехьанэу щытмэ, нахь нэIуасэ тызэфэгъэхъу. Сэ сыкIэлэегъадж, сцIэр Къарбэч. О сыда пцIэр?

— Сэ Америкэм сыкъекIы, сытурист. СцIэр Джексон. Адыгэ хэкум тIэкIу зыкъыщысплъыхьанэу сэкIо, мазэрэ къуаджэ горэм сыдэсын сыфитэу ситхылъы итхагъ, — джэуап къытыжьыгъ кIэлэ къуапцIэм.

— Адэ дэгъуба Адыгэ хэкум укъакIомэ! Ащ угу рихьын бэу щыплъэгъущт. Адыгэ хэкур кIэракIэ хъугъэ, чыжьэу ыпэкIэ лъыкIотагъ. Хьауми дэи горэм улъыхъунэу укъакIомэ шIэ? — къэупчIагъ Къарбэч.

А аужырэ гущыIэхэм Джексон ытхьакIумхэм афырикъужьэу плъыжьы къашIыгъ, ынэхэр чэрэзэу, къыIоштыр ымышIэу такъикъ заулэрэ Къарбэч къеплъкъеплъи къыхидзагъ:

— Тыди чIыпIэ дэгъуи, чIыпIэ дэи щыI...

— Ары, ары, кIо тихэку укъакIомэ тищыIакIи типсэукIи зыфэдэхэр плъэгъуных, макIэп тэ талъэныкъо плъакIоу къакIорэр, — хы кIыбым къикIырэ туристым ынэгу кIаплъэзэ къыIуагъ Къарбэч.

Къарбэчрэ Джексонрэ Москва иаэродром ин горэм Мыекъуапэ быбырэ самолетым къыщызэдитIысхьагъэх,

ау зэбгъодэсынхэу хъугъэп: ячIыпIэ-тIысыпIэхэр билетэу яIэхэмкIэ шъхьаф-шъхьафэу щытыгъэх. Къарбэч ыпэкIэ, Джексон нахь чыжьэу, ыужкIэ, самолет шъхьангъупчъэм пэчIынатIэу, тIысынхэ фаеу хъугъэх.

Самолетым ошIэ-дэмышIэу къухьэ лъагэм фэдэу зиIэти, игъогу фиузэнкIыгъ.

Самолетым цIыфэу исым пэпчъ мызэщынхэм пае зыгорэ ешIэ, зыр журналым хэплъыхьэ, зыр газетым еджэ, адырэм, нэрыплъэ Iулъэу самолетым ишъхьангъупчъэ еплъышъ, зеплъыхьэ, ящэнэрэр сурэтэу ыIыгъмэ яплъы... Шъхьаукъагъэхэри ахэтых.

Сыхьатищ нахь мышIагъэу Москва зыкъыщызыIэтыгъэ самолетыр Мыекъуапэ къыщытIысыгъ. Ащ нэбгырабэ къыгъэсыгъ. Къарбэч самолетым къикIыгъэ Джексон екIуалIи риIуагъ:

— Еблагъ, ухьакI о. Тикъуаджэ укIощтмэ уздэсщэн. СыхьатыкIэ тикъуаджэ кIорэ автобусыр къэсыщт.

— Опсэу, сыпфэраз! Сэ чэщ-мэфэ зытIо Мыекъуапэ сыдэсыщт. Ащ нэужы шъо шъуикъуаджи сыкъэсыщт, ащ тыпсаумэ тыщызэIукIэщт, — къыIожьыгъ Джексон.

Тхьэмафэ фэдиз блэкIыгъэу Къарбэч ежь зыщыщ къуаджэм Америкэм къикIи турист горэ къэкIуагъэу, Абыраджыкъохэр бысым ышIыгъэу къэбар зэхихыгъэ. Чыжьэу къикIыгъэ хьакIэм иIокIэ-шIыкIэхэм Къарбэч акIэупчIагъ, ау зи ыгу рихьынэу къэбар къыраIуагъэп. Америкэм къикIыгъэ туристыр къуаджэм дэс цIыфмэ адэгущыIэ хъумэ, агу зыщыхэуIорэ чIыпIэхэр къыхэкIыхэу ыкIи щыкIагъэу ылъэгъухэрэр ыIапэ рищэкIыным зэрэпылъыр къыраIуагъэх.

Чыжьэу къикIыгъэ хьакIэр зыдэщыIэр зэригъашIэмэ шIоигъоу мафэм Къарбэч кIэупчIагъэти, Афыпс псыхъо кIэи дэхьагъэу зызэриплъыхьэрэр къыраIуагъ. Къарбэч ащ зыIуигъакIэмэ шIоигъоу Афыпс лъэныкъом екIурэ лъэс гъогу цIыкIум фиузэнкIыгъ. КIэи ныбэм дахьи зэплъэм, Джексон мыжъуакIэхэр къыштэхэмэ зэпиплъыхьэхэу ыкIи зырызхэр иджыбэ рилъхьэхэу ылъэгъугъ. Къарбэч Джексон пэблагъэу сэлам рихи, ыдэжьы Iухьи етIани инджылыбзэ дэгъукIэ къыригъэжьагъ:

— Зыоплъыхьэ арыба, синэIосэжъ?

— Зысэплъыхьэ ыкIи сыгу зэIурэ мыжъокIэ дахэхэр къахэсэхых. Инджылыбзэ ошIа? Сыдэу къабзэу английскэкIэ угущыIэра?



— Инджылыбзэ сшIэн сIомэ, ащкIэ кIалэхэр есэгъаджэх. Сыда а мыжъуакIэмэ япшIэщтыр? — кIэупчIагъ Къарбэч.

— Сэ ащ фэдэу мыжъуакIэмэ сапыщагъэу сыщытэп. Ау мы шъуалъэныкъо сыкъэкIоны зэхъум тигъунэгъу лIыжъ горэм Афыпс кIэи узыдахьэкIэ, ащ дэлъ мыжъуакIэмэ ащыщ заулэ къысфыздахь къысиIуагъ.

— Сыда ащ мыжъуакIэхэр зэрищыкIагъэхэр? — икIэрыкIэу етIани Къарбэч къэупчIагъ.

— Мы лъэныкъор ары а мыжъуакIэхэр зыфэсхынэу къысэлъэIугъэ лIыжъыр къызщыхъугъэр. Ар лъэшэу мы лъэныкъом къыфэзэщы. Афыпсырэ ащ Iус икъуаджэрэ ыгу къызыкIыхэкIэ гугъуузы мэхъу, гъыбзэ къеIошъ щыс.

— Ащ нэмыкIыкIэ, а мыжъуакIэхэр зыфэпхьын угу хэлъ лIыжъыр къыолъэIугъэба?

— БэкIае мэхъу ар къызкIэлъэIугъэхэр. Бысым сшIыщт унагъом ылъэкъуацIи къысиIуагъ, адыгэхэмэ ящыIэкIэ-псэукIэ зыфэдэр къысфызэгъашI, абзэкIэ еджэхэми-емыджэхэми, ащи щыгъуазэ зыкъыфэшI ыIуи къысэлъэIугъ, — джэуап къытыжьыгъ туристым.

— Адэ а къыолъэIугъэм укIожьымэ епIожьынэу зыгорэ дэгъу плъэгъугъа? — Джексон ынэмэ акIаплъэзэ Къарбэч упчIэ къытыгъ.

Джексон тIэкIурэ егупшыс-егупшыси джэуап къытыжьыгъ:

— Дэгъуи дэий слъэгъугъэ, — гущыIэу дэим нахь теIункIэзэ джэуап къытыжьыгъ Джексон.

— Зэхэсхыгъэ, Джексон, о лъэшэу дэгъум нахьи дэим нахь узэрэлъыхъурэр, щыкIагъэ горэ плъэгъумэ къыпхэщэу узэрэдэхьащхырэр. Ау щыкIагъэ горэ зимыIэ щыIэп. Дышъэр къызыпытэкъурэми зы дагъо горэ иI. Сыд тикъуаджэ къепIуалIэрэ?

— Шъуикъуаджэ унэ зэтегъэпсыхьагъэ бэу дэт, унэгъо нахьыбэхэми IэпIэ къабзэхэр арылъ, хъун-шхыныри шъуихъои, ау... — зэпигъэугъэ Джексон.

— Сыда, аур зыщыщыр?! КъаIо, къаIо, зэкIэ угу римыхьынэу плъэгъугъэр!

— Сыгу римыхьынэу слъэгъугъэр, — къыригъэжьагъ Джексон, — шъуигъогухэр Америкэм игъогухэм ялъытыгъэмэ зэрэдэихэр, автомашинэхэр зэрэшъуимакIэхэр, ахэр шъузыфаем фэдизэу шъущэфынэу зэрэшъумыгъотыхэрэр ары. Сыд пае зезгъэукIыхьан, оры-

жъымрэ асфальтымрэ зэфэдэ хъунха, — кІэнэкІагъэ хэлъэу джэуап къытыжьыгъ Джексон.

— ЗыфапІорэм шъыпкъэ хэлъ, — къыригъэжьагъ Къарбэч, — тигъогухэм щыкІагъэ яІ, ау зэкІэхэри дэихэп. ЗэкІэ тигъогухэри мыжъоупцІэм фэдэу бэрэ пэмытэу, мыжъо техъо яІэу хъущтых. Автомашинэу тиІэмэ япчъагъи хэхъо зэпыт, легковой машинэу тищыкІагъэм фэдизи зэдгъотылІэжьэу бэрэ пэмытэу тыхъущт. Ау сэ анахьэу унаІэ зытеозгъадзэмэ сшІоигъор, тисоветскэ къуаджэхэр нахь кІэракІэ зэрэхъугъэ закъор арэп, ахэмэ цІыфэу адэсхэм ягулъытэ-гупшысэхэм зэрахэхъуагъэр, шІэныгъэ куухэр яІэхэу зэрэхъугъэхэр ары. Сыд пае чыжьэу укІожьын. Тэ тиунагъо ищысэкІэ ар нэрылъэгъу къыпфэсшІынба! Тэ зэшиплІ тэхъу. Сшынахьыжъ врач, ащ къыкІэлъыкІорэр архитектор, сшынахьыкІэ механик ІэпэІас, сэри апшъэрэ шІэныгъэ сиІ, инджылыбзэм кІалэхэр есэгъаджэх, университетыр къэсыухыгъ. ЕтІани а сэнэхьатхэр дгъотынхэм пае тэ зи ыпкІэ ттыгъэп, къэралыгъом тыригъэджагъ. Адэ шъо ыпкІэ хэмылъэу Америкэм шъущырагъаджа?

— Хьау, тыщырагъаджэрэп, — джэуап къытыжьыгъ Джексон.

— Адэ, джары, игущыІэ къыпидзэжьыгъ Къарбэч,— тэ ащ фэдэ Іоф тиІэп, шъукъызщытхъурэ Америкэм ахъщэ, доллар уимыІэу илъэсыр хэгъэкІыри, зы мази ущырагъэджэщтэп. Ащ иягъэкІэ еджэн фалІэу, ау еджэнхэ амылъэкІэу цІыфыбэхэр къанэх. Апшъэрэ шІэныгъэ зэзгъэгъотын пІоу уежьэмэ, ахъщэ бэу уиІэу, уигъот шІоу, убаимэ Америкэм ар къыщыбдэхъущт. Армырымэ апшъэрэ гъэсэныгъэм уиІоф хэлъэп. Тэрэза, мытэрэза мы къасІохэрэр, Джексон?

— Тэрэзыр тэрэз, ащ сэ зи къэсІуалІэрэп, — шІоигъоджэ дэдэу Джексон джэуап къытыжьыгъ.

— Арымэ къедэІу джыри къэсІощтым, тихьакІэ, — къыІорэм хигъэхъуагъ Къарбэчы. — Тэ хэт еджэн ыІоми фит, чэмахъом ыкъо агроном, трактористым ипшъашъэ врач, пщэрыхьэм ыкъо инженер, рабочым ишъао кІэлэегъадж... Адыгэ мэкъумэщышІэм ыкъо артист, орэдыІу, художник... ЕтІани тэ тихэгъэгу ригъаджэхэрэмэ еджапкІэ аІихырэп, стипендие аритызэ шІэныгъэ куум илъэоянэ дегъэкІуаех. Тэ тихэгъэгу ригъаджэхэрэмэ ыпкІэ аІихыщтыгъэмэ, къэралыгъом гъогумэ нахь ахъщабэ атригъэкІодэн ылъэкІыныгъэкІи мэхъу.



Ау тэ тихэгъэгу ащ фэдэ къэкІуапІэм фаеп. Тэ тихэгъэгу цІыфым ифэІо-фашІэмэ анахь шІоІоф зи иІэп. Ар зыгорэкІэ сымаджэ хъумэ, ыпкІэ хэмылъэу еІазэх, илъэсрэ сымэджэщым учІэлъыгъэкІи, къыптырагъэкІуадэрэм ыуасэ пІахыщтэп. О укъызщытхъурэ Америкэм зы мэфэ закъо къызыщыоІазэхэкІэ, ащ пае долларишъэ пчъагъэ щыпІахы. Доллар уимыІэмэ, ыпкІэ ямытымэ, олІэкІи зы госпиталь горэм къыщыоІэзэщтхэп. Сэ мы къыуасІохэрэр къэсыугупшысыгъэу къызышІомыгъэшІ. Америкэм къыщыдэкІыгъэ журналэу «Политика аффере» зыфиІорэм етхы: «Америкэр байхэмкІэ джэнэт, тхьамыкІэхэмкІэ джыхьнэм. ТхьамыкІэ миллионипшІ фэдиз гъаблэм егъалІэх. ТхьамыкІэхэм якІалэхэм азынкъо нахьыбэхэр, гъомлапхъэу арагъэшхырэр зэрэдэим щэхъу хэмылъэу, узгъэлы хъугъэх... Ащ къыхэкІэу ахэмэ яакъылы къыщэкІэ, еджэныри лъэшэу къины къафэхъу...»

А гущыІэхэу Къарбэч нэиутэу къыІохэрэмэ Джексон зи къариІолІэн ымышІэу епэгъогъохыщтыгъэ. Къарбэч етІани къыІорэм къыхигъэхъуагъ:

— Тэ тисоветскэ хэгъэгу нэжъ-Іужъхэр щагъэлъапІэ, шъхьэкІэфэгъэ инрэ лъытэныгъэшхорэ щафашІы. Нэбгырэ миллион щэкІрэ тфырэмэ тэ тихэгъэгу пенсие ащыраты, ащ щыщэу миллионибгъур мэкъу-мэщым Іоф щызышІагъэхэу джы нэжъ-Іужъы хъугъэх. УкІожьымэ пІотэжьынэу зы зыщымыгъэгъупщ — ар илъэс къэсми нэбгырэ миллионипшІы фэдиз СССР-м ит санаториехэмрэ зыгъэпсэфыпІэхэмрэ зэращыІэхэрэр ары. Ахэмэ ащыщэу миллиониблым ехъурэр рабочых, къулыкъушІэх. Санаториехэмрэ зыгъэпсэфыпІэхэмрэ агъэкІорэ цІыфхэм путевкэхэр къэралыгъом ыпкІэ хэмылъэу къаретых е ызыныкъо, е ызыщэнэ уасэкІэ къафетІупщых. Ащ зэу къыушыхьатырэмэ ащыщыр, тихэгъэгу цІыфым ипсауныгъэ икъэухъумэн лъэшэу зэращыфэгумэкІыхэрэр ары.

— ТихьакІэу Джексон, джыри унаІэ зытеозгъадзэмэ сшІоигъор, — мыгумэкІэу къыІощтыгъэ Къарбэч, — тэ тихэгъэгу лъэпкъ зэхэдз, о ушІуцІ, о уфыжь е угъожь ыІоу зэримышІырэр ары. ЦІыфлъэпкъ цІыкІухэр гузэжъогъу хэтхэу, зэпыихэу, зэрэлъэгъу мыхъухэу зыщытыгъэм бэшІагъэу гъунэ фэхъугъ. Ащ къэкІуапІэу иІагъэр лъэпсэ кІодэу ти Совет хабзэ ыгъэкІодыгъ. ЦІыфлъэпкъ цІыкІуи ини тихэгъэгу исыхэр

зыбын-унэгъошхоу зэдэIужьэу, насыпышIохэу, зычызыпчэгъум фэдэу зэгурыIохэу мэпсэух, ахэр насыпышIоу щыIэкIэшIум ышIыгъэх. Тэ тиадыгэ цIыф лъэпкъ цIыкIу ищысэкIэ тихэгъэгу инарод пстэухэм фитныгъэ инхэр яIэ зэрэхъугъэр дэгъоу къэпшIэн плъэкIыщт. Адыгэмэ ежь абзэкIэ тхыгъэхэр къыдагъэкIы, газет ыкIи журнал хауты, радиомкIэ къэтынхэр зэхащэ... ТхэкIо цIэрыIохэр, композитор Iазэхэр яIэх, апшъэрэ гъэсэныгъэ зыщагъотырэ еджэпIэшхо якъэлэ шъхьаIэу Мыекъуапэ дэт. Ежь адыгэ лэжьакIохэм къахэкIыгъэу артистхэр, врачхэр, кIэлэегъаджэхэр, научнэ IофышIэхэр нэбгырэ бэ дэдэ хъухэу яIэх. Къэралыгъом иапшъэрэ органы адыгэмэ ялIыкIохэр нэбгырэ пчъагъэ хъухэу хэтых... Ори зэрэплъэгъугъэу хэкум икъуаджэхэм еджэпIэ игъэкIотыгъэхэр, клуб дахэхэр, IэзэпIэ зэтегъэпсыхьагъэхэр адэтых, лэжьакIомэ яунэхэм егъэшIэм мыкIосэжьыщтхэ остыгъэхэр къащепсых, ахэм гушIуагъори бэрэчэтыгъэри арыз.

О Америкэу зыфэдэ щымыIэу пIуатэрэм цIыф лъэпкъ зэхэдзыныр щылъэш, лъэпкъ цIыкIухэр дэдзыхыгъэхэу щаIыгъых. Негрэ цIыф шIуцIэ лъэпкъыр цIыф фыжь лъэпкъыр зыщышхэрэ шхапIэм чIэхьан фитэп, аужыпкъэм, цIыф лъэпкъ фыжьыр зыщеджэрэ еджапIэм цIыфлъэпкъ шIуцIэ щеджэнэу изын иIэп. Шъо шъуи Америкэ тетыгъо щызыIыгъыхэр ыкIи фэхъугъэ щызиIэхэр байхэр арых. КIэкIэу къэпIон хъумэ, умытхьагъэпцIэу е умыпцIыусымэ США-м исыгъуай, щыпсэугъуай. Сыд о ащ къепIуалIэрэр, Джексон?

— Сыд къесIолIэн, шъыпкъэр шъыпкъэ, пцIыр цIэнлъагъо, — Джэуап къытыжьыгъ Джексон.

— ЩыкIагъэ тэ тимыIэу щытэп, — къыIуагъ етIани Къарбэч, — шъо шъуиIэхэу тэ тимыIэхэм ягугъуи къэтшIыгъ. Тэ ти СССР — зэо пчъагъэ зэпичыгъ, пыи лъэшыхэм апэуцужьын фаеу хъугъэ. Зэошхоу блэкIыгъэм тызэщимыгъэкъогъагъэмэ, сыдрэмкIи шъукъычIэтымыгъэплъэу шъуапэ тишъыщтыгъэ. Джыри пкъыгъо Iаджхэм якъыдэгъэкIынкIи нэмыкI IофыгъохэмкIи шъуапэ тишъыгъ. Космосым апэу быбыгъэр ти советскэ цIыф, мазэм апэу зиIэшIагъэ нэсыгъэр тихэгъэгу... Къушъхьэхэр тэгъэкощы, псыхъохэм ячъэ зэблэтэхъу, пшэхъостырымэр зэрыущтыгъэ чIыпIэхэм псэ къапытэгъакIэ. Ары, шъхьафитныгъэ зиIэ цIыфэу ихэгъэгу фэлажьэрэм, зинасып зыIэ илъым, неущрэ мафэм зицыхьэ телъым ылъэкIыщтыми, зэшIуихыщтыми, ыгъэхъэщтыми гъуни-нэзи иIэп.

Къарбэч къыIуагъэхэм фэхъу-фэмыхъуми Джексон рагъэгупшысагъ.



## Сэлмэн иджэуап

IофшIэгъу ужым хьазырэу пчыхьэ хъугъэу, чылэгум ит чъыгхэм ачIэт пхъэнтIэкIум ежь илэгъу лIыжъымэ Сэлмэн адытесыгъ.

СыдигъокIи зэрэхабзэу, лIыжъыхэр гущыIэм хэтыхэзэ, къэбарыкIэ бэ зынэсыгъэхэр. Къуаджэм шхэпIакIэу дашIыхьагъэми, тучан тIузэтетэу къыщызэIуахыгъэми, музыкальнэ школыкIэм кIалэхэр зэрэщырагъаджэрэми ягугъу ашIыгъ. Нэужым оры-сэры язэрэгъаIоу адыгэ шэн зэхэтыкIэ-зэхэхьакIэми бэкIаерэ тегущыIагъэх. Хэти къыIощтыр къыIогъахэба, зигъэгущыIэкIыгъахэба зыщыпIоным дэжь лIыжъ къогъу щъхьэджэшъо цIыкIоу Къасболэт ымакъэ ылъэкIи, икъэгущыIакIэкIэ тIэкIу рэзаджэу зэрэщытыр къэпшIэнэу къыригъэжьагъ:

— Джырэ лъэхъаным десэгъаштэ, ныбжьыкIэхэм зыкъясэгъаштэ, ягонэсы зысэшIы ыIозэ, тэ лIыжъхэм хэукъохэрэр къытхэкIых.

— Хэта тэ мыхъун зышIагъэу тхэтыр? ЦIэ ащ иIэба?! — щысымэ ащыщхэу лIыжъ зытIу къэзэрэгъэупчIагъэх.

ЛIыжъ къогъу шъхьэджэшъо цIыкIум ащ ипэгъокIэу кIигъэтхъымэ, зыригъэукIыхьэзэ къыIуагъ:

— Шъэуаикъо Сэлмэн ары хабзи-бзыпхъи зимыIэжьыр, джары шъуфаемэ, адыгэ хабзэр зыукъорэр!

Мыщ дэжьым Шъэуаикъо Сэлмэн мыгумэкIыхэу, рэхьатэу къыхидзагъ:

— Зи сэ мыхъун сшIагъэу зыдэсшIэжьырэп, илъэс тIокIищрэ пшIыкIутфырэу къэзгъэшIагъэм тэрэзэу сэзекIо сшIошIыгъ...

— ПшIошIыгъ! ПшIошIыгъ! Адэ тэрэза о уинысэ узэрэлъэхэхьагъэр! ЛIыжъхэмкIэ тынапэ тепхыгъ. Нысэр къызылъэхэбгъахьэмэ, умышIэмэ сшIэрэп нахь, пшъхьэ къытетIысхьащт! — лIыжъ къогъу шъхьэджэшъо цIыкIум чылэр къыгъэдаIощтыгъэ.

— Зэтелъхь! — Шъэуаикъо Сэлмэн лIыжъ къогъу

шъхьэджэшъо цIыкIум филъыгъ.—ЕгъашIэм пкъо кIыгъунэу, уиунэгъо лъапсэ ыгъэпытэнэу бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ цIыкIоу къыпфащи уинысэ хъугъэр «О, сипщ!» — ыIозэ къыуаджэмэ угу рехьы арыба! Адэ сэ гущыIэу «пщы» зыфиIорэр зэхэсхыхэнэу сыфаеп, ар стхьакIумэ къыридзэмэ сшъхьацышъо къегъэтэджы, ипэурэ щыIэкIэжъ дыджыр сыгу къегъэкIыжьышъ, «пщы» аIоу къысэджэнхэу сыфаепышъ осэIо. Синысэ цIыкIу силъэгъумэ, ежь къогъум къоуцоу, сэ ышъхьашъо сиплъэмэ, сэ зызгъэбылъэу, кIэлэцIыкIумэ афэдэу къангъэбылъ тешIэу тыхэтынэу сыфаепышъ ары синысэ къыслъэхэхьанэу игъоу зыкIэслъэгъугъэр. Ащ пае сэ синысэ унагъо къикIыгъэу, цIыф афэдэ ыпIугъэмэ, иукIытэрэ ицIыфыгъэрэ къащымыкIэнэу сэ сшъхьэкIэ къысшIошIы. Зы бгъагъэ уздычIэсэу, зы Iэгу уздыдэсэу, зы унэ щашIырэр зэдыуигъомылэу зыщытыкIэ, уинысэ унэгу къыкIэмыгъэплъэныр сэ сшъхьэрэ спкъиплIырэкIэ сшIотэрэзэп. Сэ синысэ сылъэхахьэ, ежьыри къыслъэхахьэ, сфэлъэкIымэ дышъи тестэкъощт, дахи есэIо ыкIи есIощт, ар сэ тэрэзкIэ тесыубытагъ. Хэти ыIо шIоигъор ыIонкIи фит, ау сэ синысэ зыфэзгъэпщыщтэп! Сэщ фэдэ лIыжъэу къысэдэIурэри сигъогу къытезгъэхьащт.

Джары Шъэуаикъо Сэлмэны иджэуап.

## ЩыIэлIагъ

ОрэошIу орэуае, нэфшъагъом дэжь зы лIы горэ чэщ къэрэгъулэр тучаным IумыкIыжьызэ къэсышъ, къыIохьэ. Ащ сыдигъокIи ынапIэхэр лъэшэу пщыгъэх, ынапцэхэр зэблэпIыикIых, ыжакI пIонышъ, къэлъ уц кIырым яхьыщыр, ынэ лъынтфэхэр мо джыдэдэм къызэIэутыщт пшIошIы, сыдми мыщ ынэгу хьамцIый уарзэкIэ аIотыгъа уигъаIоу зэхэгъэхьагъэ. ТIэкIу шIэ къэси Iэгъо-благъор къыгъэдаIоу мапскэ.

— О слъэгъурэр нэфмышъэу тучаным укъэкIуагъ, джыри ар къызэIуахынкIэ сыхьатитIу къабзэ щыI, — къыIухьагъэм еплъызэ къыIуагъ къэрэгъулэм.

— Ашъыу, къысэхъулIагъэр сшIэрэп, сыгу Iаеу чэщныкъом сыкъэущыгъ, зыгорэм сыгу пишъурэм фэд, — къытыжьыгъ джэуап тучан пчъэIум къыIухьагъэм.

— ЗэрэпIорэмкIэ, о усымэджэн фае. О укъызыдэкIон фэягъэр тучаныр арэп, медпунктым уишыпэ бгъазэмэ нахьышIугъ. Ащ врачыр къыщыоплъыни уилажьэр къыуиIощтыгъэ, — кIэнэкIагъ къэрэгъулэр.

— Сэ силажьэр дэгъоу сэшIэ, — къэрэгъулэм игущыIэхэр ыгу темыфэхэу къыригъэжьагъ тучан пчъэIум къыIухьагъэм, — сэ сищыкIагъэр зы бэшэрэб! Арары сэ сиIэзэгъур, пшIэрэба ар сэ зэрэсикIасэр. Сянэ ибыдзыщэ фэдэу ар сшIошъоупс, дунаим аркъым нахь сшIолъапIэ тетэп, орэпсау а синыбджэгъужъыр къэзыугупшысыгъэр! Ар щыIэмэ сэ сыгу кIодырэп, ары сэIо...

А гущыIэхэр къэзыIощтыгъэр зыщыщ бынымэ ямызакъоу зэрэкъуаджэу ауджэгъужьыгъэу, нэмыкI къуаджэхэми зикъэбар зэлъашIэгъэ Тэчыкъо Шъэожъ арыгъэ. Пчэдыжьым регъажьэшъ, пчыхьэ нэс бэшэрэбым кIэшъу, фэмылъэкIыжьэу къебэджэу къызэхафэмэ, хьэлъэкъуиплIыкIэ ерэгъэ-псэрагъэу яIэгу мэцохъожьы...



Зы мафэ буфетым чIахьи лIыгъэкIэ къашIуешъуи къычIэкIыжьыгъэу къэкIожьызэ, гъогубгъум етIэ ихыпIэу мэшэ ин хьазыр горэ иIэти ифагъ. Бэрэ Iэо-лъэуагъэ, ау къикIыжьын ымылъэкIэу иси фэд, илъи фэд. Ар кIэлэ зытIум залъэгъум, IэпыIэгъу фэхъунхи машэм къырахыжьынэу морад ашIыгъ.

— Зи ешъумыIу, ар сэ джыдэдэм IэкIэ шъунэмысэу машэм къисщыжьыщт, — къыIуагъ лIы сэмэркъэушIылэу Къасымэ. Ащ бэшэрэб нэкI аркъ итыгъэу зэригъэгъоти, псы рикIагъ ыкIи машэм дэжь ыгъэуцугъ. Ар машэм илъ Тэчыкъом къелъэгъу, ау къынэсырэп.

— Зэ, зэ, зи шъумыIо! Щыдыр мэкъу IэшIукIэ зэрэзылъащэу мы бэшэрэбым а силIэхъупхъэ машэм ригъэзгъэщтэп, къызылъищэщт, — ыIощтыгъэ Къасымэ.

ГъэшIэгъонба, такъикъ заулэ нахь темышIагъэу, мо лIы ешъуагъэм кIуачIэ къыздырихыгъэр о къашIэ, машэм бгъэкIэ къицохъуи, бэшэрэбым ецохъулIагъ. ЗэкIэм мо бэшэрэб цIыкIум елъэдэкъауи Iукоу Iулъыр Iуиути, ыжэ фигъэзагъ, Iуб зытIу нахь римыгъэхыгъэу къызыIуихыжьыгъ. ЦIыфэу къырихьылIагъэхэр щхэу зелъэгъум, Тэчыкъор къэкууагъ:

— ШъуцIыфэп шъо, шъухьайуан нахь! Мыщ къысашIагъэр! Это оскорбление! Сэ джы къышъосшIэщтым шъуеплъ!..

Джаущтэу цIыфмэ къафэгубжыгъ Тэчыкъор, егъэпыих, ау зынэсыщтыр къэсIонэу сшIэрэп...

## Ным ыпхъу риIуагъэхэр

ГъэтхэпагъэI. Ощхы макIэу къыпхъырэм иткIопсыхэр чъыгым ипкIашъэмэ, къэгъагъэу къызэIуихыгъэхэм щыгъыжъыяцэу атетIысхьэх. Ахэр зэрэсысыхэрэм узяплъыкIэ, псэ апыт фэдэу къыпшIошIыщтыгъэ.

Шъхьангъупчъэ апчымэ гъэтхэ ощхыцэу къатефэхэрэмэ, зыгорэм унашъо къарит фэдэу ткIопсы тIурытIущырыщхэу загощыжьы. Ахэмэ ялъэужхэр IэкIэ хадыкIыгъэхэм яхьщырыгъэх.

Шымыщэкъомэ япхъу Сурэт Iэгум дэт лэджэным ощхыцэу тефэрэмэ макъэу къапыIукIырэм кIэдэIукIы. Ощхыр зыуцужьыгъэм сыхьатныкъо фэдиз тешIагъэу кIэлищ зэгъусэхэу унэм къихьагъэх. Ащ лъыпытэу Сурэт къэтэджыгъ ыкIи кIэлищыр ригъэблагъэхи, афэчэфэу ыгъэтIысыгъэх. КIэлищымэ анахьыжъыр Шымыщэкъомэ япхъу зыфигъази къыIуагъ:

— Тян тIоу тыуаджэми хъущт, тшыпхъу нахьыжъкIэ тыуаджэми угу хэмыкIынэу тшIошIы. ТыкъызыфэкIуагъэр Дэхэнэф ары. Ар унагъо ихьанэу щыт, ори зэхэпхыгъэн фае. КIалэу зыдэкIощтыр тиныбджэгъу хьалэл, бэрэ мы унэм тигъусэу къихьагъ. ГуIэтыжьыкъо Джахьфар ары зыфатIорэр... ГущыIи Iэужи шIу зэрэлъэгъуритIумэ зэратыгъахэ... Сянэ макъэ ежъугъэIумэ нахьышIу ыIуи Дэхэнэф тыкъигъэкIуагъ...

Ныр лъэшэу хэщэтыкIыгъ, ынэпсыхэр ыгъэбылъыхэзэ, къыIуагъ:

— Къысэшъуагъэм сэ зэ сызэрэIукIэщтыр дэгъоу сшIэщтыгъэ. Ар щыIэныгъэм щыщ. Шъаом къеццэ, пшъашъэр дэкIо. Пхъу унагъо ихьэмэ, гушIуагъо. Ау зыщапIугъэ унэр зэрибгынэщтыр къыуаIомэ, зэ шъхьае, гур мыузын ылъэкIырэп. Шъо макъэу къысэжъугъэIугъэмкIэ сыгу шъуабгъэрэп, тхьашъуегъэпсэу шъосэIо...

КIэлищыр унэм зекIыжьыхэм Шымыщэкъомэ япхъу псынкIэу тэджи, шъхьангъупчъэр Iуихыгъ, етIани къыригъэсэжьыгъ. Джыри шъхьангъупчъэр Iуихи, дунаим хэплъагъ. Бзыужъыехэу гъэтхапэм чэфэу дэчачэхэрэми, пкIэшъэ цIыкIухэу чъыгымэ къащызэIукIыхэрэм, апэрэ уцхэу шъхьангъупчъэ лъапсэм дэжь къыхэзэрэхыгъэхэмэ яплъыщтыгъэ. Мыщ дэжьым Шымыщэкъомэ япхъу ыгу къэкIыгъэр бэ. Гъатхэр сыдигъуи дахэ. Ар къихьэ къэс къэгъагъэхэр осэу къырегъэсы, дунаир зэфэдэу къегъэкIэжьы, чIыгур къегъэгущыIэ. Ащ фэдэу цIыфми сыд фэдиз ыгъэшIагъэми, зыгорэм къыгъэныбжьыкIэу, къыгъэкIэрыкIэжьыщтыгъэмэ дэгъугъи. Ау ащ фэдэу хъурэп, хъуни ылъэкIыщтэп. Гъатхэр къэси блэкIы, етIани илъэсыкIэ гъэтхакIэ къэсы, къегъэзэжьы. ЦIыфыр ащ фэдэп: ыныбжь хэхъо, ыпкъы еуцо, къыгъэзэжьэу кIэрыкIэу сабый хъужьыщтэп. Нэбгырэ пэпчъ ыныбжь зикъукIэ, зэшIуихын фаеу бэу ыпэ илъ. Ахэмэ зыкIэ ащыщ дэкIон-къэщэн Iофыри. ЩыIэныгъэр ыпэкIэ лъыгъэкIотэгъэнымкIэ, ащ мэхьэнэ ин иI. Дэхэнэф къыфэхъуи быдзыщэ ригъэашъоу къызыщыригъэжьагъэмрэ непэ къызнэсыгъэмрэ къазыфагу кIэхэкIыгъэр Сурэт зэ джыри пэкIэкIыжьыгъ. Шъузабэу къызэнэм, дэкIожьын ыIомэ шъхьагъусэ фэхъун Iаджи къызэрэфыкъокIыгъагъэри, ахэмэ апшъэ и Дэхэнэф пшъэшъэжъые цIыкIу зэришIыгъагъэри ыгу къэкIыжьыгъэх.

ОшIэ-дэмышIэу гушIом зэрихьэу Дэхэнэф унэм къихьажьыгъ. Янэ зэрэнэку-нэпсыр зелъэгъум, ежьыри ыгу къызэхэхьагъ. Уцыр къэмыгъэкIын, тыгъэр къемыгъэпсын плъэкIына! Джащ фэд, зидэкIогъу хъугъэ пшъашъэр дэмыгъэкIон плъэкIыщтэп, зикъэщэгъу кIалэми къемыгъэщэн плъэкIыщтэп.

Ау Сурэт ипшъэшъэ закъоу илъэс пшIыкIуе зыкIэрысыгъэр, чэщи мафи зытеуIубагъэу, Iулъхьэр тIу зыфишIэу ыпIугъэр зыгорэм икIалэ къэкIони иунэ зэрэрицыщтым ыгукIэ езэгъынэу фэягъэп. Ар чIыпIэ имызагъэу гупшысэ куумэ ахэтыгъ. Дэхэнэф янэ ечъалIи, ынэпс стырхэр тыритакъозэ пытэу-пытэу Iаплl рищэкIыгъ.

— Зэхэсхыгъэ, сисас, — къыригъэжьагъ ным, — шъхьагъусэ къыпфэхъущтым иныбджэгъухэр садыжь къэкIогъагъэх. УзэрэдэкIощтымкIэ, макъэ къысагъэIугъ. Адэ, джары, цIыкIу-цIыкIузэ, пшъашъэ ухъугъ. Унагъуи уихьан угу хэлъ. Ар игъо нахь, игъуаджэп, ар бэу шIу. Тиунэ лъэпэ мафэ ипхынэу, узэрыхьэрэми лъэпэ мафэ иудзэнэу есэIуалIэ. Ори уищъхьэгъусэ хъущтыри шъунасыпышIоу, шъупсаоу екIи шъутхъэжьэу шъущыIэнэу сышъуфэлъаIо. Ны пстэуми ялъфыгъэ-пIугъэхэм арары ашIоигъор. Ау, сисэсэ дах, къыпшъхьапэнэу, ишIуагъэ къыокIынэу гущыIэ заулэ къыуасIомэ сшIоигъу. Орырэ сэрырэ шъэф зэдытиIагъэп екIи зэдытиIэныри къезгъэкIурэп.

Табыумэ, сисас, сыд хъункIи «къытфащэгъэ нысэр шъхьахын, чъыяпхэ» ямыгъаIу. Бынымэ аужы гъолъыжь. ЗыкIи зыщыбгъэгъупшахэ мыхъущтыр цIыфыгъэр къэлэжьыгъуаеу зэрэщытыр екIи ар чIэунэным ищыкIагъэр зэрэмэкIэ дэдэр ары. Зэ-тIо пхэнджэу узэрэзекIоу, минрэ дахэу пIуагъи пшIагъи кIодыщтых. Узэрыхьэрэ унагъом ис нэжъ-Iужъмэ къыуаIохэрэр къызыхэгъэзагъ. Жъыгъэмэ ашIэрэри алъэгъугъэри бэ, ори зэгорэм жъы ухъущт. КIэлэ пстэуми ар ягъогу. СыдигъокIи о угу, пшъхьэ уегупшысэжьызэ пшIымэ, нахь макIэу ухэукъощт. УнэшIу къысщэф, сисас, мыр сыд унагъуа зыщапIугъэр, мы бзылъфыгъэр чIыунэм къычIащыгъа ямыгъаIу. ЦIыфмэ гущыIэжъэу ахэлъыр чэщи мафи пшъхьэ игъэлъ: «Гупшыси псалъэ, зыплъыхьэри тIыс». Сыдигъуи мыIуапхъэ умыIо, мышIапхъи умышIэ, цIыфыгъэ зекIуакIэ пхэлъэу зекIо. УцIыкIузэ узэрагъэсагъэу, шъыпкъэ нэмыкI умыIоныр шэнэу зигъаI. Ащ чIыналъэр къэгъагъэм къызэригъэдахэу укъиигъэдэхэщт. «УилI зэресагъ, уикIалэ зэребгъас», — цIыфмэ аIуагъ. А гущыIэ псаухэу, гущыIэ щэрыохэмэ бэу акъыли гупшыси ахэлъ. А гущыIэжъым имэхьан къыбгурыIомэ лъэшэу сигопэщт.

ХьакIэ уиунэ къихьагъэмэ зымыгъэнэгъуцоу, нэгуихыгъэу пэгъокI. Зымыгъэхьэрам. ШIу зыфапшIэрэм къыпфишIэжьыщт. Арарыба зы цIыфыр зы цIыфым ищхэпс зыкIаIуагъэр. ЩыIэныгъэ гъогум къэгъагъэ зыми къыпфытыритэкъощтэп, алрэгъуи къыпфытыридзэщтэп, ор-орэу пIитIукIэ уинасып ууIущт, ор-орэу пшъхьэкIэ щыIэныгъэм о уилъэужышIуи хэпчыщт, тхыпхъэ дахи фэпшIыщт! ГомыIу Iаджи плъэгъущт, гущыIэ дыси зэхэпхынкIи мэхъу, ау ахэмэ угу ямыгъэгъэкIод, зыкъямыгъэгъащт! Непэрэ щыIакIэм къекIущт шэнышIухэр, шэн дахэхэр зэрэпхэлъыщтым умыпшъыжьэу унаIэ тегъэт. ЩыIэныгъэм цIыфыр епсыхьэ, епIу, елэжьы».

Джары ным ыпхъу дэкIоным ыпэкIэ риIуагъэхэр.

## Чъыгэежъым итхыд

Типсыхъо адырабгъу мэзы. Нэпкъы лъагэм утетэу узыплъэкIэ, ар мэз къызэрыкIо пстэуми зи заратекIырэ шIагъо щымыIэу олъэгъу. Ау а мэзым узыхахьэкIэ, умыгъэшIэгъон умылъэкIынэу хьаламэтыбэ хэолъагъо. Анахьэу пфэмылъэгъукIхэрэр чъыг лъагэхэу, огум зышъхьэ бырабэхэр щамсый папкIэу щызгъэIагъэхэр ары.

СызэцIыкIум тимэз лъэшэу сшIощынэгъуагъ, ащ игугъу ашIы къэс скIышъоц къэтэджыщтыгъэ: хьэкIэкъокIэ щынагъохэр бэу хэсыхэу, узэралъэгъугъэм лъыпытэу, ахэр кондэ лъапсэмэ къачIэлъэтыныхи къыбджэхэтхъощтхэу къысщыхъущтыгъэ. Чъыгмэ яжьаоу зэмкIэ инэу, зэмкIэ цIыкIу хъущтыгъэхэри псэушъхьэ мэхъаджэмэ афэзгъадэщтыгъэ.

ЛIы сыхъуи, сиакъыли къызэкIом, мэзым гъэшIэгъонэу фысиIэм хэмыхъуагъэмэ зыкIи хэкIыгъэп. Ау ащ лэучэцIрэ псэушъхьэрэ анэмыкI зэрэхэмысыр къызгурыIуагъ.

Сэ сишIошIыкIэ мэзыр къэлэшхом нахь фэсэгъадэ. Сыдигъуи тыдэ къикIыми, цIыкIуи ини цIыфыбэ къа-

лэм щызэIокIэ. Джащ фэд, мэзыми чъыг ини цIыкIуи бэу щызэIукIагъ. Мары зыгорэ шIокIодыгъ пIонэу, остыгъэе чъыг, ищыгъэм ышыгу огум зыщеплъыхьэ. Ар тыгъэ нэбзыим иорхэм зэлъагъэпскIы. А остыгъаер, едэхашIэхэрэм фэдэу, чъыгы шхъонтIэ цIыкIухэм къызэлъауцухьэ. Ахэм мо джыдэдэм орэд къыхадзэщтым фэд. Мыстхъэ чъыгхэмрэ кIэе ищыгъэхэмрэ, ядэхагъэкIэ зэнэкъокъухэрэ гуцафыр уагъэшIэу, огум пагэу дэплъыех. Адыгэхэр пхъэф чъыгыкIэ зэджэхэрэ березкэ зытIущи пшъэшъэ ищыгъэ дахэхэм яхьщырхэу гъэхъунэм зыщакъудыи...

Чъыгы зэфэшъхьафмэ нахь ахэдзыгъаIоу, гъэхъунэм ыгузэгу хьазырэу, ежьашъо зиIэ тфэй чъыг щыт. Ар зэкIэми къалъэгъоу, ежьыри зэкIэхэри ылъэгъухэу, щыт зэндэрыкъэу, икъутэмэ пытэхэм зарегъэушху. Зыгорэ ащ къыфыкъокIми зэрэфырикъужьыщтыр ишинелышъокIэ къэошIэ.

Ау тфэй чъыгым сыд фэдизэу зышIошIыжьыми, ар чъыгэе чъыг лъэпкъымэ зи зэракIэхьан щыIэп: бэ дэдэкIэ апэчыжь.

Тимэзы чъыгаеу хэтыр бэ. Ахэмэ анахьыбэр цIыкIу. Ау ятеплъэкIи ягъэпсыкIэкIи чъыг пытэ къызэрэтекIыгъэхэр зэкIэм къэошIэ. Чъыгэе нахь иныIохэр нахь зыпкъ итыхэу, нахь тынчэу гъэпсыгъэх, якъутамэхэри ащ фэдизэу жьым фэгъэхъыехэрэп. Ашъхьапэхэр жьыбгъэм хьашъом фэдэу зэхищыхэзэ, егъэсысхэми, зыкIи фэмыгъэхъыяхэрэр апкъыхэр ары, ахэр итIагъэхэу пытэу пелыуан теплъэ яIэу щытых.

Чъыгэе пстэуми анахьэу тимэз къэзгъэкIэракIэрэр Темботы ичъыгаекIэ тикъуаджэхэр зэджагъэхэр ары. А чъыгэе шъэджашъэм илъэс шъитIум фэдиз ыгъэшIагъэу ары. Адырэ чъыгэе пстэуми ялъытыгъэмэ, Тембот ичъыгае зэпстэуми анахь лъэгъупхъ ыкIи анахь ин, чыжьэу ущытэу укъаплъэми, а чъыгаер пстэуми зэранахь лъагэр олъэгъу. Ышъхьапэхэу огум ызыныкъо фэдиз зэлъызыубытырэм ошъуапщэхэр загъорэ къышъхьарэхьэшъ, агъэбылъыпэу къыхэкIы. УмышIэмэ, чъыгаем ышъхьапэ ошъуапщэхэм набгъо щашIи щыгъолъхьагъэхэм фэд.

А чъыгаем Темботы ыцIэкIэ зыкIеджагъэхэр зэзгъашIэ сшIоигъоу сыгу къызэкIым еджапIэм сычIэсыгъ. Ащ ехьылIагъэу къысаIуагъэр ары сэри къэстхыжьырэр. Тембот лIыжъ къызэрыкIу: адэ тикъуаджэ ежь илэгъоу дэсыхэм сыдрэмкIи яхьщыр сIоми сыхэмыукъонэу сшIошIы. ЧIыпIэ имысэу гумэкIыл: зыгорэхэм яупхъу зэпыт, зыгорэхэм арэгущыIэ, сымэджаплъэкIи шIу, тхьаусхакIоми зыкъыщаригъанэрэп. Загъорэ сыдым къыригъэкIми, иныо тIэкIу емыцIацIэмэ ыгукIэ тхъэрэп.

Тембот Хьахъуркъомэ ацыщ. АлъэпкъыкIэ егъашIэми мэзыпэсыхэу къырэкIох, мэзыр шIу алъэгъу. Мэзым анахь чъыгэешхоу хэтым Тембот ыцIэ зыфепхыгъэр зэ шъэфыгъэми, ар бэшIагъэу нафэ хъугъэ. Тембот ятэу Хьанахъо дунаир ыхъожьын зэхъум, зы осыет ыкъо анахьыкIэ къыфишIыжьыгъагъ: «А сикIал, зыкIэ сыолъэIужьыщт. Мэзым чъыгэежъ инэу хэтыр ори ошIэ, ар мызэу-мытIоу озгъэлъэгъугъэ. А чъыгым илъэсыбэ ышыбжь. Табыумэ, си Тембот, ащ унаIэ тегъэт, лъыплъэзэ шIы. Хэт ащ ыIэ тырищэягъэми фэмыд».

Темботы кIэлэ дэдэу ригъажьи, жъы охъуфэ а чъыгаем ынаIэ тырихыгъэп. Ылъапсэ къурэу къычIакIэрэ щыIэмэ риупкIыщтыгъэ, пкIэшъэжъхэри чIиукъэбзыкIыщтыгъэ, гъэтхапэми бжыхьэми къытIыхьэщтыгъэ. ЦIыф къэкIо-накIомэ лые зэрэрамыхыным ишъыпкъэу лъыплъэщтыгъэ. КIымэфае хъоу осышхо къесымэ, Тембот чъыгаем дэжь къэсыти, осыр ащ ылъапсэмэ аIуигъэзыкIыщтыгъэ ыкIи хъураеу ыубэти, ащ хьалыгъу шкъойхэр бзыу Iус хъунэу атритакъощтыгъэ. Бзыухэр кIымэфэ лъэхъанми чъыгаем дэжь щилъэгъухэмэ Тембот игопагъ.

Темботы ичъыгае икъэбар Iэгъо-блэгъум имызакъоу чыжьэу Iугъэ. КъызэраIотэжьырэмкIэ мы чъыгаем ычIэгъы адыгэ усэрэжъхэу, джы ашуг зыфаIохэрэр, зы лъэхъанэ щызэIукIэщтыгъэх ыкIи орэдхэр лIыхъужъымэ яхьылIагъэу щызэхалъхьэщтыгъэ. ЛIыхъужъ орэдхэр апэу чъыгэежъыр ары зэхэзыхыщтыгъэр. Урыс писатель инэу Максим Горькэм лъэсэу тихэгъэгу къыкIухьэ зэхъум, мы чъыгэежъым ычIэгъ адыгэ лIыжъхэм щаIукIэгъагъэу ыкIи пшысэхэу къыфаIотэгъагъэхэм лъэшэу шIогъэшIэгъонэу ядэIугъагъэу ары къызэраIотэжьырэр. Джащ щыублагъэу писатель цIэрыIом адыгэ пшысэхэм ягугъу ышIыщтыгъэу ары...

ЦIыфым бэ ыгъэшIагъэу, ищыIэныгъэ ыкIэм факIо

зыхъукIэ, ежь егъашIэм Iофэу зыпылъыгъэр зыIэ рилъхьащтым, зыфигъэшъошэщтым егупшысэ. Арары Тембот лIыжъыми ыгу имыкIэу чэщи-мафи илъызэпытыр. Хэт шъуIуа ипхъорэлъфымэ ащыщэу ичъыгае лъыплъэнэу цыхьэ зыфишIыщтыр? Ащ егъэгумэкIы. Ипхъорэлъфмэ ащыщхэу чъыгэежъым фигъазэмэ шIоигъуагъэхэр къоджэ еджапIэр къызаухым, зыпакIэ чыгъуагъэхэр къоджэ еджапIэр къызаухым, зыпакIэ чыжьэу еджакIо кIуагъэх. Ипхъорэлъфымэ анахьыкIэ дэдэу Азэмат цIыкIум тэтэжъыр анахь щэгугъы. Ар еджапIэм чIэмыхьэзэ бэрэ мэзым дищагъ ыкIи макIэп чъыг лъэпкъыхэу ригъэшIагъэхэр. «ЛIыгъэкIэ цIыфым мэзыри, ащ хэт чъыгхэри шIу ебгъэлъэгъунхэ плъэкIыщтэп, — загъорэ Тембот ыгукIэ зэриIожьыщтыгъэ, — ежь-ежьырэу ыгу къыриIозэ сыдрэри шIу ылъэгъумэ нахьышIу. Джащыгъум цIыфым ыгу пэблагъэ хъугъэмкIэ ыпсэ ытыным фэхьазырыщт...»

Мафэ горэм Темботы бэрэ гугъэIэшIоу къыздырихьакIыщтыгъэм имэкъамэ ытхьакIумэ къыридзагъ. Ар зэрэхъугъэм ышъхьэ къитхын. Апэрэ классым кIонэу езгъэжьэгъэ къодыеу Азэмат цIыкIум пчыхьэ горэм тэтэжъым къыIоу зэхихыгъэ: «Сыпсаумэ, неущы тичъыгэежъ дэжьы сыкIони сыкъэплъэщт. Ащ нитIоу сиIэр зытемыплъагъэр мэзэ хьазыр хъугъэ. Сибгыуз джырэ фэдэу нахь пасэу хэжъукIыгъэмэ, тичъыгэежъ ащ фэдиз тесымыгъашIэу сыфыкъокIыщтыгъэ».

— Тэтэжъ, тэтэжъ, — къэупчIагъ ынэ шIуцIэхэр къихъудэдыкIэу Азэмат Iэжь-лъэжь цIыкIур, — сыд пае тичъыгай пIора, тэ чъыгэе шъхьаф тиIа?

— ТиI адэ! Хьахъуркъохэу плъэпкъыкIэ узщыщхэм чъыгэешхо мэзым зэрэщыряIэм игугъу ашIэу джырэ нэс о зэхэпхыгъэба?

— Хьау, зэхэсхыгъэп, тэтэжъ, ау Темботы ичъыгай аIоу зы чъыгы горэм игугъу ашIэу сэIугъэ. «Темботы ичъыгае дэжь туристхэр щыIагъ», — тиеджапIэ щаIоу стхьакIумэ къыридзагъ. Сыд фэдэ чъыгая ар, сыд пае ащ о пцIэкIэ еджагъэха? Ар ора зыгъэтIысхьагъэр?

— Хьау, а чъыгаер сэ згъэтIысхьагъэп, ар бэкIэ сэщ нахьи нахьыжъ: сэ згъэшIагъэм фэдэ зыщыплI ыгъэшIагъ, а чъыгыр тэ тиунагъо имызакъоу, зэрэчыли, зэрэхэгъэгуи яй. Ау Хьахъуркъохэр, а чъыгаем сыдрэмкIи нахь пэблагъэх, ар тиунагъо щыщ пIоми хъущт. Сяти сятэжъи мэзыпэсыгъэх. Сэри сыцIы-



кIоу сятэжъ КъокIасэ мэзым сыдищэзэ, ар шIу сигъэлъэгъугъэ. Чъыгы пэпчъ цIыфым фэд, ащ нэхэр ямыIэу, бзэ аIумылъми, тхьакIумэхэр яIэх бэрэ къысиIощтыгъэ. «Чъыгым ытхьапэхэр ары ытхьакIумхэр, ылъапсэхэр ары ылъакъохэр, ытамэхэр ары ыIэхэр», — тэтэжъ ыIозэ, сымышIэщтыгъэ Iаджми гу алъысигъэтагъ. Ау ситэтэжъы чъыгы пстэумэ анахьышIу слъэгъун фаеу мэзым зы чъыг щысигъэлъэгъущтыгъ.

— Адэ, тэтэжъ, неущ мэзым узыкIокIэ, а чъыгэежъым дэжь сэри сыздащэба?

Тэтэжъыр щхыпцIызэ «хъун» къызеIом, Азэмат цIыкIум дунаир фэмыхъужьэу гушIуагъэ. Зэгъолъыжьми неущрэ мафэм ежэу тIоунае чэщым къэущыгъ, мэзым ехьылIагъэуи пкIыхьэ Iаджи зэхилъэгъухьагъэ.

Пчэдыжьым тэтэжъымрэ ипхъорэлъфырэ зэгъусэхэу, яIалъмэкъи хъун-шхынхэр илъыхэу мэзым ылъэныкъокIэ ежьагъэх. Псыхъом къуашъомкIэ зэпырыкIыхэ зэхъум, Азэмат къухьэхэр зезыфэрэ морякхэр ыгу къэкIыгъ ыкIи итэтэжъ зэхыригъэхэу къыIуагъ:

— Ины сыхъумэ, сэ капитанэу зызгъэсэщт!

— Капитанэу ухъу зэрэпшIоигъомкIэ сыпфэгушIо! Уиморад къыбдэхъу, сицIыкIужъый! Ау хым утет хъумэ, чIыгум уфэзэщыкъомэ?..

Илъэс шъитIу фэдизрэ Хьахъурэкъо лъэпкъыхэр зэрыкIорэ лъагъом техьагъэх. Мэзым анахь гъэхъунэ инэу иIэм зехьэхэм, ащ о къэплъэгъугъэмэ анахь чъыгэешхо апэ къыщифагъ. Ар иныжъым фэдэу чъыг пстэуми къахэщы. Игъумагъэ IаплIэкIуих е им нахь макIэп. Ышъхьэпэ дэдэ ылъэгъумэ шIоигъоу Азэмат ышъхьэ зеIэтым, ипаIо къыщызыгъ. Хъураеу чъыгэежъыр къызекIухьэ нэуж кIэлэцIыкIур кIэрыхьапи, ащ ыкIышъо нэсыгъ. Ыжэ цIыкIу зэкIэгъэзыжьыгъэу, бзыубэу къутамэмэ атесыхэу зипхъэкIынчэ етIупщыгъэу теохэрэм ядэIоу ыублагъ. Тэтэжъым ащ гу лъимытахэ фэдэу зишIыгъ.

ОшIэ-дэмышIэу жьыбгъэр къилъыгъ ыкIи ащ бзыухэмэ яорэд чэф щаригъэгъэтыгъ. Азэмат чъыгым къыкIэрыкIи, нахь чыжьэу IукIоти, гуфаплъэу еплъыгъ. Мыщ дэжьым тэтэжъэу зилулашъхьэ тутын шъхьартIупщ изыубэрэм зыфигъази елъэIугъ:

— А тэтэжъ, зэхэоха, мы чъыгаем икъэбар джыри къысфэIуат. Тембот илулэ зэ-тIо зекъудыихэ нэуж, къыригъэжьагъ:

— Сыхэмыукъорэмэ мы чъыгаем илъэс шъищ фэдиз ыныбжь. Ар чъыг бэгъэшIэ лъэпкъымэ ащыщ. Чъыгаехэр щыIэх илъэс шъищым, шъиплIым, арыпакIогаехэр щыIэх илъэс шъищым, шъиплIым, арыпакIо-гаехэр щыIэх — нахьыбэ агъэшIагъэу. Темыр Кавказым, Укпышъ, ащ нахьыбэ агъэшIагъэу. Темыр Кавказым, Украинэм ыкIи нэмыкIрэ чIыпIэхэми лIэшIэгъу зыхыбл зыныбжь чъыгаемэ уащырехьылIэ. ГущыIэжъ щыI: «Чъыгаем ылъапсэ пытэу, ышъхьэ Iэтыгъэу къэкIыныр икIас». Армэ сэ сшIошъы хъугъэу, сишъыпкъэкIыныр икIас». Армэ сэ сшIошъы хъугъэу, сишъыпкъэу зы къыосIон. Чъыгаемэ псыхъохэри, къушъхьэхэри сыгу къагъэкIых. Чъыгаер зэрэлъэгъупхъэм ыкIи зэрэдахэм имызакъоуи, ащ шIогъабэ пылъ. Ар жьэу къэзыуцухьэрэр сыдигъокIи гохьы, къабзэ, цIыфым ыгу къызэриIэтырэм нэмыкIэу ипсауныгъи егъэпытэ. Анахь зыщыжъоркъэу, зыщытыгъэнэстырым чъыгаем ычIэгъ сыдигъокIи чъыIэтагъ. Iэзэным хэшIыкI фызиIэмэ къызэраIорэмкIэ, чъыгаехэр бэу зыщызэхэт чIыпIэм цIыфэу зихьапщэ кIэкIым, зижь ыубытырэм мымакIэу ишIуагъэ екIы, Iэзэгъу фэхъу.

Чъыгаем ылъапсэхэм ягъэпсыкI ары, си Азэмат, лъэшэу гъэшIэгъоныр. Ахэр насосым фэдэу чIыгум икуупIэ зырагъэIыхыгъэу шынэгъакIэу чъыгым ищыкIагъэр ылъапсэ къыщегъэжьагъэу ышъхьапэ нэсыжьэу къыдаща́е. Зэ мыдэ чъыгэе лъапсэм ичIыгу хаIэри, ар зэрэшъабэм еплъэлъ, мо джыдэдэм псы тыракIагъэм фэд. Чъыгаем пэблэгъэ чIыгум сыдигъокIи шынэгъакIэр къебэкIы ыкIи огъу-сыд зыфаIохэрэр ышIэрэп.

Джы пшъхьэ къэIэтыри, зэ чъыгым дэплъыелъ. Сыда ащ угу къыгъэкIырэр? Чэу шхъонтIэ пытэ къэшIыхьагъэр угу къегъэкIы. Ащ жьыбгъэр ымыгъакIоу къызэтыреIажэ, къеубыты. Чъыгаер зыщыбэм жьыбгъи, жьы стыри, фыртыни ащыщынагъоп. Ахэмэ чIыгур сыдрэми щаухъумэ.

Арымэ джы, сикIэлэхъу, чъыгаем ытхьапэхэр зэрэгъэпсыгъэхэм тэрэзыIоу, гуфаплъэу тегъэплъ. Тхьапэ пэпчъ егугъузэ, хъэрэпкIарэу, пшысэхэм ахэлъ пкъыгъохэм ахэбзыкIыгъэмэ яхьщырэу, зыгорэм ышIыгъэхэм фэдэх. Ащ фэдэ хэбзыкI дахэхэр анахь бзылъфыгъэ IэпэIасэми фэшIынэпщтын. Пшыпхъу нахьыжъ иджэнэ анахь гъэшIуагъэу, мэфэкIырэ зыщилъэрэр плъэгъугъа? Джащ чъыгэе тхьапэхэм ятамыгъэхэр тедзагъэх. ТихьакIэщ еIулIыгъэ алрэгъум тызыкIожьыкIэ еплъ. Ащ чъыгэе тхьэпэ хэдыкIэу иIэхэр зиIэшIагъэр уянэжъ ары.

Чъыгаем идэхагъэрэ ащ федэу пылъымрэ къэлъытэгъуай. Ащ мышкIоу къыпыкIэхэрэр къомэ анахь агу рихьырэ Iусмэ ащыщ, чэтымэ мышкIу залъэгъукIэ атезэрэхы. Къохэр делэхэп, ар пшIошъы гъэхъу, мышкIур мыIэшIугъэмэ, ахэр пфекIолIэщтгъагъэхэп.

МышкIу хьаджыгъэм шъон зэфэшъхьафхэри нэмыкIхэри бэу къыхахы.

Чъыгэе тхьапэхэм яIушъэшъэ макъэ тхьакIумгъатхъ, ныбжьи уязэщыщтэп. Гъэмэфэ лъэхъанхэм чъыгаем ытхьапэхэм яIушъэшъэ макъэ чэфыр нахь къыхэIукIы, зэдырагъаштэ хъумэ орэд шъыпкъэ къызэдаIоу къыпшIошIы. Бжыхьэр къэсэу жьыбгъэ ощх зэхэтмэ чъыгаер аутыхьэу зыхъукIэ, тхьэпэ гъожьхэу тутын тхьэпэ шъуамбгъом фэдэхэр зырыз-тIурытIоу къыпэзыжьых. Джа лъэхъанэр ары чъыгэе тхьапэхэм, яIушъашъэ гухэкI макъэхэр къызхэIукIыхэрэр.

Сыд фэдэ псэуалъэха чъыгаем хашIыкIыхэрэр пIоу укъыкIэупчIэмэ ащ иджэуап аукъодыеу псынкIэу къыпфэухынэу щытэп. Чъыгэяпхъэр джэхэшъоидзэ пстэуми анахь дэгъу, пIэкIори, шифоньери, столи, мэкIэ́е хъэрэ-пкIэрэ зэфэшъхьафхэри, пхъэнтIэкIу зэмылIэужыгъохэри ыкIи нэмыкI пкъыгъуабэхэри хашIыкIы. Чъыгэе пхъэчаем фэдэр зырыз, ащ ибгъахъорэр мыкIодэу бэрэ еты, щыугъэу щызэхаплъхьэрэри IэшIу мэхъу. Чъыгэе псэолъапхъэм осэшхо иI, зэрэпытэм пае къухьи машинаби ахалъхьэ... Чъыгэепс гъэжъуагъэ хэмытэу шъор тэрэзэу пытэу хъурэп... Ащ урысыбзэкIэ дубовый экстрактIэ еджэх. Ар къышIэу МыекъуапиПсыфабэми заводхэр адэтых.

Тикъуаджэмэ хъяр горэ яIэ хъумэ, мэфэкI мафэхэр, анахьэу маим къыхэфэрэ мэфэшхо мафэхэр агъэмэфэкIы хъумэ, мы чъыгаем ычIэгъы цIыфыбэ къыщызэрэугъои, орэдхэр къыщаIо, къыщэшъох, сыдми уахътэр чэфэу щагъакIо.

Ау зыщымыгъэгъупшэнэу джыри зыгорэ къыуасIо сшIоигъу. Ар чъыгэежъым анахь къутэмэшхоу пытым дэжь иIэ гъурбым ехьылIагъ. Ар гъэтхэ ыкIи гъэмэфэ лъэхъанэхэм пкIашъэмэ агъэбылъы, кIымафэрэ осы къызесыкIэ, лъэгъугъуае. А гъурбы инэу чъыгаем иIэр Отечественнэ зэошхом илъэхъан партизанхэм лъэшэу къашъхьэпагъ. Сэри ахэмэ, цIыкIужъый, сишIогъэ

тӀэкӀухэр язгъэкӀыгъэх. Чэщырэ гъомлапхъэр шъэфыкӀэ къэсхьыти, мы чъыгым гъурбэу иӀэм ислъхьэщтыгъэ. Охътэ, гъэнэфагъэм партизанхэр чъыгаем къекӀуалӀэхэти, а гъурбым илъ шхынхэр рахыщтыгъэх. Ӏэшэ зэфэшъхьафхэмрэ щэ-гынхэмрэ мызэу-мытӀоу а чъыг гъурбым партизанхэм щагъэбылъыгъ.

— Адэ, тэтэжъ, а чъыг гъурбым сыда джыдэдэм илъыр? — ыгъэжьызэ Азэмат къэупчӀагъ.

— А гъурбыр ныбжьи нэкӀы хъурэп: ащ зыгорэ илъызэпыт, — джэуап къытыжьыгъ Тембот. — Непэ илъыр плъэгъу пшӀоигъомэ, мыдэ стамэ къытетӀысхьи, къутэмэшхом дэкӀуаери, уиджабгъу лъэныкъокӀэ пкӀашъэхэр зэӀэгъэзыкӀи, чъыгаем ишъхьангъупчъэ иплъ.

Азэмат цӀыкӀум зыфэмыӀажэу псынкӀэу тэтэжъ ытамэ теуцуи, мамунэм фэдэу къутэмэшхом нэрэ-Ӏэрэ азфагум зыпигъани, чъыг гъурбым иплъагъ.

— Сэлъэгъу! Сэлъэгъу! ЗэкӀоцӀыщыхьагъэ горэ сэлъэгъу! — къэкууагъ Азэмат.

— А зэкӀоцӀыщыхьагъэм ыкӀоцӀ пхъонтэжъые кӀоцӀылъ, ащ тхьэпэ тхыгъэ дэлъ, а тхьапэм къеджэрэр насыпышӀоу хъущт ыкӀи шъэф Ӏаджи ымышӀэщтыгъэу нафэ къыфэхъущт...

— Ащыгъум, тэтэжъ, чъыг гъурбыр инышъ, ащ сэ сифэщт, зезгъэчъэхыни, а пхъонтэжъыем дэлъым седжэщт...

— А си Азэмат, чъыгым къехыжь... Ащ фэдизэу а Ӏофым удэмыгузажъу, — Тембот къыӀуагъ, — ар джыдэдэм къыпӀэкӀэфэнэу щытэп. Ар пӀэ къызихьащтыр мы чъыгаеу тэ тлъэпкъ ыцӀэ зэпхыгъэм уедэхашӀэу, ар уемызэщэу къэуухъумэ зыхъурэ ужыр ары ныӀэп.

Чъыгым лъэшэу шӀоигъуаджэу къепкӀэхыжьызэ, Азэмат къэупчӀагъ:

— Сыда а пхъонтэжъыем дэлъ тхьапэм тетхагъэхэр?

— Илъэсищым къыщымыкӀэу чъыгеежъым чэщи мафи умыӀоу узыфэплъырыхэрэ нэужым, а пхъонтэжъыем дэлъ письмэм итхагъэмэ уяджэн уфит, — джэужъыем дэлъ письмэм итхагъэмэ уяджэн уфит, — джэуап къытыжьыгъ тэтэжъым, — ащ зи шӀу нэмыкӀ итхагъэп.

Тэтэжъым игъусэу Азэмат къызежьэжьым, чъыгэежъ бэрчэтым ылъэныкъокӀэ бэрэ плъагъэ. Чыжьэ хьазырэу къызыӀокӀыжьхэм, Азэмат гушӀозэ, чъыгаем Ӏэ фишӀыгъ ыкӀи ыгукӀэ зэриӀожьыгъэ: «Ситэтэжъ ыцӀэ зезыхьэрэ чъыгэе дышъ, сэ сыщэӀэфэ сыуигъусэщт».



## Дармэт имэщӀус

Тикъуаджэ хъяр къыдэхъухьэмэ апэу рагъэблагъэрэмэ ащыщ Щызыунэкъомэ яныоу Дармэт. Ар апэрэмэ ащыщэу цӀыфмэ агу къызыфэкӀырэр ащ фэдизэу бгъэшӀэгъонэу щытэп: дэгъоу мэпщэрыхьэ. Ащ ищыпсы шӀыгъэрэ ищэлэмэ гъэжъагъэрэ Ӏанэм къызытрагъэуцокӀэ, цӀыфхэр зэрэхэӀагъэхэм лъыпытэу хэмыукъохэу, зы нэбгырэм фэдэу, къызэдаӀо: «Мыр Дармэт нэмыкӀ ышӀыгъэп».

Ащ лӀэшӀэгъуныкъо хьазыр фэдиз тешӀагъ. Адыгэ къуаджэхэр колхозэу зэхахьэхи, бригад пщэрыхьэхэр агъэнафэхэ зэхъум, апэу зыцӀэ къыраӀуагъэмэ Дармэт ащыщыгъ. «Зы бын тэрэзэу сыфэпщэрахьышъумэ сэгушӀо, сыдэущтэу чылэр зыхэт бригадэ псаур згъэразэу гъомлапхъэ сфэшӀына? Ар спшъэ ифэхэнэп», — ыӀуи бэкӀаерэ къафемыуцуалӀэу ригъэкъудыигъ. Ау зэкӀэри зэхахьэхи елъэӀухэзэ къытырагъэнагъ. «КӀо, хъу шӀоигъор орэхъу, сфэгъэцэкӀэшъумэ сеплъын, къызэрэсщыгугъыгъэхэу сыкъычӀэмыкӀыжьмэ, сезыгъэзыгъэхэр сигонахь хэхьаных», — ыӀуи ыӀэлджэнашъохэр дищаехи, Дармэт ипшъэрылъ фежьагъ. ПщэрыхьакӀэм сыфэӀаз ымыӀоу, анахь бысымгощэ дэгъоу ышӀэрэмэ мызэу-мытӀоу ӀаджхэмкӀи яупчӀыгъ. ШэкӀы фыжьыбзэм хишӀыкӀызэ, дзыо цӀыкӀу пчъагъэ ыгъэхьазырыгъ. Зым къон хьаджыгъэ, адрэм щыбжьый зэпыдзыгъэ, ящэнэрэм зэхэубэ аритэкъуагъ.

Апэрэ мафэу пщэрыхьэу зыригъэжьагъэм къыщыублагъэу Дармэт цӀыфэу бригадэм хэтхэр нэшӀукӀэ къеплъыхэу хъугъэх, игъомлэпхъэ шӀыгъэ къыщытхъущтыгъэх. НыбжьыкӀэхэм анахьи нахь нэжъ-ӀужъыӀохэм гущыӀэ фабэу къыраӀохэрэр ары Дармэт къабылкӀэ ыштэщтыгъэхэр. Ежьыри мафэ къэс ипшъэрылъ джыри нахь дэгъоу зэригъэцэкӀэщтым пылъыгъ.

Дармэт чӀыпӀэ къин Ӏаджми арыфэу къыхэкӀыгъ, ау исэнаущыгъэрэ иӀушыгъэрэ яшӀуагъэкӀэ Ӏофым хэкӀыпӀэ къыфигъотыщтыгъэ. Мафэ горэм ыупщэрыхьан фаехэр къэзыщэрэ кӀалэр къэгужъуагъ. Щэджэгъуашхэ цӀыфмэ афишӀын ымышӀэу гуӀэным хэтыгъ. Егупшыс-къегупшысэжьи, пэмычыжьэу рекӀокӀырэ псыхъом псынкӀэу нэси, пцэжъыяшэу Ӏусымэ зэкӀэ къау-

бытыгъэр язэгъи къаIихыгъ. ПсынкIэу бригадэм цIыфэу хэтмэ афикъун фэдиз пцэжъые лэпс ышIыгъ...

Джы Дармэт, Iоф ышIэнкIэ темыфэжь нахь мышIэми, непэ къызнэсыгъэм ишIуагъэ къызэригъэкIоным, цIыфмэ федэ горэ къызэрафихьыным ишъыпкъэу пылъ. Мыгъэ лэжьыгъэ угъоижьыныр зырагъэжьагъэм зы мафэ нахь темышIагъэу, щэлэмэ матэ ыгъажъи, комбайнермэ мэщIусэу афихьыгъ. Хьамэм Iоф щызышIэрэми джащ фэдэкъабзэу хъоеу хьалыжъо афишIи, щэджэгъуашхэм тефэу зы мафэ алъигъэIэсыгъ. Дармэт имыхьамел зыIуфэгъэ лэжьэкIо пстэуми хъохъоу къыфаIуагъэм тэмэлые къыгуегъакIэ.

Мыгъэ тикъуаджэ шхэпIакIэ къыщызэIуахыгъ. Ащ ишеф-повары Дармэт советник фэдэу иI.

Хэкум ис пщэрыхьакIохэр зэIуагъакIэхи, джырэблагъэ Мыекъуапэ щызэрагъэнэкъокъугъэхэти, апэрэ чIыпIэр Дармэт къыхьыгъ.

— ТIэкIу тагъэгузэжъуагъ нахь, ащ нахьышIуIоуи сафэпщэрыхьани, — ыIуагъ Дармэт.

Ау газетхэм зэрэхагъэунэфыкIыгъэмкIэ, Дармэт фэдэу упщэрыхьажьын умылъэкIынэу ары.

## Кокой ишъэф

Тихьэблэ шъузхэр зызэIукIэхэкIэ къэбаркIэ зынэмысыхэрэ щыIэп: хэгъэгу IофхэмкIэ ублэшъ, Африки, Китаий, Америки къагъанэрэп, чылэ къэбархэмкIэ аухыжьы. Къэбар пстэуми шъхьэтеIулIэжьэу афэхъурэр Кокой икъэбар.

«Кокой мыр ышIагъ», «Кокой джыри къытэтхьагъэпцIэкIыгъ», «Сыд пшIагъэкIи, а Кокой иIушыгъэ укIэхьащтэп», — джахэр ары хьэблэ шъузмэ анахь къахэIукIыхэу зэхэпхыщтыр.

Анахьэу Кокой игугъу зэрашIырэр ичэтхэм пстэуми анахьыбэ къызэракIэцIырэр ары. «Кокой ичэт пэпчъ мафэм кIэнкIитIу къакIехы», — аIошъ гъунэгъу ныуи ныси рэгущыIэх. Ахэмэ зыфаIорэм шъыпкъэ хэлъ, ау Кокой ишъэф зыми къышIэн ылъэкIырэп, хэт къыдэгущыIагъэми, ар риIонэуи ыдэрэп. НахьыбэмкIэ Кокой еупчIыхэмэ аритыжьырэр джэуап кIэкI: «Чэт хъукIэ пшIэн фае».



Игъунэгъу шъузымэ аримыIоу ыкIи аримыгъашIэу Кокой шъэф Iаджи IэкIэлъ. Ичэтхэр мафэрэ зэрэкIэцIыхэрэм имызакъоу, ахэмэ чэщыри къырагъэтэкъу. Сыдэущтэу ар ыIэ къифэра Кокой? Чэщныкъо зэрэхъугъэм лъыпытэу Кокой иунэ зэрисэу чэтэщым ит электроостыгъэр хегъанэ. Чэтхэмэ нэфынэр залъэгъукIэ, нэфшъыгъэ ашIошIышъ, кIэцIыхэу аублэ.

Кокой ичэтхэм фэдитIукIэ нахьыбэ кIэнкIэ къакIэцIынэу къызхэкIырэр ышIэмэ шIоигъоу, ащ ыгъапэу зымафэ ягъунэгъу ныор къыфэкIуагъ. Кокой римыгъашIэу, чэтмэ япчъагъэ ыгукIэ къелъытэ. Ежь чэтэу иIэм фэдиз къабз, а лъэпкъ дэдэхэри ары. Гъунэгъу ныор кIомэ-къэкIожьызэ, ушъхьагъу горэ ышIи, Кокой ичэтхэр зэрыс чэтэщым иплъагъ. Ащ электроостыгъищ зым адрэр нахь инэу зэрэпылъагъэхэр ылъэгъугъ. Гъунэгъу ныор ядэжь къызэкIожьым ыкъо елъэIугъ: «Сэри чэтэщым электроостыгъэхэр сфырягъащ. КIэнкIэ щылбыр нахьыбэрэ пфэсшIынэу усэгъэгугъэ».

Джаущтэу Кокой ишъэф хьэблэ шъузымэ нафэ афэхъугъ. Джы кIэнкIэ хъущэу ячэтхэмэ къакIэцIырэр зыдахыыжьыщтыр ашIэрэп.

Кокой джыри зы шъэф горэ къыугупшысыгъэу зыдиIыгъ. Ари тыпсаумэ, бэрэ пэмытэу зэдгъэшIэн.

## Зэ упкIэн, тIо упкIэн...

Дыргушъаокъо Хьамао къыгъэшIагъэм Iоф паекIэ къин шIагъо зэримыгъэлъэгъужьэу, пкIантIи хъатэу къызэримыгъэхыжьэу, пстэуми анахьышIоу зэрэщыIэным пылъ. Сыд фэдэ Iоф лIыгъэкIэ ашIуIухьагъэми, сыд илIэужыгъорэ IэнатIэ къатырихыгъэми, ышъхьэ илъ зэпытыр ифедэ нахьыбэу къыхигъэкIыныр ары.

ЛIым икъэбар, къуаджэу зыдэсым имызакъоу, Iэгъо-блэгъум къыщекIокIэу ыублагъ. «Хьамао ибуфет шхыныгъо лъэпкъэуи шъон зэмлIэужыгъоуи чIэмылъыжь щыIэп. Сыдигъо ибуфет учIэхьагъэми, хьазыр Iупэф зыфаIорэм фэд: узыфаер зэкIэ къыпфештэ. Зи ар буфетым тезыгъэхьагъэм тигъэунэжыгъэп умыIо!» Ащ фэдэ къэбархэр хэзыутхындзэщтыгъэхэр ешхэ-ешъохэр зикIасэхэр арыгъэх. Буфетыр ятIонэрэ пщы-

пIэу хэзыхыгъэхэр шIоу ешъохэу ашъхьэ зыуназэкIэ, ахэмэ Хьамао аркъэу къафытыригъэуцорэр шъхьафы. Шъхьафы тIоми, апэу къафытыригъэуцуагъэми ятIонэрэу къафытыригъэуцуагъэми ауасэхэр зэфэдэх, зэфэмыдэр пытагъэу яIэр ары.

Хьамао ыцIэкIэ зэджагъэхэ буфетыр сельпом епхыгъи емыпхыгъашъуи фэд. Гъомлэпхъэ тIэкIу-шъохыгъи емыпхыгъашъуи фэд. кIухэу консерв, нэкулъ зыфэпIощтхэр загъорэ къоджэ сельпом къыфетIупщых. АщкIи накладнойхэр иIэх. Ау гъомлэпхъэ нахьыбэр ежь къуаджэм къыщещэфы. Хьэблэ бысымгуащэмэ чэтхэмкIи тхьачэтхэмкIи язэгъы, былым зыукIхэрэми лы шIукIае къащещэфы.

Хьамао сатыушIынымкIэ планэу къыфагъэуцухэрэм къарегъэхъу зэпытышъ, игугъу дахэкIэ ашIы, зэ-тIо горэми сельпом и Щытхъу пхъэмбгъуи исурэт итыгъ, районым сатыушIынымкIэ зэIукIэу щыIагъэми пэрыткIэ ыцIэ къыщыраIуагъ...

ТхьаматэмэузэрякIолIэщтымкIэ, узэрапэгъокIыщтымкIэ ежь Хьамао бгъэсэжьынэу щытэп: ащкIэ янэ къыдилъфыгъэм фэдэу IэпэIэсэныгъэшхо хэлъ. Тхьамэтэ лъэрыхь къакIо аIоу ытхьакIумэ къызэрэридзагъэм лъыпытэу (ащкIэ макъэ къезгъэIущтхэри хьазыр) Iанэр нэрэ-Iэрэ къагу къегъэхьазыры... Ащ пае чыжьэу кIонэрэ-Iэрэ къагу къегъэхьазыры... Ащ пае чыжьэу кIожьынэу ищыкIагъэп: буфет холодильникым дэлъыри дэтыри бэ, ар имыкъумэ, ежь иунэ ылъэныкъокIэ Iабэмэ, икра шIуцIи, плъыжьи, лы гъэгъугъи, къурамбыйIэшIуи, нэмыкI шхыныгъохэри щыIэх. Арменем къыращыгъэ коньякри хъои, шашлык ашIыщт мэлыри Iоеу щагум дэт.

Хьамао ишIугъоу, ыгу зылъыIэсырэм ыIэ лъыIэсэу щыI. Илъэсым тIэкIу къехъу нахь буфетым темысыгъэу «Москвич» къежьэгъакIэм фэдэ ыщэфыгъ, нэрэ-Iэрэ къагу гараж игъэкIотыгъэ дэгъуи аригъэшIыгъ.

ИлъэсыкIэм икъихьагъум райцентрэм къикIи, лIы горэ къуаджэм къэкIуагъ ыкIи ар Хьамао ибуфет щагъэшхэнэу хъугъэ. Ар Iофэу зыпылъыр Хьамао зэригъэшIагъэ — къуаджэм шъо, цы зыфэпIощтхэр щищэфынхэу, заготовитель цыхьэшIэгъу ыгъэнэфэн фае. Заготовитель Iаджми ахъщэр къызэрэхагъэтэкъурэм Хьамао дэгъоу щыгъуазэти, райцентрэм къикIыгъэ хьакIэм ыпэуи ыужэуи зишIыгъ, хъун-шхынкIи шъонкIи егугъугъ. Ар имыкъоу чэщым иунэ исынэуи ригъэблэгъагъ. Бысымыр иIэмкIэ къогъу къохьажьыгъэп.



— Сэ сишъхьагъусэ заготовитель дэгъу хъущт, ымышIэрэмкIи сыIэпыIэщт: сатыум сыфэнэIуас. Бзылъфыгъ умыIощтымэ, сихозяйкэ шъхьахынэп. Къуаджэм изаготовителэу бгъэнэфэнэу сыпщэгугъы. УкIэгъожьынэп... — Хьамао райцентрэм къикIыгъэм елъэIугъ.

— Джыри тызэупчIыжьынхэр щыIэх, ау уихозяйкэ заявление къегъэтхыри, кIо, теплъын, — зыщежьэжьыным къыIуагъ хьакIэм.

Хьамао иIоф къикIыгъ. Ишъуз заготовитель хъугъэ. Ау зэкIэ былымышъуи, ци ащызыщэфхэрэр ежь Хьамау ары. Буфетэу ежь зытесым Iоф зыщимышIэрэ мафэм тырегъафэшъ, къоджэдэсмэ ыкIи къутыр благъэм къикIыгъэмэ ащэщафэ. ЦIыф хэкIотагъэмэ зыгорэхэр ащищэфы хъумэ, зэраIихын фае уасэм къыщигъакIэрэ щыIэп. Ау нахь кIэлаIохэр ыдэжь къаIофытэхэмэ, ахэмэ къашIудихьырэр нахьыб. Шъом ыцыпэ гъонабэ иI, цэу тетыр пIокIащэ е щыгъу бащэ тешъутэкъуагъ еIо, счетым цакъ-сакъ ригъаIоу къыредзэ, тхылъ таеу зэтелъым хаплъэ фэдэу зыригъэшIызэ, ежь ифедэ къыхегъэкIы.

Хьамао буфетымрэ заготовительнэ Iофымрэ лэжьапкIэу къащихьырэм фэшъхьафэу, илыягъэу игъот зэрэшIур къэпшIэнэу, етIани илъэс нахь темышIагъэу «Москвичыр» «Волгэ» кIэпсыкIэ зэблихъугъэ, унэ зэтети ригъэжьагъ.

— УзэрэщыIэшъу, сиблагъэ, боу а щыIэныгъэр хьэламэтэу гъэпсыгъэ, — Хьамао зешъокIэ хэкуукIыныр икIас. — Шъо институтхэр къэшъуухыгъэзэ, къэжъугъахъэрэр зэуи арэп!

Джаущтэу кIэлэегъаджэхэри врачхэри нэмыкI Iаджхэри кIэнэкIалъэ ешIых.

МэфэкI мафэхэм ащыщ къызыщысыным пчыхьэу машинэ ушъэгъэшхо Хьамао зытес буфетым дэжь къыщыуцугъ. Ар Хьамао псынкIэу аригъэунэкIыгъ. Шъонхэр зэрыт ящик 40 фэдиз буфетым ыкIоцIи, ащ къыбгъодэт складыми ачIагъэуцуагъ. Шъон кухьэшхо къэзыщагъэхэм, Хьамауи зэрахэтэу, ячэф макъэ буфет егъэтыгъэм ыкIоцI сыхьат фэдизрэ къычIэIукIыгъ.

— КъэкIорэ тхьаумэфэ пчыхьэм джыри ащ фэдиз къашъущэ, — Хьамао машинэр къэзыфыгъэмэ аIапэ ыубытыжьзэ, акIэлъиIожьыгъ.

ЯтIонэрэмкIэ шъонэу къащагъэм ыныкъо фэдиз Iуигъэкlыгъэу, лIы куп Хьамао ибуфет къычIэхьагъ. Аркъ бэшэрэб уныкъугъэу Iанэм тети, цIыфмэ ащэфыгъэу къызэIуамыхыгъи, ящикмэ адэти зэпэкIагъэкIызэ ауплъэкIугъэх.

— Аркъым псы хэт, ипытагъэ бэу къыщэкIэ, — къыIуагъ комиссиеу къэкIуагъэм итхьаматэ. — Мыщ фэдэ аркъэу машинэ тхьапша зэкIэмкIи мы аужырэ мэзитIум къыпфащагъэр?

— Тфы, хьау блы, хьау, пшIы... — IупшIыкI къодыеу ыбзэгу фызэпымыгъэзэжьэу ерагъэу джэуап къытыжьыгъ Хьамао.

— Мы аркъым псы зэрэхэтым, ар къэралыгъом изавод къызэрэщамышIырэм ущыгъозагъэба? — етIани къэупчIагъэх.

Хьамао зи къыIуагъэп, ышъхьэ еуфэхыгъэу, епэгъогъохэу щысыгъ.

Джырэблагъэ аркъыр ежьыр-ежьырэу ыгъажъоу, къышIэу ыкIи шъэфыкIэ ыщэу унагъо къалэ горэм къыщаубытыгъ. Аркъ бэшэрэбхэри, ахэмэ атырагъэпкIэрэ тхылъыпIэхэри, бэшэрэбышъхьэхэр зэрагъэпытэрэ Iэмэ-псымэхэри ащ къыщагъотыгъэх.

Къэралыгъоми цIыфми ятыгъогъэ купэу зэхаубытагъэмэ Хьамауи ахэтыгъ.

ЦIыфмэ хьаолыеу аIуагъэп: «Зэ упкIэн, тIо упкIэн, ящэнэрэм ухэпкIэн!».

## Гощпакъэ икъэбархэр

Гощпакъэ чэфы зэпыт, сэмэркъэур икIас. Ежь илэгъу бзылъфыгъэ хэкIотагъэхэм заIукIэкIэ, зы щхэн горэ къафимыIотэнэу амал иIэп. Гощпакъэ ягъусэу бзылъфыгъэхэр зы чIыпIэ горэм щыIагъэхэу къэкIожьыхэ хъумэ къыдаублэ:

— Гощпакъ, а Гощпакъ, тымыгъэзэщэу мыдэ къэбар горэм тегъэдэIуба, ащ о уфэIэзэ хьазыр.

Гощпакъи, игъусэхэм а ялъэIу ежагъэм фэдэу, макIэу IущхыпцIыкIыни, къыублэщт. Джаущтэу мафэ горэм бзылъфыгъэ куп щхэн Iаджи къафиIотагъ. Мыхэр ахэм ащыщых.



— Сыпшъэшъэжъые цIыкIугъ ащыгъум. Чэтжъые къищыгъакIэхэр бгъэжъым есымыгъахьынхэу, ахэмэ салъыплъэнэу сянэ къысфигъэпыти, ежь ышыпхъоу къуаджэм дэсым дэжь тIэкIурэ къэтынэу кIуагъэ. Чэтжъыемэ кIэщыгъокIэ сыхьат фэдизрэ сапэсыгъ. Бгъэжъ инэу зэ-тIо зыкъэзыгъэлъэгъуагъэми чыпэу сIыгъыр фэзгъэсыси, макъэ есшъыгъ. Чэтжъыемэ сякъэрэгъулэу сыщысыным сезэщыгъэу, тигъунэгъумэ япшъэшъэжъыеу сэ силэгъур къэси, ядэжь сыкIомэ, инысхъапэмэ саригъэплъынэу къысиIуагъ. Ары шъхьам чэтжъыехэр сыбгынэ хъущтэп. Чэткъуртэр зышъхьаукъэкIэ, бгъэжъыр къыздизыгъэр умышIэу къахэони, чэтыжъые ыхьыщт. Тигъунэгъу пшъэшъэжъыеми инысхъапэхэр слъэгъухэ сшIоигъу. Ары шъхьам чэтыжъыемэ хэкIодыкI афэхъумэ, сяни шIу зэрэсимыгъахьыщтым лъэшэу сегъэщынэ. Чэтыжъыехэр тIурытIу-щырыщэу кIэпсэжъыекIэ слъэхъэнхи, чэу лъапсэм еспхыныгохэу исхъухьагъ. КIо, ар сыгу къэзгъэкIыгъэри о къашIэ. Чэтжъые зэпхыгъэхэр бгъэжъым фэхьынхэп, сыгукIэ сIуа-



гъэ. ТIурытIу-щырыщэу чэтыжъыехэр слъахъэхи, зэспхыгъэх ыкIи зы кортыр пхъэнтIэкIужъыем, адырэ кортыр чэужъым еспхыгъэх. Тигъунэгъумэ адэжь сызынэсыгъэм бэ дэдэ темышIагъэу огум сызыдэплъыем, слъэгъурэр хьаламэт: чэтыжъыитIу зэрэзэпышIагъэу, пцIэухэзэ бгъэжъым ыIыгъхэу ехьы...

Сыгу иушкъоикIыгъэшъ, слъэкIапIэхэр мэкIэзэзы. Ерагъэу гу къызIэпысшIыхьажьи, тадэжь сыкъэкIожьи сичIыпIэ сытIысыжьыгъ. Чэтыжъыемэ тIу къащэкIэ. Сыда сшIэщтыр? Сыда сянэ есIощтыр? Чэтэщым силъади кIэнкIитIу къисхи чэтыжъыемэ абгъукIэ згъэтIысыгъэ. Сянэ къызэрэлъэгъуагъэм тетэу гъыным дэсыублагъ.

— Сыд пае угъыра, сисас, зыгорэм угу хигъэкIыгъа?

— Хьау... хьау... Чэтыжъыемэ ащыщэу тIу сяплъызэ, кIэрыкIэу кIэнкIэ хъужьыгъэх, — сишъыпкъэу сыхэщэтыкIи сянэ джэуап естыжьыгъ.

— Ар Iофа, ащ пае угъы хъуна! Чэтыжъыехэр кIэнкIэу хъужьыгъэхэмэ джыри къырядгъэщыжьынхэба! — Iэ къысщифэзэ, гъэшIуабзэкIэ сянэ къысиIуагъ. Хъугъэр сянэ зыгорэм риIуагъэкIэ е ылъэгъугъэкIэ сенэгуе. Армырмэ, сыд пае зи къысимыIуагъ? Чэтыжъыехэр къагъэзэжьэу икIэрыкIэу кIэнкIэ зэрэмыхъужьхэрэр ымышIэщтыгъэмэ сшIэрэп... Нэужым, ины сызэхъум, а сишхъухьэшIагъэ сянэ бэрэ къыфэсIотэжьыгъ ыкIи лъэшэу мызэу-мытIоу тыщхыжьыгъ...

— Джы къытфэпIотэщтыр ошIа, Гощпакъ, — иныбджэгъу бзылъфыгъэхэм зэдырагъаштэ, — джырэблагъэ уилIыжъ узэретхьагъэпцIэкIыгъэм икъэбарэу чылэм къыщекIокIырэр ары.

— А къэбарыр зэхэшъухыгъахэу шъошIэмэ, сыд пае джыри икIэрыкIэу къышъуфэсIотэжьына? — Гощпакъэ къыIуагъ. Ау купыр къызэрэшIомыкIыщтыр къызгурэIом, ынэхэм щхыр къакIэтэкъоу къыригъэжьагъ:

— СилIыжъырэ сэрырэ пчэн къаигъитIумэ тафэд: зэфэдгъэгъурэ щыIэп. Сэ, мыхъуми, нахь цIыфыгъэ тIэкIу схэлъ, ау лIыжъыр ары зэкIокIыпагъэр. Зыгорэ ыгу тефэрэп. Нахьыжъ хъу къэс нахь тесые мэхъу. Нахьыпэм фэмыдэу нахь дэеу сыпцэрыхьэу, нахь дэеуи сыфэгыкIэ хъугъэу елъытэ. Сэ сикIэсэ шхынхэр, къалмэкъ щайри зэрахэтэу, нахьыбэу зыфэсшIыжьхэу, ежь нахьи сэ сшъхьэ нахь сегугъужьэу еIо. Сыдми лIыжъым изэфэшIу къэгъотыгъуай. Жъы хъурэм сабыигъом фегъэзэжьы зыфаIуагъэр шъыпкъэны фае.

ЛIыжъым ыгу къысфилъ шъыпкъэр зэзгъэшIэнэу, тIэкIу згъэгуIэнэу мафэ горэм сыгу къэкIыгъ. Ар сыгу къэзыгъэкIынэу хъугъэри типхъорэлъф пшъэшъэжъыеу къалэм щеджэрэр ары. Ар каникулым къатIупщыгъэу, тIэкIурэ щысынэу тадэжь къэкIуагъ. Ащ цы паIо, парик зыфаIорэм фэдэу, ышъхьэ щылъэшъуагъ. Адыгэхэр нахьыпэм пIын аIоти а паIом еджэщтыгъэх. Ежь типхъорэлъф пшъашъэм ышъхьац шIуцIэ, парикэу тырилъашъорэр тхъоплъы. КIо, ари моднэн фае. Бзылъфыгъэмэ нахь загъэдэхэн, загъэкIэрэкIэным пае джы бэба модэу къырагъэжьагъэр!

Пхъорэлъф пшъашъэу гъогу къытекIыгъэр тIэкIу зигъэпсэфынэу зэгъолъым, цы паIоу париккIэ заджэхэрэр ышъхьэ къытырилъэшъуи, ау мычыжьэу ыгъэтIылъыгъ. Пхъорэлъф пшъашъэр зыхэчъыем, а парик тхъоплъыр къасшти зышъхьащыслъэшъуагъ. Сшъхьац фыжьхэр умылъэгъунэу гъэбылъыгъэ хъугъэх, спхъу анахьыкIэ ицокъэ лъэдэкъэ лъагэу пIэкIор чIэгъым чIэсыгъэхэри къычIэзгъэкIоти, сарыуцуагъ. ДжэнакIэу зыщысымылъэгъахэу сиIэри псынкIэу зыщыскъудыягъ, хъэгъэ псыпс дахэри сынэгу ыгъэбылъэу зытесхъуагъ. Ащ нэуж лIыжъым дэжь сихьи, сымакъэ дахэ сшIи, сэлам есхыгъ.

— Ухэта о? — ыIуи инэгъунджэмэ къачIэплъызэ къысэупчIыгъ.

— Сэ шъуигъунэгъумэ сыряпхъужъ хьакI, Гощпакъэ силъэгъун. Тыдэ щыIа ар? — сIуагъэ.

ЛIыжъыр нэбэ-набэу къысэплъи, джэуап къытыжьыгъ:

— А мэджнунэр чыжьэу кIогъэщтэп. Тиудэгоу мо джыдэдэм исыгъ. О ныу! О битэмал! Тыдэ хъугъэ сэIо мы джынапцIэр!

— Ал, аущтэу уиныо уеджэ хъуна! Ар бзылъфыгъэ шIагъу аIошъ сибысымхэр къыщэтхъух, — лIыжъыр сынэгу къыкIэсымыгъаплъэу есIуагъ.

Ащ лъыпытэу зэрэгубжыгъэр хэпшIыкIэу лIыжъым ишъыпкъэу къыIуагъ:

— Тиныо бзылъфыгъэ шIагъу оIуи! Бзылъфыгъэ шIагъомэ пшIэни ащ зымафэ нэмыIэми улъэхэзгъэсы-

гъэмэ. Цу пIомэ, ежь чэмы еIо, къыптекуозэ къыбдэгущыIэ. Узиджагъор ащ кIэгъу. Аужым ыупщэрыхьэхэрэр хьэ тэрэз пфишхынэп!

Сэри лIыжъым нахь сыжэхахьэзэ, зэрэслъэкIэу кIэсэгъэсты:

— Сенэгуе, о лIыжъым, уиныо имыхьакъ еоIуалIэкIэ. Тыгъопчыхьэ ащ псы хьалыжъоу пфишIыгъэм щыщ сибысымымэ къафихьыгъэти, ар зэрэIэшIугъэр! Тигъэтхъэжьэу тшхыгъэ. СилIыжъы псы хьалыжъо нэмыкI емыгъэшхи, дунаим зыфае тетэп ыIуагъ. Зэрэхъурэмкіэ, о уикIэсэ гъомлапхъэхэри а уубырэ ныоу, хьэм егъэшхырэм пфешIых.

— ЕшIы адэ, еж! Егъажъо ежь икIэсэ къалмэкъ щаеу тумы хъуныр! Ар пчэдыжьи, пчыхьи, щэджагъуи, гъэмафи, кIымафи Iанэм тет зэпыт. Янэ къыдалъфыгъэм фэд! Къалмэкъ щаир слъэгъумэ, сшъхьацышъо тэджэу сыхъугъ, — ыIозэ бэ лIыжъым къызэхипчъагъэр.

ЛIыжъым къыIорэм седэIу-седэIуи сеупчIыгъ:

— ЗэрэпIорэмкIэ, уиныо уетхъылIэрэп, къыпфэбзадж арыба?!

— Къысфэбзаджэ ныIэба, хьэр псашъо сегъащэ...

Ащ нахьыбэрэ сфэмыщыIэжьэу сшъхьэ тегъэпIынэгъэ парикыр псынкIэу тесхи, цокъэ лъэдэкъэ лъагэхэри зыщысхи, ошIэ-дэмышIэу лIыжъым ыпашъхьэ сыкъиуцуагъ. ЛIыжъыр къыгъэ. Илулэу зыкIэшъущтыгъэр къыIузыгъ, инэгъунджэхэри къуащэ хъугъэх...

Мары мазэм къехъугъэшъ силIыжъ укIытэжьыгъэу хэт, зэкIэ сIорэр ешIэ, шъодакIом фэд. Гъунэгъу ныоу зилIыжъхэр къызэмыдэIужьхэрэм сэ щысэ къыстырахы ашIоигъо шъхьам, зыми ымышIэу, шъэфыкIэ парик пIынэ къыздырахыщтыр ашIэрэп. Къоджэ тучаным щащэрэп, къэлэ тучаным къызащэрэми псынкIэу зэбгырахы, товар дефицитнэмэ ахалъытэ хъугъэ...

## Машэ зытIырэр машэм ефэжьы

Хы ШIуцIэ Iушъом Iут къалэмэ ащыщ горэм икъухьэуцупIэ а мафэм цIыфыбэ къыщызэрэугъоигъ. Ахэр нэмыкI хэгъэгу къикIыщт къухьэшхоу туристхэр зэрысым ежэх. Ахэмэ ахэт Шапсыгъэхьаблэ щыщэу Мэлахъукъо Хъусени.



Хъусен макIэу елъэщао, ыпшъэ дэжь тыркъо ин иI, къыбдэгущыIэ хъумэ, тIэкIу шIэ къэс къызэшIонэ. Отечественнэ зэошхор ары сэкъат зыхэхъухьагъэр. Хьылъэу фашистмэ къауIи иакъыл щыуагъэу пыимэ гъэрэу аIэкIэфэнэу хъугъагъэ.

— Непэ тхьаумэфэ мафэу сшIэн хъатэ щыIэпти, къухьэшхом пэгъокIырэмэ сакъыдэкIуагъ, — къыIуагъ Хъусен.

— Сыд мыщ щыпшIэрэр, Хъусен?

— Зыщысэгъэпсэфы. ХьакIэщэу «Интуристым» сис.

Къухьэ инэу туристхэр зэрысхэр къухьэуцупIэм къыIухьэ зэхъум, зытIо-зыщэ горэм къэбыугъ. Пшъашъэ горэ къэгъэгъэ Iэрам заулэ ыIыгъэу къыIухьи, зы Iэрам Хъусен къыритыгъ.

— Мы къэгъагъэхэр хьакIэмэ апай. Къухьэм къикIырэмэ ащыщ пэгъохи ет. О уипкъэгъу-лэгъу горэм фэпщэймэ нахьышIу, — къыриIуагъ ащ.

Къухьэ тэмэфым зым зыр ыужэу туристхэр къикIыщтыгъэх. Мэлахъокъо Хъусен лIы хэкIотагъэу нэгъунджэ шIуцIэшхо зыкIэлъэу пэчIынатIэ хъугъэм къэгъэгъэ Iэрамыр ритыгъ. Ащ ипэгъокIэу нэгъунджэ шIуцIэ зыкIэлъыр ыгу къыдемыIахэу макIэу IущхыпцIыкIи, «тхьауегъэпсэу» къыриIуагъ. Къэгъагъэр зэритыгъэм ымакъэ Хъусен зызэхехым минут заулэрэ къыгъэм фэдэу щытыгъ ыкIи егупшысагъ: «Сыдэу мы лIым ымакъэ синэIуаса, тыда шъуIуа мыр зыщыслъэгъугъэщтри сызщыIукIэгъэщтри?»

Хы къухьэшхом мэфэ заулэкIэ къегъэзэжьыфэ, ащ къикIыгъэ туристхэр хьакIэщым къащэхи, шъхьадж унэу зэрысыщтыр фагъэнафэ зэхъум, икIэрыкIэу Хъусен нэгъунджэ шIуцIэ зыкIэлъэу зымакъэ инэIуасэм нахь пыплъыхьэу ыублагъ: «Сызэгуцэфэрэ лIыр арын шъуIуа мыр? Сэ зыфасIорэм исэмэгу Iэхъомбэшхо пэкуагъэ». Iалъмэкъэу ыIыгъхэр зыбгъукIэ ыгъэуцухи, паспортыр къырихынэу иджыбэ зеIэбэжьым, нэгъунджэ шIуцIэ зыкIэлъым исэмэгу Iэхъомбэшхо зэрэпымытыжьым Хъусен гу лъитагъ ыкIи мыщ дэжьым ыгукIэ зэриIожьыгъэ: «Ащ уехъырэхъышэжьынэуи щытэп, а нэгъунджэ шIуцIэ зыкIэлъыр сэ зыфэсIорэ лIы дэдэр ары...»

Нэгъунджэ шIуцIэр зыкIэлъыр зыщилъэгъугъэ апэрэ сыхьатым къыщегъэжьагъэу Хъусен гупсэф зыфаIорэр щыгъупшагъ. ЗэрыкIорэ гъогури ылъэгъужьырэп,

ышхырэри ыцагэ дэхьажьырэп. Чъыенэу гъолъыжьыми, тэрээу чъыен ылъэкIрэп, гупшысэ гумэкIмэ ахэт. Ыпэрэмэ афэмыдэу игъэпсыкIэ-зекIуакIэхэр нэмыкI шъыпкъэу зэрэхъугъэхэм хьакIэщым исэу нэIосэ благъэ фэхъугъэхэми гу къылъатэгъагъ, ар зи зыфахьын амышIэу къеупчIых:

— Сыда сэIо, о лIыр, къыпщышIыгъэр? КъыуаIорэри зэхэпхыжьырэп. УиуIагъэхэр къызэкIэрыожьыгъа?

— КъызэкIэрыожьыгъэ шъыпкъ, къызэкIэрыожьыгъэ шъыпкъ, — Хъусен ыIозэ джауащтэу джэуап аретыжьы.

Ау Хъусен зэгупшысэрэр фэшъхьаф. Къэжь ышIэрэ бзэджэшIэ анэжъыр ара мы нэгъунджэ шIуцIэр зыкIэзымыхырэр, хьауми нэмыкIа?

Иджэнджэшыгъэ гъунэ фишIыным пае нэгъунджэ шIуцIэр зыIулъым ыцIэрэ ылъэкъуацIэрэ зыфэдэхэр зэригъэшIагъэ. «Теодор Фок, Канадэ къекIы, илъэс 60 ыныбжь...»

«Адэ сэ зыфасIорэм ыцIэр Ганс Аксель. Фашистмэ ялагерэу гъэрхэр зыщаIыгъыщтыгъэхэр тидзэхэм шъхьафит зашIыжьым, ащ къыздисхыгъэ гъучI къамыщым ыкIэ тетхагъэри джары — Ганс Аксель, —лъэшэу егупшысагъ Хъусен. — Адэ сыхэукъо шъуIуа? Армэ, а лIыр зыщыщ шъыпкъэр зэзгъэшIэпэным иамал къэзгъотыгъахэу сшIошIы».

Туристхэм ацIэкIэ къэкIогъэ письмэхэмрэ телеграммэхэмрэ швейцарым дэжь щылъхэу хэбзагъэ. Хъусен конверт къабзэ зэригъэгъоти, ащ ыкIыIу «Ганс Аксель фэкIо» ыIуи дахэу тыритхи почтэм ипечать тырарригъадзи, а письмэхэм ахилъхьагъ.

Къалэр къэзыкIухьэхи, хьакIэщым къихьэжьыгъэ туристхэр письмэхэмрэ телеграммэхэмрэ зытелъ столым екIолIагъэх. Ахэмэ нэгъунджэ шIуцIэ зыкIэлъы лIыри ахэтыгъ. Ащ «Ганс Аксель» зытетхэгъэ письмэр зелъэгъум, зэкIэм ышъо къыпычъыгъ. IэкIэ емыIэу бэрэ еплъ-еплъи, IукIыжьыгъ. ЦIыфхэр зызэбгырэкIыжьхэм, етIани изакъоу къыгъэзэжьи, инэгъунджэ зыкIихи, хьэ щтагъэм фэдэу зиплъыхь-зыкъиплъыхьажьи, письмэм зытриуIуби, гуфаплъэу еплъыгъ, ау IэкIэ нэсыгъэп. А пстэури Хъусен ылъэгъугъ, ау гу къызылъыригъэтагъэп. Мы уахътэм ымакъэ зэрифэу къыIомэ шIоигъо гущыIэхэр ыбзэгупэ щычэрэгъущтыгъэх: «Ы, цIыф шъотехыжъ, а письмэм тетхагъэхэр о пцIэрэ плъэкъуацIэрэ. Сэ о узыфэдэ шъыпкъэр дэгъу дэдэу къэсшIагъэкIэ сэгугъэ. ПцIэрэ плъэкъуацIэрэ зэблэпхъуи, тызэрэщыIэр зэбгъэшIэнэу, тихэгъэгоу угукIэ пфэмылъэгъурэм зыкъебгъэшIэнэу, тихэгъэгоу угукIэ пфэмылъэгъурэм зыкъеб-гъэхьыгъ. Еплъ, еплъ, укIэкIожъ, непэрэ тищыIэкIэпсэукIэ зэрэдахэм! Ори ощ фэдэ блэныкъоукIыхэу къэнагъэхэми тэ дэкъацэм тыдэлъэу, егъэшIэрэ гъэрыпIэм титэу тышъуIыгъын шъугу хэлъыгъ, ау шъуиIоф къикIыгъэп...»

Хъусен фитыгъуаджэ хъуи, гъэры зашIым, лагерэу зыдэсыгъэм иукIэкIуагъэмэ ащыщ зэрэIукIэгъэ шъыпкъэр ышIошъы хъугъэ. Ауми етIани тIэкIу макIэу ыгукIэ емыхъырэхъышэн ылъэкIыгъэп. Джыри зы ушэтыпIэ ыгу къэкIыгъ. ШхапIэм туристхэр рагъэблэгъэгъэхэ къодыеу ащ Хъусен чIахьи лъэшэу джагъэ: «Хэта Ганс Аксель зыцIэу шъухэтыр? Ащ телефоныр къеджэ!» Нэгъунджэ шIуцIэ зыкIэлъэу ышIэрэ лIыр псынкIэу зэ къызщылъэти шъхьае, зэкIэм зыкъиш Iэжьыгъэщтын, псынкIэу зыридзыхыжьыгъ. Ау Хъусен дэгъоу ылъэгъугъ. Джыри зэ Хъусен джагъэ, ау зи къэтэджыжьыгъэп. Нэгъунджэ шIуцIэр зыкIэлъым ышъхьэ нахь риуфэхи, зи зэхимыхырэм фэдэу псынкIэу лагъэм зытриуIуби шхэу ыублагъ.

ЫгукIэ Хъусен гушIоу, дунаир фэмыхъужьэу ичIыпIэ къэкIожьыгъэу егупшысэ: «А укIэкIожъыр ары, нэмыкIэп. КъызыдэкIогъэ къэралыгъор щыгъупши, ыцIэ зыраIом, зэкIэм къызщылъэтыгъ. Ар оры, оры, Ганс Аксель, о хъытыум укъифэгъах».

Зымафэ туристхэр хым зыхахьэхэм, ахэмэ апэмычыжьэу Хъусени нэпкъым пшахъоу Iулъым зыщитIэкIыгъ. ЫIу егъэзыхыгъэу щылъыти, ащ ытэмэпкъышъхьэ шхъуантIэ хъужьыгъэу, хэгъэжъыкIыгъэу цифрэу тедзагъэр къэлъэгъуагъ: «15456». Туристмэ ащыщ Хъусен дэжь мэшIохэгъанэ фаеу къызыIохьэм, ащ тедзэгъэ тамыгъэр ылъэгъугъ:

— Сыд цифрэха укIыб тедзагъэхэр? Мышъэфмэ къысаIу, сыолъэIу, — къыIуагъ туристым.

Минут заулэрэ Хъусен зи къымыIоу щыс-щыси, лъэшэу хэгурымыкIи, къыIуагъ:

— СакIыбышъо тедзагъэхэм якъэбар пшIэмэ пшIоигъу... Ащыгъум модэ пшахъом хэлъэу щылъ лIы Iэхъомбэ пакор къащэ. Ащ нэужым зэкIэри нафэ къыпфэхъущт.

Хъусен ыпэрэм фэдэу ыбгъэ егъэзыхыгъэу пшахъом

хэгъолъхьажьыгъ. Нэбгырэ зытIу ыкIыбышъо тедзэгъэ тамыгъэм езэрэгъэплъэу щытыхэзэ, туристым нэгъунджэ шIуцIэ зыкIэлъы лIыр къыгъэси, тIури къэуцугъэх. ОшIэ-дэмышIэу нэгъунджэ шIуцIэ зыкIэлъым тамыгъэр зелъэгъум, къэщтагъ, зэ щъхьае зэтекъагъэ. Нэужым тIэкIу шIагъэу гу къызIэпишIыхьажьи шIэхшъыпкъэу ышъхьэ Iуихыжьыгъ.

Хъугъэм Хъусен гу лъитагъ ыкIи зыкъызэригъэзэкIи, туристэу къелъэIугъэм къыриIуагъ:

— Адэ уигъусэ IубгъэкIыжьыгъэмэ сшIэрэп... СакIыбышъо телъ тамыгъэр ыкIи ар къытырадзэнэу къызыхэкIыгъэр, зэрэпIорэмкIэ, пшIэнэу уфай, — къыригъэжьагъ Хъусен. — Ащ щыгъуазэ ухъу пшIоигъомэ, хьакIэщэу шъузчIэсым дворецышхоу къыбгъодэтым пчыхьашъхьэ шъукъакIу, шъуетэгъэблагъэ. Ащ Отечественнэ зэощхом хэлэжьагъэхэм япчыхьэзэхахьэ щыIэщт. Пчыхьэзэхахьэм ыужи пщынэ къышъуфеощтых. Сыдми шъузэщыщтэп. А нэгъунджэ шIуцIэ зыкIэлъыри къыздэмыщэу умышIы.

Пчыхьэ зэхъум, хьакIэщым пэмычыжьэу щыт дворецышхом цIыфхэр чIэмыфэжьэу къыщызэрэугъоигъэх. Анахь гъэшIопIэ чIыпIэм Мэлахъокъо Хъусен агъэтIысыгъэу щыс. Ыбгъэгу орденхэр, медальхэр хэлъых, фэсакъыпэу зы зэкIоцIыпхэгъэ кIыхьэ гори онтэгъу хьазырэу ыIыгъ. Чэзыур нэси, Отечественнэ зэошхом ехьылIагъэу псалъэ къышIынэу Мэлахъокъо Хъусен гущыIэр ратыгъ.

— Сэ амыгъахъи згъэхъагъэп, амышIи сшIагъэп. Ау къинэу ыкIи хьазабэу зэошхоу блэкIыгъэм къыхьыгъэр, ащ тэ ткIэхихыгъэр пщыгъупшэн плъэкIырэп. Сэ анахьэу ар зыщымыгъупшэрэмэ сащыщ. Сыда пIомэ лIи икIэрыкIэу къэхъужьыгъэм сыфэдэшъ ары. УIэгъэ хьылъэ стелъэу, сиакъыл сыфимытыжьэу фашистмэ саIэкIэфагъ. ЗыкъызысэшIэжьым, гъэрхэр зыщаIыгъырэ лагерь инмэ ащыщ сызэрэдэсым гу лъыстагъ. Тидзэхэм яхьылIагъэу сшIэрэ щыIэмэ къысагъэIон агу хэлъэу слъакъохэр дэкъацэкIэ бэрэ афызыгъэх, слъэкъо лъэныкъуи сэкъат ашIыгъ. Ау сыд фэдизэу жъалымэу къызыздэзекIохи, зи къафэсIотагъэп. СакIыбышъо цифрэ заулэ хагъэжъыкIыгъ, ар гъэр тамыгъ. Тыдэ тыкIуагъэми, тахэмыкIокIэным пае, ар тэ гъэры хъугъэхэм къыттырадзагъ. Ахэр къыттезыдзэгъэхэ фашистхэм тетыгъор аубытыпэн ашIошIыгъ, ау хэукъуагъэх. Мы гъучI къамыщыр илъэс 30-м къехъугъэу сIыгъ. Мары шъуеплъ. Ар советскэ дзакIомэ тилагерь шъхьафит зашIыжьым, кIэзытхъужьыгъэхэ укIакIохэм ащыщ къычIинагъ. Мы гъучI къамыщымкIэ бэрэ сшъо ращыгъ. Мы гъучI къамыщымкIэ слъэгъузэ, гъэр нэбгырэ пчъагъэмэ лъыр къаIочъыфэ яуагъэх, кIэлэцIыкIуитIуи сапашъхьэ раукIыхьэпагъ. Мы къамыщыр зыIыгъыгъэм ыцIэ тетхагъ — Ганс Аксель. Ар непэ туристэу мы тихэгъэгу къэкIуагъэмэ ягъус, мары сэлъэгъу, рэхьатэу щыс.

Мыщ дэжьым цIыфэу щысхэр къэзэрэгъэбырысырыгъэх ыкIи чIыпIэ-чIыпIэу макъэхэр къахэIукIыгъ.

— Тыдэ щыIа а укIакIор? Къэрэтэдж мыдэ, лIымэ зыкъерэгъэлъагъу!

— Хьау, ащ зыкъигъэлъэгъон фитэп. Ащ непэ ыцIи ылъэкъуацIи зэблихъугъэ, — игущыIэ къыпидзэжьыгъ Хъусенэ. — Ащ зегъэнэгъуаджэ, ыцIэ зэрэзэблихъугъэм имызакъоу ихэгъэгуи ыхъожьыгъ... Ар сэ дэгъоу ымакъэкIи сшIэжьыгъэ. ПцIы сыусыгъэкIэ шъулъытэ исэмэгу Iэхъомбэшхо мыпакомэ. Мы гъучI къамыщэу сэ сшъуи нэмыкI цIыфыбэмэ ашъохэри зэрэраутыгъэр ащ нахьыбэрэ сIыгъыжьынэу сыфаеп. Ар музеим есэтыжьы. А гъучI къамыщыр зылъэгъурэм фашистмэ зэрахьэгъэ хьэкIэ-къокIагъэр зыщерэмыгъэгъупш, фашистхэу зышъхьэ къэзыIэтынэу ежьагъэхэми ярэбэн, мамырныгъэри мыпшъыжьэу нэкум фэдэу къерэухъум! Зао къэмыгъэхъугъэным, зэо кIэгъэстхэм ямурад шIойхэр укъогъэнхэм апае хэти зышъхьарэмысыжь! Мамырныгъэр орэпсау!

...Къухьэ тэмэфэу туристхэр зэрыкIожьыщтхэм къегъэзэжьыфэ емыжэу, самолеткIэ быбыжьынэу нэгъунджэ шIуцIэхэр зыкIэлъ хымэлIыр ежьэжьыгъ. ОшIэ-дэмышIэу сымэджэшхо хъугъэу ыIуи къыриупхъукIыгъ. Ау шIэу зыщэжьын самолет ыгъотыгъэп.

Бэу гоIэжьыгъэ, бэу къины къыщыхъугъ туристым, ау сыда пшIэщтыр, е пшIагъэмэ, шIу къыбдэхъунэу щытэп...

## Нэнэжъыр зэрагъэщтагъэр

Ащыгъум сыцIыкIугъ: джы слъэгуанджэ зэрытым сшъхьэ итыгъ. Сянэ-сятэхэр губгъом щыIагъэх, сянэжъ тиунэкъощыхэу къуаджэм дэсымэ адэжь пчыхьэ нэсы

сыкъэтыщт ыIуи пчэдыжьым икIыгъ. Мэфэ реным сизакъоу унэм сисын фаеу хъугъэ.

Сянэ сятэ кIыгъоу губгъом IофышIэ зежьэм къысиIуагъ: «Чэтымэ Iусэу къафэзгъэнагъэр афимыкъумэ, банкэм илъ чэрэз шIоIугъэр афитэкъу. Ар хафэ нэмыIэкIэ унэм исмэ ащыщ зыми ышхыжьынэу фаеп. Сыд пае чэрэз зэхэлъхьэгъахэр пкIэнчъэу иттэкъужьын, мыхъуми чэтымэ анэгъу тIэкIурэ илъын...»

Щэджэгъо хьазыр хъугъэу атэкъэжъыр апэ зэритэу кухнэ пчъэIупэм чэтыхэр къыIузэрэгъэбэнагъэх. Мы слъэгъухэрэмэ Iусыр афикъугъэн фаеп.сIуи сянэ къызэрэсиIуагъэу банкэм ит чэрэзэу къэпшIэтагъэр афистэкъугъ. Ащ атэкъэжъыри чэтхэри къурт-щырт рагъаIозэ, мыхъэр апыхъыкIэу тезэрэгъэбэнагъэх. Чэтыхэр Iусэу афистэкъугъэм псынкIэу зэречъэлIагъэхэр гуапэ сщыхъугъэу унэм сыкъихьажьыгъ.

Хъущтым укIэмыупчI. Сыхьатныкъо фэдиз шIагъэу чэтымэ ащыщхэм жьи пси къамыщэжьэу ажэхэр аукъыхи атамэхэр аушхугъ. Атэкъэжъыри, хъугъэр ышIэрэпи, мэIэчъэ-лъачъэ, зэ зы чэтым ечъалIэ, зэ адырэ чэтым ечъалIэ. Арышъхьае апсэ хэмытыжьым фэдэу чэтымэ зыкъагъэхъыерэп: къэпIон-пIожьын, лIагъэхэ нахь нэмыкIэп.

Сэри сыгучIэ изыжьыгъэу хъугъэм сыхаплъэ: «Адэ мы чэтымэ сянэ зыфиIуагъэм пэмыкIэу сымышIахэу зы уцы горэ ястыгъэн шъуIуа?» ЦIыкIу-цIыкIоу чэрэз зэрылъыгъэ банкэр къасшти сипэмагъ. Мэу къысIуихьагъэм шъхьэр ыгъэуназэу пытагъэ. Чэрэз цитIоу банкачIэм къинагъэхэм язырэр къисхи сыжэ зыдэсэлъхьэм, ихэфагъэ сыгу къыгъэтхьамыкIагъ. «Ар чэтэп цIыфым Iуфэми ыгъэмэхын», — сIуи чэтыхэу сэ сягъэкIэ етэкъохыгъэмэ сыгу кIодыгъэу сахэплъагъ. Сынэпсыхэри къысшIокIуагъ, сыгуи цIыкIу хъугъэ. Сыда джы сянэ-сятэхэми нэнэжъи къэкIожьхэмэ ясIощтыр?

Пчыхьэ мыхъузэ, чэтыхэр чIэстIэжьынхэу къазгъырыр унэм къисхи хатэм ылъэныкъокIэ сежьагъэу сянэшыпхъоу нэмыкIрэ къуаджэм щыIэр къакIуи тиIэгу къыдэхьагъ. Сыгъынагъэзэ, ащ хъугъэр зэкIэ есIуагъ.

— Чэтыхэр лIэгъакIэ нэмыIэмэ, ащ чэтыц шIагъоу атетыр къатесхын, — ыIуи чэтыхэр сянэшыпхъум псынкIэу ыупIэIухэу ыублагъ. ЧэтитIу нахь ымыупIэIугъэхэу цIыкIу-цIыкIоу адырэ чэтыхэм къэтэджыжьыхэу





аублагъ. Мыдрэ чэтитIоу ыупIэIугъэхэри джэшъо-джашъоу къызщылъэтыжьыхи, кIыйхэзэ кIаIагъ.

— Сыд гъэшIэгъона мы слъэгъурэр, — ыIуи сянэшыпхъур щтагъэ.

Ар чэтымэ язгъэшхыгъэмкIэ къысэупчIыгъ. Ащи чэрэз закъоу банкачIэм къинагъэр ыжэ зыделъхьэм псынкIэу къыдидзыжьи, ащ лъыпытэу къыIуагъ: «Чэтымэ яптыгъэ чэрэзыр шъотэ щытыгъэм фэдэу хафэ, аркъым нахьи нахь пыт».

ТIэкIу тешIагъэу сянэшыпхъур щхыкIаеу щхыгъэ: «Чэтыхэм чэрэз хэфэ шIоIугъэр зяотым ыгъэуташъохи, ыгъэмэхыгъэх».

Мыщ дэжьым къэлапчъэр къыIуихи, нэнэжъ къыдэхьажьыгъ. Чэт упIэIугъэ джэшъуитIур, нэнэжъ ашIэжьыгъэн фае, фаузэнкIи пэгъочъыгъэх. Нэнэжъи ылъэгъурэр пкIыхьапIэмэ е нэфапIэмэ ымышIэу, къыкIэщтагъэу ямышIыкIэу гъэпсыгъэ чэты джэшъо упIэIугъэмэ къыгъэм фэдэу яплъыщтыгъэ, тхьэ гущыIэр хэтэу зыгорэхэр къыпчъыхэу ыублагъ.

Сянэшыпхъур нэнэжъы екIуалIи ыблыпкъ ыубыти ыгъэтIысыгъ ыкIи псы чъыIэ ригъэшъуагъ. Ащ нэуж чэт упIэIугъэхэми чэт мыупIэIугъэхэу зышъхьэ унэзагъэу Iэгум дэтыхэми якъэбар сянэшыпхъум щхыпцIызэ нэнэжъы къыфиIотагъ.

Сэры пIомэ, нэнэжъ къысиIощтыр сымышIэу унэм

силъэдэжьыгъэу, сыгучIи изыжьыгъэу шъхьангъупчъэмкIэ сыкъиплъыщтыгъэ. Заулэ тешIагъэу чэт упIэIугъэ джэщъуитIумэ нэнэжъ яплъи зэкошъоожьызэ лъэшэу щхэу ригъэжьагъ. Мыщ дэжьым сыгукIэ зэсIожьыгъэ: «Нэнэжъ мэщхымэ, ащыгъум Iоф щыIэп».

Мафэм хъугъэр тигъунэгъумэ зэхахыгъэ, ахэри къакIохи чэт упIэIугъэмэ яплъыгъэх.

Сят ары зэкIэми анахь рэзагъэр:

— Зы чэт горэ мы тхьамафэ тэшъумыгъэшхын шъугу хэлъыгъэти чэтитIу шъыпкъэ Iанэм къытежъугъэуцон фаеу хъугъэ! — ыIуагъ ащ.

## АмышIагъэ зышIагъэр

Джэгур джэгушхуагъ. Хымэ къуаджэмэ къарыкIыгъэ хьакIэхэри мымакIэу ащ щыIагъэх. ЩымыIэхэ хъуныя джэгур джэгу къызэрыкIуагъэп: механизатор зэшитIумэ, а зы мафэм нысэ дэхитIу къызэдащагъ. А уахътэм тефэу зэшитIумэ, ахэмэ яти ягъусэу, aIэ зэкIэдзагъэу, лэжьыгъэ бэгъуагъэ зэрэIуахыжьыгъэм пае къэралыгъо щытхъу тамыгъэу орден зырыз къафагъэшъошагъ.

— Зи а быным уемыхъопсэн плъэкIынэп!

— Насыпыр зэкъакIоу къафэкIуагъ!

— Тхьэ дэдэр етагъ а унагъом, зыкIэ янысэхэр дахэхэмэ, зыкIэ яхъулъфыгъэхэр лэжьэкIо хьалэлхэмэ...

Джащ фэдэ гущыIэхэр ары хъяр зиIэ быным фэгъэхьыгъэу цIыфмэ aIоу зэхэпхыщтыгъэхэр.

Джэгум ижъотыпIэ дэдэм анахь дэгъоу ыкIи дахэу къашъорэр зэрагъэшIэнэу цIыфхэр езэрэгъэплъыхэ пэтзэ, ыпэкIэ зэрэшIэщтыгъэхэу зы хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ янэплъэгъухэр заулэрэ зэтефагъэх. Янэплъэгъухэр зэтефэхэрэм къэс тIуми зыдамышIэжьэу анэхэр нахь къэжъыущтыгъэх, анэгухэм лъыр нахь къячъэщтыгъэ. ЛIым ыцIэр Бахъчэрый. Лъагэу, плIэIу шъуамбгъу, ныбжь шIукIае зэриIэр къэпшIэнэу фыжьы зырызхэр ыдэбжъыкъумэ къахэщы. Ышъо икъэбзагъэ дырагъаштэу шъошэ дэгъуи щыгъ, изекIокIэ-шIыкIэкIэ зэрэIэжьы-лъэжьым гу лъыотэ... Бзылъфыгъэм ыцIэр Зузар. ЗэкIэ ежь илэгъоу зыхэтхэм къахэлыдыкIэу, арэу шIыкIашIу, дахэу зэхэлъы, уеплъызэпытыгъэкIи уемызэщынэу ынэмэ тыгъэпсы орхэр къакIехы. Ахэмэ



акIыIурэ ынапцэхэу щэбзащэм фэдэхэр гъэшIэгъонэу ыгъэджэгухэзэ, мэгущыIэ. Ынэгу зыпIокIэ, ар шэфы жъожьыгъэм фэдэу ущызэбгырыплъэу къабзэ, жэгъуфэу тхьэркъо Iушъабэр угу къегъэкIы... Зи укIэлэ зикъэмыщэми, улIэу шъхьагъусэ уиIэми уемыхъопсэн умылъэкIынэу гъэпсыгъэ. Бахъчэрые джыри гуфаплъэу Зузарэ дэжь плъэзэ, егупшысагъ: «Ыдэжь псэлъыхъо сыкIо зэхъум зэрэдэхагъэм нахьи бэкIэ нахь дэхэжьэуи, зэрэгохьыгъэм нахьи бэкIэ нахь гохьыжьэуи хъугъэ. Адэ джары, щыIэныгъэр гъэшIэгъонэу гъэпсыгъэ. Бзылъфыгъэр зыдэкIуакIэрэм идэхагъэ фэдищ хахъо зыфаIуагъэр шъыпкъэ. Сэщ нэпэмыкI нахьышIу ылъэгъунэу псэлъыхъо къыфыкъокIи, ащ дэкIуагъ. Шъхьагъусэ дэгъу ыгъотыгъэн фае, тхъапIэ ифагъ. Ар зишъузыр зи сыхьатмафэ ежьагъэп умыIо».

НэмыкI къуаджэ къикIыгъэу Бахъчэрые игъусэлIэу, инэIуасэм фэмыщыIэу къыIуагъ:

— Бахъчэрый, пшъхьэ уфимытыжьэу Зузарэ бэрэ уеплъы. Зыгорэ ащ фыуихьысапымэ шIэ? Ы?

— ГъэшIэгъонхэр о пIощт, — джэуап къытыжьыгъ Бахъчэрые, — а бзылъфыгъэу зыфапIорэм умышIэмэ сшIэрэп нахь, унагъо иI... Сыушъэфыхэрэп, ар зэ сикъэщэныгъ, ягъогуи зыубагъэмэ сащыщ, ау сыдэу пшIына, уинасып зыхэмылъыр лIыгъэкIэ пIэ къибгъэхьан плъэкIыщтэп. Ежь пчэгум сыкъырини зыдакIом, сэри ныбжьи къэсымыщэжьынэу Iуагъэ сшIыгъэ. Ащ нахыбэрэ сапэ къимыфэжьыным ыкIи сыгу мыIэлыным пае чыжьэу псэолъэшIымэ сырягъусэу сыкIуагъэу сыщыI. Зэтрихьагъэу мэзитIу отпуск сыкъэкIогъакI, непэ сэри мы джэгум сыкъырихьылIагъ...

— Ащыгъум, сиблагъэ, о къэбар пшIэрэп, — къыIуагъ Бахъчэрые игъусэ лIым, — о тирайон узимысыжьыр илъэсищ Iэпэ-цыпэ хъугъэ. О бзылъфыгъэу узэпсэлъыхъоштыгъэу, угу зэIугъэм шъхьагъусэ зимыIэжьыр илъэсым къехъугъ.

— ГъэшIэгъони пIуагъэр! Ар сыдэущтэу, сыдым къыхэкIэу хъугъэ? ЛIым къытIупщыжьыгъа, хьауми унагъоу зэрыхьагъэр ежь-ежьырэу къыбгынагъа? — ыгъэжьэу къэупчIагъ Бахъчэрые.

КъатIупщыжьыгъэп ыкIи къикIыжьыгъэп, пщэгъошхоу, лIыр автомашинэм исэу къэкIожьызэ, нэмыкI машинэ горэ лъэшэу къеутэкIи зигъонэмысы хъугъэ. Сабый цIыкIуитIуи зэтIуазэхэу къыкIэныгъ...

— Ар игъуаджэу хъугъэ, игъуаджэ хъугъэ, мы машинадзэу къежьагъэм цIыфыбэ яфыкъулIэ...

ЛIитIур зэдэгущыIэфэхэ нэс Бахъчэрые ылъэныкъокIэ, цIыфмэ гу къызлъаримыгъатэ шIоигъоу, Зузарэ псынкIэу зэ-тIо къаплъи, ышъхьэ риуфэхыжьыгъ. Ари зыгорэхэм ягупшысэгъэнкIи мэхъу. Сыд пае емыгупшысэна, сабый цIыкIуитIу иIэ нахь мышIэми, ежь джыри ныбжьыкIэ, ылъ из, ишIугъу. Непэрэ щыIакIэу цIыфмэ яIэ хъугъэмкIэ зыбгъэхъыяхэмэ сабыйхэр зэрэпIыгъыни, узэрэщыIэни къэбгъэхъэн плъэкIыщт. Ежь Зузарэ исэнэхьат дэгъу, игъот шIу, унэ зэтегъэпсыхьагъи иI, ащ IэпIэ къабзэу илъыри макIэп. Мары илъэсым къехъугъэшъ, Зузарэ Iахьылмэ ащыщхэми гъунэгъу Iаджхэми псэлъыхъо тэрэз къыфыкъокIымэ, Iумпэм ымышIынэу къыфагъэпытэ. «О джыри уныбжьыкI, уидэхэ Iахь зыдэпIыгъ, убжьышIу, шъхьагъусэ умыгъотынэу щытэп, кIалэхэр уиIэ пае къэмыгъан, угу рихьын лIы уIукIэмэ дакIу, о шIу узылъэгъурэм уикIалэхэри шIу ылъэгъущтых», — зыфэпIоным фэдэхэу кърамыIожьрэ щыIэп. Ежь Зузарэ сыд къыраIуагъэми макIэу IощхыпцIыкIышъ, джэуап аримытыжьэу зеудэгу. Адэ нафэба, ушъузабэ хъумэ, псэлъыхъо мин къыпфыкъокIыгъэми, зэкIэм зыпIэтэу удэкIон плъэкIыщтэп, узэгупшысэн Iаджи щыI.

Зузарэ илI зыщымыIэжьым илъэс зытешIэм, Iаджыхэри шъхьагъусэкIэ къыфаехэу къыфэкIуагъэх, ау ащыщ гори ыгъэгугъагъэп. Зи зэримыгъэгугъагъэми Iаджи хэлъ: ежь шIу къэзылъэгъоу, ау ятэ-янэхэм зыдамыгъэкIогъэгъэ лIыр джыри къымыщагъэу зыпакIэ зэрэщыIэр дэгъоу ышIэщтыгъэ. Зэ-тIо горэм, ащ письмэ фитхы шIоигъоу ыгу къихьагъ шъхьае, укIытагъэ. УукIытэныр дэгъу, дэхагъ, ар насыпым ызыныкъо нахь... Джы непэ Зузарэ джэгум Бахъчэрые зыхелъагъом, кIэрыкIэу гупшысэ IэшIухэм зэлъаштэжьыгъэ. Зыфэдэ мыхъурэ щыIэп, пшIэна инасыпы джыри кIэрыкIэу къыгъэзэжьынкIи мэхъу. ЩыIэныгъэм бэ хэхъухьэрэр, уныбжьыкIэу, шъхьагъусэ укIэхъопсы хъумэ, шIу къыохъулIэным уфэмыен, ащ угукIэ уемыгупшысэн плъэкIыщтэп.

Джэгур заухым, ащ лъыпытэу мо Бахъчэрыеу плъэгъурэм Зузарэ дэжь зыригъахьыгъ, ау ежь зэриIоу Iофыр псынкIэу зекIуагъэп.



Бахъчэрые бэшIагъэу шIу ылъэгъугъэ бзылъфыгъэм етIысылIи зэкIэ ыгу къыдихьыягъэу зыфаер къыфиIотагъ:

— Сэ зэкIэ, Зузар, къыохъулIагъи, джыдэдэм уиIоф зытетри сэшIэ. Шъхьагъусэ усшIымэ сшIоигъоу сикIэлэгъум бэрэ шъуадэжь зыкъезгъахьыгъ. Уадэжь сыкъызэрэкIозэпытырэм пае уянэ-уятэхэр къуанчэу къысэплъыхэу къыхэкIыгъ, ори илъэсищкIэ узэкIэIэбэжьымэ удэкIоным къыпэу къысэпIогъэгъэ гущыIэхэр сщыгъупшэжьыгъэх пшIошIыкъон. «Ащ нахьыбэрэ садэжь укъэмыкIожь. Сэ Iэуж стыгъахэ нэмыкI сыдэкIонэу исхъухьагъ», — къысэпIогъагъ. Сэри, Зузар, о укъыздэмыкIощтмэ ныбжьи сыщэIэфэ къэсымыщэнэу сIуи исхъухьэгъагъ. Сэ ащ пае Iаджхэри къыздэхьащхыгъэх, ау шIулъэгъуныгъэм уимыгъэшIэн щыIэп. Бэу ар кIочIэ лъэш. Арары непэ къызнэсыгъэм шъхьэзэкъолъэкъуитIоу сызфыщыIэр. Шъыпкъэ, къыохъулIагъэр тхьамыкIагъу. СабыитIу унае уиIэу шъузабэу укъэнагъ. Ау сыгу пфилъыгъэ фэбагъэм хэмыхъуагъэмэ зыкIи хэкIыгъэпышъ, мыр сшъхьэ, мыр сипаIо, укъысфаемэ сыкъыпфаешъ къыздакIу. УикIалэхэр сэ сые шъыпкъэм фэдэу къыбдэспIуных, о ахэр къыпхэкIыгъэхэшъ, «нан» къызэрэуаIорэм фэдэу, сэри «тат» къысарэIу. Ахэмэ сэ ныбжьи нэмыплъ ясхынэп, гучъыIэ сэри къызфязгъэшIынэп. СыпкIэгъуфэ амал иIэу угу хэзгъэкIынэп... Сянэрэ сятэри жъы хъугъэх. «Хэт щыщми тыщэIэфэ зыгорэ къыщагъэу тэрэлъэгъужьи нахьыбэ тыфаеп», — аIо. Сшыпхъухэми стхьакIумэ нэIурысхэр Iуаутыным IукIагъ. О зэрэпIу, укъызэрезэгъ, оры къуашъоу тызэрытIысхьащтым икъошъобэщхэр зыIыгъхэр...

Зузарэ нэпсыцэу къыIэпызыгъэхэр ыбгъэ къытефагъэх, лъэшэу хэщэтыкIи, нахь гу къызIэпишIыхьажьыгъэу къыригъэжьагъ:

— ЗэкIэ къэпIуагъэм дэгъоу ыкIи сишъыпкъэу сыкъедэIугъ. ГущыIэу къэпшIыгъэхэр угу лъапсэ къикIыгъэхэ нахь, ау сыдми ужэ къыдэлъэтыгъэп... Ар дэгъоу къызгурэIо. Илъэс пчъагъэ мэхъушъ шIулъэгъоу къысфыуиIэр мыкIосагъэу оIошъ, ари сыгу къыдэзыщаерэмэ ащыщ. Ау къыуасIомэ сшIоигъор сэ чIыпIэу сызэрытым уитэу утэджэу, кIэрыкIэу удэкIожьыныр зэрэмыIэшIэхыр ары. ЗыкIэ сабыитIу сиджэнакIэ аIыгъ, зыкIэ

цIыфмэ аIощтым сыкъеубыты, ятIонэрэмкIэ насып къыпфэсхьыщта...

— Къысфэпхьыщт, ащ уемыхъырэхьыш, мыдэ шъхьагъусэ укъысфэхъунэу къеуцуалI, гугъапIэ къысэт. Сэ сыздэщыIэ чIыпIэм тыкIощт, чыжьэу тыIукIыщт, зэкIэ узыфаер пфэсшIэщт. УнэшIу къысщэф, Зузар, ипэурэм фэдэу уакIыб къысфэмыгъаз. О джыри уныбжьыкI, сэ укъыздакIомэ зыми тэрэзыджэу пшIагъэ ыIоу къыпфиудэущтэп, бэшIагъэу тызэрэшIэ, сыгу пфэкъабз, орыкIэ сишIулъэгъу ныбжьи мыкIосэжьынэу сыгу къызэхигъэнагъ.

— Ащыгъум, мэфищкIэ садэжь къакIуи, Iофым ухыпIэу фэхъущтыр зыфэдэмкIэ къэбар озгъэшIэщт, — Зузарэ къыIуагъ.

А мэфищыр Бахъчэрые илъэсищ фэдизэу къыщыхъугъ. Ышхырэр ыцагэ дэхьагъэп. Чэщ мэфищым къыкIоцI зэ ичъые икъоу къэтэджыжьыгъэп. ПкIыхьэ гумэкIыгъоу ылъэгъугъэр бэ, ащ ямэхьанэхэм агъэщынэу ягупшысагъ. Адэ гущэ, джары, цIыфмэ амышIэуи амыушэтыгъэуи аIуагъэп — шIулъэгъур мэшIошху.

Мэфищ шIагъэу лIым Зузарэ дэжь зыригъэхьыгъ. Жьы къымыщэжьэу ыгу зэрэтеорэм ымакъэ зэхэпхынэу Зузарэ къыIощтым ежэщтыгъэ.

— Бахъчэрый, шъхьагъусэ сыпфэхъущт зы къысфапшIэмэ, — къыригъэжьагъ Зузарэ.

— О пфэсымышIэн щыIэп, узыфэе шъыпкъэр къаIо, си Зузар, къаIо!

— Зэ зэ, укъэмыгузажъу, ар бгъэцэкIэна, умыгъэцэкIэна?! Сэ осIощтыр ыгъэцэкIэнэу паIо щыгъэу адыгэлI къэгъотыгъуай, Бахъчэрый!

— ЛIы фэдэр бэ дэд, лIы дэдэр зырыз, — аIуагъ, — сылIэу паIо сщыгъымэ, мыемыкIумэ узыфаер зэкIэ пфэсшIэн, орыкIэ, Зузар, къогъу сыкъохьажьынэп.

— Ащыгъум, осIощтым къедэIу. СикIэлитIу о пкъокIэ къызытрябгъэтхэщтых.

— Ар Iофа, боу къызтрязгъэтхэн!

— А кIэлэцIыкIумэ о плъэкъуацIэп яIэщтыр, ятэ ылъэкъуацI!

— Ащ уфаемэ аущтэу орэхъу, кIэлэцIыкIумэ ятэ ылъэкъуацIэ къафэрэн.

— КIалэмэ алъэкъуацIэкIэ о плъэкъуацIи зэблэпхъущт.

— Ар сыдэущтэу, ар сыдэущтэу... ар сыдэу хъумэ?— ымакъэ нахь къефэхыгъэу гуIэзэ Бахъчэрые къэупчIагъ.

— КIэлэцIыкIуитIоу сиIэм алъэкъуацIэ сэри слъэкъуацI, тэ нэбгырищ тэхъу, тэ нэбгырищым тлъэкъуацIэ ори плъэкъоцIэщт.

— КIэкIэу къэпIон хъумэ, — пкIантIэр ыгу къытырикIагъэу къэупчIагъ Бахъчэрые, — сэ слъэкъуацIэ схъожьыни кIалэмэ алъэкъуацIэкIэ зязгъэтхынэу уфай.

— Ары, тэрэзэу къэоIо, о плъэкъуацIэ кIалэмэ алъэкъуацIэкIэ охъожьы.

— Зузар, шIу усэлъэгъу сIуагъэкIэ, ар тIэкIу егъэлыегъащэ хъунба. Нибжьи адыгэ хъулъфыгъэ ымышIагъэр сэбгъэшIэнэу угу къэкIыгъ, цIыфхэр къыздэхьащхынхэба, орэд сфаусынба, быракъ сашIынба. Сыда аущтэу пшIынэу узыкIыфаер?

— СызкIыфаем ышъхьэ къыпфисхын, Бахъчэрый! Сабый цIыкIумэ шъуятэ шъуиIэпти, шъулъэкъуацIэ зэблэшъухъужьыгъэ аIоу къафамыудэуным пай, зыгорэм агу къыхимыгъэкIыным пай. Ащ алъэкъуацIэ о зыфэпшIыжьымэ ты шъыпкъэу уалъытэщт, нахьышIуи уалъэгъущт. ТынэпIосыкIэ къыомыджэхэу тятэ гупс аIони егъашIэм нэшIукIэ къыоплъыщтых. Сэри къысэгупшыс. СыолъэIу, зи фэIуагъэп...

— Ар къэIогъошIу, ау шIэгъуае... Джырэ нэс хъулъфыгъэмэ къащэмэ, шъхьагъусэ бзылъфыгъэр лIым ылъэкъуацIэкIэ атхэу хэбзагъэ. Iофы къин сыхэудзагъ, Зузар.

— Ащыгъум, Бахъчэрый, о узэребл. ШIу сыолъэгъоу оIошъ, джары сиIуагъэ. Угу къемыгъау, ау о кIалэмэ алъэкъуацIэ оштэ, хьау пIомэ тызэпэIапчъэу тыкъэнэжьы...

— Ар жъалымэгъаIоу хъун, Зузар, кIалэхэм сэ слъэкъуацIэ афэтэгъэшIи, Iофыр ащ щытэгъэух, сыолъэIу. Джаущтэу тшIымэ сэрыкIи орыкIи нахьышIу...

— Хьау, Бахъчэрый сэ а Iофым бэрэ сегупшысагъ, сиIуагъэ джары, сызэупчIыгъэхэри щыIэх, шъхьагъусэкIэ укъысфаемэ, сэ зэрэсIоу шIы... СIорэм укъезэгъыщтми укъемызэгъыщтми макъэ къысэбгъэIужьынэу тхьэмафэ пIалъэ осэты.

Бахъчэрые ныбжьырэмэ анахьэу Iоф хэфагъ. «Синасыпынчъагъэкlэ сэ а бзылъфыгъэр илыягъэу шIущэ слъэгъуи сшъхьэ ощ ислъхьажьыгъ, сыда, лажьэ къыстемыфагъэмэ, отпуск къызысатым курорт горэм сымыкIоу, мы лъэныкъом сишыпэ къызыкIэзгъэзагъэри?»—

ежь ыгурэ ышъхьэрэ зэбгъэжьэу егупшысэщтыгъэ. Ау апэу шIу плъэгъугъэр гум щыщы мэхъу. Ар мышъыпкъэу усакIом ыIуагъэп. Сыд ышIэми, сыд ыIоми Зузарэ ыгу ригъэкIыни, щыгъупшэни ылъэкIырэп, ар зэкIэмэ апшъэ къэхъужьы. «Зузарэ тыIэкIэфагъ, ащ тыIэкIэкIыжьын тлъэкIыщтэпышъ нафэ», — ыгу къыриIуапэ фэдэу къыщэхъу.

Цыхьэ зыфишIырэ иныбджэгъухэу къызщыхъугъэ къуаджэм дэсхэм зырызэу заIуигъакIи Бахъчэрые ыгу ихъыкIхэрэр, иIоф зытетыр зыфэдэр агуригъэIуагъ. Ау Зузарэ ыIорэр мыхъухэнэу пстэуми хагъэкIыгъ. «Бзылъфыгъэм ежь щэхъу хэмылъэу ашыкъ ухъугъэу, шIу зэрэплъэгъурэр ышIэмэ, ащ хьилагъэу ыгу къэмыкIын щыIэп», — къезыIон зырызхэри къыкъокIыгъ.

ЫгукIэ анахь зыпэблэгъэ дэдэу къалэм дэс иныбджэгъужъэу зыдеджагъэу, Iулъхьэр тIу къыфэзышIыщтыгъэм ыдэжь зыригъахьи, ащи ышIэщтымкIэ къеупчIыжьыгъ. Ащ къыриIуагъэм ыгу нахь къыдищэягъ: «ЦIыфмэ аIорэм о сыдкIэ упылъ, о угу къыуиIорэм тетэу зекIо. Зыгорэхэр аIощт пIокIэ къэмыгъан, аIони ащыгъупшэжьыщт. ПлъэкъуацIэ зэблэохъукIэ о узэрэцIыфэу, узэрэщытэу укъэнэжьыщт нахь, нэмыкI цIыфэу ухъущт пшIошIа?! Джы хабзэу щыIэмкIэ, о къыбдакIорэм плъэкъуацIэкIэ заригъэтхын зэрэфитым фэдэкъабзэу, о къапщэрэм ежь ылъэкъуацIэкIи зябгъэтхынэу изын уиI. Зи о плъэкъуацIэ зэблэохъукIэ, дунаир бэдзэжьыщтэп, нэмыкI лъэкъуацIэ зыфэзышIыжьыгъэ хъулъфыгъэ Iаджи сэ сэшIэ. Ащ пае ахэр нахь дэеу щыIэхэп».

— Ары шъхьае, — бэрэ егупшысэу щысыгъэ Бахъчэрые иныбджэгъужъы риIуагъ, — нибжьи адыгэлI ымышIагъэ ышIагъ аIони къыздэхьащхынхэба, орэд сфаусынба, кIэнэкIальи сашIынба?! УлIыр ара шъузым ылъэкъуацIэкIэ зязыгъэтхыгъэр аIони Iапэ къысфашIынба?

— Бахъчэрый, сэ къысэдэIу ыкIи мызыгъэгум зысэгъэгъэдел. ПлъэкъуацIэ зэблэпхъун пае шIу плъэгъурэр умыгъэкIоды.

«ШIу плъэгъурэр умыгъэкIоды» зыфиIорэ гущыIэхэр ыгу имыкIыхэу ыбзэгупэ пычэрэзыхьэу мэфэ заулэрэ Бахъчэрые хэтыгъ. Нэужым ышыпхъоу къоджэ чыжьэ ащагъэу щыIэм дэжь кIуагъэ ыкIи бэ риIуагъэр. Отпускым щыщэу къэнэжьыгъэ хъатэ зэрэщымыIэри, ащ



ыуж икъэщэн унашъоу къыфигъэуцугъэхэр зыфэдэхэри фиупсэлъыгъэх.

Бахъчэрые ышыпхъу мыхъэр ыгъэхъагъ, ыгу еIэжьыгъ, гъыгъэ.

— Ныбжьи о пшIэн угу хэлъым фэдэ ышIагъэуи аIоуи аIотэжьэуи цIыф зэхихыгъэп. О плъэпкъ егъэшIэрэ хъулъфыгъэ лъэкъуацIэу зэрихьэрэр бзылъфыгъэм ылъэкъуацIэкIэ зэблэпхъуныр емыкIушху, губгъэн, зэхэзыхырэм тидахэ ыIонэп, а угу къэкIыгъэр пшIэмэ тянэрэ тятэрэ аджал афэхъун, зэрэхэкоуи къыддэхьащхыных... ЗыкIи ар сэ хъунэу слъэгъурэп. Арэп а бзылъфыгъэм нэмыкI мы дунаим шъхьатехъо техъуагъэу зи тетыжьыба сэIо?..

Ышыпхъу дэжь зэрэкIуагъэмкIэ кIэгъожьыгъэу Бахъчэрые къыгъэзэжьыгъ. Бэ ар зэгупшысагъэри, макIэп кIэхэкIыгъэри. ЗэцIыкIум бэрэ зыхахьэщтыгъэ псыхъом изакъоу пчыхьэшъхьапэу Iухьи, ащ бэрэ Iутыгъ. Псыхъом ымакъэ зыкIэдэIукIым, «зи узэупчIын щымыIэмэ уипаIо еупчIыжь» къыIорэм фэдэу къыщыхъугъ. ИпаIо зыщихи, ащ Бахъчэрые еупчIыгъ: «Сыд сшIэмэ нахьышIу адэ, пэIо битэмал?». Мыщ дэжьым ежь ыгу къиIукIыгъа, хьаури джэрпэджэжьэу къеIугъа, гущыIитIу ытхьакIумэкIэ зэхихыгъапэ: «Зузарэ къащэ... Зузарэ къащэ...»

Бахъчэрые зэрэзекIуагъэр зэхэзыхыгъэмэ лъэшэу агъэшIэгъуагъ, «алахь-алахь, ныбжьи хъулъфыгъэ ымышIагъэ ышIагъ» аIозэ мэфэ пчъагъэрэ цэуIупIэ ашIыгъ. Ащ охътэ шIукIае тешIагъэ нахь мышIэми, джы къызнэсыгъэм куп зэхэтIысхьэмэ ащымыгъупшэжьэу рэгущыIэх. Зым Бахъчэрые цIыфыгъэшхо зэрихьагъ, ащ нахь лIыгъэ къыхэфагъэу хъулъфыгъэхэм къахэкIыгъэп еIо, адырэм хъулъфыгъэмэ анапэ тырихыгъэу къэбар къеIуатэ, ящэнэрэм бзылъфыгъэм хигъэукъуагъэу, ау ежь лIыгоузэу ыIозэ чылэр къегъэдаIо. Зы купи хъуни мыхъуни аIорэп. Ау сэ сIорэр: шIулъэгъуныгъэр кIочIэ лъэш, ащ зи уимыгъэшIэн щыIэп. Уинасыпмэ шIулъэгъуныгъэ щынагъом шIу нэмыкI лъэбэкъу зи уигъэшIынэп.

Шъхьагъусэ зэфэхъугъэхэ Бахъчэрыерэ Зузарэрэ ящыIакIэ зыфэдэр зэзгъашIэ сшIоигъоу сызкIэупчIэм, зи ядахэ нэмыкI аIоу зэхэсхыгъэп. «Бын зэдэIужьхэу, тIуми гу зэщафэу, зэфэразэхэу, яшIулъэгъу машIо зэдыкIагъэстэу, гъунэгъухэри шъэогъухэри къяхъуапсэ-

хэу, тхъэжьэу щыIэх. ЯкIэлэцIыкIуитIуи ащэгушIукIых, яIахьылхэри хьакIэу къафакIох, бэрэ пэмытэу нэнау цIыкIу къафэхъунэу ежэх».

ЗэшъхьагъуситIумэ сабыеу къафэхъурэм лъэкъоцIитIу — лIым ылъэкъуацIэрэ шъузым ылъэкъуацIэрэ зэгъусэхэу фашIын яхьисап.

## Чэлэмэт зэгупшысагъэр

Чэлэмэт бэщыр ыIыгъэу ерэгъэ дэдэу унэм къикIи, пчъэIупэ тыгъэнапэм дэжь тIысыгъэ. Ыпэ уубытымэ ыпсэ хэзыщт зыфаIорэм фэдэу шъогъуагъэ. Къэлэ сымэджэщым къызчIатхыкIыжьыгъэмрэ непэ къызнэсыгъэмрэ къазыфагу тхьэмэфитIу фэдиз тешIагъэ нахь мышIэми, неп ныIэп ышъхьэ Iэгум апэу къызырихыгъэр.

Бэщыр ылъэкъуитIу азыфагу дигъэуцуи, ащ ыIэхэр тырилъхьи, ыжэпкъ аригъэкъугъэу лъэшэу зыгорэм егупшысэ.

Гъунэгъу лIыжъэу Къадыр блэкIызэ Чэлэмэт унэм къикIыгъэу пчъэIупэм Iусэу къызелъэгъум, ыдэжь къыIухьагъ ыкIи къыриIуагъ:

— ШIуфежьэжь! Ащ нахьыбэрэ умысымэджэжьынэу шIуфежьэжь сэIо, Чэлэмэт!

— Тхьауегъэпсэу, — IупшIыкI къодыеу джэуап къытыжьыгъ Чэлэмэт.

— Сыкъызыоплъым зыгорэм уишъыпкъэу уегупшысэу узэрэщысыр къэслъэгъугъ. Сыда ащ фэдизэу гупшысэм узыкIыхилъэсэгъагъэр?

— Ащ фэдизэу сызэгупшысэгъэ хъати щыIэп,—къыригъэжьагъ иджэуап Чэлэмэт, — ау зы сыгу къео. Мазэрэ ныкъорэ къэлэ сымэджэщым сызычIэлъым сыдэу ущыт, сыдэу ухъурэ ыIоу садэжь цIыф къэкIуагъэп. Ныо закъор ары ныIэп гумэкIыгъэри, къыскIэупчIагъэри. Сэ сымэджэщым къыздычIэлъыгъэхэу зыдэжь цIыфхэр бэу къакIощтыгъэхэм, шъыпкъэмкIэ, сяхъопсагъ. Анахьэу сызэхъопсэгъапэр тикъуаджэ щыщэу Гусэрыкъо Мэзан ары. Ащ ыдэжь зэр IукIыжьыгъ нэмыIэу адрэр къакIощтыгъ, ар охъужьыфэ ипIэкIор лъапсэ цIыфхэр икIыгъэхэп. Гусэрыкъо Мэзанэ цIыфыбэ къызэрэфакIорэр къеIазэхэрэмэ агъэшIагъоу ащ иIэнатIэкIэ,



шIушIагъэу иIэмкIэ мызэу-мытIоу врачхэр къеупчIыгъ.

— Адэ сыд фэдэ джэуапэ ахэмэ Мэзанэ аритыжьыщтыгъэр? — къэупчIагъ Къадыр.

— Мэзанэ иIэнатIэмкIэ упчIэхэр къызыратыкIэ, гохьэу щхыпцIыщтыгъэ нахь зи джэуапэу аритыжьырэ щыIагъэп, «хлебороб, простой хлебороб» нахьыбэмкIэ ариIожьыщтыгъэ.

— Ащыгъум, Чэлэмэт, — гупсэфэу къыригъэжьагъ гъунэгъу лIыжъэу Къадыры, — Гусэрыкъо Мэзанэ сымаджэ зэхъум цIыфыбэ ыдэжь зыкIэкIуагъэр, дахэ зыфыраIуагъэр сэ къыосIон. Мэзанэ иакъыл къызыкIуагъэм, ыкIуачIэ къыхьэу зиублагъэм щегъэжьагъэу цIыф ишIуагъэ римыгъэкIыгъэмэ иягъэ ригъэкIыгъэп. Шъузабэу яхьаблэ хэсхэмэ пчъагъэрэ пхъэрэ мэкъурэ къафищагъ, ыпкIэ хэмылъэу зым икъэлапчъэ, адырэм иунашъхьэ афигъэцэкIэжьыгъ. Къуаджэм шIыхьаф щашIымэ, Мэзанэ апэ ит. Зыгорэм къин иIэмэ дещэчы. Сымаджэ къуаджэм дэлъымэ, ащ ыдэжь апэу нэсырэр Мэзан ары. ХьакIэ къуаджэм къыдэхьагъэмэ, ащ цIыфыгъэ дызэрахьаным дэмышъхьахырэр Мэзан. КIэлэ шъхьэпае горэ къуаджэм ынапэ тырихэу хьаблэм къыхэкIымэ, апэу ащ тегыяхьырэр Мэзан. ОшIэжьын фае ори, Чэлэмэт, къоджэ псынэр IыгъэкIэу, шъхьэ темылъыжь зэхъум, язгъэгъэцэкIэжьыгъэр Мэзан. Джащ фэдэзэ Мэзанэ шIушIагъэу иIэр бэ, щытхъоу пылъыр макIэп. Ащ «сыд уиIэнатI?» аIоу врачхэр къеупчIыхэ зэхъум, «цIыфыгъэр сиIэнатI, цIыфыгъэр сэлэжьы» ариIон фэягъэ. Джэрары Мэзанэ сымаджэ зэхъум къуаджэм ызыныкъо, чыжьэ амыIоу, яIальмэкъхэр ушъагъэу ыдэжь зыкIэкIуагъэхэр. Ори цIыфмэ узэрафыщытым фэдэу къыпфыщытыжьыщтых: уафэдэгъумэ къыпфэдэгъужьыщтых, дахэ япIомэ къыуаIожьыщт, уафэдэими къыпфэдэижьыщтых. Угу къемыон хъумэ, Чэлэмэт, узыхъужьэу, уибэщи зыбгъэIылъыжьыкIэ о усымаджэ зэхъум цIыф зи уадэжь къэмыкIоныр къызхэкIыгъэр къыосIонэу сыхьазыр. Сэ сежьэжьы. ХъяркIэ, Чэлэмэт.

Къадыры къыIуагъэхэм мэфабэрэ Чэлэмэт ягупшысагъ. Ау анахьэу ышъхьэ имыкIыщтыгъэр ыкIи зыгъэгумэкIыщтыгъэр зыхъужьыпэкIэ гъунэгъу лIыжъым къыриIонхэу зыфиIуагъэхэр ары.

Мазэ фэдиз шIагъэу Чэлэмэт хъужьыпи, пытэу ылъэ теуцожьыгъэу хэтыгъ. Мафэ горэм Чэлэмэт псыIум кIуа-

гъэу зыщигъэпсэфзэ Къадыр ыпэ къифагъ. Арыти ащ Къадыр къыриIогъагъэр ыгу къыгъэкIыжьыгъ: «Зыгорэхэр сыхъужьымэ къысэпIонэу мурад пшIыгъагъэ. КъысэпIощтыр зэхэсхымэ сшIоигъу».

Къадыр Чэлэмэты бгъодэтIысхьи дэгущыIэу ыублагъ.

— Гусэрыкъо Мэзанэ сымаджэ зэхъум бэу цIыф къыфэкIуагъэу, о сымаджэ узэхъум цIыф хъатэ къыплъымыплъагъэу укъысэтхьаусхылIэгъагъ. О, Чэлэмэт, сымаджэ узэхъум уишъхьагъусэ бзылъфыгъэ нэмыкI зи къызэрэпфэмыкIуагъэмкIэ оры мысэр. Сэ нэиутэу сыгущыIэу сихабзэшъ, уасIорэмкIэ угу къысэмыгъабгъ, мыщ ыпэми Iуагъэ зэдэтшIыгъагъ. ЦIыфмэ лъытэныгъэ къыпфашIыныр оры зыIэ илъыр, плъытэхэмэ уалъытэжьыщт. Ау о нэбгырэ тхьапш адэжь сымэджаплъэ укIуагъа? Зыми ыдэжь укIуагъэу къэпIон плъэкIыщтэп. О егъашIэми умысымэджэщтым фэдэу ухэтыгъ. Зы цIыф горэми сымаджэ хъугъэу ыдэжь укIуагъэп, зы сомэ горэ фэзгъэкIодын пIуагъэп. О пшъхьэ сыдигъуи пшIоIофыгъэр, пфимыгъэкъугъэр. Аужыпкъэм тхьаусхакIо укIоныр уиныбэуз, зыгорэм къин иIэмэ дэпщэчыныр зэпэсыжьрэп. Чылэмэ шIыхьаф ашIымэ Iофым ызыбгъукIэ ущыт, о къыпфашIэмэ уигуапэ, афэпшIэныр уиджагъо. ГъэрекIо къоджэ лъэмыджыр агъэцэкIэжьы зэхъум, акэцэ чъыгищэу иуупкIыгъэмэ ащыщэу зыр занкIэти, пытэти лъэмыдж кIэгъэкъонэу къытэт къызыуаIом, ушъхьагъу мин къэуугупшысыгъ. Ар иными алъэгъугъ, цIыкIуми зэхахыгъэ. А уиIэепсыягъэ уигъэпыутыгъэ нахь, уигъэлъэпIагъэп, уигъэпныгъэп. ОшIэжьымэ, чъыгым къыпызыгъэ мыIэрысэу, шъужьэу чIыгум щылъыр шъупгъунэгъу кIэлэебэ цIыкIум къышыпын зеIом, уихьэ ептIупщи зэребгъэбэпыгъэри цIыфмэ дэгъоу ашIэ. ТIэкIу нэмыIэми гу лъыотэба джы цIыфмэ шIу узыкIамылъэгъурэм, уадэжь сымэджаплъэ къэмыкIонхэр къызыхэкIыгъэм?! УимыцIыфыгъ, уижъалымагъэ зекIуакI а зэпстэуми лъапсэу яIэр. Сиблагъэ, цIыфмэ укъырадзэ пшIоигъомэ, ори ахэр къидзэх. Узэрэсымэджэщтыри узэрэщымыIэзэпытыщтыри пшIошъы гъэхъу. ЦIыфхэр кIэгъэкъонэу уиIэхэ пшIоигъомэ, анэшIу къыпщыфэнкIэ уфаемэ, ори хьарамыгъэ дэмышхэу кIэгъэкъон зафэшI, уишIуагъэ ягъэкI. Джащыгъум, Чэлэмэт, узэхъопсэгъэ Гусэрыкъо Мэзан фэдэу цIыфыбэмэ яфэбагъэ къыплъыIэс зэпытыщт, цIыфмэ яфэбагъэ ущымыкIэмэ, анэшIу къып-



щыфэмэ, уищыIэныгъи нахь кIыхьэ хъущт, узым уебэнынымкIи къарыу лые бгъотыщт. ЦIыфыгъэр атырэп, ащэрэп ыкIи алъэIуфэрэп. ЦIыфыгъэр алэжьы. Ар дэгъоу къызгурыгъаIу!

Къытыжьыкъо Чэлэмэт гъунэгъу лIыжъэу Къадыры а гущыIэу къышIыгъэхэр щэм фэдэу къытефагъэх ыкIи чэщи мафи ышъхьэ имыкIыхэу ахэмэ ягупшысэщтыгъэ. Анахьыбэрэ ежь-ежьырэу ышъхьэкIэ зыфиIожьыщтыгъэхэр Къадыр атеIункIэзэ къыриIогъэ гущыIэхэр ары:

— Дахэ пIомэ къыуаIожьы.

## ИIуагъэ фэшъыпкъэр

Зы мафэ лIы горэм зэкIоцIыпхэгъэ ин хьазыр ыблыгучIэ чIэлъэу машинэу къоджэгум къыщыуцугъэм къикIи, зиплъыхьэу уцугъэ.

— Хэта узыфаер? — ыIуи блэкIырэмэ ащыщ лIым къеупчIыгъ.

— Шымыгъэхъукъомэ яунэ сэбгъэлъэгъугъэмэ ары сызыфэягъэр, — къыIуагъ хьакIэу къыдэхьагъэм, сыхэмыукъорэмэ ахэр псынэпкъым Iусых.

— Хьау, ахэр хьазыр шIагъэ зыкощыжьыгъэхэр, псыхъор къызиукIэ акIэо зэпыт зэхъум, хэпIакIэ чылашъхьэм къащарати, ащ унакIэ щашIыгъэу щысых, а лъэныкъомкIэ сэри сиIоф щыIэшъ, ядэжьы занкIэу уIусщэн.

— Бэу дэгъу ядэжь сыIупщэмэ, — ыIуи хьакIэм къыIожьыгъ.

Лъэгъуи зиIэ лIыр Шымыгъэхъукъомэ адэжь нэси ихьагъ. ХьакIэм къыфэчэфхэу къыпэгъокIыгъэх, анахь унэ зэIэхыгъэу яIэм рагъэблэгъагъ. ХьакIэр сыхьатныкъо нахьыбэ щымысыгъэу Iанэр зы пшъэшъэ ищыгъэ, ынэхэр шIуцIабзэу, ышъхьацы благъи ыкIыбы псыхъо фэдэу щызекIоу, унэм къырихьи къыгъэуцугъ. Ар Шымыгъэхъукъохэмэ яшъашъэу джэгу хъумэ дахэр къэзыхьырэр арыгъэ. Ынапцэхэр пцIэшхъо тамэ фэдэу гъэшIэгъонэу зэдысыщтыгъэ, кIэнкIэ куашэм теуцомэ зы закъуи ымыкъутэн фэдэу, арэу шъабэу уцущтыгъ. МакIэу къызыщхыкIэ ыцэ зэкIужьэу налмэс-налкъутэм фэдэхэр къэнэфыщтыгъэх.

Iанэр къэзыхьыгъэ пшъашъэм хьакIэр гуфаплъэу зэ

шъхьае еплъыгъ. Ащ лъыпытэу пшъашъэм укӀытапэу ынапӀэхэр ридзыхыгъэх ыкӀи плъыжьы хъугъэ. ХьакӀэр шхахи, пшъашъэм псычъыӀэ тасэу къыхьыгъэм зешъуахэм, къыӀуагъ:

— Ора, сисас, Саид зыцӀэу мы быным пшъашъэу яӀэр?

— Ары, сэры, — гущыӀитӀур зэхэпх къодыеу къыӀуагъ Саидэ.

— Ащыгъум мыдэ, сипшъашъ, уянэ къысфедж.

Пшъашъэр ащ лъыпытэу ыгъази янэ къеджэнэу ежьагъ, ар кӀозэ, дэмыкӀогъэ пшъэшъэ пстэуми зэряшэнэу, егупшысэщтыгъэ: «Сыд шъуӀуа мы лӀыр къызфэкӀуагъэр? Сыда мурадэу иӀэщтыр? Сыда къысфырихьысапыри?» СыдигъокӀи пшъашъэмэ ягупшысэхэр гупшысэ ӀэшӀух.

Такъикъ заулэ нахь темышӀэу Саидэ янэ хьакӀэм дэжь къихьи къэуцугъ.

— Силъэгъуныр ары, Хъаныщ, — къыригъэжьагъ лӀы хьакӀэм. ЫцӀэ къызэрэриӀуагъэм бысымгуащэр тӀэкӀу къыгъэщтэуӀугъ, ау къызыхигъэщыгъэп. — ОшӀэжьымэ, илъэс пшӀыкӀублыкӀэ узэкӀэӀэбэжьымэ, сэ шъуадэжьы хьакӀэу сыкъэкӀогъагъ ыкӀи Ӏоф горэ сиӀэу шъунунэ мазэ фэдизырэ сисыгъ. А лъэхъанэм гъэтхэпагъэ. Маир итыгъ, непи май маз. А май мазэм, Хъаныщ, ори гушӀогъо ин къыохъулӀагъэу сыкъырихьылӀэгъагъ, пшъэшъэ цӀыкӀу къыпфэхъугъагъ.

— Джы укъэсшӀэжьыгъэ къодый ныӀэп, мыра шӀуӀуа Мырзэбэч сӀоти сыгукӀэ тӀэкӀу сенэгуещтыгъэ. Оры Ӏолъ, — ыӀуи Хъаныщ нахь нэгуихыгъэу хьакӀэм къеплъыгъ, — адэ пшъхьаци фыжьы хъугъэ...

— Адэ уахътэр псынкӀэу макӀоба, къызэплъэкӀыгъо уимыфэу кӀалэмэ зыкъаӀэты, тэри нахьыжъы тэхъу, — къыӀуагъ Мырзэбэч. — ОшӀэжьымэ, Хъаныщ, уипшъашъэ къызэхъум ащ сэры апэу Саид фэзыусыгъагъэр. ХабзэкӀэ джэнапхъэ фэсшӀыжьынэу къыстефэти, илъэсыбэ тешӀагъэми къыфэсхьыжьыгъ.

Мырзэбэч зэкӀоцӀыщыхьагъэу ыӀыгъым нэр пӀэпихэу джэнэпхъэ дахэ къыкӀоцӀихыгъ.

— Бэрэ Саидэ джэнапхъэм зэрезгъэжагъэм пае ащ сыхьати гъусэ къыфэсшӀыжьыгъ, — къыӀуагъ Мырзэбэч.

Саидэ джанэр ыгу рихьыгъ, игушӀогъошхуагъ.



Бэ тешӀагъэми джащ фэдэу Ӏуагъэу пшӀыгъэм уемыпцӀыжьэу, ар бгъэцэкӀэжьыныр цӀыфыгъэ. Ащ фэдэ зекӀуакӀэм зи щытхъу нэмыкӀ къырыпхьыщтэп.

## УшъыякӀо

Дэулэкъо Хьатэч зыпӀокӀэ, ащ икъэбар зыфэдэр къыуимыӀонэу тихьаблэ зы нэбгыри хэсыжьэпщтын. Тихьаблэ хэсымэ дэгъу дэдэу Хьатэч ашӀэ шъхьае, нэмыкӀмэ зи ащ ехьылӀагъэу къыуаӀотэн хъатэ щыӀэп. Сыдэущтэуи къыуаӀотэна, игъэпсыкӀэрэ ишэнрэ зыкӀи щымыгъуазэхэмэ!

Дэулэкъо Хьатэч къехъулӀагъэмэ ащыщ зы къышъуфэсӀуатэмэ, ащ изэрэщыт зыфэдэр зыкӀи къин къышъуфэмыхъоу шъор-шъорэу зэхэшъуфын шъулъэкӀыщт.

Мафэ горэм хэкум ит къуаджэмэ ащыщ Ӏоф иӀэу ар кӀон фаеу хъугъэ. УхьакӀ о аӀуи анахь унэгъо дэгъоу алъытэрэмэ ащыщ бысым фашӀыгъ, сыдкӀэ пӀуатэ хъун, оры сэры зыӀоу анахь лӀыӀоу къуаджэм дэсхэри гъусэ фашӀыхи къыращэкӀыгъ, ыни жьы кӀагъэун яхьысапэу Ӏаджхэри рагъэлъэгъугъэх.

Дэулэкъо Хьатэч псалъэ горэ къышӀырэм къэс, ащ гущыӀэжъ псаухэр къызэрэхигъафэрэр Ӏаджхэми агу рихьыгъ, бзэ дэгъу Ӏулъ, лӀы губзыгъ зыӀонхэри едэӀугъэхэмэ къахэкӀыгъ.

ХьэкӀэ Ӏуш зыфаӀуагъэм икъэбар зэхэзыхыгъэ шъузабэмэ ащыщэу Сайдэт егупшысагъ: «Мы къэкӀогъэ хьакӀэу къызщытхъухэрэр зыфаӀорэм фэдэу щытмэ, скъоу къысэмыдэӀужьэу гъогу пхэндж техьагъэм езгъэушъыймэ ишӀуагъэ къэкӀонэп шъуӀуа?! Хэукъорэ цӀыфхэр хьакӀэмэ агъэдэӀуагъэхэу бэрэ къаӀожьы...» Сайдэт «сикӀалэ цӀыфы хъужьыщтмэ, ешъокӀо анахьыжъхэм янабгъоу зэрыфагъэм хьакӀэм ар къырищыжьын ылъэкӀыщтмэ, сыд сиукӀыт сэ» ыӀуи, Дэулэкъо Хьатэч лӀыкӀо фишӀыгъ. ЯтӀонэрэ мафэм гъусэхэр иӀэхэу Дэулэкъор шъузабэу зыкъо ешъуакӀо хъугъэм дэжь къэсыгъ.

— Тыдэ щыӀ а кӀалэу псы Ӏэлыр ныбджэгъу зышӀыгъэр? Унэм исымэ зэ мыдэ къысфашъущэри сэжъугъэлъэгъолъ, — итутыныбжъэ хигъанэзэ, Дэулэкъо Хьатэч къыӀуагъ.

Нэфшъагъо нэс чылэм къыхэтыгъэ кIэлэ плIэIу шъомбгъо нэгу хъураер, чъые нэхъо-нажъо хъужьыгъэу Хьатэч ыпашъхьэ итыгъ. ЗэкIэ унэм исыхэр икIынхи Сайдэт ыкъо изакъоу къырагъэнэнэу хьакIэм унашъо къытыгъ. Ымакъэ лъэш хьазырэу Iэтыгъэу Хьатэч кIалэм дэгущыIэу ыублагъ. ХьакIэм игущыIэмэ ащыщхэр пчъэ зэпагъом къыдэIукIыщтыгъэх: «Сыда анахьэу узашъорэр ыкIи узешъокIэ сыда пшхырэри?»

— Сызашъорэр згъотырэр ары, аркъи, спирти, вини сIорэп, коньякри хъущт зи умыгъот хъумэ, сэ зэхэдз сиIэп, сызешъокIэ хьалыгъу такъыр къысIэкIахьэмэ сецэгъоу мэхъу, зи зыIусымылъхьахэу, бэшэрэбIуком сепэмыжьэуи къыхэкIы.

— Къодыеуи! Ащ фэдэ цIыф ешIа! А е-насын ори-о, аукIырэм уфэд... Псы Iэлым узешъокIэ, ащ лъыпытэу зыгорэ зыIуплъхьан, зы щыугъакIэ горэми ухэIэн фае. Армырмэ лые зэохыжьы. Зыгорэ дэмышхымэ бэу ипшъуни плъэкIынэп уиныпцIэхэри умышIахэу ыстыных, — IэутIэ дишIызэ Хьатэч кIалэм егыиищтыгъэ.

Пчъэм дэжь мычыжьэу щыт янэ гущыIэхэу «...аукIырэм уфэд», «уныпцIэхэри ыстыных» ытхьакIумэ къызыредзэхэм, лъэшэу гушIуагъэ: «ХьакIэр пхъашэу сикIалэ дэгущыIэ, ынэ цIыу-цIыу къыкIефы. А опсэужь, тихьакIэ! Ащ епIорэм ишIуагъэ горэ къэрэкIуи, ситхьачэтмэ анахь иныр пфэсыукIыжьын».

Шъузабэм ыкъо иджыбэ бэшэрэб къиуцукIэу хьакIэм ылъэгъугъ.

— Сыда мы уиджыбэ итыри? — Хьатэч кIалэм еупчIыгъ.

— Мыра зыфапIорэр? Мыщ итым сыкъызыущыжькIэ, сишъхьауз хэжъукIыным пае, сехъупIэ. Спирт. Уфаемэ тIэкIу къыпфизгъэхъон.

ХьакIэм ыIупсхэр къечъи зэкIэм ынэхэр къэлыдыгъэх.

— Зи дэсымышхэу сэ зы Iуби езгъэхын слъэкIыщтэп, ау мыдэ тIэкIу къигъахъори, тегъэплъ, — цIыкIу-цIыкIоу Хьатэч къыIуи иджыбэ нэкулъ такъырэу илъым теIэжьыгъ.

Шъузым ыкъо ежь стэкан зэтекIхэу иджыбэ куу илъхэр къырихи, хьакIэми ежьыри зэрагъэутэкIыхи бжъэ зырыз аIэтыгъ. Ащ лъыпытэу нэкулъ такъырыр Хьатэч тIоу зэпикIыкIи, кIалэмрэ ежьыррэ псынкIэу адырыгъ.



— Уешъоным ешъуакIэ иI, синаныу, — бжъэу ыкъудыигъэм хьазырэу къыфыригъэшIагъэу къыIуагъ Хьатэч, — сэ сыд фэдэ шъон зыIуслъхьагъэми зыгорэ дэсымышхэу сшIырэп. Ешъон Iофыми хэшIыкI фыуиIэн фае, ар джы анахь сэнэхьат къинымэ ащыщ хъугъэ, сиблагъэ.

УшъыякIори зэушъыирэри ешъоным хэзэрэгъэблахьыхи нэрэ-Iэрэ къагу спирт бэшэрэбыр аунэкIыгъ. ТIуми апэхэри анэхэри плъыжьы хъугъэхэу, IаплI зэращэкIыгъэу ерагъэу щытыгъэх. ТIуми ашъхьи амакъи къэмыIужьы зэхъум, пчъэр Iуахи цIыфхэр ихьагъэх, Хьатэч а зы гущыIэр ренэу къыIощтыгъэ:

— Уешъоным ешъуакIэ иI, ар зэгъашIэ, синаныу!

ХьакIэм игъусэмэ ащыщ Хьатэч фэукIытэу ыгукIэ къыIуагъ: «УзщашIэжьрэм хьакIакIо умыкIу аIуагъ, ау узщамышIэрэ чIыпIэми хьэкIакIо узыкIокIэ узфэсакъыжьын фае».

## Усэрэжъ

Илъэс къэси чIыпIэ Iаджхэм къарыкIыхэу тикъуаджэ цIыф гъэсагъэхэр, тарихъы зэфэшъхьафхэм яугъоин пылъхэр, тхакIохэр, къакIох. Зым адыгэ гущыIэжъхэр етхых, еугъоих, адрэм пшысэхэм нэIуасэ зафешIы, ящэнэрэм адыгэ хабзэхэр, зэхэтыкIэ-зэхэхьакIэхэр зэрегъашIэх.

Мары джыри зымафэ Москва къикIи зы лIы тикъуаджэ къэкIуагъ. Ар итеплъэкIэ лIы хэкIотэгъэ хьазыр: ыпэкIэ-жакIэхэм фыжьы зырызхэр ахидзагъ, нэгъунджи кIэлъ. Шэн гъэIылъыгъэ зэрпIэр къэпшIэнэу рэхьатэу мэзекIо, шъабэуи мэгущыIэ. Тикъуаджэ хьакIэщэу къыщызэIуахыгъакIэм хэт анахь унэ дэгъум рагъэблэгъагъ. Сэри тикъуаджэ мэфэ заулэрэ сыдэсынэу сыкъэкIуагъэти, хьакIэм сыригъусэнэу къуаджэм ипащэхэр къысэлъэIугъэх. НэIуасэ тызызэфэхъугъэхэ нэуж лIым игухэлъ къысфиIотагъ:

— Сэ сшъхьэкIэ бэшIагъэу цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм хабзэу, шэнэу ахэлъхэр зэсэгъашIэх, сэтхых ыкIи ыужкIэ тхылъ шъхьафэу къыдэсэгъэкIых. А Iофым сызыпылъыр хьазырэу шIагъэ. Къины къыпфэмыхъущтмэ, адыгэ хабзэхэм, шэн-зэхэтыкIэхэм дэгъоу

ащыгъуазэу лIыжъ горэм сыIубгъэкIагъэмэ сигопэщтыгъэ.

ХьакIэм илъэгъун къызысеIуахэм тикъуаджэ анахь цIыф бэгъашIэу дэсмэ ащыщэу Усэрэжъ апэу сыгу къилъэдагъ. А лIыжъым ыцIэ шъыпкъэр Исмел, къоджэ Советым тхылъэу чIэлъым зэрэдэтхагъэри арары, ау къэбар гъэшIэгъонхэр, тарихъ хъугъэу къаIотэжьрэ хъугъэ-шIагъэхэр, пшысэхэр, тхыдэжъхэр, гущыIэжъхэр бэу зэришIэрэм пае Усэрэжъыр тырагъэнагъ. Арэущтэу зыкIыраIуагъэри хэт ащ гущыIэгъу фэхъугъэми, а зы сыхьатым къыгурыIощт. Усэрэжъы зым илъэсишъэ ыгъэшIагъ еIо, адырэм шъэм шъхьадэкIыгъэ шъыпкъ еIо, сыдми зэтраIукIырэр бэ. Ежь узеупчIырэм, тикъуаджэ мы чIыпIэм къызэтIысыжьым сыкIэлэ лъэрыкIуагъ еIошъ джэуап къыуетыжьы. Iофы шъыпкъэ зебгъэшIэу ар плъытэнэу узфежьэкIэ, илъэсишъэм IаджкIи шъхьарэкIы.

ЛIы горэ лъэгъун иIэу къызэрэкIуагъэмкIэ Усэрэжъы макъэ едгъэIугъ.

Усэрэжъ лулэкIэ зэшъорэ тутын шъхьартIупщыри, псы IэшIухэри, нэмыкIхэри фэтщэфыгъэх.

Бэрэ пэмытэу Усэрэжъы дэжь зедгъэхьыгъ. Ар къытажэу илулэ зэкIэгъэнагъэу, иунэ пчъэIу Iут чъыгышхом ижьау чIэсыгъ. КъытфэчэфэIу къытпэгъокIыгъ. ТIэкIурэ тызщэс нэуж хьакIэу сигъусэр зыфаер есIуагъ.

— Бэу шIу, бэу дэгъу, — къыригъэжьагъ Усэрэжъ,— хьакIэу къыпфакIорэр мэфищэ щысыхэмэ имурадыкIэ еупчI адыгэмэ аIуагъ. Тэ тихьакIэ сыхьати щысыгъэп, ау сэ ар зыфаер зэсымыгъашIэзэ, ежь ыпэрапшIэу зыгъэгумэкIырэр зыфэдэр къызгуригъэIуагъэшъ, сэ сиакъыл къызэрихьэу джэуап сыфэхъун. ЦIыф лъэпкъы пэпчъ шэн дэгъу, шэн дахэу хэлъыр, зишIуагъэ къэкIорэ лъэбзэшIоу ылэжьырэр зэбгъэшIэныр, уугъоныр дэгъу, тхылъ шъхьафэу пшIэу къыдэбгъэкIыныр зымыуаси щыIэп. Ащи зыгорэм акъыл хихыщт, къышъхьапэщт. «ШIу шIи псым хадз» аIуагъ адыгэмэ. ШIум шIу къехьы, шIум шIу къыпэкIы.

Усэрэжъы гущыIэ пэублэу къышIыгъэр хьакIэм ыгу рихьыгъ, икъэлэми къышти тхылъыпIэм зыгорэ тыритхэу ыублагъ.

— ТихьакIэ, — ымакъэ нахь ыгъэлъэшызэ Усэрэжъы къыIуагъ, — тызэтемыгущыIыкIыным пае упчIэхэр къысфэгъэуцузэ шIы, сэ зэрэсшIэу джэуап къэстыжьыщт.



ГущыIэр бгъэуцумэ цум фэдэу цIыфмэ аIо. ГущыIэ тэрэз скIэрыпхымэ сшIоигъощт.

— ЦIыфым илIыгъэрэ ищэIагъэрэ къагъэлъагъохэу хъугъэ-шIэгъэ зытIу горэм тебгъэдэIугъэмэ дэгъугъэ, къэлъэIуагъ хьакIэр.

— Сигуапэу ащ фэдэ къэбарми уязгъэдэIун, тихьакIэ, — къыригъэжьагъ Усэрэжъы.

ЛIы хафэкIэ ыцIэ раригъэIуагъэу Хьапыхъу ыцIэу лIы горэ къуаджэм хьакIэу къыдахьи бысым ышIыгъ. ЛIым ыIэ зэпыкIыгъэу, тэрэзэу мыкIыжьыгъэу щытыгъ.

ХьакIэм зырагъэтхьакIызэ ащ ыIэ изытет бысымым зелъэгъум къыIуагъ:

— Шъобж къызыохъулIэм пIэ тэрэзыджэ гущэу кIыжьыгъэ. ПIэ зыщызэпыкIыгъэгъэ уахътэм сыкъырихьылIэгъагъэмэ, ар зи есымыгъаIоу тэрэзэу сэ згъэкIыжьыщтыгъэ.

ЯтIонэрэ мафэми бысымым адэдэр ыIоу хьакIэм зэхихыгъэ, ящэнэрэ мафэми лIы хьакIэм ыIэ ытхьакIы пэтзэ ащ къыригъэжьагъ:

— ПIэ зызэпэкIым сыкъырихьылIэгъагъэмэ, джэуап сыпфэхъущтыгъэ. ПIэ пхэнджэу зыгъэкIыжьыгъэм къыуишIэнэу зи къыгъэнагъэ щыIэп.

Мыщ дэжьым хьакIэм зи ымыIоу бысымым къеплъкъеплъи, къэтэджи тэрэзыджэу зэпагъэкIэжьыгъэ ыIэ пчъэм дигъани, «кIанч» ригъаIоу кIэрыкIэу зэпикIыжьыгъ.

— ПшIагъэр сыд хьаламэт! Слъэгъурэр гъэшIэгъонибл! — щтагъэу къыIуагъ бысымым.

— Хьалэмэтми плъэгъугъэ! Дэгъоу сIэ бгъэкIыжьыщтгъагъэу оIо зэпытышъ, пшIэшъущт щыIэмэ урихылIагъ. Ма, ащ фэдизэу уIазэмэ тэрэзэу зэпыгъэкIэжь хьакIэм къыIуи ыIэ зэпыкIыгъэ бысымым фищэигъ.

Ар зышIагъэм лIыгъэ хэлъэп хэти пфиIонэп.

ЯтIонэрэ къэбарыми нэIуасэ шъуфэсшIын. ХьэжъуагъукъорIаоу шэкIолI бэлахь горэ щыIагъ. Ар мэзым хэтэу ишхонч лэучэцIым тыригъэпсыхьагъэу он ыIо пэтзэ, блэу чъыгы къутэмэшхом тесыгъэр зыкъигъэлъати ыпэ къеуагъ. Мыщ дэжьым шхончыр псынкIэу чIидзи зэрэфэлъэкIэу джагъэ: «О мардж, зыгорэ мы мэзым цIыф хэтмэ, садэжьы псынкIэу къынэрэс». Пхъэ къашIэу нэбгыритIу мычыжьэу мэзым хэтыти, лъэтемытэу къэсыгъэх. Ахэр къеплъызэ, еIи шэкIо-

лIым ыпэ чан шъхьаупсыкIэ ежь-ежьырэу пигъэлъэтыгъ.

— Сыд пшIэрэр? — аIуи шэкIолIым нэбгыритIур зеупчIыхэм, мыгумэкIыхэу джэуап аритыжьыгъ:

— Спэ блэ къеуагъэшъ, щэнаутым симыгъэлIэным пае сэр-сэрэу пысыупкIыжьыгъ. Ар сэщ нэмыкI зэрэпимыупкIыгъэмкIэ ищыкIагъэ хъумэ, шыхьат шъукъысфэхъущт!

Джыри, а къыпфэсIотагъэмэ зы хъугъэ-шIагъэ бэшIагъэу сырагъэдэIугъагъэу къахэзгъэхъожьын. Ар кIэкI дэд ныIэп. КIэлэкIэ дэдэ горэм ыIэ шхы хэхъуагъэу ыгъэгумэкIыщтыгъэ. Дихьыягъ, рихьыхыгъ, псыжъом хэгъау аIуи хигъэуагъ, пшэхъо плъыгъэм хэгъэлъ аIуи хигъэлъыгъ, ау ащ пае шхэр хэкIодыкIыгъэп. Сэ осшIэн сэшIэ ыIуи Iэхъуамбэу шхы зыхэхъуагъэр пхъэкъутапIэм тырилъхьи обзэгъумкIэ еуи пигъэлъэтыгъ. ыкIи кIалэм ыIуагъ: «шхы ыдж!» ЦIыфэу кIалэм ышIагъэр зэхэзыхыгъэмэ, «ар къэхъумэ лIы хъун», — аIуагъ. КъызэраIотэжьырэмкIэ, а кIалэр лIыку зэхъум бэ лIыгъэу зэрихьагъэр ыкIи дахэкIэ ыцIэ адыгэ орэдымэ ахалъхьагъ.

— Тят, джы тихьакIэ къыфэпIуатэ шIоигъомэ ащыщыр гушIуапкIэм иIоф ары, — Усэрэжъы есIуагъ.

Зи къымыIоу тIэкIурэ щыси, етIанэ илулэу гущыIэм хэтэз кIосагъэр зэкIигъэнэжьи Усэрэжъы къыригъэжьагъ:

— НэмыкIы цIыф лъэпкъымэ афэдэу адыгэхэм хэбзэ зэфэшъхьафэу яIэр бэ. Ахэмэ зыкIэ ащыщ гушIуапкIэ зыфаIорэр. Унагъом щыщ горэм хъяр къехъулIагъэу, ау ар ымышIэгоу апэу къэбар гушIуагъор къэзгъэсырэм адыгэмэ гушIуапкIэ ратэу яхабз. Къэбар гушIуагъор зылъагъэIэсрэм, ежь иIэм елъытыгъэу ыгу пыкIырэр гушIуапкIэу еты. Адыгэ лIыжъмэ ащыщ зыпакIэ бэкIаерэ къэтыгъэу, ядэжь шыоу къыдэхьажьыгъэ къодыеу ягъунэгъулIыр пэгъокIи, ыкъо шъао къызэрэфэхъугъэр риIуагъ. Яунагъо шъао къызэрихъухьагъэм ыкIи лIыжъыр тэтэжъ зэрэхъугъэм лъэшэу ыгъэгушIуагъ. Къэбар гуIэтыр апэу къылъызгъэIэсыгъэ игъунэгъум кIэлъырыхьи шэу зытесыгъэр «уянэ къыуитыгъэ былзыщэм фэдэу сыгу къыздеIэу осэты» ыIуи гушIуапкIэу ритыгъ.

ГушIуапкIэм иIофкIэ тиныорэ сэррэ къытэхъулIагъэу щхэн горэм шъуезгъэдэIун сихьисап.

Ар зыхъугъэр бэшIагъэп, гъэрекIу ары. ТикIэлэ закъо ишъхьагъусэ бзылъфыгъэ лъэрымыхьэу, къыфэхъущтым тиныорэ сэрырэ тыдэгуIэу тежэщтыгъэ. Сыд пае сыушъэфын, тиунагъокIэ хъулъфыгъэр тимакIэти, тинысэ шъао къыфэхъумэ, ащ сэ сшъхьэрэ спкъиплIрэкIэ сыфэягъ. Тиныо анахьэу ыгукIэ къыштэщтыгъэр пшъашъэ; шъаом нахьи пшъашъэм нахь гукIэгъу хэлъ, нахьыбэрэ къыплъыIэсыщт, ынаIэ къыптетыщт ыIощтыгъэ. Мэфабэрэ тызэнэкъокъугъ, тызэфэгубжэуи загъорэ къыхэкIыгъ. «Сыд тыфай тэ тIуагъэкIи, ащ къикIын щыIэп, хъурэм теплъын, — тIоти тыпшъыти тыуцужьыщтыгъэ. — Фаеми орэкIалэ, фаеми орэпшъашъэ, сыд къытфэхъуми тэры зыер. Тэрэзэу зэшIорэкIыри ары».

Хъущтыр гъэшIэгъоны. Ныомрэ сэрырэ шъхьаджиIоф ыуж титэу, Iэгум тыдэтэу, пшъэшъэжъые горэ къыдэлъади макъэ къытигъэIугъ: «Шъуинысэ пшъашъэ къыфэхъугъ». Сэ лулэр сыжэ къыдэзыгъ, тиныо пхъэнкIыпхъэр чIидзи гушIозэ, «а тхьэр къысати, сыунэжьи!» — ыIуи унэм илъади, джэнапхъэу иIэмэ ащыщ псынкIэу къырихи, пшъэшъэжъыеу къэбар гушIуагъо къэзыхьыгъэм ритыгъ. Тинысэ къыфэхъугъэр шъао ыIуагъэмэ, сэри а пшъэшъэжъыем гушIуапкIэ гори естыныгъи, ау къэхъугъэр кIалэпти зысыушъэфыгъ, шъыпкъэмкIэ, тIэкIуи сыгу къеуагъ. ЗыфэшIыр о къашIэ, хъулъфыгъэхэр нахьыбэмкIэ зыфаехэр шъаох. Шъаор лъэпкъ лъыгъэкIуатэшъ арын фае хъулъфыгъэхэр ащ нахь зыкIыфаехэр. ТIэкIу шIагъэу етIани зы кIалэ горэ тиIэгу къыдэлъади гушIозэ къыIуагъ: «Пшъашъэм имызакъоу шъуинысэ кIали къыфэхъугъ. ЗэкIэлъыкIоу нэбгыритIу». ГушIогъо нэпсхэр къысшIокIуагъэх, тиныуи унэм илъади, дунаир игушIуагъоу дэпкIаеу, къашъоу ыублагъ. Сэри псынкIэу сиджыбэ сиIэбэжьи бэшIагъэу згъэшIорэ чычыбжъэ фыжь зыкIэ телъ чан зэдэлъыр къисхи, кIалэу къэбар шIагъор къэзыхьыгъэм гушIуапкIэу фэзгъэшъошагъ. Ар имыкъоу тиныуи кIэлъыджи кIалэр къыгъэуцуи, зы зэкIоцIыщыхьагъэ горэ ыблыгу чIилхьагъ...

Ащ ыужым пкIышъхьэ-мышъхьэ лэжьынымкIэ адыгэхэм яхьылIагъэу ышIэрэмэ ащыщ Усэрэжъ къыIотэнэу хьакIэр къэлъэIуагъ.

— БэшIагъэу сад лэжьыныр адыгэхэм якIас, — къыIуатэу ыублагъ Усэрэжъ. Адыгэхэм яцысыпIэгъэ чIыпIэ-

хэу хыIушъом Iулъы чIыгухэр къэпплъыхьэхэмэ, ар нэрылъэгъу къыпфэхъущт. Непэ къызнэсыгъэм хы Iушъом щыпсэурэ къуаджэхэми, нэмыкI къуаджэу Адыгэ шъолъырым исхэми уадахьэмэ, пкIышъхьэ-мышъхьэ лэжьыным адыгэмэ хэшIыкI зэрэфыряIагъэм дэгъоу гу лъыотэ. Тэри тлъэпкъыкIэ сад лэжьыныр шIу тэлъэгъу. Чъыгэу мы сиIэгу дэтэу шъулъэгъурэмэ илъэс къэс хъоеу пкIышъхьэ-мышъхьэхэр къапэкIэ. Загъорэ къысэупчIыхэу мэхъу: «Арэп, Исмел, тэ тиIэгу дэт чъыгымэ зы илъэс шIэмэ, адырэ илъэсым къапэкIэ ныIэп, о уичъыгмэ сыдэущтэу илъэс къэс къапыкIэн алъэкIыра?» «Iофым зы шъэф хэлъ», — ясэIожьы ахэмэ. Сыд шъэфа ар? Чъыгы пэпчъ семызэщэу сылъэплъэ, бжыхьи гъатхи къэсэтIыхьэх, джащыгъум чъыгы лъапсэм осыпси ощхыпси нахьыбэу хэхьан елъэкIы. Зы уц шIой гори яхьэнэ-гъунэ къиизгъахъорэп. Ащ фэшъхьафэу былым е щагу бзыу сыдигъо сыукIыгъэми, ахэмэ лъэу къакIэкIыгъэр псым хэсэгъэкIухьэшъ чъыгыжъыми гъэтIысэгъакIэми акIэсэгъахъо. Аущтэу чъыгымэ сяшIушIэныр сэзыгъэшIагъэр сят. Ащи ар къезыгъэлъэгъугъагъэр сятэжъ ары. ЦIыфым фэдэуи чъыгыми гъомылэ ищыкIагъ. Ар игъом егъэгъотымэ, ори къыотэжьыщт.

Сад лэжьыным иIоф сикъытегущыIэнэу зезгъэжьагъэкIэ, ащ ехьылIагъэу хыIушъо шапсыгъэмэ бэшIагъэу хабзэу ахэлъыр къыпфэсIотэн. КIалэм икъэщэгъу хъоу псэлъыхъо кIоу зыригъажьэкIэ, ащ зы пшъашъи къыдэкIощтыгъэп пкIышъхьэ-мышъхьэ лэжьыкIэ тэрэзэу ымышIэмэ. Хэбзэ дэгъуба ари? Зи епIолIэнэп, хэбзэ дэгъу. Ари пкIышъхьэ-мышъхьэ гъэбэгъоным изыкъэкIуапI.

ПкIышъхьэ-мышъхьэ чъыгхэр Iэгу пэпчъ къыдэгъэкIэгъэным пае нэмыкIэу зишIуагъэ къакIоу Iаджи щыI. Сабый къызыхъукIэ, ащ ыцIэкIэ Iэгум чъыг дагъэтIысхьэу, ижъыкIэ къыщегъэжьагъэу адыгэмэ яхабз. Ар адыгэмэ ямызакъоу нэмыкIрэ цIыф лъэпкъхэми хабзэу зыхагъэлъымэ, чIышъхьашъоу тызыщыпсэурэр джыри нахь гъэкIэрэкIэгъэнымкIэ ишIуагъэ къэкIонэу сэ сшъхьэкIэ сэлъытэ.

— Джы сэ сшIэмэ сшIоигъор адыгэ бзылъфыгъэмэ яIущыгъэ къыушыхьатэу о узыщыгъозэ хъугъэ-шIагъэмэ ащыщ, — къыIуагъ хьакIэм.

— Ащ сыд едгъэIон, ащ пае къогъу сыкъохьажьынэп, сикIал, — къыIуагъ, къызIублахьыгъэ Усэрэжъ икIэрыкIэу илулэ ыушъэзэ, — адыгэ бзылъфыгъэмэ ясэнаущыгъэ къырыбгъэлъэгъонэу хъугъэ-шIагъэу щыIэр зэп, тIоп, пшIы пчъагъ, ары пакIошъ шъэ пчъагъэ мэхъу. Ащ ащыщэу заул сэ зигугъу къэсшIыщтыр.

ЛIы куп щысэу пшъэшъэ ныбжьыкIэ горэ блэкIызэ, ар апэу зылъэгъугъэ лIыжъэу ХьакIмафэ зэкIэм къэтэджыгъ.

— ПшIэрэр сыд губгъэна, ХьакIмаф! О лIыжъышхом пшъэшъэжъые цIыкIум пае укъэтэджыгъ. Ар пшIэпхъагъэп, — ащ раIуагъ.

ХьакIмафэ мыщ фэдэ джэуап къаритыжьыгъ:

— Сэ сшъхьэ сэгъэшIожьы ыкIи сэлъытэжьы. Сэ сшъхьэ закъо паеп сыкъызфэтэджыгъэри. ШъумышIэрэмэ сшIэрэп нахь, мы блэкIыгъэр бзылъфыгъ, ар тэщ фэд, ащ гуи иI, шъхьи шIот. Шъхьэр блэкIы хъумэ пхэкI пIэтыныр емыкIоп. Ащ нахь емыкIу цIыфыр блэкIы хъумэ, унэхэр къикIыхэу, тыныужъ пIонэу умытэджэу ущысыныр. ЦIыкIуми иными цIыфыр блэкIэу плъэгъуми, унэм къихьэми уфэтэджын фае.

Адыгэ лIыжъэу ХьакIмафэ зэрэзекIуагъэм зы тхыдэ горэ сыгу къыгъэкIыжьыгъэшъ, ари къышъуфэсIощт. СыдигъокIи тэтэжъхэм япхъорэлъфыхэм цIыфыгъэ ахэлъэу зэралэжьыным, мыпшъыжьыхэу пылъынхэм фаех. Ащ фэдэ тэтэжъ горэм ипхъорэлъф ыгъэтIыси гъэсэпэтхыдэ мэфэ реным къыфеджагъэу ары къызэраIотэжьырэр. А сихьатэхъу, цIыфмэ уахахьэми уахэкIыми мыхэр, ухэр пшIэнхэ фаех ыIуи къыфилъытагъэх. «Сыдигъуи ощ нахьыжъ уIукIэмэ, ар гъашIо, лъытэ, шъхьэкIафэ фэшI, тэджыри ащ о уичIыпIэ ет, о ышъхьагъы ит», — тэтэжъым шъэожъыем апэу риIуагъ. «Ренэу дахэу узэрэзекIощтым, гущыIэ мыщыухэр ужэ къызэрэдэмыкIыным унаIэ тегъэтызэ шIы. Ари адыгагъэм щыщ, сишъау», — тэтэжъым ипхъорэлъфы фигъэпытагъ. Шъэожъыем «дэгъу, тэтэжъ» ыIуагъ. «Зыщыбгъэгъупшэ мыхъущтыр, — риIуагъ тэтэжъым шъэожъыем ынэхэмэ акIаплъэзэ, — сыдигъуи хьэрамыгъэ къызхэмыгъэфэныр ары. УиIэ щыIэмэ, бгъотрэр уишъэогъумэ, уигъунэгъумэ адэгощ. Ари цIыфыгъэ дахэм хахьэрэмэ зыкIэ ащыщ.

Тэтэжъ къыIорэмэ ипхъорэлъф ядэIу-ядэIуи хьазырэу пшъыгъэти къэупчIагъ:

— А тэтэжъ, тэтэжъ, адэ цІыфыгъэм зи гъунэ иІа-хэба?

— ИІэп, сишъау, иІэп. Джыри къыосІонэу щыІэр бэ. Непэрэмкіэ бгъэцэкІэнэу къыпфэсІотагъэхэр икъу-ныгоу сэІо...

— Адыгэмэ яхьатырышІэн ыкІи яцІыфышІугъэ къы-гъэлъагъоу хъугъэ шъыпкъэу шъуфаемэ къэбар горэ къышъуфэсІотэн, — фэкІэщыгъоу Усэрэжъы къыІуагъ. Тэри «тыфай» къидгъэкІэу хьакІэмрэ сэрырэ шъхьащэ тшІыгъэ.

— Адыгэ лъэпкъ цІыкІуми, — къыублагъ Усэрэ-жъы — нэмыкІырэ цІыф лъэпкъымэ афэдэу, цІыфы-гъэрэ хьатырыгъэрэ бэу къызхигъэфэныр сыдигъуи ишэн. Ар къырыбгъэлъэгъонэу макІэп щысэу къэпхьы-нэу щыІэр. Ахэмэ ащыщэу зы нэІуасэ шъуфэсшІын. Адыгэ шъолъырым зэфэдэу щызэлъашІэу Хьагъэуджэр аІоу пщынэо Іэзэ дэдэ горэ исыгъ. Ар пщынэм ео хъу-мэ, ылъэкъуацІэ къагъэшъыпкъэжьэу хьэхэри ипщы-нэо макъэ ыгъэуджыщтыгъэхэу ары къызэраІожьырэр. Ащ ицІыфыгъэрэ ихьалэлыгъэрэ бэмэ ашІэщтыгъэ, алъыІэсыщтыгъэ. Игъунэгъу кІалэ горэм къыщэнэу тыриубытагъэти, ащ Хьагъэуджыр упчІэжьэгъо ышІыгъ: «Къэсщэн сыгу хэлъ, къэщэн дахи сиІ, ау зы Іоф сыкъыфанэ — джэгу рысшІынэу ахъщэ сиІэп. Тя-нэ-тятэхэм ар ашІэшъ илъэс тегъашІ, тІэкІу ахъщэ тэ-гъэугъои аІо. Ау сикъэщэны псэлъыхъо бащэ иІэшъ, зы илъэс къысэмыжэжьынкІэ сэщынэ». Хьагъэуджым кІалэм риІуагъ: «Ащ пае къэпщэн къэмыгъан, неущы тикъуаджэ джэгушхо щыІэщтышъ, ахъщэу хэтыдзы-рэр зэкІэ сэ къыпфэсхьыщт». Пщынаом игущыІэхэм кІалэм ипаІо щымыфэжьэу къагъэчэфыгъ. ЯтІонэрэ мафэм Хьагъэуджым ахъщэу фыхадзыгъэр зэкІэ ягъу-нэгъу кІалэу къэзыщэн мурад зышІыгъэм фихьи, ри-Іуагъ: «Сэ уиджэгу пщынэ сыщеощт, зи ащ фэшІ къы-сэптынэуи ищыкІагъэп».

Пщынаом ишІушІагъэ ехьылІагъэу къэбарыр Усэ-рэжъ къызеухым, ащ лъыпытэу хьакІэм упчІэ къы-гъэуцугъ:

— Мы шъуикъуаджэ сыкъэкІоным ыпэкІэ адыгэхэм бэшІагъэу зэдеІэжьынхэр якІасэу, ар яхэбзэ шъхьаІэу сыщагъэгъозагъ. Ащ о пшъхьэкІэ къепІолІэщтыр сшІэ-мэ сшІоигъу.



— Адыгэ лэжьакІохэр зэдеІэжьхэу алъэпкъыкІэ бэ-шІагъэу къырэкІох. АщкІэ къыуаІуагъэр шъыпкъэ, — джэуап къытыжьэу ыублагъ Усэрэжъы, — зычы-зыпчэ-гъум фэдэу пытэу узэкъотэу, пІэ зэкІэдзагъэмэ сыд фэ-дэ Іофтхьабзэри нахь псынкІэу зэшІоохы. Ащ пае ады-гэмэ шІыхьаф зэхащэу яхабз. Унэ зышІыщтым ыпэ-рапшІэу ищыкІэгъэщтыр егъэхьазырышъ шІыхьафыр зыщыІэщт мафэмкІэ макъэ арегъэІу. ЗыфаІогъэ мафэр къызысыкІэ, зэрэхьаблэу къекІушъ унэр агъэуцу. ШІы-хьафым цІыфэу хэлажьэрэмэ сэмэркъэухэр ашІы, чэф мэкъэшхуи къахэІукІы. Нахьыпэм лэжьэкІо унагъохэр цэеу зэгуахьэхэти, зэкъотхэу яхьасэхэр зэдалэжьыщ-тыгъэх.

— НепэрэмкІэ, Исмел тызэбгъэдэІугъэр икъун, хьа-зырэу удгъэпшъыгъэн фае, хьакІэми зигъэпсэфын, те-жьэжьынэу итхъухьагъ, — Усэрэжъ есІуагъ.

Ащ лъыпыту гузэжъоныгъэ хэлъэу ащ къыІуагъ:

— ХьакІэм икъэкІон ежь иІоф, икІожьын зиІофыр бысымыр ары. Тиунэ щашІыгъэ мыхьамелэ хьакІэр хэмыІэу ежьэжьы хъущтэп.

Усэрэжъы къызфиІуагъэр фэдгъэцэкІагъ. Іанэу къа-хьыгъэм тызхаІэм Усэрэжъы къыІуагъэхэр хьакІэм ыгу рихьыгъэти, ари иблокнот дитхагъ.

— ХьакІэм икъэкІон ежь иІоф, икІожьын зиІофыр бысымыр ары, — а гущыІэжъ псаур джыри зэ хьакІэм къыІуагъ. — А гущыІэжъым уригъэгупшысэнэу щыт, мэхьанэ гъэнэфагъи иІ.

— Ары, — къыІуагъ Усэрэжъы, — нэмыкІ цІыф лъэпкъми зэряшэнэу, адыгэмэ сыдигъокІи хьакІэр якІас. ИжъыкІэ къыщегъэжьагъэу хьакІэр адыгэм ыгъэлъэпІэныр, ылъытэныр, ыгъэшІоныр иапэрэ хаб-зэу къырэкІо. «ХьакІэр къэкІощт Іори гъэІылъ, бэрэ щылъыгъ пІоу умышхыжь,» — гущыІэжъыкІэ адыгэмэ зыфаІуагъэр шъыпкъэ. ХьакІэр ошІэ-дэмышІэу Іэгум къыдэпсыхэмэ, ар рихьакІэнэу гъэІылъыгъэу гъомылэ унэм илъын фае. ХьакІэм ригъэшхынэу гъомлэпхъэ хъа-тэ унагъом имыІэмэ, игъунэгъу къыІихыщтыгъэ. Хьа-кІэм паемэ, анахь адыгэ унэгъо тхьамыкІэр арыми аужырэ мэлыр ыукІыжьыщтыгъэ. СыдигъокІи хьакІэ зыфэмыкІорэ унагъор унэгъо ныкъокІэ, унэгъо мыхъу-кІэ адыгэмэ алъытэщтыгъэ. Адыгэмэ хьакІэр лъэшэу зэрагъэлъапІэщтыгъэр къыушыхьатэу зы хэбзэ гъэшІэ-гъон ахэлъыгъ. ХьакІэу уадэжь къэкІуагъэм ыгу ри-

хьыгъэ Iэпэщысэ уиунэ рилъэгъуагъэу гуцафэ пшIымэ, ар фэбгъэшъошэн фэягъэ. ПIихын-пIимыхыныр ежь иIофыгъ. Мыщ фэдэ зэ хъугъэу къаIотэжьы. Бысымым шыонэзэтелъ къыщэфыгъэу яIэгу къыдэхьажьыгъэу, ащ хьакIэр ехъопсагъ. Бысымым зэкIэм ащ гу лъити, укъыIукIагъ, тихьакIэ, «мы шыонэзэтелъыр сыгу пыкIэу къыпфэсэгъэшъуашэ, хьалэл пфэхъу», — ыIуи ритыгъ.

Iанэр зыIуахыжьым Усэрэжъ макIэу IущхыпцIыкIызэ къыупсэлъыгъ:

— Джы тежьэжьын шъуIомэ шъоры зиIофыр. ХьакIэр шхахэмэ пчъэм ылъэныкъокIэ маплъэ аIуагъ. Енэгуягъо къэбармэ шъуязгъэдэIузэ бащэрэ шъущызгъэсыгъэкIэ.

— Хьау, хьау, тят, ар умыIо, илъэсырэ тыодэIоу уадэжь тыщысыгъэкIи тыозэщыщтэп. Акъыл къызыкIэрахырэ цIыфмэ уащыщ! — Усэрэжъ етIожьыгъ. — Ащымыгъупшэжьынэу тхылъымэ адаптхэ хъунхэу, хэти къышъхьапэнэу къытфэпIотагъэр бэ. А къэпIуагъэхэр тхылъ шъхьаф тшIынэу дгъэхьазыры хъумэ, о пцIи тщымыгъупшэу, ащ хэттхэщт. ЗэкIэ мыхэр адыгэ лIыжъэу Гъэжъуанэкъо Исмел къытфиIотагъэх тIони ыкIыIу теттхэщт. Лъэшэу тыпфэраз, опсэушхо отэIо,— хьакIэм ыIуи, Усэрэжъы ыIапэ пытэу тыубытыжьи тыкъежьэжьыгъ.

— Шъукъысфае хъумэ, шъукъакIу. Сэ джыри къышъуфэсIотэнэу сшIэрэм ызыщани къэзгъэхъыягъэп, — щхыпцIыр ынэгу кIэмыкIызэ, Усэрэжъы къэлапчъэм нэс тыкъигъэкIотэжьыгъ.

## ЗылIы ишIушIагъ

Чэлэмэт ѓъэшIэгъонэу гъэпсыгъэ: игъунэгъу ЗекIошыу фэдэу дахэу зифэпэныр, зигъэшъорышIэныр икIасэп. Игъот шIу нахь мышIэми, ешхэ-ешъо хахьэуи, къалэм кIомэ ресторан чIахьэуи плъэгъущтэп. Зэрэчылэу ясыхьатыжъхэр сыхьат кIэпс къежьэгъакIэкIэ зэблахъугъэх. Ежь Чэлэмэт пIомэ, а щыуан сыхьатыжъыр илъэс тIокI хъугъэшъ ибгъэджыбэ илъ зэпыт. Ащ пылъ сыхьатыпсыр мэзэныкъо чыжьэу къэлъагъо.



— Арэп, о лIыр, къэулэжьырэ ахъщэр тыдэ пхьыра сэIо, пшъокIи уищыгъынкIи къыпхэщырэп, — игъунэгъуи нэмыкI Iаджхэми бэрэ къыраIокIы. Ау ахэмэ джэуапэу аритыжьырэр зы:

— Шъозэща сэIо, ащ нахь шъуIон шъушIэрэба?!

Зы мафэ ощхы ин хьазыр къещхэу Чэлэмэт къоджэ тучанымкIэ къыблэкIыжьызэ, ешъуагъэ горэм ащ ышъхьэ къычIищэий къэкуугъ:

— Ей, сиблагъ, мыдэ уиплащ нахь плащ кIаIокIэ зэблэхъу. Армырмэ, а пщыгъ плащыр жъы хъугъапэ, шIэхэу зэбгырызыщт.

— Ащ нахь зи пIон пшIэрэба! Озэщымэ мэщышIэ кIо, — ымакъэ Iэтыгъэ хьазырэу Чэлэмэт джэуап ритыжьыгъ. — Сэ зыгорэ сщэфыщтми сымыщэфыщтыми о сыоупчIыжьыным нахьи сипаIо сеупчIыжьын!

Зы пчыхьэ горэм къалэм къикIи лекцие къышIынэу зы лIы гъэсагъэ къоджэ клубым къэкIуагъ. Клубым чIизэу цIыфхэр чIэсыгъ. Лекциер зэхьылIэгъагъэр мамырныгъэм икъэухъумэн арыгъэ. ЛIэу къэкIуагъэм игущыIэ къызщиухыным мамырныгъэм игъэпытэн чанэу хэлажьэхэрэм, ащ иахъщэ фонд нахьыбэ шIыгъэным зиIахь хэзышIыхьэгъэ цIыфэу хэгъэгум исмэ, зиахъщэ хъущэ хэзылъхьагъэмэ ацIэ къыриIуагъ. Ахэмэ апэрэмэ ащыщэу Чэлэмэт ыцIэ къахэфагъ. Ар клубым цIыфэу чIэсыгъэмэ лъэшэу агъэшIэгъуагъ ыкIи, шъыпкъэмкIэ, гуапэ ащыхъугъ.

Лекциер аухи цIыфхэр къызызэхэкIыжьхэм Чэлэмэт дэхьащхыщтыгъэ нэбгырэ зырызхэм зи аIон ашIагъэп. Ахэмэ Чэлэмэт нэгуихыгъэу, ыбгъи игъэкIотыгъэу къаблэкIыгъ.

## УрамыкIэм зэреджагъэхэр

Непэрэ къуаджэм бгъэшIэгъонэу щыплъэгъурэр бэ. Ипэум щыIакIэр зэжъоу зыщэтым илъэсым къыкIоцI къуаджэм зы унэ е тIу щашIымэ, ар бэ дэдагъ. Джы тэ тилъэхъанэ, тимафэхэм илъэсыр хэгъэкIри, мэзэ заулэкIэ тикъуаджэ унэ зытфых кIэу щашIы. ЕтIанэ ахэр сыд фэдэ унэх! ЗыкIи къэлэ унэмэ анахь дэйхэп, анахь мыдэгъухэмэ. Иных, нэфынэх, чырбыщым е

мыжъофым хэшIыкIыгъэхэу пытэх, лъэгъупхъэх. Ахэмэ тIоу зэтетхэри ахэтых.

УмыгъэшIэгъон умылъэкIырэмэ ащыщыр Черемушкэк Iэ еджэхэу къуаджэмэ хьэблэ псаухэр яIэхэу зэрэхъугъэхэр ары. А хьаблакIэхэм яурамхэр щабзэм фэдэу занкIэх, унэхэр дахэу зэбгъодэтых, зым зыр пэгушIуатэрэм фэдэу анэIухэр зэфэгъэзагъэх. Унэмэ узарыхьэкIэ гоIухэу къабзэу зэIыхыгъэх, унэгъо IапIэу арыплъагъохэри хэшыпыкIыгъэх.

Къоджэжъым ыцыпэ унакIэ зышIыхэрэр къыпытIысхьэхэзэ кIэу урам псаухэр щыIэхэу хъугъэх. Мафэгорэм урамыкIэмэ ащыщ тесыхэр зэIукIэхи зэдэгущыIагъэх. Iофэу зэрыгущыIагъэхэр цIыкIоп: урамыкIэм зэреджэщтхэр, ащ ыцIэу къекIущтыр ары. Урамым цIэу фэшIыгъэщтыр мыщ фэдэн фае зым зеIом, ар къоджэжъым иурамымэ ащыщ ыцIэу къычIэкIыгъ. «Ащыгъум тиурамыкIэ псыхъом пэблагъэшъ, ащ ыцIэкIэ тежъугъадж», адырэм ыIуагъ. Бэ урамым зэреджэхэмэ ашIоигъоу зыцIэ къыраIуагъэр, ау «ар гъэшIэгъонэп», «ар кIэп» аIозэ бэрэ зэхэсыгъэх.

Къоджэ гурыт школым идиректорэу Ибрахьимэ еупчIыжьыгъэх.

— Сыхэмыукъомэ, — къариIуагъ ащ, — а урамыкIэм Фыгумыкъо Тэтэри ащ ыкъохэри унакIэхэр щашIыгъэхэу тесых. Сыд пае а лэжьэкIо унагъом ыцIэкIэ а урамым шъуемыджэщта?! Фыгумыкъо Тэтэр пIомэ, зыкIэ ар егъашIэм гъукIагъэ. Ащ колхозыр зызэхэхьэгъэ апэрэ мафэм къыщыублагъэу пхъэIашэу, лъашъоу къыIэкIэкIыгъэр къэлъытэгъуай, шIуанэ фимышIыгъэу, ищэмэдж фимыуIугъэу е шъхьангъупчъэ сэхырыгъачъэ фимышIыгъэу мы чылэм унагъо къыдэгъотэгъуай. ЯтIонэрэмкIэ, Отечественнэ зэошхом чанэу хэлэжьагъ, пыйхэмэ язао зэхъум блэнагъэу зэрихьагъэр пчъагъэрэ газетхэми къыхаутыгъ, тхылъ Iоджхэми къарадзагъ. Ащ фэшъхьафэу ыкъохэр шъуиколхоз къуаджэ ыблыпкъыхэм ыкIи ипкъэухэм ащыщых. Ызыкъо тракторист пэрыт, адырэкъор Iэхъо цIэрыIу, ящэнэрэ ыкъо — механик, яплIэнэрэ ыкъо колхозым иагроном шъхьаI. Ыкъохэмэ яшъхьагъусэ бзылъфыгъэхэр арымэ, ахэри зы лэжьакIоу къуаджэм дэсхэр ары. ЧэмыщIэпэIаси, кIэлэегъэджэ дэгъуи, врач цIэрыIуи ахэт. ЯкIэлэцIыкIухэри дэгъоу еджэх, Iэдэб ахэлъ. Шъо шъуизэребл, ау сэрыгъэмэ урамэу шъуизытесым



Фыгумыкъомэ ацIэкIэ седжэщтыгъэ. АщыкIэ зыми хэукъоныгъэ шъушIыгъэ къышъуиIонэп.

УрамыкIэм тесэу къэзэрэугъоигъэхэм инахьыбэхэм Ибрахьимэ дырагъэштагъ. Ау лIы чъэпхъыгъэ хьазырэу ахэсым къыIуагъ: «Сэ джырэ нэсфэкIэ псаоу щыIэм ыцIэкIэ урамым еджэхэу слъэгъугъэп ыкIи зэхэсхыгъэп». Ащ ипэгъокIэу кIэлакIэмэ ащыщ къыупсэлъыгъ: «ЛIыхъужъхэуи лэжьэкIо цIэрыIохэуи псаоу щыIэхэу мыжъо саугъэтхэр зыфагъэуцугъэхэр макIэп». «Ахэр лIыхъужъых, героих», — лIы къопцIэ къогъу цIыкIуми къыхидзагъ.

— Фыгумыкъомэ шъо зыми мыжъо саугъэт афэжъугъэуцу ыIорэп, — къыIуагъ Ибрахьимэ, — ар сэIо шъхьае афэбгъэуцуми хъун, атефэ. Урамым Фыгумыкъо лэжьэкIо зэкIэлъыкIохэм ацIэкIэ уеджэныр яфэшъуаш.

Ащ нэужым купыр зэнэкъокъу-къызэнэкъокъужьи урамым Фыгумыкъохэм ацIэкIэ еджэнхэу рахъухьагъ ыкIи ащ ищыкIэгъэ унашъор ышIынэу къоджэ Советым елъэIугъэх.

Къэбарэу щыIэр Фыгумыкъомэ анахьыжъэу Тэтэр зызэхехым, ар зыфихьын ышIагъэп. «Сыдым ари агу къыгъэкIыгъа! Мы цIыфхэр зынэмысын щыIэп. А урамым нэмыкI лъэкъуацIэ зиIэхэу тесыхэмэ ялыягъэу тэ тлъэкъуацIэ анахь дэгъуа е анахь даха, тэ тлъэкъоцIэ закъо урамым тетхагъэмэ адырэмэ агу къеонба? — ыIозэ бэ Тэтэр ышъхьэ къихьагъэр. — Хъунэп ар, зэпстэуми шIоу талъэгъурэп, агу къэкIыгъэр зэрэмыхъущтыр Совет тхьаматэм гурызгъэIон...»

— Джы нахьыпэм фэмыдэу тищыIэкIэ-псэукIэ уигъэгушIоу нэмыкI шъыпкъэу хъугъэ, бэу кIэ къыхэхьагъ, — къыриIуагъ Тэтэры Совет тхьаматэм. — Къоджабэмэ яурамхэм лэжьэкIо пащэмэ ацIэхэр афаусыхэу аублагъ. Зи шъуиурам тесыхэмэ агу къэкIыгъэр тэрэзыдж пIон плъэкIыщтэп. Ори лэжьэкIо жъугъэмэ уряIщысэзэ къэпхьыгъ, апэу колхозым ухэхьагъ. ЦIыфмэ ори, пкъохэри агъэинхэ, ядахэ аIомэ ашIоигъу. Фыгумыкъохэмэ ацIэкIэ урамыкIэм еджэхэмэ лэжьэкIо пстэуми анапэ агъэдахэ.

Тэтэр лIыжъыр яджэжь къэкIожьызэ, гупшысэ куумэ зэлъаштагъэ: «СшIэрэп, къезгъэкIурэп... Тэ тлъэкъуацIэкIэ урамым еджэнхэ зыкIыфаер? ЦIыфмэ амышIагъи тшIагъэп, уай-уай ядгъаIоу цIыфмэ ашъхьапэнэу гъэ-

шIэгъоныщхо тлъэпкъыкIэ къэтыугупшысыгъэп. Ащ фэдизэу бырakъ тызкIашIыщтыр сшIэрэп ныIа?»

Чэщныкъо уж хъугъэу Тэтэр ыщъхьэ пIэм ригъэкIыгъэ ныIэп. Ау зэгъолъыжьми чъыен ымылъэкIэу зы гупшысэм ыкIыIу адырэ гупшысэр къытырихьэщтыгъэ: «ЩыIэкIэ ялый тиIэ хъугъэр. Сэ лэжьэкIо къызэрыкIом слъэпкъ ылъэкъуацIэ тыратхэщт... Ари Совет хабзэм къыхьыгъэ шIуагъэмэ зыкIэ ащыщ, зи мы тихабзэ дышъэ... Совет хабзэм лъэрыхьы тишIыгъ, дунэе нэфым идахэ къытфызэIуихыгъ, щыIэныгъэм иIэшIугъэ зыфэдэр тигъэшIагъэ. ЩыIэкIэжъым ыцыпэ къэслъэгъужьыгъэ ныIэп, дэгъу ащ ыгупчэ сызэримыфагъэр, тинасыпти щыIэкIакIэм итыгъэ къытфыкъокIыгъ. Ау сяти сятэжъи щыIэкIаер анэгу кIэкIыгъ. Джы сэри скъохэми тлъэкъуацIэкIэ тызытес хъугъэ урамыкIэм еджэщтых. Нахьыпэм анахь пщышхор зычIэмысыщтыгъэ унэм фэдэ джы тычIэс, пщы шхакIэу тэшхэ, джырэ тищыгъынмэ афэди пщымэ зыщалъэ пакIо, алъэгъугъэп. Орэпсау тихабзэ, ащ нахь хэбзэшIу къэхъугъэп...»

МэфэкI мафэмэ ащыщ тегъэфагъэу урамыкIэм Фыгумыкъомэ ацIэ тыратхагъ. А мафэм Тэтэр апэ итэу, ыкъохэр ыуж итыхэу, цIыфы жъугъэмэ ахэтхэу Фыгумыкъомэ ацIэкIэ зэджэгъэхэ урамым къырыкIохи, къоджэгум митингэу щыIэщтым зэрэгъэчэфхэу къекIугъэх.

## Лахъущыкъо пыуты зэхъулIагъэр

Лъэустэнбыимэ я ГъукIэхъан пIомэ, тикъуаджэ ымышIэу зы нэбгыри дэсэп. Бэмэ афэдагъ, непэ къызнэсыгъэми афадэ. Пщэрыхьанми фэIаз, арышъ хьаблэм е чылэм шIыхьаф дэтэу хъумэ, пщэрахь пащэу агъэнафэ. ХьэкIэ инхэр Москва, етIанэ нэмыкI хэгъэгу къикIыгъэхэу тикъуаджэ къызыкIохэкIи, ГъукIэхъан ары Iанэр зэрагъэшIырэр.

Мафэ горэм къоджэ школыр зышIыхэрэмэ къафэпщэрыхьи, ГъукIэхъан ядэжь къэкIожьыгъ. Iанэр шIыгъэу зи хэмыIагъэу щыт, инысэ лъэрымыхьэу Сэламэт зэрэгъыгъакIэр къэпшIэнэу ынэхэр плъыжьых, загъори лъэщэу хэщэтыкIы.

— Сыда къэхъугъэр? Сыд унэхэр зыкIэплъыжьхэр, угъыгъа сэIо? О уиIоф зытетымкIэ угъы зэрэмыхъущтыр пшIэрэба?

ЗыфэмыщыIэу Сэламэт икIэрыкIэу къэгъыгъ.

— ЗыщыI, мыдэ хъугъэ шъыпкъэм сыщыгъэгъуаз,— гуащэр нысэм еупчIыгъ.

Сэламэт зи къымыIо шIоигъоу тIэкIурэ зыриIонтIыхьагъ, ау игуащэ зэрэшIомыкIыщтыр зешIэм, къыригъэжьагъ:

— Сыхьатищ хъугъэшъ щэджэгъуашхэр мэучъыIыжьы, сэгъэстырыжьы. «КъакIори тIэкIу шхы» сIозэ пкъо пчъагъэрэ селъэIугъ. Хатэм къыхэкIын ыдэрэп, дысэу къыздэгущыIэжьы.

ГъукIэхъан къызэкIэнагъ, унэм икIи зэрэфэлъэкIэу ыкъо еджагъ:

— Лахъущыкъу, а си Лахъущыкъу, мыдэ шIэхэу унэм къихьажь, сыпфай!

Лахъущыкъо бгъатIэ шIыжьыгъэу, зэхэкIыхьажьыгъэу, гъумы-тIымызэ унэм къихьажьыгъ.

— Сыда IофшIэным сыкъызкIыпэшъущыгъэр? — къыригъэжьагъ Лахъущыкъо, — шэплъы хъугъэ помидорхэр ящикмэ ягъэкIугъэн фае, машинэу сыубытыгъэр нычэпэ сыхьатыр тIум къэсыщт, ящикхэри тхьамафэ ипIалъэу къаIысхыгъэх.

— Помидор, помидор! — Шъо уимыIэжьэу утехъухьагъ, — янэ къыфэгубжыгъ. — TIыси шхэ, етIанэ сэ сыбдэгущыIэщт.

А гущыIэхэм Лахъущыкъо ынэжгъ нахь къызэIагъэхьагъ, ау тIыси шхагъэ. КъызщытэджыныM дэжь янэ къыригъэжьагъ:

— Умытэджыгу, зэ сыздэгъэгущыI. БэшIагъэу ар сыгу хэлъыгъ, ау ор-орэу акъыл къэбгъотымэ сIоу сыуажэщтыгъэ. Iофыр зэрэхъугъэмкIэ, джы ащ сыкъыхэгущыIэн фае. Уятэ псаоу щыIагъэмэ, сикIал, сэ къыуасIохэрэр игъом ыкIи нахь тэрэзэу къыуиIощтыгъэх. Джы титIо паекIэ сыбдэгущыIэщт. Плъэгуанджэ зэрытым пшъхьэ итэу, ибэу укъызэнэм, чылэр, колхоз правлениер къыздеIэзэ, плъэ утезгъэуцуагъ. ЯпшIэнэрэ классыр къызыоухым, курсым уагъакIуи, сэнэхьат шIукIае уиIэу ухъугъ. Чырбыщ унэ дэгъуи тшIыгъэ. Унэшхуи цIыкIуи IапIэ икъун арылъ. Телевизора тимыIэр, приемник дэгъуа тиунэ имытыр, алырэгъу лъапIа тидэпкъымэ ямыIулIыгъэр! Уфаемэ диван шъабэм илъ, уфаемэ пхъэнтIэкIу хъагъэу бзэ зэрылъым

итIысхь. Тхьам ишыкуркIэ, гъомлапхъэри тихъой. Тыжьын сыхьатым ычIыпIэкIэ, моднэу къежьагъ пIуи, дышъэ сыхьат пщэфыгъэ. Ахъщэ хъущи зэIудгъэкIагъэ. А зэпстэури имыкъоу, сыда ащ фэдизэу умычъыежьэу, игъом умышхэжьэу ахъщэм узкIылъыбанэрэр? Сыдэу гъэры уехъулIагъа мы ахъщэм...

Лахъущыкъо гомыIоу IущхыпцIыкIи, цыдэу къыIуагъ:

— Ахъщэ уиIэмэ зэкIэри уиI, арары зэкIэри зыфэкIожьырэр, ары цIыфмэ зызкIагъэлIэжьырэр...

— Хьау, хьау! — ыкъо игущыIэ къыримыгъэухэу, ныр Iэпыуагъ, — ухэукъо, инэу ухэукъо, сикIал! Ахъщэр хэти ищыкIагъ, ар шъыпкъэ. Ау зэкIэри ащ епхыгъэп, зэкIэ зэпхыгъэр цIыфыгъэр ары. ЦIыфыгъэр ащэрэп ыкIи ащэфырэп. Сэ укъысэдэIущтымэ, гъогу тэрэз утезгъэхьажьыщт: ны щыIэп ыкъо шIу къехъулIэ шIомыигъоу. Ар къызгурыгъаIу. Хабзэм мылъкубэ къыптыригъэкIодагъ, уригъэджагъ, сэнэхьат уигъэгъотыгъэ. ПлъэкIырэр хабзэм фэпшIэн, цIыфмэ зыгорэкIэ уишIуагъэ ябгъэкIын фаеба? ЗэкIэри ощ фэдэу ежь ашъхьэ нэмыкI ашIомыIофэу хэхьажьыхэмэ, хэта а легковой машинэу узэрыкъэеу пщэфыгъэр къэзышIыгъэ рабочхэмэ гъомлапхъэ язгъэгъотыщтыр, тихэгъэгу гъунапкъэхэр къэзыухъумэрэ лIыхъужъхэм ящыкIэгъэщтыр аIэкIэзгъэхьащтыр? Ахъщэ напэ нэмыкI зимыIэ купэу къуаджэм къыдэтэджагъэхэм, помидорыр пкIыхьэлъэгу зыфэхъугъэхэм о задэмышI. Ахэмэ къахэкIыжьи, лэжьэкIо жъугъэмэ ахэхьажь, нахьыбэм ышIэрэр шIэ, общественнэ Iофыр апэ игъэщъ.

Гуащэм къыдыригъаштэу нысэ цIыкIури адрэ унэм къычIэгущыIыкIыгъ.

— Помидорым кIихыщт пчъагъэр счетым къыридзэу нэф ошъыфэ зыфыщысыгъэмкIэ еупчI. УфэукIытэн ащ иахъщэ лъытакIэ зыплъэгъукIэ, ынэмэ ащ нэмыкI зи алъэгъужьырэп. Ахъщэм баи сешIы ыIозэ, ыгукIэ тхьамыкIэ хъугъэ.

— СышъодэIунэу сыфаеп, — ымакъэ Iэтыгъэу къыIуагъ Лахъущыкъо.

— КIо, тэ укъытэдэIунэу уфэмыеми, уятэ игъашIэ ыухыным ыпэкIэ уцIыкIоу къыуиIогъагъэхэр угу къэгъэкIыжьых, — ным къыIуагъ.

— Сыда сыгу къэзгъэкIыжьынэу ащ фэдизэу сятэ



къысиIогъагъэр? — къеупчIыгъ ыкъо ным. — СщыгъупшэжьыгъэнкIи мэхъу, сыгу къэгъэкIыжь.

— Амал иIэмэ цIыфыгъэр чIэмын, дэйкIэ цIыфмэ уигугъу ямыгъэшI, зымыгъэнэе-псый, — къыуиIогъагъ уятэ. Былым пае зыгорэм ыгу хэмыгъэкIынэу, ахъщэм гъэры земыгъэшIынэу къыолъэIугъагъ уятэ. ПлъэкIымэ цIыфым дахэ еIу, уишIуагъэ егъэкI, ищыкIагъэмэ IэпыIэгъу фэхъу, къин зиIэм дэбгощымэ щыгъупшэщтэп, ори чIыпIэ хьылъэ уифэмэ, ишIуагъэ къыокIыжьыщт къыуиIогъагъ. Ау о ахэмэ ащыщ горэ бгъэцэкIагъэп ыкIи бгъэцэкIэнкIэ уфаеп. Уиныбджэгъу Хъымыщэу сыдигъуи угумэкIымэ къыпфэсыщтыгъэр мотоциклэм ыдзи ылъакъо зызэпэкIым, сыдэу ущыт, сыдэу ухъурэ пIуагъэп. ЦIыфым ипсауныгъэ нахьи уирассад нахь пшIоIофыгъ. Ощ пае непэ шIыхьафым...

— Сыда сэщ пае ащ щызэхэпхыгъэр, тян? — Лахъущыкъо лъэшэу къэгумэкIыгъ.

— Бэу укъаубыгъ. Шъузабэмэ помидор-нэшэбэгухэр пыутэу ащыощэфышъ, ахэр чыжьэу ябгъащэзэ осиблыкIэ ащыощэжьхэу аIуагъ. ЗэрэхъурэмкIэ, хатэм къыдэбгъакIэрэр пфэмыхъоу щэф-щэжьыми ухэхьагъ ара? Е-оой, е-оой, уятэу лэжьэкIо пащэу, зылIэу къуаджэм дэсыгъэм ынапэ теохы, сэ сынапи шъхьагъусэ бзылъфыгъэ цIыкIум ынапи теохы.

— Къэуухыгъа, тян? — къэупчIагъ Лахъущыкъо.

— НепэрэмкIэ къэсыухыгъ. Ау къыосIощтым ипэубл ныIэп узэзгъэдэIугъэр, о слъэгъурэм ахъщэр угу итIысхьагъ, ащ нэмыкIрэ напэ зи уиIэжьэп.

«Ахъщэр угу итIысхьагъ, ащ нэмыкIырэ напэ уиIэжьэп». А гущыIэхэр ытхьакIумэ имыкIыхэу джэрпэджэжьым фэдэу зэхихызэ, Лахъущыкъо адрэ унэм чIэхьагъ. Унэр рикIукI-къырикIукIыжьызэ, гъунджэшхоу къащэфыгъэм пэчIынатIэ хъуи, фэмыхъукIэ иплъагъ. Ащ къиищырэр ежьыр Iоу ышIагъэп. Ынэгу хьадашъом фэдэу гъожьыгъэ, ынэмэ зы гушIуагъо горэ къакIихыщтыгъэп, ыжэкIэ кIырэу бэшIагъэу зиупсыгъо блэкIыгъэм тхьамыкIашъо къытыригъаощтыгъэ. Мыщ дэжьым помидор шэплъэу иджыбэ илъыгъэр къырихи, гуфаплъэу еплъи, ышъхьэ фиIожьыгъ: «О уилъэпIагъэ сэ сицIыфыгъэ пыуты ышIыгъ».

...Чэщныкъом помидорыр чыжьэу зыщэнэу къыIухьэгъэ машинэм исыгъэ шоферыр Лахъущыкъо зэрылъ

унэм ишъхьангъупчъэ Iухьи, заулэрэ лъэшэу теуагъ, имашини мызэу-мытIоу ыгъэбыугъ. Ау Лахъущыкъо унэм къикIыгъэп. Нэфшъагъом адэжь къэтэджи, колхозым ихьамэу лэжьыгъэхэр зыщызэхадзырэм псынкIэу нэсыгъ ыкIи моторэу зыфэгъэзагъэр зэкIигъани, Iофшiэныр ригъэжьэжьыгъ.

## Илъэсым тIо къэхъугъэр

Нэфылъ къызыщыкIичынымрэ ШхэкIожъыкъо Щырыхъу къызыщыущыжьынымрэ зэтефагъэх. Щырыхъу зэ-тIо горэм зигъэчэрэгъу-зыкъигъэчэрэгъужьи икIэрыкIэу хэчъыежьымэ шIоигъоу ынапIэхэр пытэу зэтырипIуагъэх. Ау сыдэу зешIи хэчъыежьын ылъэкIыгъэп.

ПIэм зэрэхэлъэу тыгъуасэ мафэр чэфэу ыкIи ежьыркIэ гъэшIэгъонэу зэригъэкIуагъэр ыгу къэкIыжьыгъэу егупшысэщтыгъэ. Iэнэ зэтегъэпсыхьагъэу зыкIэрысыгъэри, ащ фимышъугъэу къытенэгъэ апч псаухэри джы ыгъотыжьынэу ышIагъэмэ зи зыпэ къымыштэн щыIагъэп. АрышъхьакIэ, ахэр къыIэкIэфэжьынхэу щытыгъэп. Зыхэсыгъэ ешхэ-ешъо игъэкIотыгъэу иныбджэгъумэ ащыщ къызыхъугъэ мафэм фэгъэхьыгъэм фэдэ горэ ежьыри зэхищэнэу ыгу къэкIыгъ. «Сэри мыщ фэдэ мафэм сыкъэхъугъ сIони ащ ехъулIэу цIыфмэ макъэ язгъэIущт», — Щырыхъу рихъухьагъ. ЕтIани ащ нахь кIэзгъэгушIугъэр ешхэ-ешъо зиIэгъэ иныбджэгъу пкъыгъо лъапIэхэри хэтэу тын зэфэшъхьафэу къыфахьыгъэхэр ары. Ау Щырыхъу ежь ышъхьэкIэ а тыныхэмэ зи ахигъэхъуагъэп.

— Адэ о, Щырыхъу, IэнэкI шъыпкъэу шъэогъум укъыфэкIуагъи, ы? О мы чылэмэ уанахь тхьамыкIа сэIо? — къезыIонхэр къыкъокIыгъ.

Ау а гущыIэхэр зэхимыхы фэдэу зишIи, зышъхьащыригъэхыгъэ нахь зи къыIуагъэп. Ауми ежь-ежьырэу ыгу ыгъэпсэфы шIоигъоу, зиухыижьызэ, шъэф-шъэф цIыкIоу ышъхьэ фиIожьыгъ: «ЕгъашIэми адыгэхэм къызыхъугъэ мафэр хагъэунэфыкIэу яхабзэп... Ар адрэ модэу къежьагъэмэ афэд ныIэп... ЦIыфыр ныбжьыкIэу, ащ игъогу инахьыбэр ыпэкIэ щыIэу къызыхъугъэ мафэр хэбгъэунэфыкIми зыгорэм фэд. Ау ащ ыгъэшIэщтыр ыгъэшIэгъахэу, мыщ фэдиз бгъэшIагъэ пIоу, жъы зэрэхъугъэм пае уфэгушIоныр сэ сшъхьэкIэ къезгъэкIурэп... Ау уизэщ тебгъэущтмэ, тын-жъонхэри цIыфмэ къызфябгъахьыщтмэ, къызщыхъугъэр агъэмэфэкIэу тилъэхъанэ адыгэми къахэхьагъэр амалышIу...»

Мэфэ заулэ хъугъэу Щырыхъу ышъхьэ ичэрэгъухьэу гупшысэхэр илъых: «Сенэгуе сэри сыкъызщыхъугъэ мафэр хэзгъэунэфыкIынкIэ. Мы чылэмэ тэри тафэрэд».

Щырыхъу къызыхъугъэр бжыхьэр ары, къызыхъугъэр хигъэунэфыкIыныр ыгу къызыкIыгъэр гъатхэм тефагъ. «Сыд пае бжыхьэ нэс а Iофым тежэу тыщысын,— Щырыхъу ыгу къиихьагъ, — бжыхьэр джыри чыжьэ. ЕтIани сыкъызыхъугъэр сэщ нэмыкI зыми тэрэз дэдэу ышIэрэп».

ЫпэрапшIэу Щырыхъу ригъэблэгъэщтхэр къылъытагъ. Ахэмэ анахь зигъот шIухэр, анахьыбэ ахъщэ къызIэкIахьэхэрэр ахигъэфагъэх, — складхэр зыIэ илъхэри, тучантесхэри щыгъупшагъэхэп. Анахь ицыхьэ зытемылъыхэмэ макъэ аримыгъэIу къодыеу ежь ышъхьэкIэ мыщ фэдэ мафэм сыкъэхъугъэшъ, шъукъакIох ыIуи заIуигъэкIапи ариIуагъ.

ЗыфиIогъэ мафэр къэмысызэ, сэ хьакIэшхохэр къысфэкIощтых ыIуи гъомлэпхъэ зэфэшъхьафхэр ялъэIузэ пыутыеу къырарыгъэтхыкIыгъэх, ыпкIэ лъимытэу къаIихыгъэри макIэп.

ЗыфиIогъэ мафэм ехъулIэу Щырыхъу фэгушIонхэу нэбгырэ пчъагъэ ыдэжьы къэкIуагъ. Анахьэу Щырыхъу зылъыплъэщтыгъэр зэкIоцIыщыхьагъэу цIыфмэ къыфахьыхэрэмэ акIоцIылъыгъэхэр ары.

ГушIуакIо къыфэкIуагъэхэр зэкIожьхэм Щырыхъу цIыфмэ аригъэшхыгъи зэригъэшъуагъэхэри къыридзагъэх. Ащ ыуж цIыфмэ тынэу къыфахьыгъэхэри къылъытагъэх. Ежь ыгъэкIодыгъэм нахьи тынэу къыфахьыгъэхэр фэдэ заулэкIэ нахь лъапIэу къычIэкIыгъ. Мыщ дэжьыр ары Щырыхъу къызыхъугъэ бжыхьэ мэфэ шъыпкъэр къызысыкIэ икIэрыкIэу, игъэкIотыгъэу хигъэунэфыкIынэу зытыриубытагъэр. Ащ дакIоу нэмыкI гупшыси Щырыхъу ышъхьэ къиихьагъ: «Арэп, о лIыр, илъэсым тIо укъэхъугъа?» къысаIомэ, мыщ фэдэ джэуап ястыжьыщт: «Мыщ ыпэм сыхэукъогъагъ. Сыкъызыхъугъэ мэфэ шъыпкъэу Советым сызэрэдэтхагъэр гъатхэр арэп, бжыхьэр ары нахь».

Къызщыхъугъэ мафэр зыгорэм къуаджэм щыхигъэунэфыкIы хъумэ, щхэны ашIыгъэу Щырыхъу икъэбар цIыфмэ пчэгум бэрэ къырахьэ.

## МытIырыхъу икуп

А купыр нэбгырищ мэхъух: МытIырыхъу, ХьатIырыхъу ыкIи Хьамылыхъу. Щыри кIапсэкIэ зэпышIагъэхэм фэд: МытIырыхъу уфаемэ, ХьатIырыхъу дэжьы кIо, Хьамылыхъу уищыкIагъэмэ, МытIырыхъу зэгъэгъоты. Непэ ахэр зэ зэIумыкIэхэу, сэмэркъэу зэдамышIэу е зы Iанэ зэдыIумысыхэу къыхэкIырэп. Щыми ныбжьэу яIэхэр зэтефэхэрэп, ау яшэн-гъэпсыкIэкIэ зэфэдэх, зыр адырэм темыплъэмэ, ятIонэрэр ящэнэрэм кIымыгъу хъумэ, цIыф ныкъом фэдэх: зыгорэ шъхьаджи къыщэкIэ. МытIырыхъу зыгорэм фае хъумэ, нэрэ-Iэрэ къагу ар ХьатIырыхъу къешIэ; ХьатIырыхъу зыгорэ шIокIодыгъэмэ, ар зыдэхъугъэр зэкIэм къыуиIонэу Хьамылыхъу хьазыр; Хьамылыхъу ышъхьэ узымэ, ар къызхэкIыгъэм МытIырыхъуи ХьатIырыхъуи псынкIэу гу лъатэ.

Нэбгырищыр урамым зэгъусэхэу къырыкIохэ зыхъукIэ, зыфэшIыр о къашIэ, цIыфмэ МытIырыхъу икуп къежьагъ аIо. Енэгуягъо аущтэу зыкIаIорэм зыгорэ хэлъыкIэ: МытIырыхъу купымэ анахьыжъыIу, етIани ащ щхэнэу къехъулIагъэу цIыфмэ къэбарэу ашIэрэр, ахэлъыр бэ.

Ахэмэ зыкIэ ащыщ, МытIырыхъу иныбджэгъумэ акIыгъоу зы лъэхъанэ шакIо зэкIом къехъулIагъэр. Чылэгъунэм Iут мэз гъэхъунэм хэхьагъэу заплъахьызэ, куандэм зыгорэ быбатэу къыхэлъэтыгъ. Ар мэзчэт шъыпкъ ыIуи тыриубыти шхончыкIэ «гъуаргу» ыIоу еуи хигъэфагъ. МытIырыхъу мэзчэт ыукIыгъэу ыIуи игъусэмэ апашъхьэкIэ зыщытхъужьыгъ. Ар къышти, апэу зыIукIэгъэхэ унэм ис бысымгуащэм псынкIэу къыгъэхьазырынэу ритыгъ. Игъусэхэу мэфэ реным шэкIуагъэхэр мэлакIэ ыгъэлIагъэхэти, ахэр мэзчэтылыкIэ акIэнакIэзэ, ыхьакIэнхэ ихьисапыгъ. Ау бысымгуащэм ымакъэ шIэхэу къэIугъ: «Ащ фэдэ шакIор емынэм ехь, ар шакIо мыхъунымэ! Сиатэкъэжъ закъоу мэз гъэхъунэм щыупхъоу итыгъэр къыукIи, мыукIытэу сфэшI ыIуи



къысфихьыгъ. Мары ылъакъо сихъэдэн плъыжьи зэрэтепхагъ...»

Ащ ыуж хъугъэм укIэмыупчI. МытIырыхъу атакъэу ыукIыгъэм ыосибл бысымгуащэм ритын фаеу хъугъэ ыкIи хъугъэр зыми римыIотэнэу атакъэр зыем елъэIугъ. Ау игъусэ орэдусыхэм МытIырыхъу къехъулIагъэр чылэм хизы ашIыгъ. Непэ къызнэсыгъэм МытIырыхъу ишэкIуакIэ къэбарэу къекIокIы, куп зэхэтIысхьэмэ щхэнэу рэгущыIэх.

Ау зэпстэуми анахь гъэшIэгъоныр МытIырыхъу иуз ары. Иуз пIомэ, ипсаунысгъэкIэ ыгъэгумэкIэу, гупсэф къыримытэу арэп. КIо, ар зыфэдэ «узым» щыгъуазэ тыхъуным пае ышъхьэ къитхын.

МытIырыхъу икуп зыгъэпсэфыгъо мафэрэ зы чIыпIэ щысыныр яхабз. Джащыгъур ары МытIырыхъу «иуз»

зыфэдэр къызщынафэрэр. ХьатIырыхъурэ Хьамылыхъурэ яджыбэ еIэжьыхэшъ зэкIэ ахъщэу аIыгъэр зыфэдизыр бэми макIэми къаIо. Ау МытIырыхъу сыд фэдиз ахъщэ ыIыгъыми, ащ ибагъэ аримыгъэшIэным ешэ, «сомищ зэкIэмкIи хабзэм пиупкIыгъэу сиджыбэ илъыр», IущхыпцIыкIызэ нахьыбэмкIэ къеIо.

— КIо, сыдэу тшIына сомищ нахь ахъщэ уиджыбачIэ имылъмэ, ари укIэмыгъожьызэ къаштэ, — аIошъ игъусэхэм къыраIо.

ТIэкIу шIагъэу ХьатIырыхъурэ Хьамылыхъурэ Iанэр къарагъахьэу МытIырыхъу бжъэ зытIу зиIэтыкIэ, ыбзэ къетIупцы, иджыбэми арыбэнэжьэу къеублэ. Сомищ нахь сIыгъэп зыIогъагъэм иджыбэжъыехэм тфырытфыхэр, пшIырыпшIыхэр къарепхъотышъ, Iанэм бжыхьэ пкIашъэм фэдэу къытыретакъо, шъонэу ыкIи шхынэу къахьыщтыхэр зыфэдэхэри къепчъых.

Мыщ дэжьым МытIырыхъу ишъэогъухэу ХьатIырыхъурэ Хьамылыхъурэ зэнэкIэожьых. Ащ къырагъэкIырэр шъошIа? «МытIырыхъу иуз зыфэдэр къэдгъотыгъ» зыфэпIоным фэд.

МытIырыхъу иуз зыфэдэр ежь иныбджэгъу благъэхэм дэгъоу ашIэжьыгъэшъ, «зы сомэ сIыгъ» е «сомищ сIыгъ» ыIоми, некIо аIошъ зыдыращажьэ. Бжъэ зытIу рагъэIэтыгъэу, «фыжьым» зекIэсыкIэ, ащ зэкIэ иджыбэ ахъщэу илъыр къызэрэрипхъотыщтыр мызэу-мытIоу агъэунэфыгъах.

## Дышъэ сыхьат

Чэщныкъо хъугъэу Айтэч яунэ къихьажьыгъ. Ыпэрэмэ афэмыдэу мы аужырэ лъэхъанэм Айтэч къэкIэсагъэу къэкIожьэу шэн къызэриштагъэм ишъхьагъусэ бзылъфыгъэ ымыгъэгумэкIын ылъэкIыгъэп:

— Мы чылэмэ ялыягъэу бащэрэ губгъом укъэтэу уублагъэ. Унагъуи джэгугъуи пIожьырэп... Ащ фэдизэу зызыфэбгъэлIэжьыхэрэмэ умышIэмэ дышъэ къыуатыщтым фэд.

— Сызэрэбригадирыр зыщымыгъэгъупш! Мыгъэ зэкIэ тиколхоз ибригадэ пстэумэ анахь лэжьыгъэ бэгъуагъэ къэтхьыжьынэу Iуагъэ тшIыгъэ. Джары, сиблагъэ, IофыкIэ тызыпылъыр, — шъузым къыIуагъэм иджэуапэу Айтэч къыупсэлъыжьыгъ.

— Убригадирмэ гъэшIэгъона! Игъом IофышIэ кIо, ичэзыум къэкIожь. Мы чылэмэ ялыягъэу зымыгъэлIэжьымэ мыхъунэу зи къэхъугъэ щыIэп. Сыда пчыхьэ кIахэ нэс губгъом щыпшIэрэр?

Айтэч мыгузэжъуахэу зэпищызэ, джэуап къытыжьыгъ:

— Тихьасэмэ апэмычыжьэу, пэналъэ хъужьыгъэу гектарипшI фэдиз хъун щылъ. Ащ мы лъэхъаным зи ишIогъэ хъатэ къакIорэп: хъупIэу хъупIэп, мэзэу мэзэп. Ар тибригадэкIэ тыфежьагъэу тэукъэбзы. Зым кондэ лъапсэхэр къычIетIыкIы, адырэм пэнэжъхэр егъэсты. А чIыпIэм тыпсаумэ, мыгъатхэ натрыф щытшIэн тихьисап. А пэналъэу къанэрэ щымыIэу тыукъэбзыгъахэм ТегъэлыкIэ теджагъ. Джы бригадэмкIэ зы чIыгу гектарри былым. Тегъэлым сыд хэплъхьагъэми зэрэщыбэгъощтым уехъырэхъышэжьынэу щытэп. ЗыкIэ чIыкIэ, зыкIэ шъабэ, сыдыми ныбжьи лэжьыгъэ зымылъэгъугъэ чIыгу пшъхьап, куцIыжъы зыфаIорэм фэд.

Гъатхэу къэсыгъэм имафэхэр нахь фабэу хъу фежьагъ. «Пырэжъыехэр къэтIэмыхэу къэгъагъэ зыхъухэкIэ, а тихьэсакIэ псынкIэу зигъо хъурэ натрыф чылэпхъэ лъэпкъыкIэр хэтлъхьащт,» — бригадэм хэтхэмэ Айтэч ариIуагъ.

Зы мафэкIэ хьэсакIэр механизатормэ ажъуагъ, ищыкIагъэхэр пIэлъэ кIэкIыкIэ зырашIылIахэм, мэфэл тырамыгъашIэу, ащ чылапхъэр халъхьагъ. Адырэ натрыф хьэсэ инэу бригадэм иIэм елъытыгъэмэ, гектарипшI хъурэ Телъэлым чылапхъэу халъхьагъэхэр нахь псынкIэу къызэлъыхэкIыгъ, зэдиштэу итеплъи дахэ хъугъэ. ПIэлъэ кIэкIыкIэ натрыф хьасэр шхъонтIэрымэр тырихэу къэкIыгъ.

Зы мафэ люцернэ хьасэм изычэзыу упкIэгъу къэсыгъэмэ зэригъэшIэнэу фермэм изаведующ губгъом ихьагъ. Ар натрыф цIынэу Тегъэлым къыщыкIыгъэм былым IусыкIэ лъэшэу ехъопсагъ... Арыти, фермэм иIэшъхьэтет, бригадирэу Сэхъукъо Айтэч зэрэщысэу колхозым ипащэхэм хьэсакIэм натрыф цIынэу къыщыкIыгъэр IусыкIэ аупкIэн фит ашIынэу ялъэIугъ. Айтэч ар ымыдэу фежьагъ, ышъхьэ лъы къечъагъэу къызэшIуанэзэ, къыIуагъ: «Ащ фэдэ цIыф ешIа? Лэжьыгъэ шIагъо

хъущт натрыф ныкъохъур былым IусыкIэ бгъэфедэ хъуна? Ащ джы непэ колхозыр къыфэнагъ, ара? Тэ а хьасэу охътабэрэ кIочIабэрэ зытедгъэкIодагъэм бэкIэ тыщэгугъы». Натрыф цIынэр былымымэ апае аупкIэнэу, ащ лъыпытэу етIани икIэрыкIэу натрыф Тегъэлым щашIэжьынэу правлением унашъо ышIыгъ. Бжыхьэ кIахэ нэс натрыфыр джыри дэгъоу къэхъужьыщтэу зэраIуагъэм ыкIи натрыф цIынэу бригадэм къыгъэкIыгъэу Iусыпхъэ ашIырэр игъэхъагъэхэм зэрэхалъытэщтым бригадирыр нахь ыгъэсамбырыжьыгъ.

Бригадэм имеханизаторхэм ятIонэрэу, ощх ужым Тегъэлым натрыф щашIагъ. Зылъэгъурэм ыгъэшIагъоу, зыгъэшIагъорэм ыIотэжьэу ар бэгъуагъэ. БжьаIом икъэрэгъулэ лIыжъэу Хьаджмэт натрыф хьэсакIэм блэкIы къэс шъхьэ тIурытIу-щырыщэу натрыф щэпкъ пэпчъ аготымэ яплъыти, анахь инэу Iаблэм фэдизмэ Iэ ащифэзэ, къыIощтыгъэ:

— Машалахь, машалахь, фэдэу натрыф дахэ сэ къэзгъэшIагъэм слъэгъугъэп. Ар къэзыгъэкIыгъэмэ щытхъур адэжь! Мы синыбджэгъужъым ыкъоу Айтэч лIы шъыпкъэу къычIэкIыгъ, бригадир дэгъоу зыкъигъэлъэгъуагъ.

Натрыф хьэсакIэр Iуамыхыжьызэ, Айтэч ыгу ащ зы къыфэкIыгъ. Ау ар зыми римыIуатэу, шъэфэу зыдиIыгъыгъ. ЫIотэна ыгу къихьагъэр емыкIоу, ар пшIэнкIи хэбзэнчъэу щытымэ, щытхъухьи уемыхъулIэщтымэ! «О уизакъоп, а о угу къэкIыгъэ дэдэр бригадир горэми ышIагъ, умыщын, пшъхьэ къихьагъэр гъэцакIэ», — макъэ горэ ытхьакIумэ къыридзэрэм фэдэу Айтэч къыщыхъугъ.

IофышIэ щыIэми, ядэжь кIожьыми, иныбджэгъумэ ахэсми ымыгъэгупсэфэу Айтэч ыгу къихьагъэм ирэхьатныгъэ шIуигъэкIодыгъ. «КIо, хъу шIоигъор орэхъу, а натрыф хьэсакIэу гектарипшI хъурэм зэкIэ къикIырэр, адырэ натрыф гектар 60-мэ къарытхыжьырэм зыми есымыгъашIэу хязгъэтэкъони, хязгъэлъытэщт, — ыIуи Айтэч тыриубытагъ. Натрыфэу хьэсакIэм къикIыгъэм къыкIэупчIэрэ щыIэмэ, былымымэ Iус афашIыгъ сIощт».

Бжыхьэ кIахэ хъуи лэжьыгъэу къахыжьыгъэр залъытэжьым, Сэхыкъо Айтэч ибригадэ атекIуагъэу къычIэкIыгъ, нэмыкI бригадэмэ натрыф гектар пэпчъ къырахыжьыгъэм нахьи ежь къырихыжьыгъэр центнер тIокIыкIэ нахьыбэ хъугъэ. А къэбарым къуаджэр зэфэдэу къыбыбыхьагъ, нэбгырабэхэри Айтэч фэгушIуагъэх. Правлением иунашъокIэ, Сэхыкъо Айтэч «о уибригадэ анахьыбэу натрыф къыхьыжьыгъ» аIуи дышъэ сыхьат фагъэшъошагъ. Колхоз зэIукIэм дышъэ сыхьатыр Айтэч къыщыратыжьы зэхъум, къоджэ клубым чIэсыр зы нэбгырэ щэхъу нахь къэмынэу Iэгу фытеуагъэх. Ар бжьаIом икъэрэгъулэ лIыжъэу Хьаджымэт арыгъэ. Хьаджымэт апэкIэ щысыти, ар Iэгу зэрэтемыуагъэр Айтэч псынкIэу ылъэгъугъ.

ЯтIонэрэ мафэм Айтэчрэ Хьаджымэтрэ зэIукIэнхэу хъугъэ. Тутыныбжъэ хигъэнэнэу машIо фаеу ыIуи Айтэч Хьаджымэт дэжьы Iухьагъ. Зэ-тIо итутыныбжъэ ыкъудыий, Айтэч цIыкIу-цIыкIоу къыригъэжьагъ:

— Адэ, Хьаджымэт, угущыIэмэ, тятэ уришъэогъу шъыпкъагъэу оIо, дышъэ сыхьат къысати чылэр Iэгушъо къызысфытеом, о зыбгъэхъыягъэп, зыгорэкIэ угу къысфыхэкIа?

— Лъэшэу сыгу хэбгъэкIыгъ, пшIагъэмкIэ бэу сыпфэрэзадж. Сыдэущтэу унэ къаплъэу, а дышъэ сыхьатыри къаIыпхышъугъа? Джырэ нэс уцIыфэу сыоплъыщтыгъэ, анахь бригадир дэгъоу услъытэщтыгъ, ау джы...

— Сыда, зыгорэ къыздэошIэшъ ара? — къэщтагъэу Айтэч къэупчIагъ.

— Къыбдэсэшlэ адэ! Натрыфэу Тегъэлым къикIыгъэр ямыгъэщэчэу чэщырэ тыгъукIэ хьамэм зэрябгъэщагъэми, ар зыхябгъэтэкъогъэ самэми дэгъоу сащыгъуаз.

— Хэта ар къыозыIуагъэр, плъэгъугъа?

— КъысэзыIуагъэр мы чIыгур, мы уашъор ары, къысэзыIуагъэр шоферэу чэщырэ натрыф зэбгъэщагъэхэр ары. Сэ ар сынитIукIи слъэгъугъэ.

Айтэчы Хьаджымэт къызтыримыгъакIомэ шIоигъоу къыхиIукIыгъ:

— Натрыфэу Тегъэлым къикIыгъэр колхозым ичэмымэ арагъэшхыгъ.

— Сэ сыделэу къызшIомыгъэшI! ЯтIонэрэу а хьасэм натрыфэу къипхыжьыгъэр ары сэ зигугъу сшIырэр, — ымакъэ ыгъэлъэшэу къыIуагъ Хьаджымэт. — Ори, о сыбригадир пIоу ащ нахьыбэрэ умыгущыI! Уятэу зэошхоу блэкIыгъэм хэкIодагъэр къэтэджыжьыгъэмэ, о пшIагъэмкIэ шъознэты уригъэфэныгъи. Уяти чылэми анапэ тепхыгъ. ТхьагъэпцIыгъэрэ хъоршэрыгъэрэкIэ

къыптемыфэрэ щытхъу зыфэбгъэIужьынэу уежьагъ. Ау щытхъу нэпцIым ылъакъохэр кIэкIых... ЛэжьакIор зэфэн, хьалэлын фае. УашIоцIыфэу, цыхьэ къыпфашIи апэ урагъэуцуагъ, о укIуи узыхэхьагъэр къэсIонэу сшIэрэп...

Айтэч ядэжь къызэкIожьым чэщ реным чъыен ымылъэкIэу пIэм зигъэчэрэгъоу хэлъыгъ. Нэфшъагъо хъугъэу зыхэчъыем ятэу Бирам пкIыхь ылъэгъугъ. Ар, ынэгу зэхэгъэхьагъэу, губжыгъэу ыкъо къыдэгущыIэщтыгъэ: «Къин шIагъуи умыхъоу, пкIантIи къыомыхэу, щытхъу къэпхьынэу уфэягъ. Уятэжъэу егъашIэм чIыгум зыIэ хэлъыгъи, сэ текIоныгъэм сыфэбанэзэ, зэуапIэм щыфэхыгъи тыбгъэпыутыгъ. О унапи тэ тынапи къэпщэфыжьы пшIоигъомэ, лIыгъэ къызыхэгъафи, гъогу пхэнджэу узытехьагъэм ащ нахьыбэ емыгъэкъудыеу къытекIыжь. УмышIагъэр сшIагъэ пIоныр, умыгъэхъагъэр згъэхъагъэ пIоу унапшIэ теплъэхьажьыныр нэпэнчъагъ, ар узыгъэтхъэн Iофэп, сикIал».

Гуапэм зэлъиштагъэу, пкIантIэр зэрикъухэу Айтэч къэущыгъ.

Шхэни сыди ымыIоу къэтэджи псынкIэу унэм икIыгъ. Механизатор анахьыжъхэу, апэу тракторым Iоф езыгъэшIагъэхэм апае мыжъосынэу къоджэгум щагъэIагъэм зынэсым, Айтэч къызэтеуцуагъ. Апэрэ тракторыр мыжъо гъэчъыгъэшхом ыкIыIу тетыгъ. А тракторым апэу Iоф езыгъэшIагъэмэ Айтэч яти ащыщыгъ. Трактор-саугъэтым ифарэхэр ятэ ынэхэр арэу, лъэшэу къеплъыхэу Айтэч къыщыхъугъ. Саугъэтым къыхэIукIы фэдэу макъи зэхихыгъэ: «Щытхъу нэпцIыкIэ чыжьэу укIощтэп, дышъэ сыхьатыр къыозытыгъэмэ дэхэдахэу ятыжь!»

Тыдэ кIуагъэми, сыд ышIагъэми гупсэф зымыгъотэу, зичъые зышIокIодыгъэ Айтэчы тхьамафэ тешIагъэу тIыси, колхозым ипащэхэмэ ацIэкIэ тхылъ ытхыгъ. Ащ ежь ышъхьэкIэ хэукъоныгъэшхо зэришIыгъэр, гъогу пхэндж зэрэтехьагъэр ыкIи къызэригъэзэжьыгъэр ритхагъ. Айтэч тхылъыр мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ ыухыжьыгъ:

«Сэ ащ нахьыбэрэ бригадэм пэщэныгъэ дызесхьажьыныр къыстефэрэп. Игъоу шъолъэгъумэ, звенэ, пащэу сышъушI е лэжьэкIо къызэрыкIоу шъузыфэе бригадэм сыжъугъакIу. Хьалэлыгъэ хэлъэу, сыгу къыздеIэу Iоф сшIэзэ сынапэ къэсщэфыжьы сшIоигъу. Дышъэ сыхьатыри къызэкIэсэгъэкIожьы. Ар зытефэу, зифэшъошэ шъыпкъэ горэм ешъут!»



## ХыдзэлIыкъо икъэбар

Гъэмэфагъэ. ЦIыфыбэмэ зызщагъэпсэфырэ лъэхъаныгъ. Сэри зыкъэсплъыхьанэу сежьагъ, къэралыгъуибл къэзыкIухьащт къухьэу «БгъашхъокIэ» заджэхэрэм сифагъ.

Къухьэм нэбгырэ шъищым ехъу исыгъ. Зыр — Москва, адырэр — Украинэм, ящэнэрэр — Кавказым, яплIэнэрэр — Сахалин къарыкIыгъэх. Тихэгъэгу цIыф зэфэшъхьафэу щыпсэухэрэмэ ялIыкIо пчъагъэхэм къухьэм уащыIукIэщтыгъэ.

Къухьэм исхэр куп-купэу гощыгъэхэу тхылъхэм яджэщтыгъэх, шахмат, домино ешIэщтыгъэх, радиом едэIущтыгъэх, телевизорым еплъыщтыгъэх...

Сэ сызигъусэ купыри зэщыгъо ифэщтыгъэп. Анахь дэгъоу непэ купыр зыгъэдаIорэм ыгу рихьырэ Iэпэщысэу къухьэм щащэрэмэ ащыщ тызэхэIэбэни фэтщэфынэу зэдэтштагъэ. Хэти ишъыпкъагъ, ау лIы къогъу цIыкIоу Сахалин къикIыгъэр зэкIэми атекIощтыгъэ...

— Арымэ, — къыригъэжьагъ а лIы цIыкIум, — сэ хъугъэ-шIагъэ горэ, сшъхьэкIэ сырихьылIагъэу къышъуфэсIотэн. Сыхэмыукъомэ, ащ илъэс тIокIырэ тфырэ тешIагъ, ау непэ хъугъэм фэдэу къэсэшIэжьы. Джы мы къухьэу тызэрысым фэдэ зытIущ иинагъэу къухьэшхо горэм тисэу Темыр чыжьэм тыкъикIыжьыщтыгъэ. ЗэкIэри дзэм къулыкъу щызышIэгъэ кIэлагъэх. ТипIалъэ къэтыухыгъэу нэбгырэ шъитф фэдиз тыхъущтыгъ. Чэфым тызэрехьэ. СыдкIэ пIотэн, къытэжэгъэ тикъэщэнхэм тишъхьагъусэхэм, тиIахьылхэм таIокIэжьыфэ тшIуабэ машIэ. Зыр къыфэхъугъэ кIалэу ныбжьи ымылъэгъугъэм теплъэщт, адырэр унакIэу янэ-ятэхэм ашIыгъэм апэрэу чIэхьащт, ящэнэрэм джэгур къежэ... Сыдми нэбгырэ пэпчъ гушIуагъо ыпэ къэт. Ар шъхьаджи IэшIуIэшIоу ыгу хэлъ.

Къухьэм зэпстэумкIи исыгъэр зы бзылъфыгъэ закъуныIэп. Псэ пытэу ащ нахь дахэ мы чIым къытехъуагъэу слъэгъугъэп. Ышъхьац тIыргъо ытамэмэ зэрафэIэт. ЗыIугушIукIыкIэ налмэс-налкъутэм фэдэу ыцэхэр къыIопсых, кIо, занкIэу хыр къегъэнэфы. Джарэу ынэхэр къаргъо, гушIопс мыухыжьыр ынэгу кIэолъагъо. Зым ар къухьэм икапитаны ягуащ ыIощтыгъ, адырэм нэмыкI хэгъэгу къикIэу тшIошъ ыгъэхъунэу пылъыгъ. Ау зыми

къытригъэфагъэп. Ащ щыгъозэ шъыпкъэу зышIэщтыгъэр капитан закъор арыгъэ. Илъэсищым къулыкъу зышIэгъэ кIэлэжъхэу, бзылъфыгъэ дахэ зышъхьашъо имыплъагъэхэм, ар зэралъэгъурэр ябылымытыгъоу зэрыс каютэм ишъхьангъупчъэкIэ бэрэ зыблырагъэхыщтыгъэ.

ЯтIонэрэ мафэм къухьэм исхэм къэбар гъэшIэгъон зэхахыгъэ: бзылъфыгъэм шъао къыфэхъугъ. Капитаным нунашъокIэ, хабзэу щыIэм тетэу, къухьэм ижурналы, гъогум тетхэу къухьэм исхэм зы нэбгырэ къызэрахэхъуагъэр датхагъ.

— Сыда шъуIуа янэ кIалэу къыфэхъугъэм зэреджэщтыр? — зыгорэм къыIуагъ.

— Сэрымэ ащ тикъухьэ ыцIэ яхьщыр горэ фэсыусыщт: е БгъэшхъуанэкIэ, е БгъэшхъолIыкIэ седжэщт. ПсыбланэкъокIэ уеджэми дэгъу.

— ХыдзэлI! Джар сэрымэ фэсыусыщт! — къыхидзагъ ящэнэрэм.

— Арэп, шъо шъуикIэлэ шъыпкъэм фэдэу сыдэу ащ шъузэреджэщтым лъэшэу шъуигъэгумэкIыра сэIо, — къыупсэлъыгъ ащыщ горэм. — Ар янэ иIоф. Ащ зэриIу. КIалэхэр зэхэгущыIэжьыхи зыфызэнэкъокъухэрэмкIэ ным макъэ рагъэIугъ.

— Шъо фэшъуусырэр ары кIалэм сызэреджэщтыр, — къариIожьыгъ.

— КIалэм цIэ фэтыусыщт шъоIо, ар зыфэшъуусыкIэ джэнапхъи фэшъушIыжьын фае, — капитаныр кIалэмэ къясэмэркъэугъ.

— Бэу тигуапэу джэнапхъи фэтшIын, дахи етIон ыкIи дгъэшIон, — зэдырагъаштэу джэуап къатыжьыгъ.

— О, товарищ капитан, мышъэфымэ мы бзылъфыгъэр зыщыщыр къытапIомэ тшIоигъу, — аIуи, елъэIугъэх. — Сыдэущтэу мыр къухьэм къифагъа?

— Сэри бзылъфыгъэм икъэбар зысшIагъэр гъогум тыкъытехьажьыным къыпэу ары ныIэп, — къыригъэжьагъ капитаным. — Къухьэр иуцупIэ щытэу, тыкъежьэжьынкIэ зы мафэ тиIэу, ынэпсыхэр фэмыубытыжьэу бзылъфыгъэр гъызэ къысэтхьаусыхылIагъ: «Сяни сяти симыIэжьэу, сыпшъэшъэжъыеу сыкъани, сшIэрэ хьати щымыIэу, мыщ лIы сыщыдэкIонэу хъугъэ. Нэужым лъэрымыхь сыхъугъэу силI зэгорэм икъэщэныгъэу бзылъфыгъэ IукIи, ар къыстырищагъ. Ар сфэмыщыIэу сянэжъ дэжь сыкIожьынэу сежьагъ, сыолъэIу сыздэщэжь. Шъо шъуикъухь солдатэу дзэм къулыкъу щызышIагъэхэр ядэжь зэрищэжьыщтхэр сэшIэ... — Капитаным итутыныбжъэ зэкIигъани, етIанэ игущыIэ къыпидзэжьыгъ:

— Бзылъфыгъэр хъатэу сымыгъэгугъэу IузгъэкIыжьыгъ ыкIи сыкIэупчIи икъэбар нахь тэрэзыIоу зэзгъэшIагъэ. Игъунэгъуи сыди сызэупчIыгъэмэ амал иIэмэ бзылъфыгъэм зыфиIорэр фэзгъэцэкIэнэу къысэлъэIугъэх. КIо, хъугъэм шъо шъущыгъуаз, янэжъ дэжь нэмысыжьэу кIалэ ыгъоти, ыпкъ фиты хъужьыгъэ. Ау а бзылъфыгъэ цIыкIум ахъщабэ зэримыIэр сэшIэ, ежьыри гоIэн IофкIэ къежьэжьын фаети щыгъын хъати къыздиштагъэп. IэпыIэгъэн фае.

Бэрэ пэмытэу Советскэ Армием къулыкъу щызышIэгъэ кIалэхэу ядэжь кIожьхэрэмэ сомэ миным ехъу къызыхахыгъ. Ащ нэмыкIхэу ·чемоданэхэм адэIэбэжьхи, зым дэнэ джэнэпхъэ дахэ къыдихыгъ, адырэм шашыф фыжьыбзэ кIэлэцIыкIур кIоцIащыхьанэу къыштагъ, ящэнэрэм техъон фабэ къызкъуихыгъ. Янэ къылъфыгъэ ашыпхъу шъыпкъэм фагъадэу пэгъокIыгъэх. Джар сэ сшъхьэкIэ слъэгъугъэ.

Мыщ дэжьым лIы къогъу цIыкIоу, а къэбарыр къытфэзыIотагъэм тезэрэгъэупчIыгъэх:

— Сыда къухьэм къихъухьэгъэ кIалэм шъузэреджагъэр?

— Хым къытехъухьагъэм зэкIэми игъоу тлъэгъуи ХыдзэлIыкъокIэ теджагъ.

Мыщ дэжьым зэкIэми анахь кIалэу такIыбкIэ дэсыгъэм къыIуагъ:

— ЗэкIэ къэпIуагъэр тэрэз, шъыпкъэ. Сэры а къухьэу «Бгъашхъо» зыфаIорэм къихъухьагъэр, а ХыдзэлIыкъокIэ шъузэджагъэри сэри. Мары сипаспорти шъуеплъ...

Купэу щысыгъэхэм тIощтыр тымышIэу тыкъыгъэм фэдэу такъикъ заулэрэ тыщысыгъ.

— Адэ джары зыфэдэ мыхъурэ щыIэп цIыфмэ зыкIaIуагъэр, — зэхэпх къодыеу лIы къогъу цIыкIум къыупсэлъыгъ, етIани чэщ хъугъэти тыгъолъыжьыным къыпэу гущыIитIу къытиIожьыгъ: — А хъугъэ-шIагъэм сэ дэгъоу къызгуригъэIуагъэр тицIыфхэр гушIуагъоми, къин хафэхэми зэрэзэдеIэжьхэрэр, зы цIыфым адырэр зэрищхэпсыр ары.

## ЛIыжъ гъэсагъ

Мышъэост лIыжъым пхъорэлъф пчъагъэ иI. Ахэмэ Мышъэост ямызэщыжьэу пшысэ гъэшIэгъонхэр пчыхьэ къэс къафеIуатэ, пкъыгъо зэфэшъхьафхэр пхъэм зэрэхэпшIыкIыщтхэр арегъэлъэгъу, бзыу зэмылIэужыгъохэу апэ къифэрэмэ нэIуасэ афешIых, чъыг лъэпкъэу щыIэхэр зыфэдэхэр арегъашIэ...

— Юныс тэщ нахьи нахьышIу олъэгъу, ащ нахь уегугъу, — адрэ ипхъорэлъфымэ Мышъэост къызыраIокIэ, ежьыри щхыпцIызэ джэуапэу аритыжьырэр зы:

— АнахьыкIэр анахь кIас!

Юныс цIыкIури шIу умылъэгъун умылъэкIынэу гъэпсыгъэ: тэтэжъ зыфаер нэрэ-Iэрэ къагу зэкIэм къешIэ, ащ ыIорэр лъэтемытэу егъэцакIэ, Iэдэби хэлъ, пстэуми анахь IупкI.

Мафэ горэм Юныс ишъэогъу цIыкIухэм ягъусэу чъыгымэ ацIэхэр анахыбэу къезымыIонхэр аIуи зэнэкъокъугъэх. Юныс итэтэжъ чъыгы лъэпкъэу мэзым къыщыригъэлъэгъугъэхэм ацIэ къыриIозэ, пстэуми атекIуагъ. Иныбджэгъу цIыкIухэм чъыг зытфых нахь ацIэ къызырамыIом, ежь юныс чъыг лъэпкъ зэфэшъхьафэу тIокIым ехъу къылъытагъ. Ахэмэ мыхэр ащыщых: хэшъай, екIапцIэ, тфэи, пхъэфы, чъыгаи, щэмбар, псэм, отабэ, къумбыл, зае, чэтгъалIэ, пцелы, кIай, остыгъай, дае, сэнэлэй, мыстхъэ.

Ау ятIонэрэ мафэм Юныс иныбджэгъу цIыкIухэр пкIышъхьэ-мышъхьэ чъыгхэу щыIэхэмкIэ зызэнэкъокъухэм ежь зиушъэфыгъ: ыцIэ къыриIонэу ышIэрэр макIэ. Ядэжь къызэкIожьым, итэтэжъ пкIышъхьэ-мышъхьэ чъыгэу ышIэрэмэ ацIэ къыригъэIуагъ. Къызыпыкlэрэ чъыгы лъэпкъхэр тэтэжъ къызэриIуагъэхэм лъыпытэу ыIэхъуамбэмэ атеIэжьызэ, зытIущэ Юныс къылъытэжьыгъэх: пхъэгулъ, къыпцIэ, дэшхо, дэжъый, зэрджай, къужъы, чэрэз, мыIэрыс, айо, сэндалэ, къыцэ, пырэжъый, хьамышхутI...

Ыныбжь икъуи школым чIэхьафэ нэс Юныс сыд фэдэ упчIэ цIыкIу-шъокIу къыгъэуцугъэми, ащ зэуи щымыхъоу тэтэжъым джэуап ритыжьыщтыгъэ.

Ау школым Юныс чIахьи, ащ тIэкIурэ зыщеджэ





нэуж тэтэжъ зи зыхимышIыкIырэ упчIэ зэфэшъхьафхэр къыритыхэу ыублагъ. Зымафэ тэтэжъыр чъыг жьаум чIэсэу зигъэпсэфы пэтзэ, Юныс къечъалIи къеупчIыгъ:

— А тэтэжъ, жъогъо ин жъогъо бынхэу мы огум итхэм сыда ацIэхэр? А упчIэм иджэуап неущ кIэлэегъаджэм еттыжьын фае.

Тэтэжъыр зи ымыIоу заулэрэ егупшысагъ: «Сыдэу сипхъорэлъф упчIэ хьалэмэтхэр зыр зым нахь гъэшIэгъонэу къысфигъэуцухэу ыублагъ сэIо. Сэ зэкIэми санахь Iаз шIошIымэ сшIэрэп. Агъцыгъум ацIэ къесIонэу сшIэрэр зэпстэумкIи жъогъо зытIу ныIэп: Нэфылъ жъуагъу, Жъогъо зэшибл...»

Джаущтэу жъуагъоу ышIэрэмэ япчъагъэ Мышъэост ыгукIэ къылъытэзэ, ошIэ-дэмышIэу ипхъорэлъф етIани лъэш хьазырэу къыIуагъ:

— Адэ, тэтэжъ, зи къапIорэпи...

— Джыдэдэм мэу зыгорэм сыкІон фаешъ, сыхьат зытІукІэ сыкъэсыжьымэ, уиупчІэ иджэуап къесты-жьыщт...

Тэтэжъ къоджэ школым икІэлэегъаджэ Іазэу, ты-къэзыуцухьэрэ дунаир дэгъу дэдэу ешІэ зыфаІорэм дэжь псынкІэу зыригъэхьыгъ.

Мышъэост кІэлэегъаджэр чэфэу къызыпэгъокІым лъэгъунэу иІэр зыфэдэр гуригъэІуагъ. КІэлэегъа-джэм зэрелъэІугъэр къыфигъэцэкІагъ. ЫпэкІэ ымы-шІэщтыгъэхэу жъогъо Іаджи ацІэхэри тхылъыпІэм къыфытыритхагъэх: Темыр къэзэкъ жъуагъу, Жъогъо пачъыхь, Жъогъошхо закъу, Дэчъэ жъуагъу, Жъо-гъопщы, Жъогъогъапц1э...

Къежьэжьызэ, Мышъэост ыІуагъ:

— Ашъыу, шъэожъыем ыпашъхьэ хьэйнапэ сыщы-мыхъу сшІоигъу. ПшІэрэба жъыхэм япхъорэлъфхэм апашъхьэкІэ мы дунаим амышІэрэ темытэу зыкъа-гъэлъагъомэ ашІоигъу... Джыри уадэжь сыкъэкІонкІи мэхъу.

— Ар Іофа сэІо, Мышъэост, умышІэрэ упчІэ щыІэ хъумэ, сыдигъоми садэжь къакІо. УмышІэрэм укІэуп-чІэныр емыкІоп, — кІэлэегъаджэм Мышъэост къы-гъэкІотэжьызэ, къыриІуагъ.

Бэ темышІэу жъогъо зэфэшъхьафхэм, жъогъо зэ-гъусэ пчъагъэхэм яхьылІагъэу джэуапхэр тэтэжъ ишІуагъэкІэ кІалэм ыгъотыгъэх.

Тхьэмафэ фэдиз тешІагъэу Юныс нэмыкІ упчІэ тэтэжъым къыфычІихыгъ:

— А тэтэжъ, сыд илъэсыр ара тихэку пындж ща-шІэу зыщырагъэжьагъэр ыкІи ащ изы гектар пэпчъ пуд тхьапша къипхыжьын плъэкІыщтыр?

Тэтэжъ пынджыр фашІэ зиІэ гъомлэпхъэ дэгъумэ зэращыщым щэхъу зи хъатэу къыІонэу ымышІэми, ипэурэм фэдэ къабзэу зекІуагъэ. Итутыныбжъэ хи-гъани, шІэхэу къэсыжьыщтэу ыІуи дэкІыгъ. Ащ лъы-пытэу къуаджэм дэс анахь агроном Іазэм зыІуигъакІи, пынджым къэбарэу пылъыр зэхэугуфыкІыгъэу къыри-гъэІуагъ. Пындж лъэпкъэу щыІэхэр зыфэдэри, гектар пэпчъ къырахыжьырэр зыфэдизыри, тихэку пынджым илэжьынкІэ апэрэ лъэбэкъоу ышІыгъэхэри — зэкІэ агрономым къыпкъырихыгъэх.

Тэтэжъ унэм къызэхьажьым, Юныс джэуапкІэ



ыгъэрэзагъ. Джы кІалэм ыгукІэ зэриІожьыщтыгъэ: «Мы ситэтэжъ къызэрыкІоп, тэтэжъ дышъэ нахь. КІэ-лэегъаджэ фэдэу Іазэ. Дунаим узэреупчІэу иджэуап къызэримытыжьын щыІэп. Синасып тэтэжъ Іуш зэ-рэсиІэр».

## ІэнитІу

Зичэзыу мэфэкІ мафэр къэсынкІэ мазэ фэдиз щыІэу Бэрчэтмэ япхъоу Къарэ зы Іоф ыгу къэкІыгъ — чІыпІэ зэфэшъхьафхэм ыкъохэу ыкІи ыпхъухэу Іоф ащызышІэу щыІэхэр мэфэкІым ехъулІэу зэІуигъэ-кІэнхэу. Къарэ мурадэу ышІыгъэр ыкъо анахьыкІэу механизаторэу колхоз къуаджэм Іоф щызышІэрэм риІуагъ.

— Ар дэгъоу угу къэкІыгъ, тян. Армырмэ тэ зэш-зэшыпхъухэм зэкІэхэми а зы уахътэм тегъэфагъэу ты-зэІукІэнэу хъурэп, — щхыпцІызэ къыІуагъ ным ды-ригъаштэу ыкъо нахьыкІэ. — Зыр Май мэфэкІым ехъулІэу, адырэр ИлъэсыкІэм тегъэфагъэу е гъэмэфэ лъэхъаным къыкъокІыхэмэ, ар рагъэкъу.

Ау Къарэ ыгу къэкІыгъэр гъэцэкІэгъошІоп: ызыкъо инженерэу чІыпІэ чыжьэ горэм Іоф щешІэ, адырэр аг-рономэу Казахстан агъэкІуагъэу щэпсэу, ахэмэ ауж къэкІырэм къэлэшхомэ ащыщ дэт институтым щы-регъаджэх, ыпхъуитІу псэолъэшІых...

Ыкъохэмрэ ыпхъухэмрэ Къарэ письмэу афитхы-гъэм ритхагъэхэр ежь ыгу къыдихьыягъэу, хьазыр шІагъэу зэгупшысэщтыгъэр ары: «Зи сызфэныкъо щыІэп, сишІугъоу сыщыІ, зэкІэ сызыфаер зэсэгъоты-лІэжьы, шъукъысІэпыІэзэ къэлэ унэ дахэ сшІыгъэ. Ащ зэкІэ шъуузэгъусэу шъуищызэІукІэмэ сшІоигъу, ар сигуапэ хъущт. ШъуинэплъэгъуІ сызэрэкІэхъопсырэм имызакъоу Іаджи шъуасІо сшІоигъу. Шъуятэ зэошхоу блэкІыгъэм щыфэхи, зым зыр нахь цІыкІоу ибэу шъу-къызэнэм, хабзэр тхьэ гъэпсэу, ар къысІэпыІэзэ, шъуспІужьыгъ. Шъулъэ шъутеуцоным пае колхозри, Советри, зэрэчылэуи яшІогъэшхо къысагъэкІыгъ. А пстэумэ шІоу къысфашІагъэр сэ ныбжьи сщыгъуп-шэщтэп, шъори ар шъущымыгъупшахэ сшІоигъу. Да-хэ къыозыІорэр угу илъызэпытын фае. ІэшІэх дэдэу

гцымытми зэш-зэшыпхъухэм мы мэфэкІэу къэблагъэрэм шъуятэ ихэпІэжъ шъукъакІоу зы сыхьатыпэ нэмыІэми тызэхэсэу тыщысы сшІоигъу...»

МэфэкІыр къэмысызэ, зэуж итхэу Къарэ письмэхэр къыІэкІэхьажьыгъэх. А письмэхэм ныр зяджэм мыгушІон ылъэкІыгъэп. Инженер хъугъэ ыкъоу НэхъуатІэкІэ заджэщтыгъэм письмэу къытхыгъэм Къарэ зеджэм, ынэпсыхэр фэубытыжьыгъэп. «Тян, — итхэгъагъ письмэм, — о тадэжь тыкъемыгъэблагъэми, тэ ащ ренэу тыкъэкІонэу къыттефэ. Уадэжь сэ сшъхьэкІэ сыкъызыкІорэр загъорэ дэд ныІэп, ау ренэу сыгу уилъызэпыт. Зэоуж илъэсхэм сыд икъинычэми зыгорэ тэмыгъэшхэу тыбгъэгъолъыжьыщтыгъэп. Сэ дэгъоу сэшІэжьы чэщІус тиунэ имылъы зэхъум хатэм дэт чІыркІор къычІэптІыкІи, ащ укъыщытхъузэ, зэрэтэбгъэшхыгъагъэр. Тигъунэгъумэ агу къытэгъуи къытфахьыгъэ къэбыр тІоу бгощи, мэфэ зэкІэлъыкІуитІум зэрэтфибгъэкъугъагъэр сыгу къэкІыжьызэпыт. УмэлэкІалІэ хъумэ, гъомылэу угу римыхьыни щыІэп. А къэбы гъэжъагъэу Іахь-Іахьэу къытфэбгощыгъагъэм зи нахь ІэшІу щыІагъ сІоу сшІэрэп. Сшынахьыжъмэ щыгъынхэр ащымыфэжьы хъумэ, о ахэр, нан, уцыкІэ ипІэжьыхэти, уяупхъужьыти, сэ сфэшІоу сфэбдыжьыщтыгъэ. Дзыо пІуакІэм хэпшІыкІи, джанэ сфэбди, апэу еджапІэм сызэрэбгъэкІогъагъэр бэрэ сыгу къэкІыжьы. Сэ сщыгъупшагъэп сымыгъыным пае о Іахьэу къыптефэрэр къысэптыжьэу къызэрэхэкІыщтыгъэри, тиныбджэгъу цІыкІухэмэ тямыхъопсэным пае чэщ мычъыябэ зэрипхыгъэри... Сэ симызакъоу сишъхьагъусэ бзылъфыгъэ скІыгъоу сыкъэкІонэу усэгъэгугъэ. Сшынахьыжъхэми сэщ фэдэу уинысэхэр ягъусэу къэкІонхэу макъэ язгъэІугъ...»

МэфэкІыр къызщысыным Къарэ игъунэгъу бзылъфыгъэхэм къурамбый, гуубат зыфэпІощтхэри, бахъсымэ ІэшІуи аригъэшІыгъ. Ыкъохэмэ анахь якІэсэ шхыныгъохэри Къарэ щыгъупшагъэп. УнакІэу аригъэшІыгъэм къыбгъодэт унэжъ цІыкІоу чІыгум хэуІубагъэри ыІэшъхьитІукІэ ыигъ, етІэфкІи фыжьыбзэу ыгъэлагъ. Ащ адыгэ Іэнэ лъэкъуищэу къыригъэнагъэу итыри къабзэу ыцІэнтхъуи ылъэкІыгъ. А унэжъымрэ Іэнэ лъэкъуищымрэ Къарэ ыцыІэныгъэ бэкІэ япхыгъ. НысакІэу ригъажьи ныо охъуфэ а унэжъым чІэсыгъ, Іэнэ



лъэкъуищэу ащ итри бэрэ ыІитІукІэ къырихьакІыгъ, макІэп ежь илъфыгъэмэ анэмыкІэу цІыфэу щигъэшхагъэри.

— Сыда мы адыгэ Іэнэжъэу чылэмэ чІадзыжьыгъэм епшІэщтыр? Теплъымэ стол игъэкІотыгъэхэр зэрэхьаблэу Іуфэнхэу уиунэ зэхэтмэ арыт, — Къарэ игъунэгъу бзылъфыгъэмэ ащыщхэм зэ-тІо къыраІуагъ, ау зи джэуап аритыжьыгъэп. «Сэ Іэнэ лъэкъуищым гухэлъ фысиІ», — ыгукІэ ыІощтыгъэ.

Къарэ ыкъомэ инысэхэр акІыгъэоу, ыпхъухэм имахъулъэхэр ягъусэу мэфэкІ мафэм къызэдэсыгъэх. Зыр самолеткІэ къэбыбыгъ, ятІонэрэр мэшІокукІэ, ящэнэрэр машинэкІэ къэкІуагъэх. Къарэ «гуащэ», «мам» зыфэпІощт гущыІэхэр зэпымыоу ытхьакІумэ итыгъэх. Ахэмэ ямызэщэу ыгукІэ агъатхъэу Къарэ ядэІущтыгъэ. Шъузабэм ыкъохэр зыфаІощтыгъэхэр джы шъхьэкІафэ афряІэу яджэхэу, агъэшІорэ ІофышІэ зэрэхъугъэхэр гъунэнчъэу ным игопагъ. Къарэ ыкъохэмрэ яшъхьагъусэхэмрэ зэкІыгъоу къызэрэзэдэкІуагъэхэм икъэбар чылэр зэфэдэу къыбыбыхьагъ.

МэфэкІ мафэм зэкІэ Къарэ ихьэкІэ лъапІэхэр стол зэкІэщыгъэм зэрэгъэчэфхэу ІутІысхьагъэх. Ащ шхыныгъо зэфэшъхьафэу тетыгъэр къэлъытэгъуаеу багъэ. Щэлэмэ шъаби, къурамбый ІэшІуи, хьалыжъо гохьи, шэплъыбзэу гъэжъэгъэ мэлцаги, куракунэу щыбжьыйдагъэ зытекІэгъэ щыпсэу къон гъуамэ къызыхихи, чэт гъэжъуагъэхэри — узыфаер Іэнэ шыгъэм тетыгъэх.

Апэу гущыІэр зэшыхэмэ анахьыжъым фагъэшъошагъ:

— Дунаим зынахь лъапІэ темытыр ныр ары. Арары цІыфым ипІункІэ анахьыбэ зыпшъэ дэкІэу дунаим тетыр. Арарыни фае «ныр нэм фэд» зыкІаІуагъэри. Ны аІомэ, хэгъэгур гум къэкІы, хэгъэгу аІомэ, ныр зэкІэм уанэІу къетаджэ. Аущтэу зыкІыщтыри нафэ. ТІури цІыфым илэжьын мыпшъыжьэу пылъых. Тянэу Іулъхьэр тІу къытфэзышІызэ зэмыблэжьэу тызыпІугъэм егъэшІэрэ гцытхъур ыдэжь! Ащ иорэдыри ипкІыхьри тэры, ар игушІуагъоу зыгъэгушхорэри тэры, ащ ыныбжь кІыхьэ ышІырэри тэры. Тэ тяни, ащ фэдэ ны хьалэлэу щыІэхэми тафэраз! Яжъышъхьэ тхъагъоу, ахэр бэрэ орэпсаух!

Ыкъохэм, ыпхъухэм ыкIи инысэхэм гущыIэ фабэу ными хэгъэгуми афэгъахьыгъэу къаIощтыр заухым Къарэ къэгущыIэнэу елъэIугъэх .«Хъун», — ыIуагъ ным, ау ыпэрашIэу инысэ анахьыкIэ елъэIуи унэжъ цIыкIум ит адыгэ Iэнэ лъэкъуищыр къыригъахьи, зэкIэми алъэгъоу пчэгум къыригъэуцуагъ. Ащ адыгэ къое гъугъэ ныкъу, къэбы гъэжъуагъ ыкIи пIэстэ чъыIэ такъыр тетыгъэх. Ным къыIощтым пстэури ежэщтыгъэх. КъэгущыIэнэу къыригъэжьэн ыIуи шъхьае, ытыкъын зыгорэ онтэгъоу къычIэгъолъхьагъэм фэдагъ. Ишъхьатехъо цыпэкIэ ынэпсэу къышIокIуагъэхэр кIилъэкIыкIыхи, нэрэ-Iэрэ къагу гу къызIэпишIыхьажьи шъабэу къыригъэжьагъ:

— Ащ фэдизэу шъукъысэмыплъых... Ахэр гушIогъо нэпсых... КъасIо сшIоигъоу сыгу къыдихьыягъэр бэшъ, ащыщэу къызыщысыублэщтыр сшIэрэп. Ибэу шъукъызэнэм шъузэрэщытыгъэр кIэрыкIэу сыгу къэкIыжьыгъ, джы шъузэрэхъугъэми сеплъышъ, итIумэ бэ азыфагу. Зым къыщызырэр адырэм зыщилъэжьызэ, пчъагъэрэ сыдыжьыгъэ джанэхэр шъущымыгъымэ мыхъунэу уахътэ къышъокIугъ... Гъэстыныпхъэ зэрэщымыIэм иягъэкIэ кIымафэрэ унэ чъыIэм шъуилъэу къыхэкIыгъ. Ау сыд икъиныгъэми, дэими дэгъуми гъомлапхъэ шъущызгъэкIагъэп. Шъуеплъ мы Iэнэ лъэкъуищым гъомлапхъэу телъым. Арары ибэу шъукъызэнэм шъуиIусыгъэр. Джы Iанэу тызкIэрысым тетыр зыфэдизыр шъолъэгъу. Мы IэнитIур уашъомрэ чIыгумрэ зэрэзэфэмыдэм фэдэхэу зэфэдэп. Мы Iэнэжъыем тет гъомлапхъэхэр анахь дэгъоу зыщалъытэщтыгъэр зы дунай, непэ тызкIэрыс Iанэм тет шхыныгъохэр цIыфмэ зэрагъотылIэжьэу зыхъугъэр нэмыкI дунай. Щыгъынэу непэ шъущыгъымэ шъуяплъымэ, ахэр анахь лъапIэмэ ащыщых. Анахь шэкIышIумэ ахэшIыкIыгъэхэу шъо джы непэ шъуищыгъын шъоIурылъхьагъу къабзэмэ афэдэхэр нахьыпэм пщыми ащыгъыгъэхэп, шъуисыхьатхэр дышъэх, шъуащыщхэр ежь яунэе машинэ шъыпкъэхэмкIэ къэкIуагъэх. А зэпстэуми уамыгъэгушIон плъэкIыщтэп. Сэ сызыфаер ыкIи сызэрэшъолъэIурэр джыдэдэм щыIэкIэ тхъагъоу тызхэтым тыдэ шъущыIэми уасэ фэшъушIыныр ары. Сэ зи шъуащыщ горэми мыхъун ышIагъэу ыкIи емыкIу зэкIуакIэ къыхэфагъэу сIорэп, хьау. Ау, кIо, мы шъуасIохэрэр лыеу



хъунхэп сэIо нахь, нэмыкI хэлъэп. Сэ симызакъоу шъуятэ ыцIэкIи сыжъудэгущыIэшъ ары сипсалъэ кIыхьэу кIэхъугъэр. Къэралыгъом шъуримыгъэджагъэмэ, сэнэхьатэу ащ шъуигъэгъотыгъэр шъуимыIагъэмэ, чылэр IэпыIэгъу къысфэмыхъугъэмэ, шъукъызэрэнэщтыгъэм загъорэ шъуегупшысэ сшIоигъу. Сабый цIыкIоу къышъукIэхъухьэрэми щыIэныгъэр зэрэмыпсынкIэр, ащ ылъапсэхэр ашIэу шъупIухэмэ сшIоигъу. Мыхьамелэми уасэ фяжъугъэшI, шъошэ-щыгъынхэр Iумы-пэми пэкIэипхъи яшъумыгъэшI. Шъуянэ жъугъэгушIонэу, игуапэ шъушIэнэу шъуфаемэ, дахэу шъуикIалэхэр зэрэшъуфэпэным шъузэрэкIэгуIэрэм фэдэу, ахэр дахэу зэрэзекIонхэм, ежь нахьыжъхэр агъэшIонхэу, алъытэхэу зэрэхъуным иамал пстэухэр зешъухьэ... Сэ сцIэкIи шъуятэ ыцIэкIи анахьэу сызэрэшъолъэIумэ сшIоигъор мыщ фэдэ щыIэкIэ-псэукIэ тхъагъо зыщыдгъотыгъэ хэгъэгум шъулъэкIырэмкIэ шъуишIуагъэ ежъугъэкIыныр, сыд фэдэрэ Iофыгъо дахэу ащ къыщырахьыжьэрэм бэми макIэми шъулъэкIрэр хэшъушIыхьаныр ары...

Ным игущыIэхэм ауж ыкъохэми, ыпхъухэми, инысэхэми ащыщхэм псэлъэ фабэхэр къашIыгъ. Ахэмэ анахь къахэщыщтыгъэ гущыIэхэр: «тыпфэраз», «утэгъэгугъэ», «гущыIэ пытэ отэты», «угу къытфэгъэпсэф».

Къарэ хьакIэу къыфэкIуагъэмэ апашъхьэ IэнитIу зэрэригъэуцуагъэр бэмэ агъэшIэгъуагъ ыкIи ар къэбар ашIыгъэу къуаджэм щырэгущыIэх.

— Зи Къарэ ышIагъэр тэрэзэп зыми ыIонэп. Загъорэ джаущтэу блэкIыгъэ щыIэкIэ къинымрэ джырэ щыIэкIэшIумрэ зэбгъапшэхэзэ пшIымэ, ныбжьыкIэмэ къашъхьапэщт...

— Непэрэ щыIэкIэ дахэм ишIуагъэ, ыкупкI нахь уасэ фэпшIыным пае, загъори узэплъэкIыжьызэ пшIын фае... Къин зымылъэгъугъэмкIэ шIур, дэгъур зыфэдэхэр къыгурыIогъуай.

Джащ фэдэ гущыIэхэр ары Къарэ иIэнитIу фэгъахьыгъэу нахьыбэмэ аIоу зэхэпхыщтыр.

## Джыгытрэ ДжэбраIилэрэ

Джыгыт тикъуаджэ зы лIыжъэу дэсымэ ащыщ: лэжьэнымкIэ зи ыпшъэ ымыгъакIоу илъэс пчъагъэрэ къыхьыгъ, сыд фэдэ Iоф къуаджэм къыщырахьыжьа-

гъэми апэу ыIэлджэнашъохэр дищаети, ащ изэшIохын чанэу хэлажьэщтыгъ. Джыри IофшIэнхэр къызызэтырихьэкIэ, яунэ изагъэрэп. Ащ ылъэгъу мыхъухэрэр кIэхъу-кIэчъ ешIэхэу, тхьагъэпцIыгъэ зезыхьэхэу, цIыфмэ мыхъункIэ закъыхэзыгъэ:цыхэрэр ары. Джыгит исурэт, медальхэр зэрэхэлъэу, къоджэ музеим чIагъэуцуагъ.

ДжэбраIил зыпIокIэ, непэ псы емылыч бэшэрэб ныкъо горэ ымыунэкIэу къыхэкIырэп, ащ фэдизэу илъэсыбэ ымыныбжьми, зэрэныбэшъум жъышъо къытрегъао. Къэралыгъом иахъщэкIэ рагъаджи сэнэхьат дэгъу иIэ хъугъэ шъхьае, чылэм пае хъатэу пкIантIэ къыпфызэригъэхыщтэп, ежь ышъхьэ фэшъхьаф шIоIофэп, сыдэущтэу нахьыбэ сифедэ къыхэзгъэкIын, хэт сетхьагъэпцIэкIын еIошъ хэт.

Пчыхьэ хьазыр хъугъэу къоджэ тучан пчъэIум нэбгырэ куп зэрэгъэгущыIэу Iутыгъ. ДжэбраIилэ ресторапым къычIэкIыжьыгъэу, ишIугъо хъугъэу IэутIэ ышIызэ, чылэр къыгъэдаIоу ыIощтыгъэ:

— Мазэм къыкIоцI анахь кIэлэегъэджэ дэгъум Iоф зишIэкIэ, ащ ахъщэу къыгъахъэрэм фэдиз зы мафэм зи есымыгъаIоу къызIэкIэсэгъахьэ. КIымэфэ лъэхъаным теплицэкIэ уцы къэгъагъхэр къэзгъэкIыхэрэмэ Iуагъэ адэсшIыгъэшъ, еуIудэфэжь ыIоу мэфэкI мафэхэр къэсыхэ хъумэ, ахэмэ зафесэгъахьы. Уцы къэгъэгъэ лъэпсэ мин зырыз адафэу пхъэ чемоданхэр, жьы адэхьаным пае гъонэ цIыкIухэр яIэу, язгъэшIыгъ. Ахэр сэушъэхэшъ симашинэкIэ къэлэ зэфэшъхьафхэм анэсэгъэсы. А къалэхэм уцы къэгъагъхэр ыосиблыкIэ ащясэгъащэшъ къэсэгъэзэжьы. Уцы къэгъагъэмэ ящэн ыужы сетыфэ помидор рассадхэр къэхъу. Ари ахъщэ къэкIопIэшIоу, тIасхъэу къыхэзгъэ:цыгъэшъ, ягъо зэрэхъугъэм лъыпытэу пыутэу сэ:щэфышъ, ащи макIэп федэу къыхэзгъэкIырэр. Зи тэ тилъэхъанэ ахъщэ хъущэ къызыхэбгъэкIынэу щыIэр бэ.

Мыгъэ сиджыбэ анахьэу къэзыушъагъэр хъырбыдзымэ яугъоижьыгъо лъэхъан ары. Хъырбыдз сихатэ къыдэзгъэкIагъэу тхылъ зэзгъэгъоти, сатыур шIоу резгъэкIокIыгъ. Хъырбыдз зышIагъэмэ пыутэу къащыс:цэфи, сэ симашинэкIэ чIыпIэ зэфэшъхьафхэм анэзгъэсыгъ. ГъэшIэгъонба, мыгъэ хъырбыдзым сыд фэдиз уасэ епIолIагъэми, цIыфмэ ащэфыщтыгъэ. Амыщэфы хъуна, цIыфмэ ягъот джы шIу хъугъэ.



ДжэбраIилэ псы фыжьэу зэшъуагъэм Iаджи къыIэкIигъэIуагъэу, гущыIэным хэблыхьагъэу Джыгит лIыжъыр купэу щытым ылъэныкъокIэ псынкIэу къызэрэкIорэр ылъэгъугъ. Ащ лъыпытэу ДжэбраIилэ ымакъэ нахь къыкIичыгъ, къыIорэр хъатэу IумышIыкIэу, къызэшIуанэу ыублагъ. ТIэкIу шIагъэу икъэгущыIэн зэпигъэупи ДжэбраIилэ Джыгит ылъэныкъокIэ плъэзэ, егупшысагъ: «А къакIорэм сэ шIу сигъахьыщтэп, тыгъуасэ нэс къыслъэхъу аIуагъ, зыгорэм джыри лъэшэу сыфиубыгъэн фае. Зы мафэ рестораным сыкъычIэкIыжьыгъэу сиубыти, чылэр зэхэтэу къыстыригъэхъыкIыгъэр бэ. СянэкIэ тиIахьыл плъышъоу зэрэщытыр арымэ сшIэрэп, IэутIэ къысфишIызэ, сэщ нахь тхьагъэпцIи хъоршэри дунаим темытэу, цIыфхэри сэгъапцIэхэу, сэгъэунэхъухэу зи къысимыIожьыгъэ щыIэп. ЦIыкIуцIыкIоу сшъхьэ Iусхыжьымэ нахьышIу».

ДжэбраIилэ купымэ къахэкIыжьи, ежьэжьын зыщиIон дэдэм Джыгит къэджагъ:

— Зэ къэуцу, оры сэ силъэгъуныр! ЦIыфхэр зэрэзэхэтэу сыбдэгущыIэн фае. ОсIонхэр щыIэх. МэфитIо рестораным укъычIэмыкIэу учIэсыгъ аIуагъ...

— СычIэсыгъэмэ сыда? О уиахъ:цэп ныIа згъэкIодыгъэр, — зигъэпхъэшэ хьазырэу къыIуагъ ДжэбраIилэ. — Зэ сауж икIыжь. СянэкIэ тIэкIу усиIахьылмэ гъэшIэгъонэп. Икъун зы мафэ мыхъунэу къысэпIогъэ заулэр.

— Сэ ащ нахьышIоуи сыбжэхэхьэIон сыгу хэлъ. Зы мафэ а осIуагъэм джыри къыпысыдзэжьын фаеу сыпшIыгъ, — къыригъэжьагъ Джыгит ымакъэкIэ зэрэгубжыгъэр къэпшIэнэу. — О непэ уизекIуакIэрэ уигъэпсыкIэрэкIэ зышъо раутырэм уфэд, къонцэ-къуанцэу къонцишъэ олъэшъу...

— Сэ сизакъоп, хэти ежь икъонцэ Iахь елъэшъу, — етIани ДжэбраIилэ зэшъуагъэр зэрэкIэтым гу лъыптэнэу Джыгит Iэпыуагъ.

— Ащ сыблэмыгъэкIэу зэтелъхь. СIонэп сIуагъэ шъхьаем узэрэтиIахьылым имызакъоуи уятэ сырилэгъу. Ощ нахьыжъ къыбдэгущыIэ хъумэ, лIыгъэ горэ къызхэгъафи, тынчэу едэIу. Ар сэIо шъхьае о сыдэущтэу лIыгъэ къыпхэфэжьына, цIыфыгъи пхэлъына, ахэр

ахъщэкӀэ пхъожьхи, ор-орэу псынжъым хэуулъэгуагъэхэмэ! Унэ лы кӀэлъымэ... о зы мафэ пшӀагъэм фэдэ цӀыф афэдэ ныбжьи ышӀагъэп...

— Сыда джыри сшӀагъэр?! Мыдэ пстэуми зэхахэу къаӀуи сегъэдэӀу, — атэкъэхъужъ пӀонэу къилъыгъ ДжэбраӀилэ.

— Бэу къэсӀон! Мы купым имызакъоу зэкӀэ зэрэчыли зэрэхэкуи зэхахэу къэсӀон, о пшӀагъэр зэрэцӀыфыгъэнчъэр. Машинист курсыр ыпкӀэ пфатызэ къыуагъэухыгъ, уашӀоцӀыфэу комбайнэм узытырагъэтӀысхьэм, мэфитӀу пфэкъудыигъэп. ӀофшӀэныгъошхом комбайнэр къэбгъэуцуи, ахъщэ лые паекӀэ уимашинэ къэлэ чыжьэм пфыгъэ. О пшъхьэ иӀоф чылэми хэгъэгуми яӀоф апэ ибгъэшъыгъ. Ау угуцыӀэн хъумэ, хэти уфэд, узышӀоӀушэу, бакъмэрэу укъэуцу. ЛъэкъуитӀу пкӀэт нахь мышӀэми, лъэкъуиплӀ зиӀэ анахь псэушъхьэ Ӏаем фэдэ ухъугъ. Былым, чапычы лый аӀомэ зымышӀэжьэу охъу, угукӀэ узэрэтхьамыкӀэм пае сыгу огъу, уянэкӀэ укъызэрэспышӀыхьагъэм пае сыпфэукӀытэ.

— Угуи къысэмыгъэгъу, сэщ паекӀи умыукӀыт, сэщ фэдэ пчъагъэмэ ежь ямашинэхэмкӀэ товарыбэ зэращэ. Ащ фэдизэу убэлахьымэ, ахэр къэгъэуцу. Къэлэ чыжьэм сщагъэр къызэрысхыгъэр сихатэ, сичӀыгу, — ДжэбраӀилэ зыкъигъэпхъашэу фежьагъ.

Ау ащ Джыгыт пхъашэу жэхэхьажьыгъ:

— Пфэсымыдэхэн а къэпӀуагъэр! А о уихатэ зыфапӀорэм дэлъы чӀыгур орэп зыер. Уятэжъэу егъашӀэм чӀыгум зыӀэбжъэ-лъабжъэ хэгъэнагъэзэ къэзыхьыгъэу, дунаим ехыжьыгъэр ары ар зыер, пыимэ язаозэ, блэкӀыгъэ зэошхом фэхыгъэ уят а чӀыгур зытетхагъэр. А чӀыгум бэу ыуасэ иныы, о пшӀэрэп нахь.

Ар сэӀо шъхьае чӀыгум илъэпӀагъэ о сыд фэпшӀэна, о чӀыгум ыуасэ къызэрэплъытэрэр нэмыкӀ. ЦӀыф тэрэз ухъунэу, федэ горэ чылэми, къэралыгъоми, цӀыфми къафэпхьынэу къыпщыгугъхэу урагъэджагъ, сэнэхьати уагъэгъотыгъэ, ау пкӀэнчъэ хъугъэ. О пшъхьэ закъо нэмыкӀ уимыгугъоу укъэнэжьыгъ, ащкӀэ сэнэхьатэу уагъэгъотыгъэр пкӀэнчъэ пшӀыгъэ. А о уихатэу зыфапӀорэм къипхырэри хэтэу щэф-щэжьыным къыхэбгъэкӀырэмкӀэ къэлэ унэшхо ябгъэшӀыгъ, ар пфимыкъоу унэ зэтет пшӀынэу ипхъухьагъ, «Москвичым» уемызэгъыжьэу, ар «Волгэ» къежьэгъакӀэкӀэ зэблэпхъугъэ. Уихатэ чӀыгоу дэлъыр къэралыгъо чӀыгум щыщ, унэу узычӀэсым хэплъхьагъэ псэолъапхъэхэр узэрыс къэралыгъом къыщагъэхьазырыгъ, машинэу къепфэкӀырэри къэзышӀыгъэр къэралыгъор ары, узэрыкъэйрэ ахъщэр къызхэбгъэкӀыхэрэри къэралыгъом ицӀыфых. ЗэрэхъурэмкӀэ, къэралыгъом ибыдзыщэ зэрэбэр, зэрэгъунэнчъэр ошӀэшъ, ащ пытэу зыхэбгъэнагъэу чэщи мафи укӀэшъу. Хэгъэгоу уянэм ибыдзыщэу узыкӀэшъурэм иджэуапэу сыда о ащ фэпшӀэжьырэр? КъаӀуи сегъэдэӀу. УгущыӀэмэ сэ зи къэстыгъугъэп, ау анахь врач Ӏазэри, тикъуаджэкӀэ анахь механизатор пэрытри зэрэщымыӀэхэу сыщыӀ оӀо, сытыгъуакӀоп, ау щыгъынкӀи гъомлапхъэкӀи, сыд фэдэкӀи зыми сехъуапсэрэп оӀо. ПӀэ къеӀэхэу къамыубытыгъэми о утыгъокӀошху, зафэу лажьэрэми, пкӀэнтӀэпсыр зэзыкъухэу псэурэми уятыгъо, чылэми, хэгъэгуми уятыгъо. УитыгъуакӀэ щыщэу уфаемэ заулэмэ ашъхьэ къыпфисхын. ЦӀыкӀу-цӀыкӀоу уичэу къылъыбгъэкӀуати уихатэ иинагъэ хэбгъэхъуагъ. Парникэу уиунэ къогъу щыпшӀыгъэхэм ачӀэгъ электрохьакухэр ачӀэбгъэуцуагъэхэу, ахэр чэщырэ тыгъукӀэ огъэплъых. Уиунэ ит электросчетчикым проводхэр къыблэпщи, ащ токэу бгъэстырэ пчъагъэр къымыгъэлъэгъонэу пшӀыгъэшъ, ащыкӀи хабзэм уетыгъо... Мыщ ыпэкӀи гъогу пхэндж узэрэтехьагъэр, ахъщэ къэгъэхъакӀэу хэпхыгъэр зэрэмыхъущтыр осӀогъагъэ, ау укъысэдэӀугъэп. УичӀыфэ стелъэп пӀуи уакӀыб къысфэбгъэзэгъагъ.

— Адэ уичӀыфэ стелъэп ныӀа, хэта о тэмбахь укъысфеджэнэу уполномоченэу узышӀыгъэр?! Сеплъымэ учылэ тхьаматэп, упрокурорэп, аужым убригадирэп, тхьэ сымыджэгу, — ыӀуи ДжэбраӀилэ ныбжьырэмэ анахьэу къызэкӀэнагъэу Джыгыты зыфыричыгъ.

— Арымэ зыфапӀорэр, сихьатӀэхъу, о къедэӀу мыдэ, а уигущыӀэхэм яджэуапэу къыостыжьыщтым, — ымакъэ кӀэзэзэу игущыӀэмэ къапидзэжьыгъ Джыгыты. — Сэ симызакъоу зэкӀэ чылэми ячӀыфэ птелъ. Ар акъыл горэ пшъхьэ къинэжьыгъахэмэ къызгурыгъаӀу. Ощ фэдэ ерыуаджэмкӀэ сэ сычылэ тхьамат ыкӀи ары пакӀопышъ сыпрокурор. ИщыкӀагъэ хъуми непэ фэмыдэуи утыгуми укъитщэнышъ, суд птетшӀыхьащт. Ар зэгъашӀэ...

Джары Джыгытрэ ДжэбраIилэрэ зэраIуагъэу цIыфмэ къэбаркIэ ахэлъыр. Джыгыт ДжэбраIилэ зыфIупхъуагъэр сэ сшъхьэрэ спкъиплIырэкIэ игъоу сэлъэгъу.

Сыд шъо ащ къешъуIуалIэрэр?

## КIэлэегъаджэмэ ацIэкIэ

Тикъоджэ школым ищагу узщыдэхьаным, зэпэIутхэу чъыг ищыгъэ дахэхэр зым зыр нахь инэу щытых. Ахэмэ щагур къызэрагъэдахэрэм имызакъоу, къуаджэм итеплъи къагъэкIэракIэ. Гъатхэм къыщегъэжьагъэу бжыхьэ кIахэ нэс, а чъыгхэр бзыубэмэ япщыпI. Гъэмафэрэ чъыгымэ япкIэшъэ шхъуантIэхэр жьыфым фэдэшъ, жьы стырыр нахь къагъэучъыIатэ, жьаоу къатырэми Iаджхэр зэрещалIэ. Чъыгымэ азыфагу цIыфыбэ зэрэрыкIорэр къэпшIэнэу пытэу убагъэ, умышIэмэ мыжъокIэ апкIагъэм фэд. Чъыгымэ азыфагухэм гъэшIэгъонэу къякIоу, хъэрэ-пкIарэу шIыгъэхэу тетIысхьапIэхэр ахэт. Ахэмэ, кIымэфэ мазэхэр хэбгъэкIымэ, илъэс псаум цIыкIуи ини зыщызгъэпсэфырэр бэ.

Апэрэ классым чIэхьэгъэкIэ шъэожъыехэмрэ пшъэшъэжъыехэмрэ кIэлэегъаджэр ахэтэу чъыгхэм якъэбар афиIуатэщтыгъэ:

— Мы чъыг инэу агъунэкIэ щытыр загъэтIысхьагъэм лIэшIэгъуныкъо Iэпэ-цыпэ тешIагъ. Совет хабзэр къыдахи, апэ дэдэу къуаджэм дэс лэжьакIохэм якIэлэцIыкIухэр щырагъэджэнхэу еджапIэу къызэIуахыгъэм къэкIогъэ урыс кIэлэегъаджэм ыцIэкIэ а чъыгыр агъэтIысыгъ. Апэрэ мафэу а чъыгыр загъэтIысыгъэмрэ непэ къызнэсыгъэмрэ къазыфагу Софья Александровнам ичъыгкIэ еджэх. А кIэлэегъаджэр ныо хъугъэу непэ къызнэсыгъэм псаоу щыI, ыкъо зыщыпсэурэ къуаджэм кIожьыгъэу дэс. А бзылъфыгъэм ригъэджагъэмэ сэри зыкIэ сащыщ. Тикъуаджэ мы чIыпIэм къызытIысыгъэр илъэс шъищ зэрэхъурэм ехьылIэгъэ мэфэкIэу гъэрекIо тшIыгъагъэм Софья Александровнар къедгъэблэгъагъ ыкIи ежь ыцIэкIэ зэджэгъэхэ чъыгым дэжь мы шъулъэгъурэ пхъэнтIэкIоу щашIыгъэм тесыгъ. А пхъэнтIэкIум тесэу зыщэсым ар бэмэ ягупшысагъ. Ежьэжьын зэхъум, зэкIэ ыгу къэкIыжьыгъэхэр гушIогъо нэпсыр фэмыубытыжьэу къысфиIотагъэх.



— Адэ мы Софья Александровнам ичъыг къыбгъодэт чъыг бырабэм хэт ыцIэкIэ еджагъэх? — апэрэ классым чIэхьагъэхэм ащыщхэр кIэлэегъаджэм еупчIыгъэх.

— Мы чъыг бырабэр апэрэ адыгэ кIэлэегъаджэу тикъуаджэкIэ тиIэгъэ ТIахьирэ ыцIэкIэ агъэтIысыгъ. Ар Отечественнэ зэошхоу блэкIыгъэм лIыхъужъныгъэ хэлъэу щыфэхыгъ. Лъэсыдзэм хэтыгъ, комиссарыгъ. Пыихэм ыIэ къауIагъэ пэтзэ, къызэкIэмыкIоу дзэкIолIхэр ыпэ лъыкIотэнхэм пае ыгъэгушхохэу ахэтыгъ, апэу зишIи фашистхэр зэкIафэнхэмкIэ инэу ишIуагъэ къыгъэкIуагъ. ЛIыгъэу зэуапIэм щызэрихьагъэм пае орденрэ медаль заулэрэ къыфагъэшъошагъ. Тидзэхэм фашистхэр зэкIафэхэзэ, зэо хьылъэ горэм бомбэ къутафэр ыгу къытефи, фэхыгъэ. Мары илъэс щэкIым къехъугъэшъ, а чъыгым кIэлэегъаджэу ТIахьирэ ыцIэ епхыгъ. Ышыгу огу къэргъо рэхьатым еплъэ, икъутамэхэр бзыу тамэм фэдэу жьым дахэу егъэхъыех, пкIашъэ зыхъукIэ, ахэмэ яIушъэшъэ макъэ зэпыурэп.

Мы ящэнэрэ чъыгэу ахэмэ къабгъодэтыр хэт ичъыга шъуIоу шъукъыкIэупчIэмэ, ащи иджэуап сигуапэу къесэтыжьы. Ар мы еджэпIэ нэфынэшхоу шъузщеджэрэм илъэс 35-м ехъу Iоф щызышIэгъэ кIэлэегъэджэ анахыжъэу Темыр ыцIэкIэ агъэтIысыгъэр ары. Къуаджэм цIыфэу дэсыхэмэ язэхэшIыкIи якультури зыкъегъэIэтыгъэнымкIэ амалыбэ зэрихьагъ, ушъын зыфапIорэр зыфэдэр ымышIэу Iоф ышIагъ. Ащ нэмыкIэу партиемрэ правительствэмрэ къырахьыжьэрэ Iофтхьэбзэ инхэу къэралыгъо мэхьанэ зиIэхэр пхырыгъэкIыгъэнымкIи зэблэжьыгъэп. Сыд фэдэ къини щынагъуи ыпэкIэ къызекIи къафызэкIэкIуагъэп. Темыры ичъыги ылъапсэ пытэу зидзыгъ.

Шъолъэгъуба мы къумбыл чъыг лъагэу огум чыжьэу зизыщэягъэр? Джа чъыгыр мы еджапIэр апэу къызызэIуахыгъэм, ащ директорэу иIэгъэ Сэлмэным ыцIэкIэ агъэтIысхьагъ. Ар зыщымыIэжьыр бэшIагъэ, ау еджапIэм джыдэдэм Iоф щызышIэрэ икIэлэегъаджэмэ ащыщ шъыпкъэ фэдэу алъытэ.

Апэрэ директорым ыцIэкIэ зэджэгъэхэ чъыгыр лъэгъупхъэу дахэ. Лъэкъым, икъутамэхэми лъэшэу заушхугъ. А чъыгыр еджапIэм апэу еджэнхэу чIэхьагъэхэм гушIоу къапэгъокIырэм ыкIи чэфэу ригъэблагъэхэрэм фэд.

КӀэлэегъаджи кӀэлэеджакӀуи, зэкӀэ къуаджэм цӀыфэу дэсхэри школым чъыгэу дэтхэм арэгушхох. Къуаджэм хьакӀэу къыдахьэхэрэмэ «КӀэлэегъаджэмэ ячъыгкӀэ» зэджагъэхэр арагъэлъэгъуным ыкӀи къэбарэу апылъхэр къафаӀотэным пылъых.

Школым дэт чъыг дахэхэр кӀэлэегъэджэ анахьыжъхэм ацӀэкӀэ агъэтӀысынхэр ыкӀи къагъэкӀыныр зыгу къэкӀыгъэхэр зыми къыуиӀонэу ышӀэрэп. Ау хэтыми ар къэзыугупшысыгъэм ыкӀи зыпкъ къикӀынэу хъугъэм ыгу шӀу илъэп пӀон плъэкӀынэп.

Джащ фэдэу еджапӀэ пэпчъ кӀэлэегъэджэ пащэмэ ацӀэкӀэ чъыгхэр, сад псаухэр къащагъэкӀыхэмэ, пӀуныгъэмкӀэ мэхьанэшхо яӀэу хъущт.

## Ерэджыбэ ыгу къэмыкӀын щыӀэп

Къуаджэм дэс кӀалэмэ мыдаӀоу зырызхэр къахэкӀых. Ащ фэдэу зы кӀалэ горэ тикъуаджэ дэс, Гъыцырыкъо Сэфэр аӀоу. Ащ ятэ пасэу лӀи, янэ цӀыкӀоу къылъэхэнэгъагъ. Янэ, кӀалэр тэрэзэу пӀугъэным пае зи къызтыригъэнагъэп. ЗыкъиӀэти иныы зэхъум, ныбджэгъу тэрэзыджэ горэ шъэогъу фэхъуи, ащ кӀырыплъызэ, шэн дэйхэр къыхафэхэу ыублагъ. ПцӀыхэр ыусэу, янэ ыгу хигъэкӀэу ыкӀи ӀофышӀэ афэмыкӀоу къыригъэжьагъ. Мыщ дэжьым кӀалэм янэ Ерэджыбэ зыӀуигъакӀи ыкъо икъэбар фиӀотагъ. Ерэджыбэ ным едэӀу-едэӀуи кӀэкӀэу джэуап ритыжьыгъ: «Ари зыгорэу хъун, угу рэхьатэу шӀы».

Ерэджыбэ кӀэлэ мыдаӀом гу лъыримыгъатэу ишэнхэр ыкӀи икӀуапӀэхэр зыфэдэхэр ежь ышъхьэкӀэ дэгъоу зэригъэшӀагъэ. Пшъашъэ горэ кӀалэм икъэщэнэу къуаджэм зэрэдэсри, ащ дэжь псэлъыхъо мыкӀоу пчыхьэ къызэрэхэмыкӀырэри ыгъэунэфыгъ. Арары Ерэджыбэ ӀэубытыпӀэ ышӀыгъэр. Пшъашъэу Гъыцырыкъом ыгу рихьыгъэм зыӀуигъэкӀагъ ыкӀи шъхьашыгуихыгъэу дэгущыӀагъ. Пшъашъэр укӀытэм къыхэкӀэу щыбжьыим фэдэу плъыжьы хъугъэ, ышъхьи ригъэзэкӀыгъ, ау Ерэджыбэ къызэкӀэкӀуагъэп. «А нынэ, а сисас, усипшъашъэм фэдэу сыпщэгугъышъ, ӀэпыӀэгъу зыкӀэ къытфэхъу. А уадэжь къэкӀорэ кӀалэмэ ащыщэу Гъыцырыкъом ишэн зэблимыхъумэ, пчъэшъхьаӀум ащ нахьыбэрэ къемыгъэбэкъожь. О ар бгъэдэӀон плъэкӀыщт. Ар пфэгъэцэкӀэшъумэ зэкӀэхэмкӀи тифедэ хъущт».



Мэзэ зытӀу нахь блэмыкӀыгъэу мо кӀэлэ бгъунджырыкӀоу, къонцэ лъэшъоу хэтыгъэр зэблахъугъэм фэдэу нэмыкӀ шъыпкъэ хъугъэ. Ышъхьапэнэу янэ къыриӀохэрэмэ ядэӀоу, ежь илэгъухэмэ афэдэу ӀофшӀэнми зыкъыщигъэлъагъоу ыублагъ.

Джы чэзыур зынэсыгъэр Ерэджыбэ ишъхьагъусэу Нахьдахэ зэрэфэщэфагъэм икъэбар ары. НэбгыритӀур зэгурыӀохэу, сэмэркъэур къаӀутэкъоу, зэфэчэфхэу, агу хэзэрэмыгъэкӀэу зэдыщыӀэх. Ау загъорэ щхэнхэр къяхъулӀэхэу къыхэкӀы. Ар нахьыбэмкӀэ зыпкъ къикӀырэр ежь Ерэджыб ары. Зы мафэ Нахьдахэ шъхьатехъо тэрэзыӀо горэ къыфищэфынэу лӀым елъэӀугъ. «А шъхьатехъор тикъоджэ тучанмэ ателъхэмэ яхьщыр хъущтэп. Ащ анахьышӀуӀой фае. Тикъоджэ бзылъфыгъэмэ яшъхьатехъохэм зэрафэмыдэным унаӀэ тегъэт. Ахъщэми угу лъымыгъэгъу. Къалэм шъхьатехъоцэф укӀомэ нахьышӀу», — Нахьдахэ лӀым фигъэпытагъ.

Пшъэрылъ гъэнэфагъэу шъузым къыфишӀыгъэр ыгъэцэкӀэным Ерэджыбэ кӀэкӀэу ыуж ихьагъ. ЫпэрапшӀэу къоджэ тучаным телъ шъхьатехъохэр зэригъэлъэгъугъэх. Къалэм зэкӀом, къоджэ тучаным телъ шъхьатехъохэм афэдэ нэмыкӀ хъатэ ылъэгъугъэп. Пчэдыжьым ригъажьи пчыхьэ нэс лъыхъуи, шъхьатехъо тэрэз ыпэ къыземыфэм, ыгу кӀодыгъэ. ТӀысыгъэу егупшысэзэ, ошӀэдэмышӀэу ыгу къыридзагъэм къыгъэчэфыгъ. Шъхьатехъо фыжь къолэнэу къоджэ тучаным телъымэ афэдэ къалэм щищэфыни, ар раригъэӀэжьынэу. «Сэ Нахьдахэ ар есӀохэнэп, ежь къышӀэнэпи уухыгъэ» ыгукӀэ тхъэжьэу зэриӀожьыгъэ.

Ыгу къэкӀыгъэр, зэрихабзэу, Ерэджыбэ ыгъэцэкӀагъ. Шъхьатехъоу къыхьыгъэр шхъонтӀэ чӀэпцӀашъоу кӀыцэхэри иӀэхэу уеплъынкӀэ дахэ. Нахьдахэ гушӀуагъэ, зытырихъуи лӀым къыримыгъэлъэгъоу гъунджэм дэжь зигъэчэрэзэу заулэрэ Ӏутыгъ. «Ащ фэдэ шъхьатехъо тикъуаджэ джырэ нэсы къыдахьэгъэны фаеп, — ыгукӀэ зэриӀожьыгъэ, — иинагъэкӀи шалым фэдиз».

Ау Нахьдахэ ишъхьатехъо бэрэ кӀэгушӀугъэп. Тхьамафэ фэдиз тешӀагъэу гъунэгъу бзылъфыгъэмэ ягъусэу Нахьдахэ джэгу горэм адэкӀуагъ. Ыгу ӀэшӀу-ӀэшӀоу хэлъыгъэ шъхьатехъуакӀэр зытырихъуагъ. Ащ игъусэ бзылъфыгъэмэ гу лъатагъ, ыкӀи ащыщхэри къехъопсагъ. Джэгур аухи къэкӀожьыхэзэ, ошӀэ-дэмышӀэу ощхым бзылъфыгъэхэр хиубытэхи, ыгъэуцӀыныгъэх. Нахь-

дахэ ишъхьатехъуи ышъо зыфэдэр умышIэжьынэу хъугъэ. Ащ уцыпсэу къыкIэкIырэм Нахьдахэ ынэгу уеплъымэ угучIэ рихэу ышIыгъ. УмышIэмэ, кунэ-куIэу щыуан шIуцIэкIэ агъэлагъэм фэд...

Пчыхьэ хьазыр хъугъэу псыр пыжъожъукIэу Нахьдахэ яIэгу къэсыжьи унэм ихьажьыгъ. Ерэджыбэ Нахьдахэ ынэгу зыкIаплъэм, зэ шъхьае къыкIэщтагъ, ащ нэужым гу къызIэпишIыхьажьи, къыщиути щхыгъэ. Мыщ дэжьым хъугъэм укIэмыупчI. Ерэджыбэ тхьамафэ фэдизрэ тэрэзэу унагъом амыгъашхэу хэтыгъ. Нахьдахэ сэгъэшIожьы ыIуи мэзэ псаурэ фэщэфагъ.

Анахьэу Ерэджыбэ цIэрыIо зышIыгъэр тхьэмэтагъор зэрашIуиубытын ыгу хэлъыгъэ шIыкIэр ары. Зэошхоу блэкIыгъэм ыужы бэ дэдэ темышIэу Ерэджыбэ якъуаджэ, апэрэ хъулъфыгъэмэ ащыщэу, уIэгъэ мыин дэдэхэу зытIу ятыркъо телъэу къыдэхьажьыгъ. Къуаджэу къыздэхьажьыгъэм нэжъ-Iужъырэ кIэлакIэрэ нахь дэсыжьыгъэп. А лъэхъаным колхоз къуаджэм тхьамэтэ тэрэз фашIымэ ашIоигъоу лъыхъущтыгъэх. Арыти районым иIэшъхьэтетхэм Ерэджыбэ къоджэ тхьамэтэ IэнатIэм зэрэкIэнэцIырэр аригъэшIагъ. Ау Ерэджыбэ зэрэгужъуагъэмкIэ макъэ къырагъэIужьыгъ: нэмыкI цIыф Ерэджыбэ нахь джыгытыIоу ыцIэ къыраIогъах.

«КIо, тхьаматэу сымыхъущтмэ ащыгъум бригадир фэдэу сарэшI, сэри зыгорэ спшъэ ифэн», — ыIуи район тхьаматэхэм зареIом, ар ежь колхоз правлением иIофэу зэрэщытыр къыгурагъэIуагъ. Ау сыдым къыхэкIыми бригадир IэнатIэри рапэсыгъэп. Ерэджыбэ IэнатIэ горэ къырамытымэ зэрашIомыкIыщтыр колхозым иIэшъхьэтетхэм агурыIуагъэу щытыти, губгъо къэрэгъулэу агъэнэфагъ. Ерэджыбэ ащ зи хиIуахьыгъэп: чылэ лэжьыгъэм улъыплъэнэу пIэ къыралъхьаныр Iоф цIыкIоп. «Тыпщэгугъы, тицыхьэ птелъ», —колхозым ипащэхэм къыраIуагъ.

Лэжьыгъэмэ ягъо зыщыхъурэмрэ ахэмэ яугъоижьын зыщаухырэмрэ къазфагу шэу къыфагъэнэфагъэм тесэу ипшъэрылъ хэти фэдэу ыгъэцакIэщтыгъэ. Непэ зытфэзыхэ хьасэхэр зэпигъэцыужьэу сакъэу къыплъыхьэзэ, къыкIухьэщтыгъэ. Анахьэу ынаIэ зытыригъэтыщтыгъэр хъырбыдз хьасэр ары. Ащ игъо зыхъукIэ кIэлэ Iаджхэми ушъхьагъухэр ашIыти, бэрэ къыкъокIыщтыгъэх. Ау шIурышIукIэ Ерэджыбэ ымышIэу зыми хъырбыдз хьасэм ылъакъо хищэен ылъэкIыщтыгъэп. Хъырбыдз хьасэр Ерэджыбэ дэгъоу къызэриухъумэрэм пае, колхозым иIэшъхьэтетхэр рэзагъэх. Мафэмэ ащыщ тхьаматэр къызыIохьэм къыриIуагъ:

— Зы ерыуаджи хъырбыдзым зэрэхэмыгъаIэрэмкIэ улIэхъупхъ... О пшхы пшIоигъоу угу къэкIымэ хьасэм ухэIэн уфит.

Къэрэгъулэм ифитныгъэхэр дэгъоу къызфигъэфедэхэу ыублагъ. Ягъо хъугъэхэу хъырбыдзитIу анахь иныхмэ ащыщхэу, къулэхэри зэрапытхэу хьасэм къыхихи, натрыф куашэу пщыпIэм дэжь Iутым хигъэтIысхьагъэх. ЕтIанэ къулэхэмкIэ хъырбыдзхэр натрыф лъапсэхэм арипхыгъэх.

Тхьамафэ фэдиз тешIагъэу Ерэджыбэ дэжь Iоф горэ иIэу иныбджэгъужъ горэ къыIухьагъ. Ар тIэкIурэ щысыгъэу натрыфыпкъэу хъырбыдзхэр зэпхыгъэхэр къэсысыхэу ылъэгъугъ. Хьэ горэм натрыфыр къегъэсысы ыIуи етIэ такъыр къыщти Ерэджыбэ иныбджэгъу Алыи ыдзыгъ. Ау ащ пае натрыф лъапсэхэр сысынхэ къэнагъэп. Ерэджыбэ иныбджэгъу ышIэрэр зелъэгъум къыIуиути щхыгъэ...

«Сыда сэIо мы натрыф лъапсэр чъыIалIэ хъугъэ пIонэу зыгъэтIыгурыгурэр? — къэупчIагъ Ерэджыбэ. — Джынэхэр ара сэIо?» ТIури тэджыхи натрыфэу сысыхэрэмэ адэжь Iухьагъэх. Хъырбыдзхэр, зы чIыпIэ щымысыхэу хъыещтыгъэ, ахэр хъыехэрэм къэс, къулэкIэ пытэу зэпхыгъэ натрыф лъапсэхэри сысыщтыгъэ. Алый ынэхэр къикIыхэу, ылъэгъурэр пкIыхьэмэ е нэфапIэмэ ымышIэу къыгъэм фэдэу тIэкIурэ щыти, зэхэпхы къодыеу къэупчIагъ:

— Арэп, мы хъырбыдзхэм акIоцI псэ зыпытыхэр арыса сэIо?!.

Мыщ дэжьыр ары Ерэджыбэ ишъэфы ышъхьэ къызырихыгъэр:

— Мы хъырбыдзхэу, плъэгъурэмэ псэ пытэу зи арысэп. Хъырбыдзмэ макIэу ахэсыупкIи, акIоцIы хьалыгъур зэрагъэтэджырэ тэджэпс тIэкIу-тIэкIу арыстакъуи, пытэу згъэпытэжьыгъэ. Хъырбыдзыпсымрэ тэджэпсымрэ зэхэхьагъэхэшъ, зэрэгъэпIонкIых. Хъырбыдз кIоцIыр лъэшэу зэрэпшIатэрэм ишIуагъэкIэ, рэхьатэу зы чIыпIэ щысынхэ амылъэкIэу мэхъыех. Ащ акIоцIы хъырбыдзыпсэу итыри шъуатэм фэдэу уешъонкIэ гохьэу мэхъу, пытэгъэ тIэкIуи иI. Уфаемэ зы хъырбыдзым шъуатэу ихъуагъэм щыщэу къыфизгъэчъыни еплъ.

Ерэджыбэ иныбджэгъу хъырбырзыпс тас «къурх» ригъаIоу ешъуагъ. ТIэкIу шIагъэу мо лIым ынатIэхэри Iужъу хъугъэ, ылъакъохэр шъхьал мыжъо апышIагъ пIонэу къэонтэгъугъэх...

Iаджхэри Ерэджыбэ дэжь къакIох ыкIи хъырбыдзым къырагъэчъырэ шъотэ лъэпкъыр зэрэпшIыщт шIыкIэмкIэ къеупчIых. Ахэр шъон пытэ хафэ горэм ешъохэми, Ерэджыбэ исанэ фэд аIо.

## ШIулъэгъуныгъэ тхылъ

Гъатхэм чIыгур къыгъэущэу, дунаим шхъонтIэрымэр тырихэу зыщыхъурэ лъэхъанэм мэзым сыкIоныр сикIас. Чъыгы пкIэшъэ шхъонтIэ цIыкIухэмрэ уцы къэгъэгъэ къэкIыгъакIэхэмрэ арых анахьэу сызыIэпызыщэхэрэр. Ахэр сыд фэдизрэ сяплъыгъэми сфэлъэгъукIыхэрэп. Къапихрэ мэ IэшIуми жьыр нахь гохьы къешIы...

Гъэтхэ мафэмэ ащыщ мэзым сыкIуагъэу шIукIаери зыкъыщысплъыхьагъэу сыкъызыхэкIыжьыным дэжь гъэхъунэ дахэм пхъэтэкъэжъ кIыхьэу илъым тIэкIу зызгъэпсэфын сIуи сытетIысхьагъ. Зыгорэм сыфаеу сиджыбэ сиIэбэжьызэ, сисырнык къэмланэ къизи сакIыбкIэ ефэхыгъ. Ар къэсштэжьынэу сызеIэбэхым, тетрадь уплIэкIэгъэ Iужъу хьазыр горэ щылъэу слъэгъугъэ. СызэренэгуерэмкIэ, ар зыгорэм къычIинэгъэн фае. ЫкIыIу зыер тетхагъэмэ е зыгорэ дэтхагъэмэ сеплъын сIуи тетрадь уплIэкIагъэр къэсштагъ. ЫкIыIу зи тетхагъэп, ау апэрэ тхьапэр къызщыригъэжьэным дэжь сыкъеджагъ: «ШIулъэгъуныгъэ тхылъ. Н. фэкIо». Аужырэ тхьапэм сеплъи шъхьае, ащ зи кIэтхэжьыгъагъэп, зыми ыIапэ кIэдзэжьыгъагъэп.

— Сыд шъуIуа шIулъэгъуныгъэ тхылъыр зыфакIорэм ыцIэр? Н-кIэ къырегъажьэ шъхьае ыцIэр къэшIэгъуае. Нафсэта, Нина, Нурджана, Нуриета, Нахьмэта, Натуся?.. Хэты письмэр факIоми кIалэм къызэритхырэмкIэ, а пшъашъэм иIуплъэ пщыпэ маз, дэхэ дэдэу дахэ. Е кIэлэ псэлъыхъом ежь аущтэу къыщыхъункIи мэхъу. «ШIу плъэгъурэр дахэ» аIуагъ.

Письмэр гоIэн IофкIэ тхыгъэу щытыгъ. ХэуцIэрэпхъагъэхэр, зэблэхъугъэхэр бэу иIагъэх. Ау щытми, гуфэбэныгъэ ин хэлъэу тхыгъагъэ. Сыд пае ащ бэ къетIолIэн, шIулъэгъуныгъэ письмэм бэми макIэми итым сыкъышъуфеджэни, ащ шъо шъузэреплъ.

«...Мыщ зэкIэ уеджэмэ сшIоигъоу къистхагъэхэр сыпIукIэми къыуасIомэ хъущт, ау узэрэслъэгъоу ощ пае пIукIэми къыуасIомэ хъущт... згъэшIорэ гущыIэхэр сIэкIэкIуадэх, сщэгъупшэх. «Сэ ащ фэдизэу шIу сыплъэгъунэу сыда схэплъэгъуагъэр, сыпшъэшъэ къызэрыкIу, синыбджэгъумэ сафэд», — пIуи зымафэ къысэпIогъагъ. Хьау, уафэдэп! Ар сэ шъэрэ минрэ къэсIожьынэу сыхьазыр.

УнитIу фэдэ мы дунаим тетэп. Ахэмэ сяплъымэ, чIэзимыIэ огу къаргъори, псы чъагъори, жьогъо зэкIэгъэнагъэхэри сыгу къэкIы. Ахэр пытэу сыгу итIысхьагъэх. Умэкъэ шъаб пIомэ, ар чэщи мафи зэхэсхыным сыкIэхъопсы. Уидэнэгъо шъхьацэу пплIэIуитIу зэрафэIэтым узэрэгохьым къыхегъахъо... Уахътэ хэзгъуатэу тимэз сыкIо къэс игъэхъунэмэ арыт къэгъагъхэр къызэпэсэплъыхьэ. Ахэмэ сахаплъэ къэс о уахэт фэдэу къысщэхъу. Анахь къэгъэгъэ дахэ зыслъэгъукIэ, о уикIэрэкIагъэ есэгъапшэ. Къэгъагъхэр зэкIэ тыгъэм зэрэфэныкъом фэдэу сшъхьэрэ спкъиплIырэкIэ о сыпфэныкъу.

«Хэта сэ ащ фэдизэу сыдахэу, сыгохьэу къыозыIуагъэр?» — пIоу угу къэкIэу укъысэупчIынкIи мэхъу. Ар къысэзыIуагъэр сымыушъэфыхэу ышъхьэ къыпфисхынэу сыхьазырыпс. Ар къысэзыIуагъэм нахь къыспэблагъэ зи мы дунаим тетэп. Ар къысфэшъыпкъ, ежьыри сыфэшъыпкъ. О зэпстэуми уанахь дахэу ыкIи уанахь гохьэу къысэзыIуагъэр — сыгу...»

ШIулъэгъуныгъэ тхылъыр ащ щиухыгъ. Ар зыем ыгъотыжьыным пае пхъэтэкъэжъым дэжь Iут чъыгым икъутамэ плъэгъунэу дэзгъэнагъ. Хэтми а письмэр зыттхыгъэ кIалэм ыгу къабзэ, ишIулъэгъуныгъи лъэшы. Зыхыгъэ кIалэм ыгу къабзэ... фитхыгъэ пшъашъэри насыпышIо зэрэхъущтым зыкIи уехъырэхъышэжьынэу щытэп. КIэлэ къэзымыщэу а письмэр зытхыгъэми пшъэшъэ зидэмыкIоу зыфатхыгъэми анывжь кIыхьэу, шIуагъэу щыIэр янасыпэу орэхъу...

...Бжыхьэ кIахэ хъугъэу мэзым сыкIуагъ. Ар къэсплъыхьэзэ, гъэхъунэу гъатхэм шIулъэгъуныгъэ тхылъыр къызыщызгъотыгъагъэм сыкъэсыгъ. Сыэплъэм, пхъэтэкъэжъ кIыхьэм зы пшъэшъэ шъхьац кIыхьэрэ кIэлэ шъхьац тIыргъорэ щызэбгъодэсхэу слъэгъугъэ. Ахэмэ ягущыIакIэрэ язэплъыкIэрэ сырагъэгупшысагъ. Сенэгуе шIулъэгъуныгъэ тхылъыр зытхыгъэри зыфатхыгъэри зэрэгъотыжьыгъэхэкIэ.

## Къинэу плъэгъурэр пIотэжьмэ...

Къэлэджэрыерэ Сасэрэ шъхьагъусэ зэфэхъухи, унагъо ашIэу зырагъэжьагъэм къыщыублагъэу, Iуи шIи апымылъэу илъэс пчъагъэрэ щыIагъэх. Зым ыIорэр адрэм ышIэу, зым Iэпызрэр ятIонэрэм къыштэжьэу ары зэрэщытыгъэхэр. Ау мары илъэс фэдиз мэхъушъ язекIокIэ-гъэпсыкIэхэмкIэ Къэлэджэрыерэ Сасэрэ нэмыкI шъыпкъэу хъугъэх. Рэхьатныгъэу яIэр аухыгъ, непэ зытIо-зыщэ, сыдым къырагъэкIми, зэIумыпхъэхэу къыхэкIырэп. Гъунэгъу горэ яIэгу къыдахьэмэ е хьакIэ къафакIомэ заушъэфы, ау анэгухэмрэ яIэбакIэрэкIэ агухэр зэрэзэфэмышIум, иныхэмэ ямызакъоу цIыкIухэми псынкIэу гу лъатэ хъугъэ.

ЗэкIэри къызэрыкIынэу хъугъэр легковой машинэжъ цIыкIоу ащэфыгъэр ары. Ар апэу ащэфынэу зыгу къэкIыгъэр лIыр арэп шъузыр ары нахь.

— ЧылэлIымэ яшъузхэр легковой машинэмэ арыгъэкIэжьыгъэу зэращэх, ахэмэ тхьэ дэдэр ятагъ. Тигъунэгъу Хьатэкъэжъ ягощэ Щащэ нахь мыхъурэми машинэр къаригъэгъэбыузэ, къалэм зыкъиплъыхьанэу зарегъащэ. Зы мафэ сырныкыр зеухым машинэмкIэ тел-елбэтэу зынаригъэгъэсыгъ. ЕтIани а тучаныр уплъэмэ олъэгъу. Тэ зылI тиIэшъ, зыкIэмыIэжь хъугъэ. Мы чылэмэ тафэмыдэмэ сшIэрэп!

Сасэ джащ фэдэ псалъэхэр ышIы зэхъум, Къэлэджэрые «кIо, тумы тхьа ешI, хъу шIоигъор орэхъу!» ыIуи сыдэу ышI-къышIыжьми тIэкIурэ агъэфедагъэу легковой машинэ къыщэфыгъ.

Апэрэ мафэу машинэр щагум къызынагъэсыгъэм щегъэжьагъэу сабый цIыкIум фэдэу Къэлэджэрые ащ къыдекIокIы: етхьакIы, елъэкIы, хэкъутыкIыгъэ цIыкIу горэ фэхъумэ, ыпсэ хэIэжьы, ар егъэцэкIэжьыфэ ышIуабэ машIэ. Пчэдыжьым къызэрэтэджыжьэу макIошъ, имашинэ къеплъы. Зи ащ ыпэу Къэлэджэрые зэригъэлъэгъурэп ыкIи шIоIофэп. ЗыгъолъыжьыкIи имашинэ нэмыкI пкIыхьэ ылъэгъужьырэп. ЗэмкIэ аварием хэфагъэу, зэмкIэ ищэрыхьхэри апчэу хэлъхэри зэкIэ атыгъугъэхэу пкIыхьэ елъэгъу. ПкIыхьэр шъыпкъэмэ мышъыпкъэмэ зэригъэшIэнэу еIошъ, чэщныкъоми нэфшъагъоми ынапIэ къызэрэзэтырихэу гуIэзэ гаражым мачъэ...

Анахьэу Сасэ ыгу къеорэм ышъхьэ къитхын. Машинэ битэмалэр бынмэ зямыIэм Къэлэджэрые загъорэ гущыIэ фабэхэр Сасэ фэгъахьыгъэу ышIыщтыгъэх, бэри нэшIукIэ еплъыщтыгъэ. Джыры нэмыIэмэ (машинэр защэфы уж) Сасэ къыгъэчэфынэу гущыIитIу лIым ижэдэкIэу мары, илъэс мэхъушъ, зэхихыжьырэп. «Сыдэу машинэ мыгъо тэщэфыя! ЗэкIэ лIым ишIулъэгъуныгъэ ащ фигъэзэжьыгъ. Машинэм нэмыкI зэримыгугъужьым пае тIэкIу сытегыяхьыщт шъхьакIэ, сэры зэкIэ зилажьэр, — Сасэ егупшысэ, — сэры лIыгъэкIэ машинэр къезгъэщэфыгъэр. Сэры зэкIэри зилажьэр...»

КъэпIон-пIожьын, лIыр итеплъэкIи игъэпсыкIэкIи къызэблахъугъэм фэд. ЩыгъынкIи зэмыгугъужь хьатэу, игъоми зимыупсэу ыкIи мышхэу шэн къыштагъ. Мафэ горэм фэмыщыIэу Сасэ ишъхьагъусэ риIуагъ:

— О лIыр, мыщ фэдиз дэдэу машинэм упымылъ, уелIылIэни, чылэмэ орэд къыпфаусын...

— СелIылIэми сифэшъуаш! СыбгъэдаIуи сэбгъэщэфыгъэшъ, джы сыогъэмысэжьы. Ярэби аIу-амыIоми, сыдэу мы бзылъфыгъэхэр гъэшIэгъонэу гъэпсыгъэха?! Хьаламэт лъэпкъых!

— Ори сэри зыдгъэтхъэн сIуи къэозгъэщэфыгъэ нахь, зи сэ ащ нэмыкI мурад сиIагъэп. УмышIэмэ сшIэрэп нахь, тэри нахьыбэмэ тафэдэ тшIоигъу!

— Зэтелъхь! Ащ нахьэу сыкъэмыгъэгубжыри нахьышIу! ЦIыфмэ афэдэ хъу шIоигъу!

Къэлэджэрые джащ фэдэ гущыIэ дысхэр ышIи машинэм итIысхьани дэкIынэу ежьагъ.

— Тыдэ уздэкIон угу хэлъыр сэ сыуимыгъусэу? — къеупчIыгъ Сасэ.

— Пщыгъупшэжьыгъа, тыгъуасэ складым Iус Ламыкъом къысиIуагъэр? Щэрыхъ лыехэр легковой машинэм пае уиIэмэ нахьышIу. ЫуасэтIэкIу фыхэдгъахъомэ, щэрыхъитIу къыситынэу сыкъигъэгугъагъ.

Сасэ хэгурымыкIи, зи къымыIоу унэм ихьажьызэ, егупшысагъ: «Зи а легковой машинэхэр къэзыугупшысыгъэм тэ къытишIэнэу къыгъэнагъэ щыIэп. Машинэмэ ахэлъыщт пкъыгъохэм салъэхъу ыIозэ, мы тилI дахэ зыпакIэ рекIокIэу хъугъэкIэ сенэгуе...»

Ащ фэдэ гуцафэ Сасэ езыгъэшIын къэбар гомыIу зы мафэ къылъагъэIэсыжьыгъ. Къуаджэм хьакIэу къэкIогъэ пхъужъ дахэ горэ Къэлэджэрые имашинэкIэ къырищэкIыгъэу, мэзыми псыIуми анэсэу катацэ ригъэшIагъэу ары хьаблэр зэрэрыгущыIэрэр.

«Ар сэ шъыпкъэми пцIыми зэсымыгъашIэу сыуцу-нэп», — ыIуи Сасэ пытэу ыгу риубытагъ, лIыр машинэм изакъоу итIысхьэу зыдэкIыкIэ,зыдакIорэм гъунэ лъифэу ыкIи цыхьэ зыфишIырэ нэбгырэ гъэнэфагъэхэр лъигъап-лъэхэу ыублагъ.

Мыщ дэжьым зы хэгъэунэфыкIыгъэн фае. Къэлэджэ-рые изакъоу зекIоныр сыдигъокIи иджагъу. Арары хэт гъогум тетэу IукIагъэми, орэхъулъфыгъ орэбзылъфыгъ, хэт щыщми имашинэ къырегъэтIысхьэщъ, зыдэкIорэ лъэныкъомкIэ зыдещэ. Ащ бзылъфыгъэ горэ дисэу за-лъэгъукIэ, удрэр-мыдрэр аIозэ, имыхьакъишъэ раIуа-лIэ. Арыщтын Къэлэджэрые ишъхьагъусэ бзылъфыгъэ ыдэжь кIохи бзэгу зыкIыфахьыгъэр.

Сасэ машIо къыкIэзгъэнэпагъэр зы мафэ ынитIукIэ ылъэгъугъэр ары. Къоджэ тучаным зыгорэм фаеу кIо пэтзэ, лIым машинэм дигъэкIэжьыгъэу, шъхьатехэо те-хъуагъэу зыгорэ рилъэгъуагъ.

ЛIым пчыхьэ хъоу къегъэзэжьыфэ Сасэ зэгоуты-гъэ, ынэми зи амылъэгъужьэу, псыIуби римыгъэхыжьэу, лIыр къэсыжьыфэ ежагъ. Къэлэджэрые унэм ылъапэ къызэрэридзэжьыгъэм лъыпытэу Сасэ къыригъэжьагъ:

— Ы, аIомэ сшIошъ хъущтыгъэп, ау сшъхьэкIэ укъэ-сыубытыгъ. Хэта а сэ ситIысыпIэ ишъхьатехъо бывбатэу тесэу непэ бгъашIоу къепщэкIыгъэр?! Машинэр зыфэт-щэфыгъэр уапэ къифэрэ бзылъфыгъэхэр къепщэкIыным паеп, къызфэтщэфыгъэр тэ тшъхьэ фэшIы нахь. УасIо-рэр зэхэпхырэба сэIо? Хэт идэхэжьа а ситIысыпIэ зы-фэбгъэшъошагъэр?

— Е, о шъузыр, уиакъыл уие пэтызэ, пIохэрэр сшIэ-рэп сэ, — цIыкIу-цIыкIоу Къэлэджэрые къыригъэжьагъ. — ПкIэнчъэу гуцэфэ лые къысфэошIы. Сэ хэт лъэсэу кIоу сыIукIагъэми симашинэ къызэризгъэтIысхьэрэм ущыгъуаз. Тыгъуасэ симашинэ исыгъэр къалэм еджакIо кIожьыщтыгъэ студенткэ цIыкIу. Сыгу егъуи машинэм изгъэтIысхьи зыдэсщэжьыгъ.

— ЗэкIэхэми о угу ягъу, сэры нахь угу зэмыгъужьы-рэр, — ыIуи ынэпсыхэр кIилъэкIыкIызэ, ымакъэ еIы-хыгъэу Сасэ къыхидзагъ.

Къэлэджэрые легковой машинэм шIуагъэу пылъым фэдиз зэрари зэрэпылъым, къиныбэ зэрэрилъэгъулIэрэм мафэ къэс нахь гу лъитэу ыублагъ, Iоуи-шIэуи къыпы-кIырэми хьазырэу ыгу риутыгъ.

Анахьэу ыгу зыгъэкIодыгъапэр тхьаумэфэ блэкIы-



гъэр ары. ИнэIосэ пхъужъ дахэр машинэм ригъэтIыс-хьагъэу къалэм ыщэ пэтзэ, гъакъ ригъаIоу гущыIэным дихьыхи, гъогум зыдэхым, аварие къехъулIагъ. Ифарэ-хэр тетыгъа-темытыгъа пIоу къеутэкIыгъэ машинэм къы-тыриутыгъэх, ыпи Iаеу къыпиутыгъ. Тэрэзыджэу маши-нэр зэрэзэрифагъэм пае шофер тхылъэу иIэри Iахыгъ, штрафышхуи къытыралъхьагъ. А мэфэ дэдэм мыхъун зышIэгъэ шофермэ ахэтэу радиомкIи ыцIэ къыраIуагъ.

Легковой машинэ къутагъэр ыосибл ыти зарегъэшIы-жьыхэ нэуж Къэлэджэрые егупшысагъ: «Мы емынэм ыхьын машинэу сомэ мин пчъагъэ тедгъэкIуадэу тщэ-фыгъэм зыгорэ епэсыгъэн фае,сеунэхъулIэ. Шъо симы-Iэжьэу сишIыгъ, тиунагъуи Iоф къырилъхьагъ. Ар къэ-зыугупшысыгъэм зи лые къытихыгъэп умыIо. Тыдэ ты-кIощтми, автобусхэр хъоеу мэзэкIо. Легковой машинэм лъыстыгъэ ахъщэр мафэ къэс таксийкIэ тызекIуагъэми, шъузымрэ сэрырэ тыщэIэфэ тфикъущт. Сенэгуе цIыкIу-цIыкIоу машинэр зэрэтщэфыгъэм фэдэ къабзэу ащ на-хьыбэ темышIэу сщэжьынкIэ. Сыгу къэкIыгъэр шъузым мэкIэ-макIэу есIокIын».

...Мары Къэлэджэрыерэ Сасэрэ ялегковой машинэ зыIуагъэкIыжьыгъэр илъэс хьазыр хъугъэшъ, гупсэф-хэу, къэзэрэщэгъакIэхэм фэдэу зэгурыIохэу щыIэх. Къи-нэу плъэгъугъэр пIотэжьыныр сыдигъокIи гушIуагъо!

## Жьыртэдж

Джанкъылыщ Жьырытэдж аIозэ тичылэхэр еджэх. ИцIыкIугъом къыщыублагъэу жьэу тэджыныр икIас, ар шэнэу фэхъугъ. Аущтэу зыгъэсагъэри ятэжьэу Бяз-рыкъу арэу ежь ышъхьэкIэ къеIотэжьы. «Чъыяпхэу фалъфы, жьырытэджым Iахь лые егъоты», — Бязрыкъо емызэщыжьэу къыриIозэпытыщтыгъэ. Ежьыри ятэжъ ыгъэгушIон ыIоти Джанкъылыщ цIыкIур пчэдыжьым янэу чэмыщ ежьагъэм къыдэтэджыжьыщтыгъэ. Ащ пае янэ кIалэм «а сижьыртэдж!» ыIомэ еджэу ыублагъ. Бэ-рэ пэмытэу хьаблэри зэрэчыли кIалэм ЖьыртэджыкIэ еджэхэу рагъэжьагъ.

— Жьыртэджы ыцIэм фэдэр ышъхь, — аIо ахэм.

ЦIыфыбэхэм аIорэр шъыпкъэ. Зэныбджэгъухэр Iо-

фышIэ зежьэхэкIэ, апэ ишъырэр Жьыртэдж, шIыхьаф ашIыми анахь пасэу нэсырэр Жьыртэдж...

— Чылэмэ ялыягъэу ренэу сыхьатитIу-щыкIэ нахь пасэу сыкъызэрэтэджыжьырэм зи ишIуагъэ нэмыкI иягъэ сэкIырэп, — къеIо ежь Жьыртэдж ышъхьэкIэ. — Сшъхьэ иIоф сшIэным пае, цIыфыбэ зыхэлажьэрэм сэри слъэкIырэр хэсшIыхьаным пае нахьыбэ уахътэ сэгъоты. Шъор-шъорэу шъуегупшысэба, мафэ къэс сыхьатитIукIэ нахь пасэу пчэдыжьырэ сыкъэтэджыжьымэ мазэм сыхьат 60 сифедэ. Ар илъэсым зэхэбгъэхъожьымэ зы мазэм къехъущт. Ащ фэдиз уахътэм къыкIоцI зыгорэ пшъэ ифахэу щытмэ пшIэщтыри макIэп, бгъэхъэщтыри бэ. Сэ сшъхьэкIэ згъэунэфыгъэу къасIомэ сшIоигъор — пчэдыжьыпэм сыд фэдэ Iофи зезгъэжьэкIэ нахь псынкIэу кIэкIы, а лъэхъанэм сшIэрэр сыд фэдэми нахь дэгъоу мэхъу. Сыда пIомэ пчэдыжьым нэри нахь чан, цIыфым къарыуи нахь хэлъ, исэнаущыгъи уцэкурэп... Пчэдыжьым жьэу гъогу утехьэмэ, уздежьагъэми бэкIэ нахь псынкIэу унэсыщт. Сызэрэжьыртэджым пае сипсаунныгъи нахь мэпытэ. Пчэдыжьыпэ жьыр сыдигъокIи нахь къабз, цIыфым ыжъагъэкIэ, ащ нахь фашIэ иI, зызыIупщэкIэ гучIэм зэрэлъыIэсырэр зэхэошIэ...

Жьыртэдж сыдигъокIи нэфшъагъом дэжь къызэрэтэджыжьырэм шIогъабэ хегъуатэ. Тыгъэр къызщыкъокIырэ уахътэм бзыумэ, яорэдхэр къыхадзэ. Ахэмэ уядэIуныр тхьакIумэгъатхъ, гуIэты, зэкIэри пщагъэгъупшэ, дунаим изыIэшIугъэ пакIэ зыфэдэр къыбгурагъаIо. Нэфылъ къызыщызэкIичырэ уахътэм псыхъом пэхъэ псыпсэу къытырихырэр дунаер къэзыгъэкIэракIэрэмэ зэу ащыщ. Ащ ухэплъэныри гушIогъо макIэп, Жьыртэдж къызэриIорэмкIэ, нэфшъэгъо уахътэм губгъом зыщыпплъыхьаныр зи зымыуасэ щыIэп. Уцымэ, анахьэу къэгъагъмэ амэ IэшIуи, хьэсэ жъогъакIэм къыхихырэ гъэбэжъумэри, мэкъу упкIэгъакIэм ымэ гохьи пчэдыжьыпэ губгъом нэфшъагъом къырелъэсыкIых. Пчэдыжьыпэм мэзым ухахьэу ащ зыщыпплъыхьэмэ, пщыз къыпхэхъуагъэ фэдэу къыпщэхъу. Чэщ реным чъыгымэ жьэу къагъэIэшIугъэр пчэдыжьыпэм зызыIупщэкIэ, мэфэ реным угукIэ орэд къапIозэ, угушIубзыоу ухэтыщт, Iофэу узыфежьэрэри нахь гъэхъагъэ уиIэу зэшIопхыщт, пчыхьэ нэс убыбыным фэдэу псынкIэу узекIощт. Пчэдыжьыпэм мэз гъогум утетэу сыхьат фэдизрэ къызыпкIухьэкIэ, дэхагъэу унэмэ къапэшIуафэрэмэ уагъэтхъэщт. Тыгъэ нэ-



бзыйхэр чъыг пкIашъэмэ къахэплъынхэу зэрэригъэжьагъэри, хьэцIэ-пIэцIэ зэмышъогъу бэ дэдэхэри къэущыжьыгъэу зэрэпкIэтэ-лъатэхэри, къэгъэгъэ къызэIукIыпIэхэм псы ткIопс цIыкIухэр, щыгъыжъые фэдэу, дэхэ дэдэу зэратесхэри лъэгъупхъэх. Ахэмэ цIыфым чэфыгъэ къыраты, нахьыби ыIэпкъы-лъэпкъымэ къарыу къыхалъхьэ.

Сыд фэдэ гухэлъ дахэ пшIыгъэми, ащ игъэцэкIэн пчэдыжьым уфежьэмэ нахьыбэрэмкIэ къыбдэхъоу хабзэ. Зыгорэм лъэгъун дыуиIэмэ, ащ сыдигъокIи пчэдыжьым зыIубгъакIэмэ уимурад, уилъэIу къыпфигъэцэкIэнымкIэ гугъапIэ уиIэщт. Хэт ущыщыми, уиIоф къикIы пшIоигъомэ, гухэлъ зыфыуиIэ цIыфым — фаеми орэIофышIэ къызэрыкIу, фаеми орэтхьамэтэ ин, пчыхьэшъхьэ Iоф умышIыжьэу пчэдыжьыпэм ипчъэ теу. Пчэдыжьыпэ хьакIэр щэтэшх пкIэнчъэу аIуагъэп.

— Анахьыжьэу сыкъызкIэтэджыжьырэ зэпытым сэркIэ зы шъэф хэлъ, — шъхьанхыгъэу къыIуагъ Жьыртэджы. —Чъыяпхэхэу,чъыер шIу зылъэгъухэрэмэ ялъытыгъэмэ дунаим нахьыбэ щысэлъэгъу, анахь башIэуи бэгъашIэуи сыхъугъ, щыIэныгъэм ыкупкI иIэшIугъэ федэу пылъыр зыфэдэри анахь дэгъоу згъэунэфыгъэ. Ар сищыIэныгъэкIэ текIоныгъэ макIэп.

Жьыртэджы зыфиIорэм демыгъэштэн плъэкIыщтэп!

## Тыркъохэр

Ощх шъабэу къыпхъыгъэм ыуж дунаир нахь къэучъыIэтагъ, хатэмэ къонымэр къаделъэсы. Непэ рены хъупIэм итыгъэ Iэхъогъур пэкIэ-пакIэу къуаджэм къыдэхьажьы.

Автобусэу къэуцугъэм бэщ кIэгъэкъон ыIыгъэу лIы горэ къикIи, макIэу елъэщаозэ, чылэгум фиузэнкIыгъ. Ар апэу зыIукIэгъэ шъэожъыем НэтIаукъо Ахъмытэч иунэ зыдэщытымкIэ еупчIыгъ. КIалэм хьакIэр рищажьи къызкIэупчIагъэхэм адэжь нигъэсыгъ.

ХьакIэр НэтIаукъомэ якъэлапчъэ Iухьи, макIэу бэщымкIэ теуагъ. Ащ лъыпытэу хьэхьакъу макъэ къэIугъ. ТIэкIу тешIагъэу къэлапчъэр къыIуихи, НэтIаукъо Ахъ-

мытэч къыпэгъокIыгъ. Секунд заулэ тешIагъэу Ахъмытэч ыIэгушъохэр зэриутэкIи къэкууагъ:

— О уй-уй-уиу! Мыдэ мы слъэгъурэр! Къадырбэч! ГъэшIэгъоныба, узэрэслъэгъугъэм лъыпытэу укъэсшIэжьыгъэп.

— Ори шIэжьыгъое хьазыр ухъугъ. Шъхьацыри утхъуагъэ, нэгури хьазырэу зэлъагъэ...

IаплI къорэгъыкIэ тIури унэм изэрэщагъэх. ЗэшъэогъуитIур чэщныкъо нэс щысыгъэх. Зэошхом къинэу щахъугъэм икъэбархэм ахэтхэу бэмэ анэсыгъэх, пый техэкIо-хъункIакIом езаохэзэ, яныбджэгъоу фэхыгъэхэм ащыщ Iаджхэри агу къэкIыжьыгъэх. Ежьхэр уIагъэ зыщыхъугъэ чIыпIэхэри икIэрыкIэу анэгу кIэкIыжьыгъ. МакIа лIэшIэгъу щанэм ехъу зыщышIэгъэ ужым заом ныбджэгъу щызэфэхъугъэхэр зэIукIэжьхэмэ зэфаIотэжьыщтыр, агу къэкIыжьыщтыр!..

ХьакIэр бысымым еупчIыгъ:

— Арэп, Ахъымтэч къуаджэм анахь пшъэшъэ дахэу дэсыгъэр шъхьагъусэ пфэхъугъэу къысфэптхыгъагъ, бысымгуащэр къэлъагъорэп, дэсба, хьауми...

— Дэсэп, гъогу техьагъ, чыжьэкIаеу мызгъэгум кIуагъэ.

— Туристкэу хэгъэгу горэм кIуагъэу къычIэкIын. Олахьэ, ащыгъум улIэхъупхъэм...

— Хьау, хьау, ащ фэдэ Iоф щыIэп, — джэуап къытыжьыгъ Ахъымтэч. — Ашъыу, хэтэрыкI тIэкIу къэдгъэкIыгъэти, Темыр лъэныкъом едгъэщагъ.

— Адэ, уихатэ хэтэрыкI къыдэкIагъэмэ, ащ фэдиз ичыжьагъэу ямыгъащэмэ, нахь блэгъаIоу зыщыIужъугъэкIын жъугъотырэба?

— Тэгъоты, ау нахь чыжьаIоу пщэмэ, нахь щылъапI, нахьыбэ къыщыкIэохы.

Къадырбэч зи къымыIоу тIэкIурэ егупшысагъ. ЕтIанэ, иныбджэгъу зыкъыфигъази, джыри къеупчIыгъ:

— Сыхэмыукъорэмэ, ащ фэдизэу шъубынышхоп, къэбгъахъэрэр шъуфекъоу сшIошIы, сызэрэшъухаплъэрэмкIэ фэныкъогъэшхуи шъуиIэп.

— Зыми, тыфэныкъу пIон плъэкIыщтэп. КIо, ошIэба, телевизор, зэрэгыкIэрэ машин, нэмыкI хьат-къуртхэри зызэтэгъэуIум, джыри машинни ар зычIэтыщт гаражи тимыIэмэ мыхъупэу хъугъэ. Ахэри тфимыкъоу ахъщэ хъущи зэдгъэуIугъэ.

— Е, сиблагъэ, — къыригъэжьагъ Къадырбэч, — о слъэгъурэм ахъщэр лъэшэу уикIас... Зэ, зэ, — ыIуи нахь гуфаплъэу иныбджэгъу жэхэплъагъ. — Сыд тыркъуа Ахъымтэч, нахьыпэм птесымылъэгъуагъэу унатIэ къытехьагъэр? Пшъэтыкъ иIэ тыркъор зэрэфэхъугъэгъэ шIыкIэм сыщыгъуаз. Ащыгъум орырэ сэрырэ пыим тыпэIулъэу окопым тыдэлъыгъ. Пыим къыдзыгъэ лагъымэм икъутафэу окопым къыдэфагъэмэ нэбгыритIуи тауIэгъагъ... УнатIэ телъ тыркъор зыфэхъугъэр тыззэгокIыжь нэужыр арын фае. Тэрэзэу къэсэIоба?

Ахъымтэч зэрэщысэу зыкъигъэсыс-зигъэсысыжьи пхъэнтIэкIум «кIыргъ» къыригъэIуагъ: упчIэу иныбджэгъу къыфигъэуцугъэр ыгу рихьыгъэп. Ау нэбгыритIуми азыфагу зы шъэф имылъэу бэрэ заом зэдыIутыгъэхэти, Ахъымтэч ятIонэрэ тыркъом хъишъэу пылъыр хьакIэм къыфиIотагъ:

— ГъэшIэгъоны къысэхъулIагъэр. Мафэ горэм помидор пасэу зигъо хъугъэр тыугъоигъэ, ащ нэфшъагъом едгъэжьи, пчыхьэ нэс тыпэлъыгъ. Пыутыеу помидор хъугъакIэ тикъуаджэ горэм ыщэу тырихьылIи, ар тыугъоигъэм тыгушIозэ хэдгъэхъуагъ. Нэужым ящикхэр тIуагъэ, машинэу зэрэдэтщытыми бэкIаерэ сылъыхъугъ... Сыдми, чэщзымафэм къыкIоцI сынэрэ сынапIэрэ зэтесымылъхьагъэу, гъогу сытемыхьэмэ мыхъунэу хъугъэ. Машинэм ящикэу идгъэуцуагъэр бэти, тIысыпIи хэзгъотэжьыгъэп. Зандэу ситэу сежьагъ. Зандэу сызэрэщытэу сыкъызэшъхьаукъэм, зэрэхъугъэр сымышIэу, ящикхэр къыстефэхи, джы зэрэплъэгъоу, мы тыркъуакIэр къыстыращагъ... Сыни рауты пэтыгъ.

ХьакIэм зи къымыIоу тIэкIурэ ышъхьэ ыгъэсысыгъ.

— Сынэ риуты пэтыгъ пIуагъа? Е, Ахъымтэч, унэ къаплъэу итыми о слъэгъурэм бэшIагъэ ор-орэу унэ зиуутыжьыгъэр... УнэшIъу о зыдэпшIэжьырэп нахь.

Ахъымтэч иныбджэгъу къыIорэр къыгурымыIоу зэшъхьае зыкъыригъэпхъотагъ:

— Ар сыда зытепIухьэрэр, Къадырбэч? Усимыныбджэгъуа, заом икъинхэр зэдэтымыщэчыгъа, зы хьалыгъу Iулъхьэр зэфэдитIоу зэфэтымыгощыгъа! Сигъот зэрэиным пае укъысфэгушIон фае нахь...

— Хьау, сыгушIорэп! Хэгъэгум ишъхьафитныгъэ къэтыухъумэ зэхъум Iашэр тIыгъэу зэфагъэм, тихэгъэгу ишъхьафитныгъэ, тисабыимэ янасып щыIакIэ тыфэбанэ зэхъум, усшIоцIыфыгъ, услъытэщтыгъэ. Ащыгъум лIыгъэу зепхьэрэм пае сыпфэгушIощтыгъ. Джы помидор

пасэ къэогъэкIышъ, уиунэ ит электричествэр къэзгъэблэрэ шахтермэ, уихолодильник къэзышIыгъэ рабочхэм лъэпIаеу яощэ, арба? Рабочхэм къагъахъэрэмкIэ о бай зыпшIыщт арба? О къыбдэзаозэ, зэуапIэм щыфэхыгъэ ныбджэгъухэм анапэ теохы, Ахъымтэч. Ахэр псаоу къэтэджыжьынхэ алъэкIыгъэемэ, унэгу къыкIэужъунтхэныгъэхи.

— Сэ сизакъоп а помидорым пылъыр...

— Къэмылу! О уфронтовик. ОшIа ар зэрэгущыIэшхор! Уфронтовик! УкъэзылъэгъурэмкIэ емыкIу. Ахъщэ пае пшъхьэ псынжъым хэолъэшъухьажьы. Ар осIон сыгу хэлъэу ары сыкъызфэкIуагъэри. КъэдаIу мыдэ! Шахтым помидор пщагъэу бэдзэрым щыпщэзэ, ылъэкъо лъэныкъо пымытыжьэу зыгорэ уадэжь къыIухьагъ. Ар о окопым къыбдыдэлъэу фашистмэ къыбдязэуагъ. Помидор пщищэфынэу къызыIохьэм укъишIэжьыгъ, ау зи къыуимыIоу укIыти IукIыжьыгъ. ЗыкIэукIытагъэр, узфэдагъэр ышIэщтыгъэти ары, узэрэхъугъэр елъэгъути, помидорым шъотех уасэу епIуалIэрэм тIэкIу горэ кIебгъэчынэу къыолъэIурэ шъузхэм дысэу, IаекIэ узэрадэгущыIэрэр зэхихыгъэти ары. Ощ пае ытхьакIумэмэ анэсэу ар плъыжьы хъугъэ, укIытагъэ, ау о зи укIыти цIыфыгъи уиIэжьэп. Мары письмэу къысфитхыгъэм едж. «НэтIаукъо Ахъымтэч о уиныбджэгъу дэд, ау а зэрэслъэгъугъэу слъэгъунэу сызэрэфэмыягъэр сфеIожь». Е-оой, Ахъымтэч, чапыч паекIэ уицIыфыгъи унапи пщэжьыгъэ. Апэрэ тыркъоу заом къыщыпфэхъугъэм урыгушхон уфит, ар лIыхъужъыныгъэм итыркъу. Ау ятIонэрэр нэе-псыягъэм итыркъу. Ар егъашIэм унатIэ тебгъэкIыжьын плъэкIыщтэп, нибжьи сшIагъэп сэ аущтэу укъычIэкIыжьыныр.

Къадырбэч унапчъэр къыриутэкIи ежьэжьыгъ. НэтIаукъо Ахъымтэч ыIони ышIэни ымышIэжьэу бэрэ щытыгъ.. ХьакIэр щагум дэкIыжьы пэтэу шъузыри къыдэхьажьыгъ.

— Мызыгъэгум помидорыр лъэпIэ дэдэу къэсщагъ, усэгъэгушIо, сомэ миным ехъу къэсхыгъ, — ыIуагъ ащ ыгужъуакIэ ахъщэу хъэдэнкIэ пхыгъэу дэлъыр къыдихызэ.

НэтIаукъо Ахъымтэч чэфынчъэу шъузым фыреплъэкIи, тыркъоу ынатIэ телъым теIэбэжьыгъ, зэкIэсысыхьэу, иныбджэгъу фронтовикэу урамым дэкIыжьырэм кIэлъыплъэжьи, шъузым зэхихэу къыIуагъ:

— Ары, нэе-псыягъэм итыркъо егъашIи хэмыкIокIэжьынэу къыстенагъ.



## Айтэч игухэкI

Мафэм Айтэч зыми кIон гухэлъ иIэгъахэп: чэщ сменэр ыухи, тракторэу зэрыжъуагъэр ыгъэуцужьи, зитхьакIи тIэкIу хэIэгъэ къодыеу, иныбджэгъухэр ыдэжьы къыIулъэдагъэх:

— Айтэч, МыекъуапэкъыддакIу, тIэкIу зыкъэпплъыхьан, пивэ чъыIи укъешъон, пчыхьэ нэс шъуадэжьы укъынэдгъэсыжьын.

Иныбджэгъухэм адэмыкIо шIоигъоу Айтэч тIэкIу зыриIонтIыхьагъ, удырэр-мыдрэр ыIуагъ, ушъхьагъу зэфэшъхьафхэр ышIыгъ:

— Тракторым сыкъызэрехыжьыгъ, щыгъын тэрэзи сщыгъэп, сыжакIи кIыр хьазыр, мызыгъэгум сэ сышъуимыгъусэу шъукIох.

— КIо, хъугъэ, адэ, къыддакIу, о Iаеу уфэпагъ, уупсыгъэп ыIоу зыми къалэм укъыдифыщтэп. ЕтIани ащ уипшъашъэ дэс, институтым чIэхьэгъакI, ыдэжь уIухьани къызэбгъэлъэгъун, — къыраIощтыгъэ Айтэч.

Сыдыми лIыр къытырагъэнагъ.

«Уипшъашъи къызэбгъэлъэгъун» зэраIуагъэм адырэ къыраIогъэ пстэуми анахь къыубытыгъ.

Купыр къалэм къызэсым, Айтэч игъусэхэм афэдэу зекIуагъэ, пивэ чъыIи адешъуагъ. Сыхьат зытIу зытешIэм Айтэч игъусэхэм ариIуагъ:

— Сэ общежитием сыIухьани пшъэшъэжъыер къызэзгъэлъэгъущт. Ахъщэ тIэкIуи къестыщт. Студентхэр ахъщэ фэныкъозэпытых. СыхьаткIэ машинэм сыкъекIолIэжьыщт.

Айтэч ипшъашъэ зэрилъэгъущтыр ыгу IэшIу-IэшIоу хэлъыгъ, ыпхъу цIыкIу ошIэ-дэмышIэу IукIэни зэригъэгушIощтыр туапэ щэхъу, хэпшIыкIэу ащ къегъэчэфы.

Студентхэр зэрыс общежитиер къыхигъэщыгъэу, ащ ипчъэIупэ Айтэч Iут. Этажмэ ащыщэу ыпхъу зытесыр кIэупчIэни зеригъэшIэн ыгу хэлъзэ, пшъэшъищ зэрэгъэчэчхэу къэлъэгъуагъэх. Нахь пэблэгъаIо къызэхъухэм,



ахэмэ Айтэч ыпхъу зэрахэтыр ылъэгъугъ. «Сыдэу дэгъоу хъугъэ сылъымыхъужьынэу сипшъашъэ сапэ къызэрифагъэр», — Айтэч ыгукIэ ыIуагъ. Айтэчрэ ыпхъурэ янэплъэгъухэр зэтефагъэх, зэ шъхьае пшъашъэр къызэтеуцуагъ, ау етIани ипшъэшъэгъумэ зэрахэтэу зи зымылъэгъугъахэм фэдэу къэлапчъэм дэхьажьэу ыублагъ.

— Цуц, а Цуц, сыкъэпшIэжьырэба сэIо! — зэ-тIо джагъэ Айтэч, ау ыпхъу къэмыуцоу Iэгум дэхьажьыгъ.

«Адэ ар сэ спхъоп шъуIуа, зыгорэ ащ фэзгъэдэгъэна?

— Айтэч зэупчIыжьыгъэ. — Хьау, хьау, Цуц арын фае, фэдэкъабз..»

Айтэч егупшысэу щытызэ, ыпхъу общежитием икъэлапчъэ къыдэлъэти къыкIэрыхьагъ. СыдкIэ пIуатэ хъун, джэнэ моднакIэр щыгъ, цокъэ лъэдэкъэ лъагэхэм зигъэшIэгъожьэу атет, ышъхьац утIэрэхъыгъэ дышъэ бгъэхэIуи къыхэщы.



— Адэ, Цуц, сызыуаджэм сыд пае укъэмыуцугъа, хьауми ар ощ пэмыкIыгъа? — ятэ ыпхъу еупчIыгъ.

— Сэры дэдагъ, тят, ау уадэжьы сыкъыIухьан сыдагъэп.

— Сыд пае?

— Сигъусэмэ уалъэгъумэ къыздэхьащхынхэкIэ сыщынагъ: ужакIи кIыр, уищыгъынхэри цIыцIыгъэх, бжьыгъэу ахэлъыри бэ, — къытыжьыгъ пшъашъэм джэуап.

Мыщ дэжьым Айтэч лъэшэу къэгубжыгъ, ау зищыIагъ. «Джары къызыхэкIыгъэм IупшIэ фешIыжьы» зыфаIуагъэр!» Ыгу къыдэкIоягъэр Айтэч къыIуагъ:

— Узыгъэсагъэм ышъхьэ къыпшIуакI! Уятэ сыд щыгъми, хэт щытми, ыдэжь уIухьаныр къыптефэ! Ощ фэдэу шъом икIыгъэхэу, зятэ-зянэхэм зязымыпэсыжьыхэрэмкIэ шъунэхэмэ цIыу-цIыу къакIэфыпхъ. Тэ тIэхэу лэжьэным лыргъужъ ышIыгъэхэм минрэ шъуябзэуныр къышъутефэ. Ахэмэ шъо шъушхыщтыр къагъэкIы. Тракторист горэм фэтагыны гъуамэ пыоу уIукIэмэ, ари уятэ фэдэу мэлажьэ, уемыпэгэкIэу нэшIукIэ еплъ. Каникулэм укъызыкIожьыкIэ зэфытипIалъ...

Ау щытми, ащ ыуж зимыгъэкIэракIэу къалэр хэгъэкIри, хымэ къуаджи кIорэп. Джарэу ишIуагъэ къэкIуагъ а хъугъэ-шIэгъэ цIыкIуми.

## ЛIыбзыу лIыжъым ишэн

ЛIыбзыу Зэчэрые ышъхьэ чъэп къытехагъэм фэдэзэпытэу фыжьыбз. Аущтэу зышIыгъэр уахътэр ары. Хьаблэм лIыжъэу хэсмэ анахьыжъми, джыри ынэхэр чаных, псынкIэуи мэIабэ, ылъи пытэу тырегъэуцо. Нэжъ-Iужъ ныгъ-сыгъыхэу мыдрэр мэузы, модрэр къэузыжьы зыIохэрэми ащыщэп.

— Сыдэу ущыт? — аIоу загъорэ Зэчэрые Iаджхэри еупчIыхэу къыхэкIы.

Ащ иджэуапэу сэмэркъэу зыригъэшIызэ, нахьыбэмкIэ Зэчэрые джэуап къетыжьы:

— Сыдэу ущыт пIуагъэя? КIэлакIэм фэдэу занкIэу ыкIи пытэу сыщыт. Тыгъуасэрэм елъытыгъэмэ, непэ нахь сишIугъо, непэрэм елъытыгъэмэ, неущы джыри

нахь сишIугъоу хъущт. Зи гукIодыгъо щыIэй, джырэ тищыIэкIэшIу сикIэлэгъу игъогупэ сытырищэжьыгъ пIоми хъущт...

Гъунэгъуи шъэогъуи дэгъу дэдэу щыгъуазэхэу ыкIи есэжьыгъэхэу ЛIыбзыу Зэчэрые шэн Iаджхэри хэлъ. Ахэмэ зыкIэ ащыщ илIыжъ благъэхэу, анахь игонэсхэу ылъытэхэрэмэ яшъхьагъусэ ныохэм загъорэ тхьагъэпцIыгъэ тIэкIу къызхигъафэзэ зэряIушэкIырэр. Ушъхьагъу къегъотышъ, ащыщ горэм цIыкIу-цIыкIоу зыIуегъакIэ. Ащ нэужым ипсаунығъэ изытет кIэупчIэ фэдэу зыригъэшIызэ, ишъыпкъэ дэдэу фыхегъэпсы:

— Мы къэкIорэ тхьаумафэм пчыхьэ дакIоу хьэкIэ ин хьазыр горэ къышъуфэкIонкIи къэнэщтэп. АщкIэ лIыкIоу сыкъышъуфашIыгъ. Арышъ къогъум шъукъомыхьажь!

Макъэ зэрагъэIугъэ унагъом мэфэ реным ышIэн щыIэу, ыпшъэ ифэщтэу зи къызтыригъанэрэп, иунэ хьакIэщ зэIехы, шъон-шхынхэри егъэхьазыры. Остыгъэ хэгъэнэжьыгъом дэжь Зэчэрые макъэ зэригъэIугъэхэ унагъом хьакIэдашхэу къыфэсы. БэшIагъэу бысымыр хьазыр шъхьае, хьакIэр къэмылъагъоу сыхьат зытIущ блэкIы. Бынмэ сыд ашIэн, Зэчэрыерэ унагъом анахьыжъэу ис лIыжъымрэ Iэнэ зэгъэфагъэм рагъэблагъэх. Зэчэрые зиIанэ пэс ныом илIыжъы енэкIаоо. Ежь лIыжъыри макIэу щхыпцIызэ Зэчэрые къенэкIэожьы: тIури дэгъоу зэрэшIэх. Зэчэрые хъун-шхынкIэ тхъагъэу зежьэжьыкIэ, зэрэхабзэу, зыдэшхэгъэ бысым лIыжъым еIушъашъэ:

— Тхьачэтщыпс е чэт гъэжъагъэ угу къэкIэу, ау уиныо зыгорэкIэ къыомыгугъу хъумэ, умышъхьахэу сэ макъэ къысэгъэIу...

НэмыкI шэнхэр пщигъэгъупшэу ЛIыбзыу Зэчэрые бэшIэгъэ хьазырэу зы шэн шъхьаIэ хэлъ — цIыфхэр шIу зэрилъэгъурэм нахь мымакIэу бзыухэри икIасэх. СыдигъокIи бзыухэр нахьыбэу зыщыщыIэм, ахэмэ амакъэ зыщызэхихыщтым шъхьах имыIэу зырегъахы, орэдмэ анахь дахэм емыгъэдэIу еблэми, бзыухэм амакъэ зэхегъэхи, ащ япщынабзэ ытхьакIумэ къырерэдзэри. ЯIэгу чъыгэу дэтымэ е урамым тетмэ къолэбзыумэ набгъоу ащашIыхэрэмэ инэу ынаIэ атырегъэты. Ахэмэ бзыужъыеу къэщыращхэрэми зи зэрахэмыкIодыкIынэу игъом алъэплъэ. Чэтыужъ горэ мурад мэхъаджэ иIэу чъыгымэ ащыщ дэпшыеу зилъэгъукIэ, макъэ решъы...



— Сыда мыщ фэдизэу Iофы зебгъэшIыгъэу бзыумэ узкIапылъыр, о лIыжъышхом ащ нэмыкI зи уахътэр зэрэбгъэкIон пшIэрэба? — аIоу къызэупчIыхэкIэ, мыгумэкIыхэу цIыкIу-цIыкIоу иджэуап къызэрегъафэ:

— Бзыури къэгъагъым фэд, дунаир къегъэдахэ. Бзыухэр шIу зымылъэгъурэм цIыфхэри шIу ылъэгъунхэ ылъэкIыщтэп... ШъумышIэрэмэ сшIэрэп нахь, бэу бзыур былым. ПкIышъхьэ-мышъхьэмэ зиягъэ языгъэкIыхэрэ хьэцIэ-пIэцIэ пчъагъэ агъэкIоды. Ащ нэмыкI шIогъаби апылъ. Аужым къин зиIэ цIыфыр бзыумэ яорэд ыгу етыгъэу едэIумэ, игумэкI нахь щэгъупшэ, арыпакIопышъ, уз иIэми, ар нахь хэжъукIы...

Адыгэ лъэпкъыр зыщыIэмрэ непэ къызнэсыгъэмрэ къазфагу адыгэ унагъо бзыу иунэ ренэу ригъэсэу ыкIи щихьоу зыми зэхихыгъэп: яшэнэп, яхабзэп. Ау Зэчэрые иунэмэ ащыщ бзыу хъущэ илъэс зытIу хъугъэу щиIыгъ. Ари нахьыпэрэ дунаим щамылъэгъущтыгъэу джырэ дунаим кIэу къыдэхъугъэмэ зыкIэ ащыщ. Ащ зи бгъэшIэгъон хэлъэп.

— Тыдэ а бзыухэр ЛIыбзыу Зэчэрые къырихыгъэха? Тыдэ къыщигъотыгъэха? — зыIонхи къэупчIэнхэр къыкъокIынкIи мэхъу. Зы бзыур осы хъотым хиубытагъэу, ыпсэ пытыжь къодыеу къыхьи, егугъузэ псаоу къыгъэнэжьыгъ; адырэр мэкъуао зэкIом бзыу лъахъэм хэнагъэу ылъэкъо лъэныкъо елъэщаоу къыхихи, ари ыгъэхъужьыгъ. Ящэнэрэри ызытамэ ныкъозэпыутэу, ахъынэфэс хъугъэу, ерагъэу чъыг къутамэм тесэу тырилъагъуи, фэсакъызэ къытырихыгъ. Ар охъужьыфэ епшIэфынэу, ыIэ къифэнэу къыгъэнагъэ щыIэп. Бзыу цIыкIур зэрэщытыгъэм фэдэу орэд макIэхэри кIиIукIэу зэхъужьым, Зэчэрые сабый цIыкIур зэрэмыгушIонэу гушIуагъэ.

Бзыухэмэ къин арегъэхъу, ахэр шъхьафитыджэу унэм щиIыгъых амыIоным пае Зэчэрые бзыоу ыгъэхъужьыгъэхэр, зэ-тIо пчъи шъхьаныгъупчъи Iуихыхи, унэм ригъэбыбыкIыжьынхэу, пылъыгъ. Ау Зэчэрыеу ягонэс хъугъэр абгынэжьынэу фэягъэхэп: дахэу ариIуагъэр, шIоу афишIагъэр цIыфым фэдэу бзыухэми зэхашIагъэ.

ЛIыжъыр емызэщыжьэу чэщи мафи бзыумэ зэрапылъыр, ахэмэ Iусыбзэ зэраритырэр иныо ыгу темыфэу зы мафэ Зэчэрые тегыяхьыгъ:

— О слъэгъурэ лIыжъыр сенэгуе пшъхьэ зыгорэхэр

илажьэкIэ. Армырмэ сыд пае чылэр къыздэбгъэхьащхэу, сабыи цIыкIумэ анахьыеу мы бзыумэ уапылъа? Сыд тиунэ щысшIыгъэми, ахэмэ къафэогъанэ...

— О уязэщыгъэми, сэ ахэр ныбжьи IэкIыб сшIыщтэп. Ахэмэ амакъэ бэу тхьакIумгъатхъ ыкIи гугъэушын. ЛIыжъ гъыб-щыбэу хьаку пчъэIум кIэрымыкIхэу, нэмыкIрэ дунаим зыгу фэзыгъэзэжьыгъэмэ сэ сафэмыгъад. Бзыухэр сэ шIу сэлъэгъух, ежьхэми шIу салъэгъу. Ахэр зэрэсIыгъым сэ гушIуагъо хэсэгъуатэ, щыIэныгъэм нахь сыкIегъэгушIу...

А гущыIэхэм ауж Зэчэрые ишъхьагъусэ ныо зиушъэфыжьыгъ, илIыжъ шэн шъхьаIэу фэхъугъэр хыригъэнэн зэримылъэкIыщтыр къыгурыIуагъ.

Мафэмэ ащыщ гъунэгъу шъэожъыехэмрэ пшъэшъэжъыехэмрэ Зэчэрые ибзыухэм адэжь плъакIо къыфэкIуагъэх. Ахэр бзыухэм зяплъыхэхэм Зэчэрые бэ агу рихьынэу, гъэшIэгъонэу къафиIотагъэр.

— А синэфыжъыех, бзыухэр цIыфым игъогогъух. Ахэм дунаир агъэкIэракIэ. Ахэр мыхъугъэмэ хьамлыужъмэ тисадхэм зи къапагъэкIэщтыгъэп. Бзыумэ япщынабзэкIэ тыгъэ нэбзыим, гъатхэм, дунаим идахэ ежъыух. Бзыу макъэм цIыфым ыгу къыдещае, шIугъэр ыгу къегъэкIы, дунаим ижъгъырыу хэти ынаIэ нахь тыридзэн фаеу къешIы. Бзыу пэпчъ лъэхъэнэ гъэнэфагъэм ыбзэ къетIатэщъ орэд къеIо. Мы бзыу шхъонтIэ цIыкIум тыгъэр къызэрэкъокIэу орэд къыхедзэ, мыдрэ бзыу тэмэфым щэджагъом орэд къеIо, ящэнэрэ бзыу огу цIыкIум тыгъэр къохьажьынэу зыригъажьэкIэ, ипщынабзэ ретIупщы. Ащ «пчыхьэ хъугъэ, шъугъолъыжьын фае» къыIорэм фэд. Ощх къещхыщтми чъыIэ хъущтми бзыумэ ащыщхэм ягъэпсыкIэкIэ къэошIэ. Iэгу бзыу цIыкIум ыц къыгъэтэджэу зыкъызигъэпщыкIэ чъыIэ хъущт. Бзыу кIэкIыхьэм ытамэхэри ыкIи пытэу зыдэщыс чIыпIэм тыриубгъохэмэ, шIэхэу ощх къещхыщтышъ гъэнэфагъэ. СызэрэшъолъэIущтыр бзыухэр сыдигъуи къэшъуухъумэнхэр, ахэмэ шъулъэкIырэмкIэ шъуишIуагъэ яжъугъэкIыныр ары. Бзыухэр дунаим темытыжьхэ орэхъури, дунаир зэщыгъо Iаеу хъуныгъи...

## ДЭТХЭР


| | |
|---|---|
| Губгъом итхьамат | 3 |
| Нахьыбэмэ зыдырагъэштагъэр | 7 |
| Зузарэ зэрэзекIуагъэр | 10 |
| ЛIы насыпышIу | 16 |
| Алрэгъу уз | 18 |
| Кушъэ | 22 |
| Лахъо зэрэгугъагъэр нэмыкI | 26 |
| Зы куп къяхъулIагъэр | 29 |
| Бэрэщыс мэусэпы | 32 |
| КъэгущыIэрэ чъыгхэр | 36 |
| Хьанашхъо игумэкI | 40 |
| Тэчыкъомэ яныо зэрымыразэр | 42 |
| Мэрзанэ итхылъ | 45 |
| ЗэшитIумэ яшъузхэр | 47 |
| Хьаджфатымэ зыкIэгубжыгъэр | 48 |
| Къарбэчрэ Джексонрэ язэнэкъокъу | 50 |
| Сэлмэн иджэуап | 57 |
| ЩыIэлIагъ | 58 |
| Ным ыпхъу риIуагъэхэр | 60 |
| Чъыгеежъым итхыд | 63 |
| Дармэт имэщIус | 71 |
| Кокой ишъэф | 72 |
| Зэ упкIэн, тIо упкIэн... | 73 |
| Гощпакъэ икъэбархэр | 76 |
| Машэ зытIырэр машэм ефэжьы | 80 |
| Нэнэжъыр зэрагъэштагъэр | 85 |
| АмышIагъэ зышIагъэр | 88 |
| Чэлэмэт зэгупшысагъэр | 96 |
| ИIуагъэ фэшъыпкъэр | 99 |
| УшъыякIо | 101 |
| Усэрэжъ | 103 |
| ЗылIы ишIушIагъ | 112 |
| УрамыкIэм зэреджагъэхэр | 113 |
| Лахъущыкъо пыуты зэхъулIагъэр | 116 |
| Илъэсым тIо къэхъугъэр | 120 |
| МытIырыхъу икуп | 122 |
| Дышъэ сыхьат | 124 |
| ХыдзэлIыкъо икъэбар | 129 |
| ЛIыжъ гъэсагъ | 132 |

IэнитIу . . . . . . . . 135
Джыгытрэ ДжэбраIилэрэ . . 139
КIэлэегъаджэмэ ацIэкIэ . . . 144
Ерэджыбэ ыгу къэмыкIын щыIэп . 146
ШIулъэгъуныгъэ тхылъ . . . 150
Къинэу плъэгъурэр пIотэжьмэ... . . 152
Жъыртэдж . . . . . . . . 155
Тыркъохэр . . . . . . . 157
Айтэч игухэкI . . . . . . . 161
ЛIыбзыу лIыжъым ишэн . . . 163

*Жанэ Киримизе Хаджемусович*

**МОИ АУЛЬЧАНЕ**

Рассказы

На адыгейском языке

ИБ № 710

Редактор К. И. Хут. Художник Г. Г. Барчо. Художественный редактор М. В. Евтушенко. Технический редактор М. Х. Долев. Корректор Д. Е. Нахушева. Сдано в набор 08.02.80. Подписано в печать 13.05.80. МА 10001. Формат 84x108 1/32. Бумага типографская № 2. Шрифт литературный. Печать высокая. Усл. печ. л. 8,82. Уч.-изд. л. 8,82. Тираж 1000 экз. Заказ 041. Цена 70 коп.
Адыгейское отделение Краснодарского книжного издательства. 352700. Майкоп, ул. им. Гоголя, 8. Адыгоблполиграфобъединение управления издательств, полиграфии и книжной торговли Краснодарского крайисполкома. 352700. Майкоп, ул. Пионерская, 268.

Чап. 70